БАТІИ-БАТІИЯЛ ТІАХЪАЗДАСА ПОЭМАБИ

1944 – 1987

# КРАСНОДОНАЛЪУЛ ЛЕБАЛАЛ ЛЪИМАЛ

1944

Фашистазул гІащтІичагІаз гІакъуба гьикъун хварал «ГІолохъанаб гвардия» абураб балъгояб комсомол гІуцІиялъул церехъаби – нилъер гьайбатал ясал ва васал ракІалде щвеялъе.

I

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Рокьи ккун буго дир цІарухъе нужехъ.
ЦІвабзахъе гІунтІараб Дагъистаналда
Дир ракІ чІухІун буго нужер хІалтІабаз.

Нижер тІадмагІарухъ гІадатлъун гьечІо,
ГІолохъабаз къвал бан салам гьабулеб, –
БахІарзал, аман нуж кодоре щвани,
Каранде данде къан, къочилаан дун.

Дагъистан ракьалда билълъараб гьечІо,
Бихьиназ цоцада кІутІби дандцулеб, –
Вацал, цо унго нуж рихьарал ани,
РакІалда ракІги цун, цо-цо баизе.

Рокьи ккезе гІечІел гІисинал васал,
Нуж гІун рукІун ругеб кІудияб хІалтІуй.
Жеги балай ккечІел гІанчІал мусудул,
Нужер рукІун ругел къвакІарал ракІал.

II

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Тушманас нужер ракь асир гьабуна, –
Амма нужер ракІал тІуркІизаризе
Гьез бахъараб жигар гьородахъ ана.

Нуж хьвадарал къватIал, цIалараб школ
Немцазул чакмамз чорок гьабуна, –
Амма нужги гуккун кепал росизе,
Гьезул букIараб къасд къаникь букъана.

Доналде гьумер кьун гьимулеб шагьар
МагIица чурана, бица белъана.
ТалихI басандулеб месед гIарцул ракь
ГIурдуца бацана, чIудбуца цIуна.

Эбелги балагьун, лъимал рухIана,
Лъадиги ялагьун, росал гъанкъана,
Васалги ралагьун, умумул чIвана, –
Огь, чIегIераб дунял, чIунтараб дунял.

## III

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Нужеде квешаб къо тIаде ккун буго.
Нуж хвезейищ инел, квердейищ инел,
Кинан нуж ургъулел абе нижеда.

Аваданаб ахикь гIурал кьерилал,
Нужер гIумруялде хIинкъи щун буго.
ГIодорищ къулилел, къвакIунищ чIелел,
Нуж рилълъунеб нухлул хабар кье дихъе.

«Нилъер руччабазул магIие гIоло,
ГIакъуба гьикъарал яцазе гIоло,
ГIасияб куцалда къисас босилин», –
КъвакIараб рагIи кьун, нуж кьалде ана.

«Риххизе гьарурал шахтазе гIоло,
ЧIварал шахтеразул биялъе гIоло,
Бидухъ – би, хвалихъ – хвел, рецIел босилин»,
БацIцIадаб гьаги бан, нуж дандельана.

## IV

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Нужер рагъул штаб рагIана дида.
Хъатикь туманкI кквечIел комсомолецал,
Нужер цIадул кутак бицана дида.

ГIисинал цабиги ццидаца дандкъан,

Нуж къватIул гьабигун къеркьон тарал куц!
ЧIегIерал кьунсрулги рукIкIине гьарун,
РакI хъубазде ишан босун тараб куц!

Я хIалтIи, я рагIи тушманзабазул
Нужеца рагIалде щвезе биччачIо.
Я квеналъул тIагIам, я макьил рахIат
Нужеца лахIзаталъ гьезие течIо.

Ургъана, рагъана, тушман гъурана, –
Лъица нуж гьарурал гьадигIан цIакъал!
Планал рахъана, приказал кьуна, –
Щиб ракьалда гIурал, нуж гIарцул гарал!

V

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Нужер мухъазулъе хъублъийищ ккараб?
ЦIудул танчIи чIолеб нужер гъотIода
ЧIегIераб гъадица бакIищ бахъараб?

СордогIан бегIукъал мацIихъабаца
Нуж бидул квачIахъе ккезе гьаруна.
Ургьиб ракI биларал цIукIунабаца
Нужер цIарал росун немцахъе кьуна.

ГIаданлъи биларал гIащтIичагIаца
Нужеда гьикъичIеб гIакъуба течIо:
БотIрол рас бетIана, берал рахъана, –
Амма гьез нужехъа рагIи бахъичIо.

Немцазул ццидалал хIарамзадабаз
Нужее гьабичIеб пасалъи течIо:
Маххул рахсал рана, кверал рекана, –
Амма нужер рекIел къвакIи бекичIо.

VI

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Нуж нусалъ сусуна, рукIкIбуз расана.
Лъаларо чармилищ нужер черх бугеб, –
Чучун цохIо хIухьел къватIиб биччачIо.

Нуж гIурдуздаги ран дализаруна,
Нусабго логолъа би къватIиб цIцIуна,

Вай, бице щиб хIикмат, цо нужер кьвари, –
Кьурул гIусал гIадин гIенеккун чIана.

Я рагIи абичIо, я магIу тIечIо, –
ГIакъубадай жаваб къвакIараб кьуна.
Я берал къанщичIо, я черх сорочIо, –
СихI тун, щибаб захIмат лугбаз баччана.

БидутIа росарал тIеренал кIутIбуз
ЧанцIул бадиб тураб тушманзабазда!
Къалмида ругьунал гьайбатал квераз
Кинал мухъал хъварал хвалде унелъул!

VII

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Нуж ахир гьабизе ахIулел руго;
БегIерал хучдуца цереги къотIун,
Къо лъикIлъи гьабизе рачунел руго.

Нуж хвалида данде, ургъел гьечIого,
АхIулаго кечIгун рачIунел руго.
ГIакъуба гьикъарал бутIрулги рорхун,
Бакъан тIамулаго рилълъунел руго.

Нуж хвалида бадир, гIодорериччан,
МагIу кIанцIичIого, балагьарал куц!
ТIогьолаб гIужалъул гIисинал васал
ГIумруялъе гIоло randomчIел куц!

Нуж хвалде унелъул хадур балагьун,
Хиял чан гьабураб нужер улбуца.
Шагьаралъул тIугьдул ракъвалеб мехалъ,
РакI киндай букIараб ватIанцоязул.

VIII

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Дун нужер ракьалде кидаго щвечIо,
Амма вацахъ гIадин, яцахъ кинигин,
Дир керен-ракI нужехъ бухIулеб буго.

АхIулаго кечIгун хварал бахIарзал,
Дида нуж гIумруялъ берчIван рихьичIо.
Амма нужер сурат сардилъги къадги

Дир беразда цебе сверулеб |буго.

Дир магІарухъ гІурай херлъарай эбел,
Нуж хвараб куцалъул бицараб мехалъ,
Бадибе магІу ккун, каранлъ цицин гьалун,
Щокъроб рагІи бакъван, къварилъарай куц.

ТІуртІулел кверазукь газетаги ккун,
Нужер суратазде тІадеги гьетІун,
«Вий, гьайбатлъийила, меседалила»,
Нусго мацІги бицун гьей йикІарай куц.

IX

Краснодоналъул лебалал лъимал,
Дир эбел гІадада гІодана нужехъ, –
Дида лъалаан гъой разилъилейлъи,
Нуж гІадин жиндирго лъимал хванани.

Гьудулзаби, вацал, хириял яцал,
Нужер хвел букІана хвел гьечІеб гьунар.
Бидулаз нужеда гьикъараб гІазаб
ТІолго гІумруялъе хутІана цІаруй.

Нуж кучІдулъ рехсела, харбалъ рицина,
ГІарцул бюст гьабун кІодо гьарила.
ГІолохъанав солдат тушманзабазде,
Нужги ракІалде щун, цеве вилълъина.

## МАГІАРУЛАСУЛ ВАТІАН

1949

I

МугІрул зодихъ цураб, зоб тІадегІанаб
Гьаб Дагъистаналъул республикалда
ТІадмагІарулазул чІужугІаданалъ
ГІадатияб къоялъ гьавуна цо вас.

Росулъ бищун лъикІал гьудулзабиги

Гьоболлъухъе ахIун, цо анкь арабго,
Инсуца кодов ккун, халкъалда цIехон,
Цебего ургъараб цIар лъуна гьесда.

Гьев рачел къачIев вас, лъай гьечIеб лъимер,
Лълъар баккулеб мехалъ бече кинигин,
ЧIухIун вукIунаан гIагараб росулъ
Жиндир инсул бугеб тухумалдаса.

Васасул вукIана кIиго-лъабго вац,
Мокърокь цурав гIадав цо чанго имгIал.
Цо взвод букIана вацгIалзабазул,
Цо рота букIана цинагIалазул.

Жиндихъеян цояз, жинхъеян цояз
Вахъулев вукIана гьав цин-цияхъе.
Жалго цагърал гIадал гIебал чурхдузул,
ГIебеде ритIарал михъил агьлуялъ.

Ва гьесда кколаан, гьелгIан лебалал
Гьанже дунялазда чиго гьечIевин.
ГьелгIан гIакълу бугел, гьелгIан беричал,
БатIиял улбуца васал гьаричIин.

БукIунаан гьадин, къаси мехалда
Гъасде тIолго хъизан буссараб мехалъ,
Гьас жиндирго пикру мухIкан гьабизе
Гьикъулеб букIана инсуда даим:

«– БитIун гьечIищ, дада, гьаб дунялалда
Дукьа хIинкъуларев гIадан чи гьечIев?»

Инсуца, васасул ракI-макI гьабизе
Гъорлъан гьимулаго, кьолаан жаваб, –
Гьединав нагагьлъун дандчIван хадуса,
ЧIаго нилъецаги виччалевищан.

Цинги чIухIарав гьав хIелкил къагIидалъ,
Къадкилаб бетIерти кIечIезе гьабун,
Унаан къватIахъе, лъималазухъе,
Къоялъ реццулаан кьолбол гIадамал:

Дир эмен цIакъавин, имгIал цIакъавин,
Гьезул кIудав эмен цIакьго цIакъавин;
Гьезул наслудул вас, дунги цIакъавин,

Росулъ нижер гIадав чиго гьечIевин...

Чанахъанас царал сихIру, хIила-рекIкI
РачIчIалда букIунин рикIкIунеб гIадин.
Васас рикIкIунан, кьурарал михъал
Кьварараб халкъалъул рукIунел жалин.

Инсул кьаву чIвараб, басрияб ханжар
Меседил бугилан гьедулаан гьав.
Гьирица чурхъараб жидер ябучу
Юргъач бугин абун лъугьунаан гьав.

Нагагь гьелде данде инкар ккун хадуб,
Кквейилан абе гьав анцIго чи речIчIун, –
Чанасул гьумер-кIал, огь, гьас бухараб,
Чанас гьасулги бер багIар гьабураб!

Гьедин гьитIинаб мех ана кьалазда,
Кьолбол къадру цIунун, къватIазде вуссун;
Росулъ бакI-бакIалда мухъалги гьарун,
ГIорхъабазе гIоло ганчIалти сокIкIун.

Гьаб нижер бакI бугин, чи къагейилан,
Чияр дове дунги вачIинарилан...
Чияраб букIана хутIараб дунял,
ВатIанлъун букIана гьитIинаб авал.

Азарил верстаца добехун бугеб
Дунялалъул гьасий ургъелни киса, –
Гьаб жив жанив вугеб росу тун къватIиб
ТIокIаб бакIго гьечIин, букIана пикру.

Доб мехалъ мугIрузда гIалхул чанилги
Гьасде данде ватIан цIикIкIун букIана.
ЦIумазул лучнузул, йохъ, бицинаро, –
Борце галабаца васасул свери.

Эбелалъ ракьалда гьавичIев гIадин,
Гьадал зобалахъа вачIарав гIадин,

Хьагил гIоркь кинигин, къвалакь кверги чIван,
Кибниги гьунареб пахруяб ракIалъ,
Саназда гьитIинав вукIананиги,
Гьав вукIана бищун гIамал кIудияв.

Гьаб дуниялалда дида гІадин лъикІ
Гьав васасул гІумру лъалев чи гьечІо.
Щай гурого, вацал, бицинищ нужей
Гьав вас щив вукІарав? –
Гьев вукІана дун.

II

Амма багІар бакъалъ белъанхъилаго,
БухІулеб букІана дир хІанчІил бетІер.
БачІанщинаб къоялъ къокъун унаго,
Хех кІудияв гІеян гІундул цІана дир.

Ва дун гІуна росулъ. Дир инсул рокъоб
Басриябго хІуби батила дуда.
ХІуби чІван кисанго носод гьарурал
ГІисиналго гІужал рихьила дуда.

Носоца рахъарал гьел мухъал руго
ГьитІинав дун гІураб куцалъул нугІзал.
Дица мацІ гІунтІараб бакІалда даим,
МоцІ гьоркьоб арабго, рахъулаан гьел.

Доб рокъор ратила дуда дир тІахьал,
ТІанчазда хъварал дир гьетІарал хатІал,
Гьениб щибаб тарих, гьениб щибаб хІарп
Дир къоял рорцунеб роценлъун буго.

Росу рагІалалда буго школа,
Боржине къачІараб хІанчІида релълъун.
Басриял журналахъ жеги ратила
Дир хІалтІул къоязе кьурал къиматал.

Санал роржун ана, къункъраби гІадин,
Къояз сордо хисун, сардаз къо хисун.
Ва къвекІаб цІудуе бусен кинигин,
Къварилъана дие гІураб рукъ-авал.

Къасд ккана гІатІидал байдабазухъе,
Къечана хъахІилал ралъадазухъе.
РакІ щвана чІахІиял шагьаразухъе,
Къомех лъикІ, дир бусен, дир ЦІада росу.

III

Гъежда хулжалги ран, хулжиниб чедгун
Дун кьиндалил къоялъ вахъана къватIив.
Ва мугIрул гIаздада жеги гьитIинал
Дир хIатIаз доб мехалъ гьаруна лъалкIал.

Гьанже нужеда гьел ратизе гьечIо, –
Гьалдана чанги бакъ доб къоялдаса.
Амма дир гIумрудул гIолохъанлъидал
Дол бищун цересел рукIана лъалкIал.

Дун гIуна рикIкIада, кIкIалал росабалъ,
Дун гIуна гIатIидал шагьранухазда.

Дун гIуна мугIрузда чуязда хадув,
Дун гIуна кьурабалъ чундузда хадув.
Дун гIолохъанлъана хъахIил ралъдаде
Гьумер кьун гьимулеб дир шагьаралда.

Гьениб дица инсул ханжар бахъана,
Хириял яцаца чохIто бахъана.
Ва магIарулалъул чIегIерал гъалал
Каспи ралъадалъул лъиналъ чурана.

Гьениб июнь моцIалъ, цIар бицинаро,
Бищунго цIакъай яс дандчIвана дида.
Ва моцIрол сасалъул сардида гьелда
Бищунго гьуинаб щурана рагIи, –

ЛъагIелал сверана, гьанжеги буго
Гьелъ босараб кверალъ керен бухIулеб.

Гьеб магIарулазул тахшагьаралда
Пушкин ракIалдасан цIалана дица.
ЦIи-цIиял бакъназухъ, мугIрузул кочIохъ
Гьалдолеб гIищкъуялъ гIенеккана дун.

Хадуб поэтасул гьоркьохъев васас, –
Дицаго гьаруна тIоцере кучIдул.
Риччанте ракьалда гьел кIочон тезе,
Гьезулъ пасахIалъи дагьаб букIине.

Амма дица цIадулъ гьел рухIиларо
Ва гьезие гIоло багIарлъиларо.
Кин букIананиги, гьелги рукIана
Дун гIураб куцалъул гIаламаталлъун.

Дун гIолохъанлъана михъ баккилалде,
Жегиги гIолихъан вукIараб мехалъ,
ГIагараб комсомол, комсомолия,
Кида кIочон телеб дур цIар щвараб къо!

Дур кьералъе хехго лъугьине гIоло
Дица гIумрудул сон цIикIкIинабуна.
Ва гьабсагIаталъги гьавураб заман
Дир документазде данде кколаро.

Дица дунялалъул лъинал гьекъана,
Рахьдал Байкалалде керен чучана.
Катералда рекIун Иртыш бахана
Ва Ангараялда гамида ана.

Дица квер босана гIорхъуда ругел
БегIерал хучдузул рагъухъабазул.
Дица кечI цIалана метро гьабулел
Москваялда ругел гьудулзабазе.

ГьитIинаб мехалда, гьулакалъ гIадин,
Щиб карачелалъ дун гьелчезавичIев!
Лъималаз цоцахъе къвакеро гIадин,
Къисматалъ рехичIеб бакI киб хутIараб!

Амма кив щваниги, кида щваниги,
Дун гьобол вукIинчIо дуниялалда.
Ва дирго рокъоса рокъой кинигин,
Ана дун рикIкIаде кишлаказдеги.

Хадур рагъал, ругънал, хвалчадул чапи,
Чол жалалъе къулун къотIулел бутIрул.
Къоабилеб векалъ гIолохъанлъарал,
Щиб гьури багъичIеб нилъер гьурмада!

IV

Дун гьаб гIумруялда гIемер тирана,
ГIатIидаб дуниял дида бихьана.
Амма цIудул бусен – хирияб росу,
ХисичIо дир рокьи дуде букIараб.

Гагу тIерхьунареб, тIину бихьулеб,
ТIокIкIараб берцинаб мугIрул иццул лъар,

Жибго лъимер гІадин, чІиргъи-хъуялда,
Мун кІийиде бикьун буго чвахулеб.

Кьурабалъан кІанцІун, кІкІалахъан боржун,
ТІогьол гІурабазда свераби гьарун,
КІалдиб полопги бан, гьурмал кьерги тІун,
Гьеб сучаб Койсугун буго жубалеб.

ЧІухІараб гІоралда урхъун къвалги бан,
ЦІияб къуватги щун гъира-шавкъалда,
МагІаруллъи бахун, хехаб куцалъ гьеб
Хадуб Каспиялде буго лъугьунеб.

ЧанцІуса хІайранго, хІикматал бераз
Бергьараб Каспидахъ дун балагьарав! –
Гьениб дир кІкІалазул кІичІ-кІичІараб лъар
КІудияб Волгагун буго жубалеб.

Бечедал гІоразул лъинал дандчІвайгун,
Дир лъарги, гьеб гІадин, буго гучлъулеб.
Гьанже гьенир гуми руго гьелчелел,
Гьенир ччугІихъаби руго хІалтІулел.

Ва, дир гьудулзаби, диргун гІел цоял,
ТалихІаб гІасруялъ гьарун руго нилъ!

Амур, Терек, Кура, – гьаб улкаялъул
Кинаб бокІоналда рукІананиги, –
Ралъдалъ данделъарал лъаразул гІадаб,
ГьечІищ нилъер къисмат, къайицадахъал!

V

ГІагараб партия, гучаб партия,
Дуца магІарулал ругьун гьаруна,
Гьаб дуниялалда цІиял бераца
Балагьизе, гьениб ватІан батизе.

Гьеб ВатІаналъул цІар машгьур гьабизе
Махщелги, жигарги, гьунарги кьезе.

Гьеб ВатІаналъул цІар машгьур гьабизе
ГІорхъабазе гІоло ганчІал сокІкІараб –
Авал-кьоно гуро; къайи-рукъ гуро,
Гьанже нижер ВатІан батІияб буго.

Верстаца, сагІтаца гьеб борцинаро.

Дун гьаб ракьалъул вас, мугІрухъ гІуниги,
Дие гІахьал руго, гІагарал руго:
ГІурус авлахъалги, авлахъал гІадин,
Рагьарал гІатІидал гІурус ракІалги.

Дун, гьаб ракьалъул вас, магІарул росулъ
МагІарул эбелалъ гІезе гьавурав.
Ва амма васасе гІадин рокьула
Дие ватІаналъул тІолго шагьарал.

Бокьула Бакуги гІарцул Киевги
Кидаго дун щвечІеб Алма-Атаги.
Бокьула чІухІараб Ленинил шагьар,
Бокьула лебалаб Сталинград.

Амма буго шагьар дуниялалда
Дица сундениги данде кколареб.
ВатІаналъул бицен гьабулеб мехалъ,
Бищун цебе дида ракІалде щолеб.

ТІолго росабалъе, кишлаказухъе,
Канлъиги, хинлъиги, рохелги кьолеб.
Кивехун кканиги къваридал сагІтаз
Щивасе къуватги жигарги кьолеб.

Амма буго шагьар Москваян абун, –
Гьенисан байбихьун рикІкІуна дунял.
Гьенир данделъула киналго нухал,
Намусал васазул къасдал-хиялал.

Гьенир къасигин къад кенчІола цІваби,
ЩІер гІадин дуниял гвангъизабулел.
Гьениб борхалъуда чІван буго байрахъ,
Гьаб нилъер бидулгун цохІо кьер бугеб.

VI

РикІкІен дагьлъаниги дир миллаталъе
Миллионазул ракь буго гІахьалаб.
Ва миллионазул гІаммаб рокьиялъ
Мун, гІазизаб ВатІан, буго тІегьалеб.

Дир херав инсуца лъеберго соналъ

Мун баркулеб буго жиндирго кучIдулъ.
ГIагарай эбелалъ квералги росун,
РитIун ана васал, дуде къо ккедал.

Цоясул хоб буго Волга гIоралда,
ГIурус шагьаралъул гьитIинаб ахикь;
Цоясул абуни хобцин батичIо,
Ва гьанжелъизегIан хабар лъаларо.

Ва амма тушбаби рохуге абе! –
Зодихъ цIваби гIадин гIемерал руго,
Диде хIал ккарабго, хIалай рачIунел,
ХIинкъи гьечIел вацал, дир кьолбол васал.

Гьеб вацлъи, гьудуллъи лъала халкъалда
Лъадарараб буго бидулаб рагъалъ.

Дир къоло анлъго сон буго гьабсагIат,
Къуват буго чорхолъ жеги гIемераб.
ГIатIидаб нух буго дир берда цебе,
Бергьараб кечI буго дир гьинал рекIелъ.

Дир гIазизаб улка, дир камилаб халкъ,
Коммунизмаялъул байрахъги бакъги,
Дир бищун кIудияб талихI буго гьаб,
Дур васан абизе ихтияр букIин!

Санал унел руго, щибаб соналде
Мун, хIасратаб ВатIан, тIегьалеб буго.

## РОССИЯЛЪУЛ СОЛДАТАЛ

1951

I

Симферополалда буго гIаммаб хоб
Анкьго гIурусасул, цо аварасул.
Хабада эхетун буго чармил танк
Чанги тушманасул бетIер чIинтIараб.

Мармар гьецIоялда хъван руго цIарал

ЦӀадулал васазул нилъер ВатӀаналъ.
ЦӀализе риччан те гьел гьудулзабаз,
ЦӀализе риччан те гьел тушбабаца...

БукӀана кӀудияб Крымалъул их,
Авлахъал багӀарлъун рукӀана тӀугьдуз, –
Бищун гьитӀинасул къого сон бугев,
Къоло щуйилъ бищун кӀудияв вугев
Микьго кьалул хъиргъу, кьералъул васал,
Гьал разведкаялде рахъараб мехалъ.

Щибасул рукӀана рикӀкӀад, кибниги
Я бахӀарай лъади, я абурай яс.
Ургьиб ракӀ букӀана анищазул цӀун,
ГӀащикъал ракълилал къоязухъ урхъун.

Гьел гӀолохъабазул рекӀелъ букӀана:
РикӀкӀада хутӀараб рииги ихги;
Бакъалъул къалъиги, лъарал чвахиги,
Рогьалилъ букӀунеб лъикӀаб гьогьенги;
Пихъазул ахалги, хинаб рокьиги,
Харилъан раккарал тӀугьдузул махӀги.

Амма гьал рахана чармил танкалде,
Гьаз гӀумруги кьуна таваккалалъе.
ЛъикӀго букӀа, рота, рагъулал вацал, –
Немцазул мугъалде нахъе буго нух.

Бегьулеб жо буго гьел рагъул соназ,
Гьазда доб мехалъго жал рихьун рукӀин
Жакъасел къоязда гӀурал ракьазда
ГӀумруялъул тӀолго рахӀат босулел.

ЦӀадуца бухӀулеб Сталинград –
Гьелъул чӀунтелахъан гӀолохъабазда
Рихьун руго жалго шагьарал ралел,
Рорхатал сиязе кирпич сокӀкӀунел.

Биялъ кьер хисараб Волгаги Донги –
Доб мехалъго гьезул цояс абуна:
Цо заман бачӀинин гьаб кӀиябго гӀор
ГӀумруялъ нилъеца цолъизабулеб.

Добе Крымалде щвараб мехалда,
Курортазул рохъо бихьананиги,

Гъаз хIисаб гъабуна, хIалхьи босизе
Лъудбигун цадахъ жал гъанир рачIинин.

Гъадин их тIегьалеб гъайбатаб мехалъ,
Гъаз тIаса бищулеб буго гъанжего:
Жалго рачIунеб моцI ва рещтIунеб бакI
Цояца Алушта, цояца Гурзуф.

Нилъер ракълил бакъги, жакъасеб къоги
Щибаб къокъаб макьилъ бихьана гъазда,
Гъал ракълие гIоло ана цIадулъан,
Эбел – ВатIаналъул хириял лъимал.

КIикъоялда щуйилъ нилъер улкаялъ
КIудияб бергьенлъи баркулел къояз,
Гъал нахъе руссинчIо, чIаго рукIинчIо, –
ЧIегIераб ракьалда рукъун рукIана.

Ва амма, гъазухъе рехана тIугьдул
Прагалъул къватIахъ маялъул къояз.
Гъазда данде чIвана чIунтелабалъан
Баккун цIабуцIараб цIияб Варшава.

Гъазий салам кьуна Софиялдасан,
Нилъер солдат щвараб щибаб росулъан, –
Рейхстагалъул къеда гьудулзабаца
Гъазул цIарал хъвана, – цIале дунялалъ!

Жиндир мустахIикъал гъайбатал васал,
Гъалги ракIалде щун, Совет улкаялъ
Ракана, балагье, киса кирего
Коммунизмаялъул гвангъарал цIваби.

Гьел цIвабзазул кунчIи цIадул гьужумалъ
Гъал васазда бихьун батизе буго,
Жакъа нилъер халкъалъ канал бахъулеб
БакIазда рагъулел рукIараб мехалъ.

...Гьединал пикрабалъ, къасдалъ, анищалъ
Унел руго васал хабар-кIалалда.
Нух битIун руссаги, нуж, танкисталин,
Квер босун ритIана гъал командирас.

Унел руго васал, гъазде квер хьвагIун,
Крымалдаса бакъ буго тIерхьунеб.

Унел руго васал, халатаб сапар,
Гьаб букIана гьазул ахираб сапар.

Рагъул штабазда, гIурал ракьазда
ГIадада рукIана гьазухъ балагьун.
Гьал нахъе рачIарал чIагого гуро, –
ЧIварал гьал хутIана халкъалъе цIарлъун.

Хириял танкистал, дир гьудулзаби,
Нужее памятник бана улкаялъ.
Нужер хабада тIад буго чармил танк,
Россия кинигин кутакаб, гучаб.

II

Кинан нилъер васал рагъда хваралан
Хадуб гIаламалъе бицана нугIзаз.
Дица къокъаб куцалъ такрар гьабила
Гьеб лъагIелаз цебе букIараб хIалтIи.

Гьеб букIана гьадин: рогьалил гIужалъ,
Рохьазул бацIазул бадире гIадин,
Нилъер гIолохъаби гIалхул боязул
ГIарадачагIазул берзукье ккана.

Жидер чан бихьарал гъачагъаз гIадин,
Гъираялъ тушманас босана ишан.
асги барахщичIо гулла-хералда, –
Гваргъан цIа рекIана чармил танкалда.

Бусен бухIулелъул хIанчIи кинигин,
Яги ругънал щварал гьалбацIал гIадин,
Нилъер гIолохъабаз танк жибго тана,
Тушманасде данде жалго рахъана.

Тушбаби рукIана никIкI гIадин гIемер,
Дангъур цIурал васал россе тIаделъун;
РукIана рачIунел нусабго рахъалъ,
Микьго хIасратаб ракI мукIур гьабизе.

Тушбаби гулбузде рукIинчIо язихъ,
Тушбаби яргъиде рукIинчIо янгъиз;
Гьезул гIарадаби гIергIелел руго,
Гьезул пулеметал пештIелел руго.

Гьанирги дораги речIчIула гулби,
Гьанирги дораги рекIуна цIаял.
Героязул чурхдул ратила цIадул, –
Гьаб кутакаб цIадулъ рухIулел гьечIел...

Кинан нилъер васал рагъаралали,
Гьеб нус-нус сонаца буго бицине...

Рагъана гулбуца, рагъана хучдуз,
Рагъана хадур гьал цабзаца, квераз.
Рагъана бадиса канлъи инегIан,
Рагъана каранлъ ракI бугогIан мехалъ.

Вагъана Николай, вагъана Ваня,
Вагъана мугIрул вас МухIамадзагьид.
Рагъана рукIунел бихьинал гIадин,
ГIагараб ВатIаналъ малълъараб куцалъ.

...Гьединан гьел васал рагъулеб мехалъ,
Бице, киб букIараб мун Америка?!
Бице, киб букIараб, керенги бухун
Дунилан ахIтIолеб, Англия, мун?!

Бице, кир рукIарал, Петя Иванов
Гьадин бида восун вагъулеб мехалъ?
Петр Велигингин Задорожнияс
Заруца фашистал гъанкъулеб мьлалъ?

Нижер мугIрузул вас, МухIамадзагьид,
РухI бичун, хвезегIан кьаболеб мехалъ?!
Бице, кир рукIарал доб мехалда нуж,
Дуниял жидейин жакъа лъугьарал?

Жакъасеб ракълиде гьетIарал борхьал
Нилъеда рихьичIо рагъул щобазда.

Багъилеб букIана гучаб Россия, –
Республикабазул эркенаб союз;
Нус-нусазде данде гьел васал гIадин,
ТIолго гIаламалъул аздагьабигун.

III

Нус-нусазде данде нилъер гIолилал
Кверзул рагьда руго ругъназулъ росун.

Къо буго лъугІулеб, бакъ буго унеб,
Би буго бецІцІулеб чорхол ччорбалъан.

Юкъарухъаналъул рикІкІен гІадинан
ГІужилго, бегІерго хІалтІула хучдул.
Ва амма, ахирги маххул рахсаца
Рухьуна фашистаз гьазул рукьаби...

ТІегьалеб букІана Крымалъул ракь.
КенчІолеб букІана гІурччинаб дунял.
РикІкІаде роржунел рукІана хІанчІи,
ХІасратаб гІумрудул кечІ ахІулаго.

БахІарзал рукІана хвалил мацІалда,
Хучдузул бутІрузде курмулги ритІун.
Амма офицерас гІодове виччан,
Чвантиниб кверги лъун, абуна гьазда:

Жинца гІумру кьелин, хІалхьуда телин, –
Дол хІанчІахъ балагье, чІичІилел ругин.
Дица чІаго телин, гІолохъаби, нуж –
Жиндир суалазе жавабал кьейин...

Гьебмехалъ Николай цеве лъугьана,
Ццидакь, бугеб рухІалъ ахІун абуна:
«Фашистазул гьаби, гьанир гІенекке! –
Ниж гІурусал рукІин кІочон тоге» – ян...

БитІахъе ботІрода тІил бараб гІадин,
ТІуркІана фашистал гьел рагІабаца.
БагІарлъун рахъана, хъахІлъун лъугьана,
ХъахІлъиги хІинкъиги гьезулъ цолъана.

Огь, рагІун ратила, рихьун ратила
Гьел гІащтІичагІазда гІурус гІадамал!

Гьезул умумулги анкь умумулги
Нилъер ракьалдаса хучдуз хъамурал.
Чан хвалилав тушман гьетІананиги,
БетІер лъиениги жеги къуличІел.

Гьезда лъала Псков, Сталинград,
Москва цІадул рагъалъ цІунарал васал,
Жибго Россиялъул хасият бугел
ГІурусазул лъимал – Матросов, Таня.

«Ниж гIурусал руго» – гьал рагIабазул
МагIна тушманасда лъалеб букIана,
Чудалъул хIорихъа Псковалде щун,
Ва Псковалдаса гьаб росулъе щун.

ГIасрабаз, гIасрабаз рихьун рукIана, –
ГIалхулазда лъала пайда гьечIолъи.
Гьелъ хех амру кьуна, анкьго гIурус вас,
ГIазаб кьун, иргадал цо-цо ккун чIвазе...

IV

Анкьавго гIурус вас гIазаб кьун чIвана,
Цо ГIабдулманапов хутIана нахъе.
Дир Дагъистаналъул гIолихъан вуго
ГIалхулал боязул ахирияб хьул.

Вуго лъукъарав гьав, квералги рухьун,
Кваркьалаби гьечIеб хIинчIалда релълъун.
Вуго гьав, киналго вацалги гъурун,
Бидуца бецIцIулеб гъалбацI кинигин.

Гьав чIварахъ балагьун хIинкъулев гьечIо, –
ХIатта гьезда жеги урхъунцин вуго.
Гьединан хвелила мугIрул васалги, –
Носокьа, цIадукьа жив хIинкъуларин.

Гьединан хвелила, .. щайха фашистал,
Гьасде ирга щвейгун, лъалхъулел ругел?
Лъалев гьечIо гьезда МухIамадзагьид,
Лъалеб гьечIо гъозда нилъер Дагъистан.

Гъоз абулеб буго, гьасдехун руссун,
Гьагъал чIварал чагIи гIурусал ругин.
Мун чиярав вугин, батIияв вугин,
Хвезе гIедегIуге, гIолохъанчийин.

ГIазизаб мугIрул халкъ, хириял тIанчIи
Дудаса чIухIарал рукIана даим.
Ва лъала, гьабсагIат гьав Загьидида
Гьавураб, гIураб бакI букIин ракIалда:

ГIахьвалазул тIалъи, тIогьол расалъи,
Жиндирго росу-рукъ, дой гьайбатай яс,

Гьас багьа хвелилан жеги баичIей, –
Кинабго букIана гьасул пикрабалъ.

Амма гIурусазе мун чияр вугин
ГIалхулал фашистаз абураб мехалъ,
Гьасда гьеб унтана жиндир каранда,
Киналго лъун ругел ругъуназдаса.

Беразул чIегIерал тIелхIалги рорхун,
ЧIухIун цеве вачIун, тушманасда гьас,
КIкIаратIа росулъа магIарул васас,
Цин бадибе туна, цинги абуна:

«Дун гIурусав вуго, советчи вуго,
Гьал чIварал гIадамал дир вацал руго!
Ниж цого ВатIаналъ гIезе гьарурал
Гучаб Россиялъул солдатал руго!» –

Гьединан абуна. КечIалъе гIоло
Дица цохIо рагIи тIаде жубачIо.
Гьединан абуна, гьелъие гIоло
ГIурусакьа гIадин хIинкъун чIвана гьев.

Ва гьесул каранда рекIарал нусаз
БикI-бикIун цIваялъул сурат бахъана.

Гьединан лъугIана гIумрудул къоял
Микьго гIолохъанав рагъухъанасул.
ГIалхулазда лъачIо гьезул цIаралцин,
Мармар гьецIоялда гьанже хъван ругел,

Доба Крымалъул росулъ гьарурал
Васазе улбуца тIоцере кьурал;
Дир Дагъистаналда ва Москваялда
ПасихIал кучIдузулъ ахIулел ругел.

V

...Ана гIемер сонал сверана ихал,
Гьал вацал рукъана цого хобалъур.
ХабатIа лъураб танк, амру кьурабго,
Кьалде ине гIадин, эхетун буго.

Бихьулеб буго хоб тIолго рахъалъан,
Ва тIугьдул ракъвалел гьечIо гьелда тIад

Гьел васал кучIдузулъ руго чIаголъун,
Гьел сардил пикрабалъ руго свердулел.

Ва амма, цIидасан рагъ бокьаразда,
Гьоркьоб гIемераб мех бан гьечIониги,
Фашистаздаса жал тIурулеб мехалъ,
Гьел васаз тIураб би кIочон тун буго;

Гьезул бергьараб рагъ кIочон тун буго;
Героязул цIарал кIочон тун руго;
Чурхдузда нусазгун цIаяз рахъарал
ЦIвабзазул суратал кIочон тун руго;

Америкаялъул бомбачагIазда
Нилъер чорхол жигар кIочон тун буго;
Ленинград, Москва, Сталинград, –
Советазул къуват кIочон тун буго;

Доба Крымалда рагъарал боял
Берлиналде рачIин кIочон тун буго;
Рейхстагалъул къеда Совет солдатаз
Цере щун цIар хъвараб кIочон тун буго;

Балагьалъул бетIер, загьруги гьекъон,
Гьве кинигин хварав кIочон тун буго;
Доб Нюренбергалда гIащтIичагIазе
ГIаламалъ къотIараб суд кIочон буго.

Дозда кIочон буго нилъер гьудуллъи,
Дунял бихханиги биххизе гьечIеб;
Дозда кIочон буго, нилъ квералги ккун,
Коммунизмаялде рачIунел рукIин.
Гьезда гьеб кинабго кIочон тун буго,
Биччанте – хеккого квер хIанчIила гьез.

VI

Кисанго халкъалда дуниялалда
Дир улкаялъул бакъ бихьулеб буго.
Гьелъул канлъи тIолго пачалихъазул
Гордазда, нуцIбузда кенчIолеб буго.

Я гIарадабазда, я бомбабазда
КIолебгьечIо гьелъул хинлъи гьукъизе;
Херал улбул гьелде руго гьимулел,

Лъимадул гьурмада буго гьеб гвангъун.

Буго Кореялда нилъер гIадинаб
Гвардия гучал гIолохъабазул.
Вуго Вьетиамалда нилъер Матросов
Ва Испаниялда Олег Кошевой.

ТIолго миллатаца гIодоб тIуна би
ГIасиял рагъазулъ ракълие гIоло.
ГIадатал чагIазда гьеб кIоченаро
Ва нилъер гьудуллъи хвел гьечIеб буго.

Гьелъин Афиналда жакъа эбелалъ
Васасе Сашаян цIар кьолеб бугеб.
Гьелъин партизанка Зоя гьаюрай
Гьелъул эбелалда яцин абулеб.

Париж, Лондоналъул, Рим, Мадридалъул
Мискинал руччабаз, гъаримал улбуз, –
ЧIалгIадего гуро, Сталинград,
ЧIухIун гIадамаца дур цIар абулеб.

Бищунго гьайбатал площадазда,
Гьаб Европаялда ругел шагьаралъ,
Аза-азар росдал хабалахъ руго
Совет солдатазул жаназаби лъун.
Гьезухъе рачIуна тIугьдулги росун,
ТIолгодунялалъул яцалгин улбул.

VII

ТIад накIкIал сверулел бецIал кIкIалабахъ
Бижун, гIун бачIана дир гIагараб халкъ.
Рорхатал мугIрузул цIумазда релълъун
Цо яшав букIана магIарулазул.

Веказ бекьана ракь пурциде гьетIун,
Ракьалъ кьолеб пайда дагь букIаниги.
Амма гьеб ракьалъе гIоло рагъана
ГIемерал къватIулал чабхъадулалгун.

Чанги шигIру буго нилъер магIарухъ
Британиялъе нагIана кьолеб.
Эркенлъи бокьулеб дир гьитIинаб халкъ
Гьумер кьун буссана Россиялдехун...

Нижеда кидаго кIочон теларо
ТалихIги хинлъиги босун бачIараб
Дунялалъул божи, гIаламалъул бакъ,
ГIагараб Россия ва гьелъул лъимал.

Нилъер щивас даим такрар гьабила,
Киналго ракьазде рагIилеб хIалалъ,
Дир республикадул ГIахьвахъ росулъа
ГIабдулманаповас гьабураб калам:

«Ниж цого ВатIаналъ гIезе гьарурал
Гучаб Россиялъул солдатал руго!»

Гьезул пикру гьабе, гьел кIочон тоге! –
Гьадинго абулел рагIаби гуро!
Гьел абуна хвалда цере солдатаз
Ва такрар гьарула чIаго ругеца.

## ДИР ДАХIАДАДА

1952

Дир вуго дахIадада
ХъахIлъараб мегежалъул.
Дир вуго дахIадада
БахIараб жигаралъул.

ДахIададалги дирги
ГьитIинал къояздаса
Гьуинаб, ракI жубараб,
ЛъикIаб гьудуллъи буго.

Гьайбатал милъиршабаз,
Гьуинал бакънал рачун,
Жеги бакъ борчIилалде
РорчIизе гьарула ниж.

Рукъалъул гордал рагьун,
Гьогьен жаниб биччала.
Гьуинаб хIухьелги цIан,

Цадахъ низам гьабула.

«Раз» – илан квер борхула,
«Два» – йилан биччала;
«Раз» – илан бох борхула,
«Два» – йилан биччала.

Цинги борхатаб мугIрул
ГIаздадасан чвахулеб
Чабхил лъарахъеги ун,
Гьумер-берал чурула.

* * *

Нусго сон бананиги
ДахIададал рахъалъан,
Дир гIелалъул чи вугин,
Абула гIадамаца.

ДахIададаги дунги
Даим цадахъ тирула,
Гьесул тIингъил къвалги ккун,
Къойил росулъ сверула.

Нижеда данде чIвала
ХъахIаб халгIатгун тохтир,
Халатаб тIил гъежда лъун,
Гъутаналде унев вехь.

Вихьула мегъ чIван унев
ГIолохъанав агроном,
Нахъе сумкаги рехун,
Поч босун хьвадулев чи.

Киса щив вукIаниги
Нижеда данде чIвани,
ЧIола бахъун тIагъургун,
Кьола нижее салам.

КIудияв чияс гIадин,
ДахIададада цадахъ
Дицаги киназего
Буссинабула салам.

Гьелъухъ дие гIадамаз

ГIемераб рецц гьабула...
ДахIададал кверги ккун,
Кеп букIуна сверизе.

* * *

Дирги дахIададалги
Рукъзабахъги къватIахъги
Къойил руго хIалтIаби,
ТIаде росун гьарулел.

Берцинаб кьегIер буго,
Кьурдухъан бече буго.
Ниж рихьараб мехалда,
Рохун данде рачIуна.

Нижер къурщица гьабун
Къогониги тIинчI буго,
Къойил чIи-чIи бачунел
РукIуна азбаралда.

Нижеца гьел хьихьула,
Гьуинаб мацI бицуна,
«Бш, бш, бш» – йилан абун,
АхIун кодой рачуна.

Гьезда тIад цо-цо мехалъ
Ццидалаб хъвек свердула, –
Хъачагъ дахIададаца
ТуманкIи речIчIун чIвала.

* * *

Нижер буго цо бурутI,
Бихьизе цо нужеда!
Бахьинаб гIамал бугеб,
ГIазу гIадинаб хъахIаб.

Гьелъул – гIисинал лълъурдул,
Гьанже-гьанже раккарал,
Амма дудук гьабуни,
Гьеб данде багъулеб куц!

Дица гьелъие гIурда
ГIурччинаб хер бетIула,

Дирго хинкI, бащад бикьун,
Даим гьелъие кьола.

Гьеб моцI бараб буртIиде
БацIил хьул лъун рагIула.
Аммаха нижеца бацI
ХIацIу чIамулеб тела.

Къаси кьижулел гьечIо
Берал цIодорал гьаби,
Гьезул квачIакьа хъумур
Кинго борчIизе гьечIо.

* * *

ДахIададалги дирги
Буго цIахIилаб хIама,
Дица гьелда абула:
«ГьитIинаб чу» – ян абун.

ДахIададал рачлихъе
Бахунаро гьеб хIама,
Амма хIалалъ гIунтIула
Дир квер гьелъул мугъалде.

Дий бокьула, тIинги ккун,
ХIамида тIад рекIине,
ХIатIаца чехьги бухун,
Гьеб тиризе гьабизе.

ХIамида дун рекIани,
«Нагагьлъун вортани», – ян
Ватула дахIадада,
Дир хьибил чIван, вилълъунев.

Цо-цо дахIададаги
ХIамида рекIинавун,
КIичIарал нухаздасан
Дица гьеб хадуб цIала.

ДахIададал махIаби
РукIуна ракьалда цун;
Бокьула, гьудулзабп,
Гьевгун вукIине даим.

Амма сонал аралго,
Дун хIамаги рехун тун,
Вахина бартиялде,
РекIина машиналда.

Дун ина накIкIазулъе,
Самолеталда рекIун;
Свердила карачелалъ,
Гучаб гамида рекIун.

* * *

ДахIададада лъала
Лъебер азарго маргьа;
Чундузул, хIайваназул,
ХIанчIазул къиса-хабар.

Дица гIакъуба кьола,
ГIемер гьикъардун, гьесий:
«Гьаб щиб? – ан. – Доб щиб? – илан. –
Киса, кинал, кигIанал?»

Дица гьесда гьикъула
Бакъ-моцIалъул, цIвабзазул;
Щиб суал гьабуниги,
Гьес дие жаваб кьола.

ДахIадада чулъун чIун,
Дун мугъзада рекIуна;
Чоде гьев вахаравго,
Гьесда нахъа рекIуна.

Нижеца рагьдухъ гьабун
КIудияб гьулак буго,
Ниж кIиялго иргадал
Гьелчола гьулакалда.

ТIоцебехъе гьулчигун,
ГIодоргIанго рукIуна;
КIиабилеб гьулчани –
ХъахIал накIкIахъе щола;

Щай гурелъул дир росу
Буго мугIрул каранда,
Щайгурелъул дир росулъ

Свердулел руго накIкIал.

* * *

Дир херав дахIадада
ХIалтIулъ цевехъан вуго,
ХIанчIи рахъиналде ниж
Рахъун уна ахикье.

ГъотIода пихъ барщигун,
Восун дахIададаца
Дун жиндирго ботIрода
ТIаде вахинавула.

ТIоцебесеб гIеч-гени,
ГIаркьалабалъе къулун,
ГIурччинал тIанхазукьа
Дица нахъе бетIула...

Ниж кIиялго гIурдада
ДагIба бан рекерула,
Цин дица босула чIел,
Цо-цо дов цеве ккола.

Ниж росдал лъарахъе ун,
Хъазал гIадин чвердола,
ГIурччинаб авлахъалда
Наку тункун кьурдула.

Дица хъат чIвараб мехалъ,
Гъов вахъуна «гьарсилан».
Гъос хъат кьабураб мехалъ,
Дун вахъуна «гьарсилан».

* * *

Нижер росдада нахъа
Буго меседил муцIи,
ДахIададаца гьелъул
Гьарун руго лалаби.

Дир лалабазул гьаркьал
Рокьула тIор-лъаразе,
ГIурччинал гIадрабазда
ГIи-боцIул рехъабазе.

Дир лалабазул гьаркьал
Рокьула булбулазе, ! –
Дица гьел пулеб мехалъ,
Гьез цадахъ кечI ахIула.

Дир лалабазул гьаркьаз
Данде ахIула буртIал,
Бачазегин кьагIазе
Кьола гIемераб тату.

Амма дунял хисула,
Хасел тIаде бачIуна,
Нижер гьудулзабилъун
Гьеб мехалъ руго чангъал.

Борхалъудасан гIодой
Риччарал гьарчал гIадин,
Уна гIаздал гохIдасан
Гирун ниж чвархъиялда.

Нагагь квач цIикIкIанани,
КIудадал сагулаялъ
Цо лахIзаталда жанив
Дун хинлъизе гьавула.

ЦIудул кваркьалабазулъ
Бокьулеб тIанчIий гIадин,
Гьесул тIингъида жаниб
Дие букIунеб рахIат!

ТIохил рагIалда гьесул
КвенчIелда бетIерги лъун,
Гъапуллъараб мехалда,
Макьабазул гьуинлъи!..

* * *

КъватIиб канлъи сварабго,
Сардил бецIлъи щварабго,
МоцI-цIва зодихъ кунчIигун
Ниж цIадухъ гIодор чIола.

Дун жеги гьитIин вуго,
ТIехь цIализе лъаларо,

Амма дахIададаца
Дие гьезул бицуна.

* * *

ТIоцебесеб маялъул
Праздникалъул къоялъ
Лъималаз дахIадада
АхIана школалде.

БагIараб байрахъ сверун
Буго пионер отряд,
Гьенив вохун, разиго
Вуго дир дахIадада.

Лъималаца борхатаб
Рохалил цIа бакигун,
Гьениб хабар бицана
Херав дахIададаца.

Цебесеб гIумруялъул,
ГIагараб ВатIаналъул,
ГIалхулал тушбабазде
Данде гьабураб рагъул.

Бицана гьес эркенлъи
Кин халкъалъ босарабан,
Кинан гьав партизанлъун
Живго вукIаравали.

Бицана Москваялде
Ленинихъе араб куц,
Ильичида магIарул
Буртина ретIараб куц...

ГIемер дунял бихьарав
ДахIадада вуго дир,
Гьев гIадинав вукIине
РекIел анищ буго дир.

РачIа нуж магIарухъе,
Нижехъе гьоболлъухъе,
Гьеб мехалъ нужееги
Вокьила дахIадада.

## ИНСУЛГУН ККАРАБ ГАРА-ЧІВАРИ

1953

I

Щибаб рогьалида харда чІвараб щуб
Хинал бакъул чІоракь хІинкъун сорола.
Къаси мугІрул росулъ ракарал цІаял,
ЦІваби гІадин, гІурулъ гвангъун рихьула.

Щибилеб, мех щвана нухда вахъине! –
Их тІадбуссун буго тІадмагІарухъе,
КІкІалабахъ гІодулел гІунсбузул лъараз
Дун ахІулев вуго инсул ракьалде.

Доба мугІрул росулъ, кьурул ракьанда
Кьурул къвакІи буго магІарулазул.
Дова дир мадугьал, нусго сон барав
Нусабилеб ихгун вуго харбида...

Дун щола росулъе, мокьрол гъветІалда
Бокьулеб багІараб тІегь балеб мехалъ,
ХъахІал тІаргъал рахъун, мугІрул гІадраби
ГІурчинго нилъеда дандчІвалеб мехалъ.

Дун щола росулъе, гІиял рехъаби,
Авлахъ тун, мугІрузде руссунеб мехалъ.
Нуха гІияхъабаз цІадудеги ккун,
ЦІигьан махщалида бежулеб мехалъ.

Дун щола мугІрузде, къвакъвадилаго
Къункърараби тІадруссун рачІунеб мехалъ,
Рагъабазул мокърокь милъиршабаца
ТІоцебесеб сарин ахІараб мехалъ.

Гьебмехалъ йохула херлъарай эбел:
Къункъраби руссанин, васги вуссунин.
Гьебмехалъ абула хирияй яцалъ:
Милъиршай рачІанин, вацги вачІинин.

Дун вачІунев вуго, дун унев вуго,
Авлахъалъул тІугьдул, къо лъикІ нужее!

Къо-мех лъикI, недегъаб, гьайбатаб Каспий
Ва Дагъистаналъул тахшагьар, дуе!

Дун вачIунев вуго хIайранаб кечIгун...
Дида данде чIвала ункъабго Гъойсу.
ЦохIо эбелалъул ункъо яс гIадин,
МугIрузда гIурал гьел уна гIодоре.

Гьале, гIарцул бетIер гьетIизе гьабун,
Дие салам кьола КьилимегIералъ.
Гьаниб гIурччинлъараз сверухълъиялда
ХъахIаб кьили чIвараб чуян ккола гьеб.

Нус-нус сонал рарал гъутIбузда буго,
БитIун анкь тIубараб, цIияб тIогьол махI.
Азарго сон барал росабалъ руго
КIиго лъагIел барал лъимал свердулел.

МугIрул кIкIалабазда эхетун ругел
Телалъул хIубазда хIанчIи руго чIун,
Цоцаздехун роржун, ургъелал рикьун,
Улбуца гьанирго гьарулал гIадин.

Росдал школалъул маххул тIохалда
ТIад рещтIун, куркьбалги рорхун буго цIум,
Гьал магIарулазул гIолохъабазда
Роржине жиндица малъулеб гIадин.

Дун вохизавула бацIцIадаб зобалъ,
РоцIарал къояца, щибаб гьимиялъ,
Нухлул рикьабазда кьурдулел иццаз,
Кьабун, къан босулеб кверзул хинлъиялъ.

Бокьула магIарухъ бакъ баккулеб мех –
Дун мехтизавулеб улкадул гьава.
Бокьула сардида гIурччинаб харда
ГIурул хIайранаб хъуй, авлахъалъул сас.

ХъахIилал накIкIазда гьоркьосанги ун,
Бокьула борхатаб магIарде щвезе,
Буртинаялда тIад гIодовги вегун
ГIазизал зобазул цIваби рикIкIине!..

РакI бохун свердана инсул ракьалда,
Макьу кIочон тана чанги сардазда.

Дица кодоб ккураб Пушкинил тIохьолъ
Авар тIегь букIана тIанчазда гьоркьоб.

II

Гьединан свердана дун лъабго къоялъ,
Лъаразде, ахазде ургъелги бикьун...
Дица ахIана кечI Дагъистаналъул
Дунял хIайранлъулеб берцинлъиялде.

Бицана лебалал чотIахъабазул,
Чармил кьурабалъан лъурал нухазул.
Бицана хъахIлъарал, херал чагIазул,
Хехал кьурдабазул, цIиял харбазул.

Бицана роял хъван Дагъистаниялъ
Москва кинан урхъун хутIизабураб,
Хадуб ахIана кечI агрономасде,
Россиялъ мугIрузде витIун вачIарав;

Росдал парторгасде, гьудулзабазде,
Гьунарал цIикIкIарал хIалтIухъабазде,
Кепал бертабазде дунго тирарал,
Таманал цогидал бергьенлъабазде.

Дица кечI гьабуна ихдалил моцIалъ
Дун вохизавураб щибаб жоялде.
Щибаб кечI рехана почалде жаниб,
Гьезие жавабал роржана телалъ.

Гьел телалъ букIана кIудияб рохел,
Редакторас дихъе букIана хъвалеб,
Дур кучIдул жидеца рахъулел ругин,
Мухъал хисичIого, къокъ гьаричIого.

Ва гьелдаса нахъе, тIохдеги вахун,
Нухде балагьун чIун вукIунаан дун.
РикIкIадасан гьудул вачIунин рагIун,
Гьев тIаде щвеялъухъ балагьун гуро.

Балагьун вукIана дун хъахIаб чодухъ,
Чабхил нухдасан гьеб нахъ буссиналъухъ;
Бищунго хIасратав чиясухъ гIадин,
Гьел къояз дун гьелъухъ вукIана урхъун.

Чанги цIар букIана цIудул гIадинаб,
Бекерун чу течIеб тайланин гьелъул;
Гьанжеян абуни, тIад чи гьечIого,
Пашманго хьвадулеб буго гьеб гъарин.

ХIалтIабаца свакан, сонаца хъахIлъун,
Пенсия бахъарав херав чи гIадин,
Харж-мухь босичIого буго хIалтIулеб,
ХIатIил боси хехаб, кIвахI гьечIеб айгъир.

Цадахъ чи гьечIого, гьелда лъала нух
Хунзахъ почалдеги дир росулъеги.
Хулжазда жанир лъун, рачIуна росун
Гьелъ киналго харбал колхозчагIахъе.

БачIуна гьитIинаб дир росулъе гьелъ:
Дунялалъул рохел, пашманлъи, ургъел,
Пионеразул кечI, цIиял хIукмаби,
ХIукуматаз ритIун унел нотаби;

Лъималазул кагътал эбел-инсухъе,
Улкаялъ биччалеб журнал, газета,
ГIагараб альманах «Гьудуллъи» – йилан
Гьаб Дагъистаналъул щуябго мацIалъ.

Цо нухалда радал, херал чагIигун
Харбида вукIана дун годекIанив.
Хирияб айгъиралъ инсул росулъе
Дир асарал ругеб газет бачIана.

Дун росдал херазухъ хал гьабун чIола...
Гьез хех цIороберал рекъезарула.
Хадуб, гордал гIадин, газетал рагьун,
Картаязде гIадин, гьезде къулула.

ЦохIо тIамачалда тIолго дуниял,
Цо бер тIамурабго, гьезда бихьула.
Кореялъул унти, Вьетнамалъул би,
Берлиналъул цIадул хераз цIалула.

Цояб хабаралъ гьел рохизарула,
Цогиялъ къваридго къулизарула.
Щибалъул хIакъалъулъ гIакълу данде бан,
Дунялалъул пикру гьабун кIалъала.

МугӀрул гӀолиласе, жамагӀатчагӀаз
Жиндирго чол бицин, бокьулеб гӀадат –
Дий бокьун букӀана, газеталда тӀад
Дир кучӀдул рукӀиндал, гьезул бицине.

Ва амма киналго руцӀцӀухӀун чӀана,
ГӀицӀго мадугьалас абуна дида,
Инсул махщел боссе къасдищ ккарабан,
Квешаб хӀалтӀи гурин, хӀал бихьейилан.

Амма хабар бугин хъахӀаб миккидал,
Хъиргъухъего боржун, куркьбал хӀулараб,
Кици рагӀанилан гӀурдада бачил,
Чохъего бекерун бохдул рекараб.

Цогияв кӀалъана, жидер хӀукму-хӀал
ХӀамзатида лъалеб букӀанин лъикӀин.
Дос нижеда цадахъ хур бекьанилан,
Хаселги риигги цадахъ тӀамунин.

Лъабабилес, цӀалун дир асаралгун,
АскӀовеги вачӀун, абуна дида,
Мун кидаго ихдал вачӀунин гьанив,
ХӀанчӀиги тӀугьдулги гӀемераб мехалъ.

Дуда данде чӀвачӀин магӀарухъ квачай,
Кидаго бихьичӀин нижер къварилъи.
Мун гагу кинигин, кучӀдул ахӀулев..,
Кида мун хӀалтӀизе лъугьиневилан...

ХӀикматав херав чи... хал гьабе гьасухъ!
Гьасда дир асарал ричӀчӀичӀогодай?
КучӀдул гьари гьасий хӀалтӀи гуребищ? –
ГӀодовеги къулун дун нахъе ана.

III

Дун рокъове щвана, бакъул къо ана,
Къваридал пикраби каранлъ рещтӀана.
Хераца рицарал кицаби, харбал, –
Дица гьезул нусцӀул хӀисаб гьабуна.

Нахъеги цӀидасан цӀалана кучӀдул,
Ихдалил кеп беццун дицаго хъварал.
Амма дир пашманаб гьинал ракӀалъе,

Гьезул кеп букIинчIо, кин цIаланиги.

Ва дида бичIчIана росдал гIадамал
Цо рохалидасан гьарун гьечIолъи:
Пашманлъиги лъала гьезул ракIазда
Ва бакIал ругъназ цIун рукIуна лугбал.

Дида бихьана ихх чвахун унаго,
Гьелде данде чIвалел чIахIиял ганчIал. –
Гьединан гIумруги гIарцул лъар гуро,
ГIалхул кьуру борлъун, лъола гьелъ шагьра.

Бичча те жакъа бакъ букIананиги,
НакIкI букIуна метер, бала гIазу-цIер.
ГIурхъи, ссан гьечIого, цохIого рекIелъ
РещтIуна иргадал ихги хаселги.

Гьединан букIаго, кинан бегьилеб,
ЦохIо канлъиялде ахIизе сарин?!
Лъица хуриб бугеб сусур бетIилеб,
Лъица рекIелъ къараб рукIкIен бахъилеб?

Ва дир гIолохъанлъи, дир лъеберго сон! –
Баркала херасе лъикIаб малълъидахъ.
Нуж хIалтIизе ккола, дир кочIол мухъал,
Хурзабахъ трактор хIалтIулеб гIадин.

Гьедин хIисабазда щвана инсухъе,
МагIидаса гьесул ярагъ бахъана:
Рагъулъ хIал бихьараб, бегIерлъи бугеб,
Бащадаб векалъ гьас цадахъ босараб.

Дида лъала, инсул кочIол гьаркьихъе
Кинан тIурун арал бецIал гIадатал:
Росабаца хунжрул гIодой рехана,
ГIандиселъ халатаб чохтIо бичана.

Инсул рагIабазул гIужилал гулбуз
Эргъвендерил шайих щущазавуна.
Гьесул асаразул цIадулал мухъаз
ЦIогьазул халатал кверал рухIана.

ЦIаралги формаги хисананиги,
Инсуца гIужие росун рукIарал
Гьадалго суратал свердана берзукь,

Цересел тушбаби дандчIвана дида.

Гьале хIел-хIел чагIи, гьезул кIал бухе,
КIал чIвараб кверги ккун, гьелда къочулел.
Гьале, колхозалъул чвантил хIур кIутIун
ХIалихьат, паракъат къватIал тирулев.

Гьел женжедулеб куц, гьел сентIолеб куц,
СанагIат ккарабго дур щекъер кквезе...
Гьел инеул тушбаби, рес бугеб ани,
Унтарал гIусаллъун рахъун рехизе.

Дида бачIинахъе лъачIо гьезул хIал:
Цояв гьимулаго вачIана данде;
Цогиял абуни, дун вихьаравго,
Ана нахъе тIерхьун, хьвана цереса.

Лъабабилез, щибго квер сорочIого,
Васас инсул пиша босун гьечIилан,
Дир беразда цебе гьабуна квешлъи –
ГьебгIан квеш букIараб ккечIо щибго жо.

Дида гьел рихьана, .. гьеб мехалъ дица
Инсул кочIол ярагъ каранде къана.
ГьабсагIаталъ дие сундасаго цIакъ
КъваригIараб буго гьелъул бегIерлъи.

IV

Къаси тIохде вахун, свакан вегана,
Сунцаян лъаларо, макьу биччачIо –
МугIруздаса пулел гьорол боязищ?
КIкIалахъан чвахулел чабхил иццазищ?

Цинги рокъов вилълъун, тахтаялда тIад
Тамахаб бусаде хьибил рехана.
Гьанже багIариялъ биччачIо рахIат,
БухIараб гьаваялъ гьукъана макьу.

Дица тIаде вахъун чирахъ бакана,
Дир инсул кабинет канлъиялъ цIуна.
Гъосул ругьунаб хатI, хириял кучIдул,
киналтIаги тIахьал дида рихьана.

Ва сардилъ живго гьев суратaлдасан

Дихъ валагьун вуго гIодове виччан.
РакIалде кколаан, гьесухъ хал гьабун,
Пашманал хиялалъ вугин дир эмен.

ЧIегIераб буртина, гьесул гIагарал
Гъуждуздасан гIодой буго букIкIун ун,
РакIалде кколаан, хехаб айгъиралъ
Унев вугин вачун гIагарав эмен.

Дун унтараб ракIгун, бакIаб ургъелгун
Инсул сураталде цеве вачIана;
Гьадин вачIунаан, гIайиб ккейгун дун,
ГIодовеги къулун къварид гьесухъе.

Гьанжеги, гьитIинав вас кинигинан,
Гьесда, чIагоясда гIадин, кIалъана:
«КIиябго их ана, хирияв эмен,
Мун гьечIого гьадин дуниялалда.

Дие захIмат буго, киналго соназ
Квер ккун вачун дуца гIезе гьавуна.
МугIрул, гIорал рахун, кодоб ярагъ кьун,
КучIдузул ишалде машгъул гьавуна.

Гьанже дунго вуго, цо кумек гьабе!
Кинан дун вукIинев? КIалъай дидехун...»
Дун гIенеккун чIана, макьилъ кинигин,
Дида инсул гьаракь буго рагIулеб.

Баянаб, хIеренаб дида гьеб лъана,
Гьуинго дидехун вуго кIалъалев.
Гьаб дур ахIи рагIун, гIедегIун щванин,
ГIагарав, хъахIлъарав вуго цеве чIун.

«Гьел хъурмал свердулел ругогIан мехалъ
Барахще макьие кьолел сагIтазда.
Гьел сихIирлъун руго, гьел чанкIкIун руго
Чакмабиги цIвакун хьвадулел руго.

Гьел руго кIудиял хъулухъаздаги,
Хъублъи печать чIвараб кагътица бахчун,
ХъахIал документал карандаги чIван,
ЧIегIерал ишазул махщелчагIилъун.

Гьел риччан танани, кьогIлъила гьоцIо,

Кьаву чIвала, дир вас, меседалда тIад.
Гьез дуе цIамулъ махI бахъинабила,
НахъегIанал гьерсал бергьинарила.

Дуца гьел рикIкIунге, цIехон ралагье,
ЦIар, хъулухъ, чин, хурхен хал гьабичIого.
Сородуге дур квер, хIинкъуге дур ракI,
РечIчIе кочIол чIорал дуца гIужилго.

Нахъа хутIаразул мугъалда речIчIе,
Цере кIанцIулезул кIалалда речIчIе!
ТIасан гъеду ани, гъадида речIчIе,
Гъоркьан борохь ани, борхьида речIчIе!

Лъа, мун лъугIел гьечIеб, рекъел лъалареб
Рагъде ахIун вукIин тIубан векалъе.
Пикрабазул къеркьей, асаразул кьал,
Эл къотIизе гьечIо коммунизмалъги.

ГIенекке чвахулел иххазул гьаркьихъ,
Ахазул сасалъухъ, хIанчIазул кочIохъ.
Амма поэтасе, гьунар, кIодолъи,
КIочонге, гIагараб халкъалъ бачIуна.

КIалдиб гIеч бортаян, гIабдал кинигин,
ГIечул гъотIокь вегун вукIунге, шагIир.
КочIое рагIаби зодоса гIодор
Рехун рачIунарин, бичIчIа дуда гьеб.

Базаралда бичун бацI-церги босун,
Гьел рохьазда чIванин рихьизарулев,
РачI къокъал гьерсазул гьунаралдалъун
Гьагав чанахъанлъун хьвадуге, поэт».

КенчIолел беразда сверухъ, кисанго
Санаца рахъарал рукIкIаби руго.
Хинаб квер гьежда лъун, бадивги вуссун,
Инсуца гьадинан абуна дида:

V

«Дир вас, киниялда мун лъуралдаса
Кидаго вукIана духъ балагьун чIун.
Дида лъала тIубан дур тIолго къасдал,
Хекко тIун унел дур тIеренал бакIал.

БитӀахъе бицани, хӀинкъун вукӀуна,
Дур хӀисабал гьарун, духъ балагьун дун –
Дуца бетӀералде тӀаде босана
Инсулго букӀараб захӀматаб пиша.

Гьелъий къваригӀуна къуркьи гьечӀеб яхӀ,
Къаси сардал рорчӀун, кьижичӀел берал.
БачӀараб къо баччун, къвакӀун хӀетӀ босун,
ХӀасратаб назмугин цеве а, дир вас.

Бакъул канлъиялде керенги буссун,
Месед гӀадин буго улка кенчӀолеб.
Ва ватизе гьечӀо гьанже кочӀохъан,
Гьелъул рохалиде мугъ рехун чӀарав.

Биччай гӀолиласда гӀишкъу босарай
Ясалъул гӀунгутӀи бихьунгутӀизе.
Дур хӀалтӀиялъулъ гьеб битӀараб гьечӀо, –
БитӀун валагье мун дуниялалъухъ.

Къоял роцӀанагӀан, рацӀцӀад рихьула
Жегиги рацӀцӀинчӀел чӀегӀерал тӀанкӀал.
Дунял чӀухӀанагӀан, каранлъ унтула
Кинал рукӀаниги бецӀал пишаби.

Дун гӀемер вагъана, гӀемерал чӀвана,
Ва амма гӀемерал дихъан рорчӀана.
Гьедин цо-цо мехалъ чанахъанасул
Чарамул гудракьа борчӀула хъумур.

Хъаз дагьаб боржуна, дагьаб лъедола,
Цо-цо гьаракь биччан, гьелъ кечӀ ахӀула.
Хъазалъ гӀадин гӀемер махщелал рокьун,
Махщел шигӀручияс хвезе гьабуге.

Цо-цо гӀодоргӀанал даранчагӀаца
Чагъир бичулелъул гъорлъе лъим тӀола;
КочӀохъанас тӀаде гьеб хӀакъ босуге,
Рукъалаби рараб чухъа ретӀунге.

Дида лъала, руго гӀемер поэтал,
ГӀункӀ-кету гьабула гьез назмабазул;
ТӀурулеб гӀанкӀалъул лъалкӀалъул гӀадин,
ГӀумру дагьаб буго гьезул кучӀдузул.

МагIарда гIухьбуца, гIодоре риччан,
Гьезул тIахьал рихъун, цIала хъалиян.
ЦIорораб хасалил сардилъ росабалъ
Гьезул асараца ракула печал.

Биччан те кидаго дур кочIол мухъаз
Канлъиги рохелги халкъалъе кьезе.
Квачараб хасало гъансито гуреб,
Гьез инсанасул ракI хинлъизабизе.

Дида, тIоцебесеб кечI гьабулелъул,
Кинан мун вукIарав, кIочон толаро.
РекIелъе доб мехалъ бачIараб гIищкъу
ГIумруялъул тIолго сверабалъ цIуне.

Ва амма гIедегIел, тIадагъаб рохел
Нилъер хIалтIиялъе заралаб буго.
ТIилазда азарго накъищ гьабулел
Ансадерил сабру къваригIуна дуй.

Жавгьар балагьизе мегIер бухъула, –
РагIаби гьединан ралагье дуца.
Ралъдал тIиналде ун, баргъич босулев
Васасухъ хал гьабун, гьедин хIалтIе мун.

Дир бетIер хъахIлъана гIумрудул соназ,
ГIазу биунареб мугIрул тIогь гIадин.
ГIазабаз цоцахъе рехи гьавуна,
ГьитIинго, лъималаз торгIо кинигин.

Дица цIул бахъана цIорораб гIурулъ,
ГIандадерил Гъойсу, – лъала долда дун.
Дица нарт бахъана черх ссудизегIан,
Сунжалъул магIданал – дир гIолохъанлъи.

Баркала киналго гьалмагъзабазе,
Квер дихъе бегьарал хIалтIухъабазе.
Дол рукIинчIел ани, чIван вукIинаан
ЧIегIерал къояца, къваридал сардаз.

Цабзаз кIутIби рукъун, цциналъ зар букъун,
Сверана Дагъистан дир гIицIал хIатIаз;
ХIинкъи цциналъ хъамун, вачIинахъего,
ТIоцебесаб кечIгун лъугьана кьалде.

Кьвагьи гІужде ккунищ – ккана судалде.
Ва бихьана хехго Хунзахъ туснахъ рукъ.
Баркала халкъалъе, дун хвезе течІо,
Хвасарлъи, щулалъи гьезухъан щвана.

Гьанже улкаялъул эркенлъи бихьун,
Балагьараб мехалъ хІисаб гьабула:
Дица лъабкъоялда анцІго сон гурин,
Лъабкъоазарго сон бан батилилан.

Гьел киналго соназ, дир хирияв вас,
Халкъгун вукІана дун дир назмабигун.
Ургъел, унти, талихІ, рохел, пашманлъи
Гьезулгун бикьана, гІахьал гьабуна.

Дудеги гьединаб гьари буго дир,
ВукІа гІодов виччан гІадамалъ даим.
Нахъа хутІуге мун дур халкъалдаса,
Дов тІукъби рищулев рекІарав гІадин.

Творчествоялъул отпуска босун,
Росулъе вачІарал моцІаца гуреб,
ВукІа гьелгун цадахъ тІолго гІумруялъ,
ГІенекке, балагье, бичІчІа гьезул хІал.

ГІемераб бихьунин цІодорлъулев чи,
ГІемераб батунин бечелъулев чи, –
Бечедал, гъваридал асарал хъвазе
Вусса гьумер битІун гІадамаздехун.

ГІадамазе кучІдул къваригІун руго,
Херасе гІунтІизе гІанса кинигин,
ГІолохъанчиясе гьунар, лъай гІадин,
ГьитІинаб лъимадуй дахІа кинигин.

ГІадамазе кучІдул къваригІун руго,
Рагъулъ хвалчен гІадин, кьиндал цІа гІадин,
ЦІулада кьабизе гІащтІи борхигун,
«ГІагь» – илан абулеб гьаракь кинигин.

КочІохъан, кІичІ-кІичІун, кодоб гІерги ккун,
КваритІа кІанцІолев палугьан гуро,
Кин зурма пуниги гьарсилан ахІун,
Свераби рахъулев кьурдухъан гуро.

КочIохъан, гьев вуго мугIрул къвекIаб цIум,
ЦIодораб, лебалаб, хIинкъи лъалареб;
НакIкIал хъвалхьула гьелъ хьвагIарал куркьбаз,
Гъудул хъамула гьелъ цо гьаркьидалъун.

Дида лъала, дир вас, исана рокъов
Мун Москвагин Сибирь сверун вуссана.
РикIкIад Байкалалъухъ валагьана мун,
Балтикалъул лъинал рихьана дуда.

ГIатIидаб дуниял буго нилъер ракь,
Бокьа дуе ВатIан, инсул рукъ гIадин.
Амма кIочон тоге эбелалъ дуе,
Аххги бачун, кини кIикIараб росу.

ЧIахIиял кьурабахъ гIумру гьабулеб
ГIагарлъе авар халкъ, эзул васин мун.
КигIанго гьитIинаб букIананиги,
Гьез дуе кьуна мацI кучIдул гьаризе.

Цо гьитIинаб росдал гьитIинабго иш
Улкаялъе щайин чIухIун кIалъаге;
Улкаялъул бутIа, гьаб нилъер росу –
Гьанисанин Москва бихьулеб гьанже.

Лъа, жиндирго мугIрул рокьулаpесе
Бокьизе рес гьечIо кинабго дунял;
Жиндирго халкъалде сарин гьабичIез
Цогиязул рахъалъ хъвала гьереси.

ГьитIинаб бакI буго тIадмагIаруллъи,
ТIанкI гIанасеб буго гьеб картаялда.
Поэтаз миллион цогидал цIвабзалъ
ЦIвалъун кунчIизабе гьеб гьитIинаб тIанкI.

Дир квераца бана гьеб нилъер мина,
Дида гьаниб лъала щибаб гамачI, магI.
Гьале гьаб гордухъан балагьун дида
Бихьана кинабго дуниял, дир вас.

Гьаниб кьуна дие улкаялъ рохел,
Гьаниб ахIана кечI гьудулзабазде.
Гьанисан ритIана гIагарал васал
ГIалхул тушбабигун рагъизе дица.

Гьаниб унтана ракI Испаниялъул
Росабазда лъурал цIаяхъ балагьун.
Бераз магIу кквечIо, пашманльана дун.
Фашистаца Тельман чIванилан рагIун.

Гьаниб унтабазул чIегIерал гъуцIдуз,
Гъачагъаз кинигин, дир черх цIацIана.
Амма дирго гIузру кIочон толаан,
ТалихI къараб улка, Корея бихьун.

ГIурччинаб их буго Дагъистаналда,
Дуда цебе буго гIатIидаб дунял.
Дица дирго рокьи ва боркьараб ццин
Духъе кьолеб буго васият гьабун.

Гьале зоб гвангъулеб... замана щвана
Нилъей ратIалъизе, лъикI вукIа, дир вас!
Биччай дур асараз херлъарав инсуй
Хабал макьу даим гьуин гьабизе...»

VI

Къанщун гIенеккана дун инсул харбихъ,
Хадуб балагьана – гьечIо гьев аскIов.
Мукъсанаб канлъул чIор кучIдул, тIахьазда,
Инсул сураталда тIад гвангъун буго.

Дун къватIив вахъана, кивниги ахIун,
КватIулев чи гIадин, гIедегIил гьабун.
Бакъбаккул рахъалъан рехараб хъахIлъи
Ихдалил ракьалде буго рещтIунеб.

Жеги лъимал руго гьуинаб макьид,
Гьале, гьанже-гьанже рорчIизе къачIан.
Почалде иналде хераб чу буго,
Хулжалги тIад рухьун, свердизе бахъун.

Жеги ахакь пихъал руго гIурччинго,
Гьезие барщизе замана щвечIо.
Жеги багIараб бакъ буго рикIкIада,
МугIруздаса гъоркье гьеб бачIун гьечIо.

Жеги тIанчIи руго хIанчIил бусада,
Рорживе къачIалел къуват гьечIого.

Жеги тIугьдул руго тIанхаца рахчун,
Берцинлъи рагъулеб ригь бачIинчIого.

Гьел киналго гIадин буго дир кечIги
Каранзулъ бижулеб, барщулеб, гIолеб,
Боржине къеркьолеб, бакъ щун хинлъулеб,
Хадуб лъимер гIадин, борчIизе къачIан.

Къо щвана, дун инсул рокъой вачIана,
ГIащикъаб гъираялъ дида къвал бана.
Гьанже дун вахъана нахъ вуссин гьечIеб
КIудияб сапаралъ!
Байбихьана кечI!

## ДИР РАКI МУГIРУЗДА БУГО

1956

I

РакI дир мугIрузда буго,
Дунго аххада вуго...

**Роберт Бернс**.

ЧIалгIен буссинегIан аскIов чIоларев,
Иш гIемерав, лъикIав гьобол кинигин,
Гьаб нилъер тIалъи тун, урхъараб ракь тун,
Ана гьале рии, ана багIарбакъ.

РагIана гьанжеги гьерсилал харбал
Дидасан росабалъ сверулел ругин,
Гьаниб шагьаралъул шагьра нухалъан
Шурун гьал мугIрузде рачIунел ругин.

Абулеб рагIула, гьанже дир бакъан,
Гьавураб рукъги тун, къватIиб ун бугин,
Дун мугIрул кIочарав вас лъугьун вугин,
Дун росу лъаларев кочIохъан вугин.

ХIамил рачI гIадинаб галстук даларав,
Горбода цер ккураб пальто ретIарав,
Дида лъалеб гьечIин мугIрул гIаданалъ

Жиндирго мугъалда магь кин баччулеб.

МагIарул чIужуялъ чIаголъи кьурав,
ЧIухIун жиндасаго женжелев вугин.
Гъунисезул хурдул, хундерил иццал –
Гьеб берцинлъиялъул дун гьобол вугин.

Гьавураб рукъ-мина, гъансито-кини –
Киназего гьанже дун чияр вугин.
Чвахулел иххазул асарални щай,
Инсул сариналцин дида лъаларин.
БатIияб цIадуца вугин дун хинлъун,
ЦохIо цIар бугин дир ЦIадаса хутIун...

...Гьал харбал рицана, росулъа вачIун,
Дир инсул гьудулас, гIодов чIун, дие.
ТIаде гIазу бараб кьуру гIадав гьес,
Кьураб квен кваначIо, жив гIорцIун вугин.

Жаниб бакъ гIадинаб чагъир кенчIолеб
Чехазул бакал гьес цуна нахъегIан.
ТIаргъиниса бахъун хилиги кьурун,
Халцин гьабичIо цо дир папиросахъ.

Рукъзабазул къачIай, дир къайи, тIахьал, –
ТIамичIо херас бер цохIо сундего.
КъватIир улкабазда росун рукIарал
Дир сайгъатазулги гьабичIо санго.

ГIицIго кодой ячун дир яс Заремал,
Бесдалалъул гIадин, лъухьана бетIер.
Цинги къеда бараб дир инсул сурат, –
Гьелъухъги валагьун пашманлъана гьев.

Бусада вегичIо... Буртиналда гьорлъ
Гъапуллъана гьобол гIодов чIаралъув.
(Гьедин чанахъанас гьабула макьил,
Чанил ракIги лъукъун, паракъат цIадухъ).

...Дие макьу гьечIо. Огь кьогIал харбал!
Гьаб дир рохалиде рехарал ганчIал!
Божуге гьезда мун, дир камилаб халкъ, –
Дур кверазул килищ, кив вортилев дун?

Щай дие кIодолъи, щай дие чIухIи? –

ЧIухIи дилъ батани, дудасан буго...
Дур цIарул цIаялъул гьитIинаб кунчIи,
БатIаго хутIани, хех свинарищ дун?

Дур харил тIугьдузул авлахъалдаса
Ун вахъиналдего вечIаларищ дун?
Дур цIадал цо тIири, тIоразул къатIра,
ГIоргин батIалъани, бакъван къинарищ?

Гьале дир кверал кква, килщал данде къай
ТIолго бидурихьалъ буго дур хинлъи.
Хал гьабе дир берахъ, дуда бихьила
Дуде бугеб хIасрат, хIайранаб гIищкъу.

Гьале мунин абун угьдулеб дир ракI, –
Каранда гIинги лъун, гIенекке гьелъухъ.
Гьелъ ахIулеб буго, божа гьелда мун,
Бокьулин кидаго магIарул халкъан!

II

ГьитIинго дур гъасда бакараб цIадул
Буго хисулареб хинлъи дир каранлъ.
Кинидахъ, инсуца дий ахIараб кечI
АхIула гьабсагIат дица ясалъе.

Дун кIиго гIумрудул гIорхъуде щвана,
ГIазу дир ботIрода биунеб гьечIо.
Амма эбелалда цеве щваравго,
Цевего кинигин, лъимер вуго дун.

РакI къечон бугеб куц, магIарул ясалъ
Намусго гьекъезе кьолеб лъималъухъ!
Дий бокьун бугеб куц, печалъул корохъ
Картошкаги бежун, гIебса вегизе!

Дун хIинкъун вукIуна, хIайранаб чода
Чергес кьили лъезе кIочон телилан.
РакIалде бачIуна гьетIарал нухалъ
Гьаказул къир-къири къаси сардида;

Михир тIад сверулел дур тIохабазул
ТIалаяхъан унел кьурарал кIкIуял;
Кьиндада гьениса рехулеб гIазу,
Риидал бакъвазе тIибитIараб чIар;

Рагъидал хІубазда дализарурал
Дур къулагІиязул гІажаибаб махІ,
КъотІун бащдаб хьибил хьагинибги лъун,
Гъасда гьеб гьалидал гьарулел хинкІал;

Хъарщазда сокІкІарал гІертІазул кьерал,
ГІачи рехъабазде ракІарулеб мех;
РакІалде бачІуна гІурччинаб тІалъи,
ТІоцебе бекьулеб ракьалъул хІухьел...

...Дир гІадин бухІаги щивасул керен, –
Камурал щинал дур ясазда хадуб!
Дир гІадин чвахаги бадиса магІу, –
МагІарул васазул занахъ балагьун!

Къалмица хъван гьечІо дур тарих, дир халкъ,
Хунжрузги, гулбузги, биялъги буго.
Ва гьанжелъизегІан рагІула гІинда
МагІарулал чабхъад рахъунеб гьаракь.

Берал къанщарабго, тІамула цебе
Цебесеб ГІандаллъи, ираназул бо. –
Бергьарав шагьасул чІухІарал чадрал
Чуяца мерхьана дир Дагъистаналъ.

ЦІидасан сасалъухъ гІин тІамурабго,
Суракъатил ахІи рагІула дида...
Кьурул парсазухъан гьес магІаруллъи
Гъужумалъ бачана гъарачагІазде.

Чарамул сиязда байрахъал чІварал
Партизанал щола дида ракІалде;
РекІараб нус гІадал ревкомаца гьел
Гъалагал нухалъан рачІана цере.

Дир берзукь паркъола хундерил гьоцІу,
Ханас «гьоболасе» хІадурараб цІа,
Жиндирго цІиркъилал михъалги кьурун,
ЦІадай кІанцІилалде Хучбарил кьурди.

РакІалдасан лъала хвел гьечІел кучІдул,
Холев Эльдарилас ахІараб назму. –
ЧІохъдерил чІухІбузул загьруги гьекъон,
Гьес бакъан тІамуна, тІамурги кІутІун.

Огь, дир магIаруллъи, дир гIагараб ракь,
Дур багьадуразул гьунар, лебаллъи! –
Тушбабаца бутIрул къотIананиги,
Къисас босичIого гIодор кколарел!

Каранда цураб хеч дандегIанги цIан,
Дандиясде ханжар гIунтIизабулел;
Жал жанир рехараб, рахараб туснахъ,
Нодо тункун, сардилъ щущазабулел! –

Дида рихьула гьел мугIрузул цIумал,
ЦIадулал ракIазул, ганчIил чурхдузул,
Чол кьолонир гIурал, кьалда хъахIлъарал
Бох гьечIел, квер гьечIел командирзаби;
Керен ругъназ цIурал дур рагъухъаби,
ЦIадулъ лъадарарал нус-нус дур лъимал..

Гьезда гьикъанани: гьалагал кьалалъ
Гьаб кьварараб гIамал киса нужейин –
РагIи абичIого, гIодой къулун гьез
Дур гIицIаб ракь босун бихьизабула.

Гьезда цIеханани: цIадулал рагъалъ
ЦIунарал нуж сунца, дагьал боялин, –
Гьез эхеде рорхун, дур кьурабазул
Кьер-кьерал свераби рихьизарула.

Гьезда бахиллъула, гьезда гурхIула,
Гьездаса чIухIула, гьезухъ урхъула, –
Бокьула дие мун, дир лебалаб халкъ,
Бокьула дие дур кьварараб гIамал!

### III

Буго дир каранда кутакаб ругъун –
КигIан мех баниги, гьеб лъилъиларо.
...ГьитIинго рагIараб магIарул чIухIи,
БахIарчилъиялъул мисалги цIарги, –
ЦIигьулдерил тIохахъ къаси рицунел
Къисабалъ, маргьабалъ вукIунаан гьев.

МаркIачIул гIужалда гьитIинав дие,
Гьесул рахъалъ харбал рицунеб мехалъ,
МугIрул чIван хьвадулел рукIана накIкIал,

Гьес рагъде ахIарал аскарал гIадин.

Гьесул цIар бахъигун, кIочон толаро,
КIазица эбелалъ бацIцIунеб магIу.
Гьеб цIар букIунаан, ракIалда буго,
Бищунго хIайранал магIарул кучIдулъ.

ХъахIаб чалмаялъулъ, чергесаб ратIлилъ,
Чарамул хвалчада квегIаб кверги лъун,
Херав имамасул гIагараб сурат
Сонада букIана нижер рокъоб бан.

ХъахIаб къададасан къадруяб гьумер,
Къойил дун ворчIигун, балагьулаан.
Хадуб кIочонареб цо рогьалида
Рагъде тIовитIана гьес дир кIиго вац.

Гьесул танкабазе квердаса рахъун
Курхьаби, баргъичал кьуна ясаца.
Кьалда дир мугIрузул гIолохъабазда
ГIемерав ракIалде вачIана Шамил.

КIудияв багьадур! Гьесул хIакъалъулъ
Чан хIайранаб назму хъвараб инсуца!
Амма ахирияб гьесде гьабураб
Поэма бахъичIо, нахъе бачIана.

Нахъе бачIана гьеб, – чIухIарав имам
ЧIвадарухъан вугин, хъамалчи вугин,
Чияр улкабаца Дагъистаналъул
Мискин халкъ гуккизе витIарав вугин...

Гьеб хабар бачIиндал, унтана эмен,
Ургъалабаз къвал бан, къварилъиялъ цIун.
Къанщана гъос берал ахираб нухалъ,
Имам сверухъ кивго какулеб мехалъ...

Дирги гIайиб ккана, унтула керен,
Какана дицаги, уян ккун, Шамил:
Англичаназул гьудул вугилан,
Гьайбатал мугIрузул тушман вугилан.

Къоло щуго соналъ борхараб хвалчен
Хиянатин абун батана дица.
Дунял хIайранлъулеб хIикматаб гьунар

Гьересиян абун батана дица.

Хинаялъ белъараб багIараб магжилъ,
Гьанже щибаб сардилъ цеве чIола гьев –
Цин АхIулгохIалъул гучав рагъухъан,
Цин Гъуниб бакIалда кIудияв асир.

Хунжрузул, хучдузул анцIила ичIго
Унтарал ругъналги рихьизе гьарун,
Гьезухъ балагьула гIемераб мехалъ,
ГIайиб бугев дида абула гьадин:

АнцIила ичIабго ругънаде тIаде
Къоабилеб ругъун дуца лъунилан.
Къоло щуго соналъ рагъ гьабуниги,
Гьанже дуца гIадин дун лъукъичIилан.

«Дун чанги гуккана хвалилал соназ,
Хиянат гьабуна божарал чагIаз.
Дирго гIагарав вас, пачаяс арав,
Гьесухъа вуссана дир тушман лъугьун.

Рагъ гьалаглъарабго, дида аскIоса
Ана наибзаби, ана муридал.
Меседихъ вичана дун гIагараца,
ГIаламалда лъала дир рагъул гьунар.

Амма дуца гIадин, къо ккараб мехалъ!
Къаникь дир черхалъе гIакъуба кьечIо.
Щиб, цIакъ магIаруллъи гьечIев чи мунго,
Чарамул кьураби кIочонищ, унго!

Лъала, дир ярагъги, дир гъазаватги
Дол гъулдузе жакъа къваригIун гьечIо.
Амма къо букIана дир хвалченалъул,
Хириял мугIрузул сси гьалъ цIунулеб.

Дир гьалатI букIана: кьалул соназда
Кьурди, кечI, кепалъул гьудул вукIинчIо.
Гьединалгун жулалъ гаргадулаан,
Гурде тIаса бахъун мугъ бухулаан.

Дуца пикру гьабе, дур тайпаялъе
ТамихI гьабунгутIи бегьулеб жойищ?
Доб заманаялда, рукьги ккун, дица

Кьурулъа гIодове рехилаан мун...»

...Гьединан вачIуна сордойил имам,
Унтараб керен-ракI ссудизабизе.
Цо гьесул балагьи, цо гьесул кIалъай,
Цо гьесул кIодолъи, цо дир гьитIинлъи!

Огь, гьечIо дир рагIи гьесда абизе,
Гьев гIезе гьавурав дуда абизе!

... ХIажимурад гIадин, тIасалъугьаян,
ТIадвуссун вачIунев вуго гьесухъе, –
Гучав имамасул чармилав наиб,
Чияр хьуцIилъе ккун, чIвана доб мехалъ.

Дир щибдай букIинеб? Шамилихъе дун
БатIияб чода тIад вуго вачIунев.
БатIияб мех буго, цIияб нух буго,
Бокьун гьечIо дие хьуцIилъе ккезе.

Имам согIав вуго, ццидалав вуго,
Дида божилищ гъов? – лъазе кIоларо.
Хъатикь ханжар ккурав багьадурасда
Квешлъаби ракьалда кIочон толаро.

Амма гьари буго, мугIрул гIадамал,
Дир гIайибалдаса нуж тIасалъугьа!
Огь, тIадегIанаб халкъ, васас гуккарав
Эмен кинигин, мун дихъ балагьуге!

ГIицIал тIулбуздаги тIугьдул раккула,
ГIумрудул сонаца ругънал седола.
Дир унтараб керен ахIдолеб буго:
Бокьулин кьварараб Шамилил халкъан!

IV

Дун дудаса гIемер рикIкIаде ккана,
ГIорхъаби тун къватIир къоял тIамуна.
Дида тIад къалъараб бакъуда лъала,
Дур цIар ахIулаго ана кивего.

Гомерил ракьалда, Грециялда
Дица цохIо дуде ахIана сарин.
Рафаэлил улка, Италиялда

Унтана дир керен, дур хIисаб гьабун.

Каприялда берзукь Каспий букIана,
Нилалъул чвахиялъ Гъойсу бихьана.

Дида Гаагалда, нилъер тIалъи тун,
Гьенив тIурун чIарав чи данде чIвана;
Ва дида ракIалде ккана гьебмехалъ,
ГьевгIан талихI къарав чи ватиларин.

Афиналда вукIа, Парижалде щва –
Пикрабаз къвал байгун, къаси сардида,
Дида тIадмагIарул къурул свераби
КьижичIого кигIан рихьарал макьилъ!

Я Дарданелалда, я Ламаншалда,
Нилъалзукь кверги лъун, гIенеккаравго,
Цоцазда кьабулел хунжрузул гIадаб,
Хунздерил мацIалъухъ кигIан урхъарав!

РикIкIаде щобазде цIад балеб мехалъ,
ЦIигьулдерил хурзал рачIуна цере.
ЦIадал чвахиялъан горо барабго,
Гендерил ахазул гьабула пикру.

Дудаса рикIкIаде киве щваниги,
Дица кечI ахIана дуде, дир тIалъи! –
Къварилъи щварабго, огь, дур щулалъи!
Ургъелаз къвал байгун, къвакIи, лебаллъи!

Дуца рецц-бакъалде мугъ рехулеб куц,
Кеп-аваданлъиялъ дур гIодой биччай;
ГIищкъул рекIараб цIа цIунулеб керен,
КигIан бухIаниги дулъ букIунеб яхI!

РагIи абичIого, пударичIого,
Гьудуллъи гьабизе дуда лъалеб куц!
Гьерсилал, къарумал тушбабаздаса
Къисас, ккани, дуца босун толеб куц!

Къваридал кIкIалабахъ бакI бищаниги,
РакIазул гIатIилъи дур гIадамазул! –
ГIандадерил чIегIер буртина буго
ЦохIо чIегIераб жо магIарулазул.

Гьеб буртиналда гъорлъ, цIад балеб мехалъ,
Цо кьурул ахада кьижизе вега! –
Европа чIухIарал гостиницазда,
Городазда гьедин макьу щоларо.

Гуро, гьерсихъаби пударе абе, –
Дир гьинал ракI даим чIалгIун букIуна:
Хирияб Дагъистан, дур рорхалъабахъ,
Жалго болъал гIадал дур сухъмахъ-нухахъ;

Дур кьурул сияздa свердулел накIкIахъ,
Къаси кьижулареб ункъо Гъойсудахъ;
Дур гIицIал мугIрузул цIороpал иццахъ,
ЦIадаса Исбагьил махсарабазухъ.

Сагула тIингъазулъ годекIабазде
Гаргар-хабаралъе данде руссарал,
Херал чагIи гIадал дур росабазухъ, –
Хасаб фольклор буго гьезул щибалъул.

Дие бокьун буго ансал рихьизе,
Устар камураб ригь цониги гьечIеб!
Квер босун, ГIашилтIе салам кьезе цо,
Сарин ахIуларев инсан вижичIеб!

Урхъун вуго, гьудул, ТIад-Магъилъ росдал
Цо меседол гордухъ тарал сардазухъ,
ЛъегIелдерил ясаз, жидер гьурмада
Гьими берцинлъизе, лъурал тIанкIазухъ!

ТIадегIанаб улка! Дур тIалъиялъул
ТIаралъи зобазда цун бугин ккола.
Гьенир борхалъуде рахун щванагIан,
Щибаб ицц тIокIкIунеб, тIегь берцинлъулеб;

Хурдул гьуинлъулеб, гьан тIагIамлъулеб,
Гьаваялъ мехтулеб, рохелалъ цIолеб,
Ясал гьайбатлъулеб, васал къвакIулеб,
Къиматаб магIарул кечI пасихIлъулеб...

Булбул хIикмалъулел хIайранал гьаркьаз
Пана гьавилаан живго СагIади...
Амма цониги мухъ гьел дур бакъназулъ
Рекъон ккани, дие щибго кIваричIо!

Риялъ мугъ берцин гьабулеб буго, –
Мун магъилъ батила гьабсагІаталда.
Дица дуй бечелъи гьарулеб буго, –
Гьунар-цІар дур къватІиб рагІараб буго.

Дица дуе рокьи битІулеб буго,
Рогьалил макьаби ритІулел руго.
Божуге гьерсилал мацІихъабазда,
Гьел гуро, дун вуго дур мутІигІав вас.

Дур рахъалъ ахІарал, дуе ургъарал
Асарал кидаго лъугІизе гьечІо.
Киназулго гьезул цо магІна буго:
Бокьула дие мун, дир магІарул халкъ!

V

Сардил пардав рагьун рогьалил канлъи
Дир ригьний бачІана, ворчІами кьуна.
Кьижарал ахазул бечедал пихъал
Авлахъалде маян гьурщана, рана.

Дица гІин кьурана радиоялъул,
Кьурабалъ щущана Муил гьаракь-кечІ.
Гьайбатал мугІрузул гІагараб бакъан
ГІоразда лъедана, каранлъ гьалдана.

Дун вохизавула дур ракьул кьераз,
Кьурда эхетарал телалъул хІубаз;
Доба Цовкраязул палугьай гІадин,
Гьенир квараздасан хьвадулел хІанчІаз.

ГъотІол гІаркьелазда гІумрудул бицун,
ГІакъилзаби гІадин, гаргадула гьел.
МугІрузде хаслихълъи щвараб мехалда,
Хириял ахал тун унел руго гьел.

Роол каникулал лъугІараб мехалъ,
Классазде унел дур лъимал гІадин,
Ялъуни росулъе щвезеги рачІун,
Шагьаралде унел дур васал гІадин.

«Къо-мех лъикІ! Хирияб магІарул тІалъи,
ЦІияб тІегь баккигун щвела нужехъе!» –
Гьадин унел руго гьайбатал хІанчІи,

ХIайранаб къвакъвайгун къункърабазул тIел.

Къо-мех лъикI! Киналго дур нухаздасан
КенчIолеб Каспидал рагIаллъиялде,
МугIрузул халкъазул тахшагьаралде
Щолел руго, гьале дур студентал.

ХъахIилаб ралъдаде гьумерги буссун,
Гьимулеб, кенчIолеб букIуна шагьар.
Гьеб чIухIизабула Дагъистаналъул
Росабалъан васаз рачIарал харбаз;

ЛъарагI авлахъалде руссунел гIияз,
ГIухьбуца сардида ракарал цIаяз;
ЦIororal ганчIазда гIодоги рукIун,
ЧчугIа кколел чагIаз ахIулел кучIдуз.

Лъебелазул рохьаз гьеб заманалде
Гьурмал кьер хисула, гьутIби хъахIлъула.
Дора чанахъаби бараб гIаздаца
ГIидраялъ кьагIигIан рохизарула.

Эхеде рехараб гIабасидал жо
ГIодобе щвелалде борлъулел васал, –
Гьезухъа рохьазда чан борчIуларо,
РечIчIанщинаб гулла цо алхунаро.

Доба ци кквечIезе ясал унаро –
Росу «бахIарасда» тIад белъанхъула.
Дова инсуца вас вахи гьабула, –
Гьев тIоцеве чан щун вусараб къоялъ.

...Дир тIалъи, дир мугIрул, дида гьикъичIо,
Кив гьавизе дуе бокьилебилан.
МацI малъулеб мехалъ дида цIехечIо,
Кинаб халкъалъул мацI дуе кьелебан.

ЦIумаз бусен лъолел кьурул сверабалъ
Кьуна дие гIумру дунял гьабизе;
Кьурдасан риччалел гьарчазул гIадаб,
Малълъана авар мацI кучIдул ахIизе.

Бечедаб бакI гуро дун гIураб тIалъи,
ТIугьдул гуро, гIазу буго мугIрузда.
ГIемераб халкъ гьечIо дир миллаталъул,

Росда-росдал буго хасаб жидер мацI.

Гьеб мацIалъ кIалъачIо бер гьечIев Гомер,
Байроница хъвачIо жиндирго кучIдул.
Гьеб мацIалъул гьаркьал рокьананиги,
РагIаби рукIинчIо Лермонтовасул.

Амма, букIаниги, кIудияв гIурав,
ГIатIидал, бечедал улкаби лъарав,
АнцI-анцI ралъадазда лъедон вуссарав,
Нусго миллатазул мацIал рагIарав. –

Дида абунани, гьаб дунялалда
Гьанже мун цIидасан гьавизе вугищ
ЦIар чIван бищейилан дуй бокьараб бакI,
РакIалъе хирияб кечI ахIизе мацI, –

Дица жаваб кьела, кьурул сиязул
Добго росулъ гьаве гьанжеги дунан,
Дир магIарулазул гIагараб мацIалъ
Гьадабго кечI ахIе кинидахъ диян!

...Дир рокъоб къеда бан, нус-нус сон бараб,
НекIсияб магIарул цо ханжар буго.
Хонжрол балада тIад тIура-тIураб би
Бидуца чуризе кколин, хъван буго.

Огь, дида лъаларо щив магIарулас
Гьаб рачлида бараб, чабхъад босараб!
Амма гьев бусада хун рагIуларо,
ХъахIав пачаясул хечалъ чIван вуго.

Ханжар бортун буго кIкIалал ахаде,
Гьелда гIурусасул би бетун буго...
ГIодула гьел харбаз дир каранзул ракI, –
Кавказалда вацаз вацал чIвараб куц!

НекIсияб Россия, нижер мугIрузде
Мун кодоб тIугьдулгун гуро бачIараб!
Дуца дур поэтцин гьанив витIана,
Поручикасул чин гъажалдаги бан.

Шамилил гулбузда данде айилан,
Шамилил хунжрузда бадире айин,
Ва амма Шамилил хунжруца гуро,

Дурго чIухIухъабаз чIвана поэтал.

ТIагIана Бестужев, хвана Лермонтов,
Хириял дур лъимал... нижер Кавказалъ
КигIан гьел рукъарал, къаналги тIад чIван, –
Гьезул цIарал халкъалъ цIунула рекIелъ.

...Бидухъ би босулеб гIасияб закон
Кидаго букIана Дагъистаналъул.
Ругънал лъикIлъаниги, къварилъабазухъ,
Къисас босичIого холароан чи.

Амма гьудуллъидал гьайбатаб закон –
Гьеб бергьана гьанже нилъер соназда...
Россия, КIудияб Октябралда
КIиязго даимаб вацлъи гьабуна!

Ва гьелдаса нахъе гIазизаб тIалъи
ГIатIилъун, берцинлъун лъугьана дие. –
ГIагараб росулъан балагьун дида
Бихьула дир Москва, дир Сибирь, Урал.

Дир мугIрул тIугьдузул квацIаби руго
Дур коммунаразул занахъ магIарухъ,
Волгадул рагIалда гъутIби руго чIун,
Дир вац вукъараб гохI чIухIизабулел.

Россия, дуца ниж цолъизаруна,
Цо течIого лъала дур кучIдул дида:
Регула Пушкинил гьайбатал тIахьал,
Гьел хисун цIалула цIидасан МахIмуд.

Дуца къоабилелъ нижер мугIрузде
БагIараб кьералъул байрахъ бачIана.
БагIараб галстук – гьеб дир гьитIинаб мех,
БагIараб партбилет – гьанже дир гIумру.

ГьечIо дунялалда дие, Россия,
Дур вас Ленин гIадин, гIагарав инсан!
Гьал нижер халкъазе ракълил бакъ кьурав,
МугIрул улкаялъе эркенлъи кьурав!

КIудияб океан – дур гIатIилъабахъ
Гьал нижер гIоразул бакънал цIилъана.
Гьанже магIарулаз хонжрол балада:

«Барка даим нилъер вацлъи!» – ян хъвала.

– КIудияб, гIатIидаб дуниялалде
ГьитIинаб росулъан вачIун вуго дун,
ГьитIинаб халкъалъул хирияб мацIалъ
КIудияб улкадуй кучIдул ахIизе.

ГанчIазул къвачIиниб нус-нус сон бараб
Мискинаб Дагъистан, гьанже дур рохел
Хириял мугIрузда ва кIкIалабазда
КIудияб вацлъиялъ цIунараб буго.

ЦохIо дангъур цIурал дур лъималазе
Миллионазул ракь гIагараб буго:
ГIаммаб рокьи буго, гьудуллъи буго,
Гьелъие рухI кьезе мун хIадур буго.

Гьелъулъ буго магIна дир гIумруялъул
Ва дуде ахIулеб щибаб дир кочIол.
Дир кечIалъ ахIула, бокьулин мунин,
РакIалъул гьудуллъи гьарзаяб дир халкъI

VI

Цо-цо гIорхъулъа ун культура чагIаз
Какизе риччан те гьал дур гIадатал.
Дие гьел рокьула. Гьел гIадатазулъ
ГIумрудул соназул хIалбихьи буго.

Рокьула кьурабаз такрар гьарулел,
Гьоркьов чи течIого, росу ахIарал,
ЧIам-чIамги дам-дамги данд рскъон ккарал,
Даим кIочонарел кепал бертаби.

Дур зурмил бакъналги, къолол гьаркьалги
РагIулел гьечIони, чIалгIун хвеларищ?!
Гьал дур сухIматалги хьвада-чIвадиги
Бихьулареб мехалъ, рохел щиб дие?!

Биччан унеб чодул кьилиялда тIад
Кьурдула дур васал, рорхун хунжрулгун.
Борхалъуда ккураб кварида тIасан
КвачIида хьвадула дур гIолохъаби.

Киб бугеб дур гIадаб, дида батичIо,

Божараб гьудуллъи, гьуинаб вацлъи.
ЦІикІкІарасул адаб – нус-нус сонаца
Васаз хІурмат гьабун рохула херал.

Лъида гьеб лъалареб дуниялалда
Дур кьунсрул рукІкІинчІеб лъикІаб гьоболлъи:
Щив мун магІарухъе бокьараб мехалъ,
Бухе цебе ккараб каву кІовухъе, –
Дур цІар гьикъиларо, рокъов вачина,
Духъе тІаса бахъун хъабарча кьела;

Дур чодуй хер базе хважаин ина,
Хех лъадул цІалкІуялъ наку бачина.
БухІулел, чІурхІулел махІал рахъина,
Ва нахъа рокъоса шиша бачІина.

Мун гІодов чІезегІан гІодор чІеларо,
Бищун чІухІараб бакІ дуда гъоркь лъела.
Жалго гІодор регун, тах дуе тела,
Тухум-кьибилалъ мун кІодо гьавила...

Шагьаралда бугеб гьаб дир минаги
Гьоболасе даим рагьараб буго.
Гьесда цадахъ даим чедги тІагІамаб,
Чагъирги камилаб, кечІги лазатаб.

Гьалбал рокьичІезул рукьбал рекаги,
Бокьула дие мун, дир хІурматаб халкъ!

...Кинан сапаралда вугев чиясда
Чу кьолораб инсул азбар кІочонеб?!
Кинан кив щваниги дунго гІураб ракь,
Дида, магІаруллъи, мун кІочон телеб?!

Бице, мунги кІочон гьаб дунялалда
Эбелалъул бадив балагьилев кин?
Бице, гьебмехалда хвезе инчІого
Инсул хабаде дун кинан ваккилев?

Щиб жаваб гьабилеб, кІудияй гІейгун,
ГІагарай ясалъе, дир Заремае?
Кинан кІалъалев дун, магІарул поэт,
Гьаб цІар дие кьураб дуда, мугІрул халкъ?

Камалил Баширил берцинлъиги дулъ,

Багьадур МахIачил лебаллъиги дулъ,
ХIайранай Маринил пасихIлъиги дулъ,
Малла-Насруддинил бегIерлъиги дулъ!

Пайда щиб росизе дир асаразе
МахIмудил хIасралъи, ХIамзатил гьими,
Гьал дур маргьабазул нартазул къуват,
Гьал дур къисабазул гIакълу, хIикмалъи!

Бокьилаан дирго кучIдузе кьезе
Кинабго ракIалъе хирияб щинаб;
Дур бакъалъул хинлъи, цIумазул хехлъи,
Хунжрузул бегIерлъи, тIогьол гьайбатлъи...

Дуде бугеб рокьул панаяб сарин,
Дир гьайбатаб тIалъи, лъугIизе гьечIо.
Инсуца хвелалде дие кьуна гьеб,
Дица цогияхъе кьела холелъул.

Дица кодоб босун буго гьаб къалам,
Къойил дур бицине дуниялалъе;
Цинги лъараб куцалъ, гьалдолеб ракIалъ
Гьаб дуниялалъул дуйги бицине.

...Рагьдухъ хIанчIи руго рорчIун ахIдолел,
Гордухъ бакъул гьумер буго гьимулеб...
Дир гьобол, дир гьудул, дир росулъа чи,
Гьерсал руго дуда рагIарал харбал.

Сон дир бакалалда тункун гьекъечIев,
Жакъа гьекъечIого мун виччаларо.
Гьале лълъар, борхилин, хириял мугIруз
Хварал мацIаздаса васал цIунизе!

РацIцIадал гIадамал хваял чагIазул
ЧамгIалал харбаца лъукъунгутIизе!
Гьаб Дагъистаналда щияй эбелалъ
Жидер къимат лъалел лъимал гьаризе!

Инсул улкаялъе гьаб гIумру кьезе
Гьа буго кIудияб, даим хвел гьечIеб...

Хирияб тIалъидал тIаралъудасан
ТIолго гIаламалда рагIилеб куцалъ,
Кидаго, кидаго абила дица,

Цинги кьурабазда рикIила дица,
ГьитIинаб мехалъго рекIелъ рещтIарал,
РукIун хисуларел гьал дир рагIаби:

Бокьула, бокьула дир гьитIинаб халкъ,
Бокьула, бокьула дир кIудияб халкъ!

## РУЧЧАБАЗУЛ КВЕРАЛ

1960

ГIодой къулун къочула
Руччабазул кверазда, –
АнцIабго килищалда, –
Макказул кваркьабазда;

Гьел тамахал, хIеренал,
Берцинал хIулиязда,
ХIалтIулъ маххул бел гIадин,
Щулалъарал кверазда.

ГIисинал рукIкIби росун,
ТIеренал кунаца гьез
Гьаб дуниял букъана,
Бакъ кинигин гIуцIана.

Гьез рессана тIансаби
ТIолалго минабазе,
ГIуцIун къачIана стол
Миллион гьоболасе.

Гьеб кверзул лъалкIал руго
Киналго гIадрабазда,
Бакканщинаб тIегьалда,
ТIорол щибаб мугьалда.

Гьез лъилъана, баччана,
Чед кьуна гIаламалъе,
Гьез чурана, бацIцIана
Кинабго ракьул гьумер.

Дида гьезухъ бихьана

Гьегьги, магьги, гIеретIги,
ГьетIараб хъандироги,
Халатаб хадироги.

Хвалил рагъулъ пулемет
Гьез гаргазе гьабуна,
ГьитIинаб лъимер гIадин,
Автомат данде къана.

Къвалалги цоцада ран,
Вацазда цадахъ хвана;
Петрищевалъул гIаздалъ
ГIунана, кверде инчIо.

Кьоял риххизаруна,
Поездал чIезаруна.
Фашистазул минаби
ЦIаялги гъун рухIана.

Аргъан гIодизабуна,
Жергъен белъизабуна,
Жиндир бицун, чагъана
Агьан угьдизабуна.

Гьез рояль хъван рагIана
Дида Шопенил бакънал,
Щобазда сардилъ гIурул
Дие гIагарал гьаркьал.

Роржунел куркьбалилан
Ккола гьел кьурдулелъул, –
Кьурди гуро, хIоринир
ХIанчIи гIадин лъедола.

Гьел кверазухъ рихьана
Дида киналго хIанчIи, –
Японијалъ къункъраби,
Францијалда маккал,

Гьал дир мугIрузда цIумал.
Чан батIиял гьел ругел,
Гьаб бакъул дунялалда
Рекъелилан ахIдолел!

Гьел кверазул дангъаз ккун

Дида дунял бихьана:
Жиндир ракълил рохелгун,
Жиндир яргъил хIинкъигун;

ХIиллаяб балагьигун,
Рагьараб берцинлъигун;
Цин лъукъарав чи гIадин,
Цин чармил нартав гIадин.

Гьел хъатал цIун рихьана
Дида сардида цIваби, –
Бищун сахал васазул
ГIищкъуялъ цIурал ракIал.

Дирги гьаб каранзул ракI
Цо кверзул хъатикь буго, –
Дунго холеб мехалъги
ХутIизе те гьеб гьениб.

Балеб цIадалъ чурарал,
Роол бакъалъ рухIарал,
ГIодой къулун къочула
Руччабазул кверазда!

* * *

Гьез Пушкин кодов ккуна:
Дир канлъи, дир дахIаян;
МахIмуд каранде къана:
Дир гIащикъав гьудулан.

Гьел гъуждузда тIад лъуна,
Гьел горбода жемана
Низамида, Гейнеда,
Горькида, Блокида;

Квер боссе дие щварав
Дагъистаналъул гьунар,
ГIолохъанго камурав
Гьалмагъ Капиевасда.

Гьез къалмал хIадурана
Гьайбатав Рафаэлий, –
Италиялъ абурай
АскIой юкъана гьесда.

КIинусго сордо-къоялъ
Некрасов унтаравго,
Лъадул квераз хисана
Гьесий даим къандалъо.

Гьез ретIана кидаго
Суворовасда шинель,
Къоло щуябго соналъ
Шамилида тIад чухъа.

Гьез Чапаев рекIараб
Чодуе кIалцIи бана,
КIиябго бох къотIарав
Мересьев сах гьавуна.

Ленинил бетIералда
ТIад рахъана гьел кверал, –
Киназдаго нилъеда
Лъала Ильичил эбел.

Тушманасул гуллица
Борлъараб гьесул пальто,
Гьалмагъ Крупская,
Дур квераца букъана.

Киналго бахIарзалги,
Киналго поэталги,
Киналго гIадамалги
ГIезаруна гьел квераз.

Берал свакананиги
СвакачIого хIалтIана,
ХIайранаб ракь чIухIизе,
Бечелъизе гьабуна.

Вокьулесда къвал бана,
КъабихIасул кIал чIвана,
Къадарал бихьиназул
Бадире гьесардана.

ТIолго ругънал регъарал
Гьаб гIумруялъул кIулал,
ГIодой къулун къочула
Руччабазул кверазда!

* * *

Дида рихьула кверал
Долорес Ибаррурил, –
Испания кинабго
Гьезухъ балагьун буго.

Дица росана кверал
Болгаразул ясазул,
Васазул хабада тӀад
ТӀегь бечӀазе биччачӀел.

Дида кӀочон теларо
Прагаялъул сардал,
Фучикил лъадиялъул,
Густал тамахал кверал.

Кида цебеса инеб
Дида мун, Хиросима? –
Хабалалъан раккарал
ГӀадин рихьана кверал.

Кагътил къотӀун гьабураб
Къункъра хъатикь ккун хварай
Дур ясалъул цо сурат
Сардилъги цебечӀола.

РикӀкӀадисеб Африка,
Эркенлъидахъ угьдулеб,
Дур руччабазул квераз
КигӀан дир ракӀ чӀухӀараб!

РухӀарал бакъул чӀораз
ЧӀегӀерлъизе гьарурал;
Гьалагаб ццидал цӀаялъ
Цаби къиркщун рукъарал.

Дица гьезул цоялда
Цо нухалда гьикъана:
Кинабго черх чӀегӀерал,
ТӀолго лугбал чӀегӀерал,
Жанисеб хъат щайилан
ХъахӀаб бугеб нужеран?

Гьез дие жаваб кьуна:
Жаниса хъатал жидер,
Ццидаца рукъун рукIун,
Бакъуда рихьуларин.

Рукьалда курхьин гуро,
Килщида баргъич гуро, –
Кверазда маххалги ран
Йиго дир яц, Джамила

РикIкIадаб Алжиралда,
ГIарабазул ракьалда,
ЦIа бакараб, би тIолеб
Пашманаб улкаялда.

Гьей бахIарай, гьайбатай,
Унтарай гIарабияй –
Щай гьелдаса хIинкъулев
Франциялда де Голль?

Туснахъ рокъой йиго гьей
Гьудулзабигун цадахъ;
Гьалъул яцал рагъулел
Руго кодоб ярагъгун.

Исана ЦIада росулъ
ЦIи гьаюрай ясалъе
ЦIар кьуна цо эбелалъ
Джамилайилан абун.

Дир рокъоб къеда буго
Белоянисил сурат,
Суд гьабулеб мехалда
Гьимулев вуго тIегьгун.

Грециялъул чIужу,
ЧIухIараб ракьалъул яс,
Дур кверალъ гурищ гьасий
Гьеб тIегь кьураб холелъул?

Кореялъул руччаби,
Китаялъул руччаби,
Киналго Советиял
Миллатазул руччаби!

Нужер рорхарал кверал
Байрахъаллъун рихьула,
Гьезда дун киназдаго
ГIодой къулун къочула!

* * *

Дида лъала гьел кверал –
Дун кодове вачарал,
Дир кинида къвал барал,
Дир кар даим лъухьарал.

Кканани гьоркьо-гьоркьоб
Гьал дир гIундул кьурарал,
Къалам кквезе тIамурал,
ТIехь цIализе малълъарал!

Дир эбелалъул кверал,
Учителалъул кверал,
Дир абурай, ячарай
МагIарулалъул кверал!

Зобалазде гьел рорхун
Рохел нилъей гьарана.
Накаби, керен бухун,
Нилъ хваралго гIодана.

Нилъее какал рана,
Нилъее пал тIамуна,
Нилъ гьечIел къоял-сардал
Къояз чIумаз рикIкIана.

Къаси нилъ кьижаралго,
Нилъеде тIаде гьетIун,
Гьез чIинчIудал рагIалалъ
Берзул магIу бацIцIана.

Гьел квераца къачIана
Киналго сапаразде,
Свак гьечIел хIалтIабазде,
ХIалхьуде, цIалиялде;

ЦIа бакарал рагъазде,
РикIкIадисел ракьазде.
Нилъ кирехун аниги

Гьел квераз тIоритIана,
Нилъ кисан руссаниги,
Гьелги рорхун дандчIвана.

Дида лъала гьел кверал –
Кодоб лъел гIеретIги ккун,
Кавудал кIалтIа дида
Гьел гьитIинго рихьана.

(МагIарулаз абула
ГIеретI цIун чIужугIадан
Данде чIвараб мехалда,
Нух битIулин кибего).

Нухал ритIулел руго
ТIолалго сапаразда,
ТIегьалеб буго улка,
Унеб буго гьеб цебе.

Гьелъ цIар хъвана моцIрода,
Гьеб цIвабзазухъе щвана.
Гьелъул кучIдул рагIана
Кинабго дунялалда.

Амма кире щваниги,
Щибав васасул рекIелъ
ЛъалкIал руго гъваридал
Руччабазул кверазул.

* * *

Дида лъала гьел кверал,
Дир эмен вахъиналде,
Гьесул столалда тIад
Щакъи-къалам къачIалел.

Гьанже дие гьеб щакъи
Гьез бакъвазе биччачIо:
«Мун хъвадаре, дир поэт,
Гьоркьоб къотIугеги кечI».

Гьел дир улбузул кверал,
Гьел дир яцазул кверал,
Дир лъадиялъул кверал, –
Гьел миллионал руго.

Хъатаца зоб бацила,
Зараца гIалам цIела,
ЗахIматалъул гIолилал,
ГIемерлъи нужер, унго!

Рорхе килщазул рохьал
Кинабго ракь бацизе;
Киназго къвал жемани,
Гъаб дунял бихьиларо.

Рихьила нужер пинкьал,
Пулхарал нужер ччорбал,
ЧIухIарал гвадичаца
Гогьго цIуничIел кверал.

Бихьила нужер лъикIлъи,
Лъилго гьечIеб гьудуллъи,
Бихьила нужер гIищкъу,
ГIаламалъул руччаби.

Нуж дир къиралал руго,
Дир пачазаби руго,
Нуж дир аллагьал руго
Аза-азар соназе.

КинабгIаги дир ракIалъ,
Кинабго дир гIумруялъ
ГIодой къулун къочула
Руччабазул кверазда!

...Дунго унеб мехалда
ХутIаразда абила,
Азарабго баркала
Нужее кьеян абун.

ГIодой къулун къочеян
Руччабазул кверазда, –
АнцIабго килищалда, –
Берцинал хIулиязда.

**РОСУЛЪАН РУГЪЕЛ**

1861

I

Дихъе гьаб гIумруялда
ГIемерал кагътал щвана:
ГIадатиял, хIикматал,
ХIинкъи кьурал, гьардарал;

Праздникал баркарал,
Берзул магIу чвахарал,
Дунги гьал дир кучIдулги
Какарал ва реццарал;

Дидехун рокьи бугел,
Рокьукълъи бугониги,
Ракьандаса гIус бихьун,
Чанги хIарпал гьимарал...

Дихъе гьаб гIумруялда
ГIемерал кагътал щвана:
ГIадатал гIадамазул,
ЧIахIиял поэтазул;

ГьитIинал лъималазул,
БетIер хъахIал хоразул,
Хвезе жидей гIоло цун
ХIадурал руччабазул;

Бахъун сурат битIарал,
БетIун тIегь жаниб лъурал,
Камилал шагьаразул
Печатал тIад кьабарал;

РикIкIадал улкабазул
Маркаби тIад седарал,
ГIагарал росабазул
ГIидрабазул махI бугел...

Дихъе кагътал рачIана,
ГIумрудул къоял гIадин,
Къваридал щиб, кепал щиб,
Нус-нус батIи-батIиял.

Пайда щиб, гьел киналго
Данде росун цIалани,
ЦIакъ гIажаибаб къиса
БукIинаан дир рахъалъ.

Риччалел чуял гIадин,
Цересан паркъилаан
Гьегьал ишал, хIалтIаби,
БатIи-батIиял чагIи.

Августалъ гъотIодаса
ТIанхал рехулел гIадин,
Дица гIодой рехана
ГIемерисел гьел кагътал.

ЦIалун рахъараб мехалъ
Рихъ-рихъун рарал тIанчал
ТIамула ордекалъул
ХIулаби гIадин цере.

Чан кагъат цIадаб лъураб?! –
Лъин къараб иццухъ гIадин,
Къварилъула мех-мехалъ
Дун гьезул хIисаб гьабун.

Солдатасда жиндирго
Орденалги ругъналги
Цадахъ рукIунел гIадин,
РукIуна гьел дир рекIелъ...

Дихъе гьаб гIумруялда
ГIемерал кагътал щвана, –
Амма цо кагъат буго
Кидаго кIочонареб; –

Киназулъго хнрияб,
Киназулго багьаяб,
Киданиги гьединаб
Гьанже дихъе щвеларо.

Гьеб гьансиниб лъун гьечIо,
Каранзул рекIелъ буго,
Кагъат гуро дие гьеб, –
Дирго гIумрулъун ккана...

Гьеб хIайранаб рисалат
Росулъан щвaралдаса
КигIан ихал хисарал,
КигIан нухал сверарал?!

АнцIила щуго соналъ
Дихъ балагьун рукIана
Жаваб хъвачIого тарал
Тамашаял гьал мухъал.

Дица дир асаразул
Гъамас рагьулеб буго,
Рогьалида почалда
Поэма лъолеб буго.

Гьеб буго дир жаваблъун
БачIараб кагъаталъе...
ХIанчIида рекъонин би
БукIунеб, тIасалъугьа!

II

Москвалда вукIана
Дун, студент, цIалулев,
ЦIада росулъ йикIана
Дир гьитIинай «абурай»;

ИчIабилеб лъаларо,
АнцIабилеб лъаларо,
Классалда цIалулей
Мадугьал – магIарулай.

Шагьаралъул къватIазда,
ГIатIидал бульваразда,
ГIемерав вихьана дун –
ХIалхьи гьечIев цIалдохъан.

Дарсал гьоркьор толаан,
Тиризе бокьулаан,
Гьоркьо-гьоркьоб ясазде
Саринал гьарулаан.

Сонал гьоркьор аниги
Гьеб гIамал жеги течIо, –
Твералъул бульваралъ

Чан жо дида малълъараб?!

Дида кIочон толаро
Дирго общежития,
Ункъго сон гьениб бана
Гьудулзабазда цадахъ.

Гьезие авар мацIалъ
Хъварал дирго асарал
Дица гIурус мацIалда
ЦIалулаан щавкъалда.

Щуабилеб, ахираб
Курсалде вахъаравго,
КочIохъан – студентас,
Дица хасаб рукъ ккуна.

Гьединан ана къоял, –
Аваданго, кепалда,
АхIулаго кучIдулгун
Москваялъул къватIазда.

Щибго ургъел букIинчIо
Дир гIанчIаб гьинал рекIелъ,
РикIкIада мугIрул росулъ
ХутIана гьитIинаб мех.

ТIаргъал хисун рукIана
ГIурччинаб шляпаялъ,
ГIумру унеб букIана
Цо бигьаяб нухдасан.

Хадув кIудияв гIуна,
ГIажаибаб асар лъан;
Гьеб гучаб асаралъе
ХисичIо дун кидаго.

Цо нухалда, апрелалъ
Дихъе бачIана кагъат,
Кваркьи гIадин сукIараб
Цо тетрадалъул тIамач.

ТIад щибго марка гьечIо,
Сапнаца седон буго.
Адрес цIалараб мехалъ,

ЦIадасайин хъван буго.

МагIарул мацI лъалев чи
ГIагарлъухъ гьечIониги,
Амма гьаб кагьат дица
Балъго рагьулеб буго.

Кверал соролел руго,
Сардилъ цIалулеб буго. –
Цин гуро, кIицIул гуро,
КIикъоялда анцIуса...

Кагътида буго салам,
Сахлъи гьарараб мурад:
Цогияб хабар гьечIин,
Унта-щокъав чи гьечIин,

Эбел-эмен лъикI ругин,
Жийги цIалулей йигин,
ТIоцере цIадал ранин,
ЦIадай хинлъи щун бугин...

ТIокIаб щибниги гьечIо,
ТIокIаб щибго кIваричIо.

Жаниб лъун лъабгIин буго,
Лъарахъ бетIун батила.
Лъилниги сурат гьечIо,
ГьечIониги кIваричIо.

Гъоркь цIар хъвалеб мехалда,
Ахирияб хIарпалде
ТIинкIараб щакъи буго,
Лъукъараб кваркьи гIадин.

Щайха дида гьеб кагъат
Гьадин кIочон толареб?
Щайха дун гьеб саламалъ
Сородизе гьавурав?

Щай гьайбатал тIугьдузул
Гьуинал махIаздаса,
Гьаб гьитIинаб лъабгIиналъ
Лъай босизе гьабураб?

Гьедин дица гьикъичIо
Гьудуласда, вацасда;
Гьедин дица гьикъана
Рогьалида, бакъуда;

Апрелалъул цIадазда,
Москваялъул гъутIбузда,
Кьодухъан гIодой къулун,
ГIурул рикьалабазда;

ГIадан гьечIеб мехалда,
Пушкиниде аскIой ун,
РикIкIада океанахъ
АхIдолел чайкабазда.

Гьикъана Делиялда
Дица маймалаказда;
Доба Киотаялда
РитIучIил рехьедазда;

Фудзияма къотIулел
Къункърабазул тIелазда;
ТIадегIанай мадонал
ЧIухIарал суратазда;

КIалтIа аздагьо бугел
Индиялъул гьундузда;
Аза-азар сон барал
Рималъул кIалгIабазда ..

Дир аллагь, кинаб асар
Ургьиб дуца лъун бугеб?!
Гьаб щибилан гьикъана
Парижалъул цIвабзазда.

ЦIехана, гьикъичIого
БачIараб магIу бацIцIун,
ЦIехана дир гьалдолеб
Гьинал рекIеда квер лъун.

Гьез дие жаваб кьечIо, –
Щибаб нухалда дица
Добго кагъат цIалана,
ЦIидасан щвараб гIадин.

Гьел мухъалъ дида лъана,
ХъвачIониги цIалана
РикIкIада ЦIада росулъ
Дир магIарул ясалъул:

Цо намусаб хIасратги,
Цо хIинкъараб асарги,
Бицине гьелда кIвечIеб
Цо панаяб бухIиги...

Дие хIарпал кенчIана,
ХIайранал тIугьдул гIадин,
Дир гьитIинаб мехалъул
Гьайбатал цIаял гIадин;

Къаси дун буртинадулъ
ГIурда вегараб мехалъ,
ГIагарал мугIрузда тIад
Зобазул цIваби гIадин.

Дихъе хIарпал роржана,
Гьайбатал хIанчIи гIадин, –
ХIанчIаца кечI ахIана
Эбелаб ватIанилан.

Дихъе мухъал чвахана,
Чабхазул лъарал гIадин, –
Лъараз бакънал рачана
ПарчахIаб тIалъийилан.

КIул ххолеб картIинисан
Рахараб рукъ кинигин,
Бакъукь росу бихьана
Дида хIарпазда гьорлъан.

Заборалда гьоркьосан
Ахикье унев гIадин,
Ана дирго мугIрузде
Гьел мухъазда гьоркьосан.

ГIураб бакIалъул асар, –
Алъул бухIи, гьайбатлъи!
ГьитIинаб мехалъул махI, –
Алъул лъикIлъи, гьуинлъи!

Дир панаяб лирика,
Гьанибе бачIа дихъе,
Гьаб мехалъ гIадин жеги
Дие мун хIажалъичIо.

Гьаб дир бухIи босизе
РухI дулъги букIинаро;
Дие рагIи гIеларо,
Музыка къваригIина.

РекIел чIваби тIутIун рай,
Каранзул жергъен бухе!
Дир черхалъул чагъана,
Чвахун магIугин гIоде!

IV

Дир гьайбатай мадугьал,
ГьитIинай магIарулай,
Хъаладухъе почалъуй
Гьаб кагъат рехулелъул,

Кагътида цадахъ дуца
Нилъер тIалъи бачIана:
Жиндир тIогьол махIалгун,
Жиндир цIадал хIоралгун.

Рисалат сукIулелъул,
СукIун дие битIана
Нилъер гьитIинаб росу,
Гьенир тIолго минаби;

ТIохал, къватIал, байдаби,
Бакъ къалъарал кьураби...
Дуца щиб жо гьабураб,
Гьеб дудаго лъаладай?

ТIохда тIибитIулеб чIар,
ЧIвалеб щар, рагьдухъ гьулак,
КIицIул, лъабцIул гьулчани,
Мокърокь хъвалел дир хIатIал;

ХIамузда тIадги рекIун,
Гьабихъе унел лъимал, –
Гьел киналго рихьана

Кагътил мухъазулъ дида.

РечIчIулеб буго гIазу
ГIеркъал гьарун цоцада;
ЦIад къатIулаго руго
КъватIахъ хIорал гьарулел.

Гурун руго махIаби,
ХIарщул цIун руго кверал, –
Гьеб кинабго бачIана
Кагътил мухъазда цадахъ.

ГIиял рачIунел руго,
Гьаби рагъулел руго,
Гьоболас чода цеве
РекIинавулев вуго.

Бертин, сухIмат, сарин, кеп,
ЧIинхал рикьи, рахчирукъ,
Рокъове вачIайилан
ТIохда ахIдолей эбел.

Гьанже кив вукIаниги,
Кидаго дида ккола,
Дир василан, эбелалъ
Дун ахIулев вугилан.

Эбел дир херлъун йиго,
Эбелалъул гьаракьалъ
Эбелаб ватIаналъ дун
Вуго гьанже ахIулев...

Гьеб кагътида рукIарал
Киналго кьерал, махIал
Дир кучIдулъе рачIана,
Гьел чIухIизе гьаризе.

МугIрул гIоразул лъинал
ГIертIал цIу-цIун чIехьана.
ГIурччинаб нилъер тIалъи
ТIибитIун цебе лъуна.

КIудияб шагьаралда
Сордо рогьараб мехалъ, –
МугIрул иццазде къулун,

Къеч буссине гьабуна.

Нижер ригьниб ругьунаб
ХъахIаб чода кьили лъун,
Кьурул сверабаздасан
Гьури гIадин воржана.

БацIцIадаб гьава буго,
Гьогьомун дунял буго,
Щобазда накIкIал руго,
РакI дир гIищкъул цIун буго.

Дида ракIалдещвана:
КIочон тараб дир сарин,
Дирго тIоцебесеб кечI,
ГьитIинай магIарулай.

Дун гьикъардулев вуго
Рокъов эбел-инсуда;
ТIохда михир бачуней
Мадугьал Халунида;

Рагьдухъ тIанса бессулел
Руччабазул гваялда;
ГодекIаниб буссараб
Росдал жамагIаталда.

Гьале диде квер хьвагIун,
Жиндирго милицалде
Мотоциклаялда тIад
МахсутI воржунев вуго.

Гьавеле дида данде,
БетIерги гьетIизабун.
Жиндир махсарабигун
Исай вачIунев вуго.

МаркIачIул заманаяль
Чи гьечIел бакIал рихьун,
Рохьосан унев гIадин,
Насу хъетулев вуго.

Кин Бухарест босараб,
Кинан Москва цIунараб, –
Басирица жиндирго

Ругънал рихьулел руго.

ТIолго росдал гIадамал,
Дир гIагарал, хириял,
Дида лъаларел лъимал,
Дида лъалел гIолилал:

Къвалал халатал тIингъалъ,
ЧIегIерал буртинабалъ,
Ахирияб формадул
Гъанжесел костюмазулъ.

Цоял чIагIа гъабулел,
Цогиял чIер гIанкулел;
Цоял ахакь кучIдулгун,
Цоял корохъ маргъагун;

Цоял кеп-хочIалда гъорлъ,
Цоял хваразул занахъ,
Хирияб росдал чагIи
Кагътил мухъалъ дандчIвана.

Гъале дун учителалъ
Доскаялде ахIулев;
Гъале дун избаялда
Къадал газет гъабулев.

МагIарда, гIурабазда,
ГIачи гъолел бакIазда,
Дир гIагараб росдал халкъ
Гьел мухъазулъ бихьана.

Гьеб кагътица хваралги
ТIаде рахъинаруна,
Рагъдаса руссинчIелги
Росулъ рихьизаруна.

Дир берда цебечIола
ЧIагоялги хваралги
Хирияб ГъоркьагIурда
Гьаб апрелалъ данделъун.

Гьале дун пикрабаца
Гьезда цеве ахIулев;
Цин-цияб рахъалдасан

Гьел дихъ балагьун руго:

Дида лъала дир эмен,
Лъабавго вац, гІагарлъи,
ГІуру цІун буго росдал –
ЦІигьул дагьаб халкъ гьечІо.

Дица гьезда абуна:
«Асаламу гІалайкум,
ЦІада росдал гІадамал,
Дир гІагараб жамагІат».

Гьез дие жаваб кьуна,
Ва гІалайкум саламин.
Цинги бицана дие
Арабги бачІунебги.

Дица бетІер къулана
Рорхатал кьурабазе,
Кьалал гІадал мугІрузе,
Дида лъалел нухазе.

Дица бетІер къулана
КъватІазе, байдабазе,
Къана данде гІисинал,
Босана квер херазул.

Дие рагІи абизе
МагІил гараз биччачІо,
МагІу лъугІараб мехалъ,
Дица гьадин абуна:

«Дир росу, дир гъансито,
Дир тІоцебесеб бусен,
Бащдаб дунял тирана,
Дур пикрабаз дун течІо.

Чанги гъастІа цІа свана
ЦІада, дида гьеб лъала.
Амма гьаб дир каранда
Киданиги свинчІо цІа.

КІудиял ралъадазулъ
Лъана дида мугІрул иццц,
ГІагараб авар калам

Азарго мацIалъ гIадин.

Гьаб рокьул асаралъе
Кьезесеб цIар лъаларо, –
ГIагараб ВатIаналъул
Асарин абун тела...

...ВатIан, гIагараб тIалъи,
ТIолго улка гурищ дир?
Дир Москва, дир Бакуян
КучIдулъ ахIичIищ дица?

Киевалда рагъичIищ,
Днепралда рукъичIищ
Дагъистаналъул лъимал,
ЦIигьулдерил гIолилал?

Гьеб цIакъ битIараб буго,
ВатIан кIудияб буго,
Амма гьеб ВатIаналде
Гьал сухъмахъаз рачана.

Гьаб рукъалъул гордухъан
Гучаб улка бихьана,
Байбихьи гьаниб буго
Дир гIумрудул гIоралъул.

Дица росдахъ балагьун,
Борцуна гIумрудул сахI,
ГIагарал цIигьул рихьун,
ЦIала рохел, къварилъи.

Гьаниб иш лъикI букIуна
Улкаялда лъикIлъигун, –
Улкаялда бищун лъикI
Лъала дида гьаб росу...»

Гьедин абула дица
Кивехун вукIаниги;
Дир калам такрар гьабе
Кьурабалъ, дандерижи.

Биччан те гьаб рагIизе
Дир гьптIинаб росдада,
Гьенисан тира-сверун

КIудияб улкаялда!

...Дихъе гьаб гIумруялда
ГIемерал кагътал щвана,
Амма цо кагъат буго
Кидаго кIочонареб.

Гьеб буго гIураб ракьалъ
Васасе кьолеб салам.
Салам гуро дие гьеб,
Даимаб гIумру буго.

Дир гьитIинай мадугьал,
МагIарул ракьалъул яс,
Дир кватIараб поэма –
Гьале дур кагътий жаваб.

Кидаго апрелалда
ЦIадае цIадал раги,
Сордо рогьараб мехалъ,
Рагье гордо, бакъ щваги!

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЦIВА

1962

Ва цIва цIваялдехун кIалъалеб буго.

**М. Лермонтов**.

ЧIахIиял шагьарал, чIухIарал гьундул,
Гьезул тIохде рахун эхетун чуял,
Яги ахалъуда, кIалалги гьакIкIан,
КIиго хъазмил гъалбацI бортизе къачIан.

Гьанир пайтоназда я таксиязда,
Нус-нус маркабазул машинабазда,
МаркIачIул мехалда къачIа-кIатIарал
Къиркщадулеб ратIлилъ рачIуна чагIи.

Мармар гьецIоялъулъ, лъадалъ кинигин,
КунчI-кунчIун рихьула гьанир хьвадулел...

Гьал театразул матIазда цере
Чан катIари хараб, чан кьер хисараб;
Чан гьумер гьимараб, чан нодоялда
Нотаби гIумрудул къалмаца хъварал...

Рорхатал, халатал угъдузул хьитал
Гьанир болъабахъан малъазда уна.
Угъдузда гьоркьоре квералги риччан,
Кодор кквезе лъикIан, унго, гьал ясал.

Якъуталъ къачIарал белэтажазда,
КъатIипа букъарал бенуаразда,
Дунги сородана, пардавал рагьун,
Гьегьал хIасраталгин къисматал рихьун;

ЧIегIерав маврасул рокьул гIащикълъи,
Йокьулей чIвалесул ццидал гIасилъи;
Берцинай Джульета пашманлъулеб куц,
Бесдалай Золушкал меседил хьитал.

НакIкIил пардавалъулъ бачIуна Илбис,
Унго, Тамарал хIал, ячун уна гьей.
Угьдула Мажнунихъ ракI унтун Лайла
Анищ тIубачIого вечIала ТIагьир.

ВачIунаро кинго къосарав Герман,
Уна гIоралъ йосун мискинай Лиза.
Ралъдада лъедолеб хIинчI гуро бугеб, –
ХIатIазда лъедола дир Уланова.

Поездаз чIинтIула, дуэлаз чIвала,
ХъахIав Мазепаца Мария уна,
Гьелъул инсул бетIер гIощтIод къотIула...
Огь, гьал фаусталгин мефистофелал!

Рохьов гIаздалъ холев херав Сусанин...
ХутIула Онегин Татьянаги ун. –
Аза-азар къисмат, нус-нус хасият,
Дун асир гьавулел гьаркьал, музыка...

ТIабигIат, суратал... чияр къисматаз,
Къвалги бан, дун кодой вачун ватула.

Берзул хIорилиб чIун магIу батула,
МагIил гаралъ дида дунго вихьула.

ГІагараб Дагъистан ракІалдещола,
РикІкІад тараб тІалъи цебе тІамула:

НакІкІил пардав рагъун бакъ-моцІ кенчІола,
Бакънал гІораз, лъараз къойил рачунеб;
Къаси-къад чІечІого карачелазул
Консерватория ралъдахъ хІалтІулеб,

МугІрузда цІумаца театр гъабун,
Гъез балагъун чІарал хІайран гъабулеб...
БачІуна инсул ракь дида ракІалде,
Цинги кІочон тола гъал театрал.

Огь, дида гъеб лъала, Дагъистаналда
Чанги Дездемоналъ къанщана берал.
РукІана къисматал Отеллол гъанир.
БукІана къварилъи Джульетал гъаниб.

Цыганай Кармен щий? – каранлъ хунжрулгун
Хварал щинал ясал инсул ракьалда! –
Кьураби гъаргъалел ишал рукІана,
РекІелъ чаран лъурал васал рижана.

БукІана магІарухъ чанги хасият, –
Гъеб хунжрузда лъала, хучдузда лъала;
Баккула кьурабалъ кьварараб гІамал, –
Гъезул гІумру лъала гулбузда, бида.

Амма букІаниги, веказ къан руго
Гъеб къисмат бахчарал гучал пардавал.

Къаламул тІогьисан, каранзул би тІун,
КучІдулъ гъеб рехсезе Шекспир вукІинчІо.
МугІрул хІайранлъулел бакънал гъаризе
ГъаричІо росабалъ Бетховен, Шопен.

Огь, хирияб тІалъи, дур къисматалъул
Къалмица бицине заман букІинчІо, –
Къалам ккураб кверзукь хвалчен букІана,
Хъвай-хъвагІай кьурабалъ цІадул букІана.

БукІана хасият, рукІана хунжрул –
РукІинчІо нотаби, рукІинчІо хІарпал.
Нотаби рикІана хучдуца дуца,
Хъвана хІарпал, бакънал тІухьиялъ дуца.

Ва гьанжелъизегIан гьалагал гIораз
Гьел бакъназ рачуна мугIрул кIкIалабахъ.

Пандур кодоб ккурал дур гIащикъазул
ГIумру къокъаб ккана, къваридаб ккана:

Цоясул рахъана хIайранал берал,
БалагьунгутIизе гьев киданиги.

Цогиялъул кIутIби, кIал-мацI букъана,
Бакъанги гьаракьги гьелъул къотIизе.

Цогияв – магIарул гIищкъул кочIохъан,
Нахъасанги речIчIун, чIвана гьоболас...

Чирахъ бакарабго, гьелда речIчIизе
ГамачI батулаан гьебсагIаталда;
Гьаракь гьабулаго, мукъулукъ кколел
Кверал рукIунаан гIащтIичагIазул...

Дица рецц гьабула дуе, «Аврора»,
АнцIила анкьида кьурал залпазухъ, –
Нижер поэтаца жидерго къисмат
Къалмикье бачана гьелдаса нахъе.

Нижеца хIайранаб халкъалъул тарих
Хабалъа бахъана, борчIизабуна;
ГIисинал халкъазул гьаракьги кечIги
Кибго улкаялда рагIизабуна,

МагIарул тIармида тIамулел бакънал
ТIолго миллатазе гIагар гьаруна,
Ва Кремлиялъул киналго залахъ
Нижер зурмихъабаз бакънал рачана.

Нус-нус шагьаразул площадазда
Нижер кьурдухъабаз свери бахъана.
МагIарул рагIуе, магIу, кепалъе
Пардавал, каваби кирго рагьана.

Дидаго рихьана бархъалисезул
ЩагIил хъуби рикIкIад Англиялда;
Гьезухъ балагьула батIиял чагIи,
БатIиял васазухъ ясал кинигин.

Живго Лениница Кубачиязул
Кверзул махщелалъул гъабуна къимат;
Гьесул рокъоб буго Унсоколоса
Устарзабаз кьураб щакъитIел, къалам.

Цовкра росулъа ун, Москвалде щун,
Москваялдаса ун, Китаялде щун,
Кваридасан тIолго дунял тирана
Дир Дагъистаналъул палугьабаца.

МагIарул каламгун, магIарул кечIгун
Дицаги тирана таманал ракьал.
Бакъан къацандана япониялгун,
Къалам хIалтIана дир Сингапуралда.

Амма кив щваниги, кидаго даим,
Дида тIад букIана магIарул тIагъур.
Цо борхалъиялда кьуру кинигин,
КьуричIо кидаго дир ботIрода гьеб.

БетIер борхарабго, хъахIилаб зодихъ
Аза-азар цIваби рихьана дида;
Азаралда гьоркьоб дирго гьитIинаб
Дагъистаналъул цIва гвангъана дие.

Гьале гьанже-гьанже пардавги борхун,
Бертахъ балагьарай бахIарай гIадин,
Бихьулеб буго гьеб киса-кибего –
Дир гIолохъанаб цIва – цIияй гIолилай.

ГIемерал векаца накIкIаз бахчараб,
РикIкIада букIараб, гьанже гIагараб.
Биччан те, гьитIинаб букIа абе гьеб, –
Гьеб мугIрул ракIалъе кIудияб буго.

Гьелъги хъахIилаб зоб гвангъизабула
Гвангъарал берцинал яцазда цадахъ.
Гьеб цIва дунялалда бихьизабизе
ЦIадуца рухIана, хучдуз рорлъана.

Гьеб кунчIизабизе ахIула кучIдул,
ГанчIазда гIодор чIун, тIамурги бачун;
Щибасе жиндир цIва хирияб буго, –
Дир халкъ гьеб цIваялда даим божула.

Гьеб гьечIони гьечIо, кIваричIо тIокIалъ
МугIрул гIадамасе жиндирго гIумру;
Жиндирго гIадатги, гIамалги, мацIги,
БацIцIадаб, ракI-ракIалъ ахIулеб кечIги.

Гьеб гьечIони гьечIо...
Огь, щайха дида
Данде рачIун цо-цо «гъудулзабаца»,
Палихъабаз гIадин, бицунеб бугеб, –
Берцинаб мугIрул цIва тIерхьине бугин;

Гьеб букIинчIин, гьечIин, гьадаб зобалъе
ЦохIо чирахъ гIелин, гIемер кIваричIин;
ГIисинал, чIахIиял цIваби данделъун,
ЦохIо моцI гьабуни, гьеб лъикI букIинин;

ГьитIиназ жидерго гъасда бакизе
ЦIа босизе кколин кIудиязухъа;
Дир кIалалъе калам, кочIое бакъан,
Мадугьалас кьелин, гьесул босилин...

Щай, дунял рагIалда дида бихьулеб
ЦIва бихьичIел ругел инсул ракьалда?
Щай рагIулел гьаркьал гьеб бокьичIезул? –
Гьединал кIалъаял рагIула дида.

ЧIухIараб Дагъистан, гьединал васал,
ТIаса гурде бахъун, гIодорги тIамун,
ТIилица, цIалаца щай рухуларел,
Цебе Шамилица гьерсихъай гIадин?
Ялъуни дагьабги гъоркьегIанаб бакI
Къурулъа мичI бахъун щайзе чIвалареб?

Нилъер улкаялъул гьарзаяб ахикь
Аза-азар гъутIби тIегьалел руго:
Цоял лъимал гIадал гIумру гьитIинал,
Цоял нартал гIадал руго залимал.

Гьаниб гIаммаб ахикь щивасул буго
Балагьигун лъалеб жинди-жиндир гъветI.
ЧIахIиязда хадур гIисинал руго
ГIодоса зодоре рорхун рачIунел.

Гьеб буго дир рохел...
КIудияб ахикь

Дирго бокьулеб гъветI бихьула дида.
Амма щайха дида рагIулел гьаркьал:
Гьеб гъветIалъул пайда букIине гьечIин,
Гьелда тIад хайираб пихъ бижиларин,
Хекко гьеб бакъвазе, бечIазе бугин?
ЦохIо кIудияб гъветI пихъица цIезе,
Рахъун лъикIин нахъе гIисинал гъутIби?.

Огь, дидаги лъала, лъинги гьечIони,
Бакъги рекъечIони, гъветI бакъвалеблъи,
Жиб-жиб тIегьалъеги тIамахалъеги
ТIалабги хIалтIиги хIажалъулеблъи.

Амма дида лъала, магIарул халкъалъ
Ракъвазе теларо жиндирго гъутIби.
ГьитIинал рукIана гьанже кIудиял,
КIодолъила хадур гьанже гьитIинал.

Гьеб лъанин, умумаз гьалагал соназ
Гьаб ракь беэнлъизе би тIураб чорхол.
Гьеб гъветI лъалъан буго берзул магIица
МагIарул руччабаз гIемераб мехалъ.

Ихдал гьеб тIегьазе, гьелда пихъ базе
Гьинал рекIел хинлъи кьола нилъеца.
Улкаялда тIогьол квацIиялда гьорлъ
КенчIана цIва гIадин дир мугIрузул тIегь.

Щивасул букIине ккола гьансито
Ва бусада бетIер лъезе къандалъо.
Щивас рекIа абе жинди-жиндир чу, –
Чияраб рекIарав гьоркье вортула.

Дун гьелда божула, дида гьеб лъала:
Пушкин тIадмагIарухъ вижизе вуго;
Гьалго щинал бакънал ургъарал халкъаз
Ургъила жидерго Бетховен, Шопен.

Ва театразул пардав рагьигун,
Гьимила, велъила магIарул Чаплин.
Чанги хасияталл хал гьабун руго, –
Хехго данде чIвала цIияв Рафаэль.

Цыганал кинигин, женжелел ругел
Дир Дагъистаналъул гьаркьалгун бакънал

Гьел къуватал ракIаз данде гьарила
Ва дуниялалда рагIизарила.

Нухлулал кинигин, квералги росун,
Цинцияб рахъалде арал къисматал.
Гьез, къаналги рорхун, нахъе ахIила,
Улкаялда кирго рихьизарила.

ВачIина кIудияб харицелгун чи,
Бецила магIарул гIакълуялъул хур;
Гьездасан гIаралгин харчIал гьарила,
Хадуб лал тIамила, тIорщел бахъила.
Нахъеги гьеб хьала: тIела, бижила
ГIагараб ракьалъул асаразул тIор...

МагIарул кочIоца космонавталин
ЦIар босизе буго, гьелда божула,
ЦIвабзахъе рахунел багьадураца
Гьеб цадахъ босила цо-цо ракI гъезе.

Дун гьелда божула, дида гьеб лъала,
Гьудулзаби, вацал, мугIрул шагIирал,
РачIунел чIахIиял поэтаца нилъ
Гьанир разведкаялъ цере ритIана.

Нилъеда батана гьабсагIаталъ лъар,
Гьез рагьизе буго гьайбатаб ралъад.
Нилъеда, ракь бухъун, батун буго пахь,
Гьез рагьизе буго кIудияб магIдан.

ШашликI гьабилелде гьелъий къачIалеб
КъанцIа-пер букIуна, – гьедин руго нилъ.
Рукъзал гьарилалде кьочIой рехулеб
ГамачI-чабах руго гьабсагIаталъ нилъ.

МагIарул цIудуца куркьбал риччана,
Киналго гьелъие хIалтIулел руго.
ГIицIго дунялалда цIа бакугеги,
ЦIияб рагъалдаса халкъал цIунаги!

Дун гьелда божула, дида гьеб лъала:
Гьайбатаб цIва даим гвангъун бихьила.
Улкаялъул ахикь дир хирияб гъветI
Гъаларал гIурччинал тIанхалъ бихьила.

Гьарила магIарул улбуца васал,
Жиндир васин абун улка чIухIулел, –
Гьедин гуребани, дица дир къалам
КъватIиб бахъичIого тезе букIана.

Гьедин гуребани, хабар жибго тун,
Хур бекьулев дирго ЦIада чIелаан...
ЧIахъаги бачIунеб хIайранаб заман,
ХIасратал къисматал къалмикь тирулеб!

...ЧIахIиял шагьарал, чIухIарал гьундул,
Пикраби, анишал... къала пардавал.
Дун къватIив вахъуна, хъахIилаб зодихъ
КенчIолел цIвабзазул хъизан бихьула.

Цоцазе канлъи кьун, харбиде руссун,
Гьез халкъалъе рохел гьабулеб буго.
Гьезда гъорлъ бихьула дирго гьитIинаб,
Гьайбатаб, некIсияб цо камилаб цIва!

Кидаго, кидаго тIерхьинаро гьеб,
Нилъер гIумруялъе гIезе буго гьеб.
Гьелъ къварид гьабулеб гьечIо зодихъ бакI,
Гьелъулги жиндирго буго берцинлъи.

Риччан те киналго цIваби кенчIезе,
Риччан те киналго гъутIби тIегьазе! –
Гьеб буго дир гьари гьанже ругезде,
Гьеб буго васият дир наслабазе!

## ГIАХЪАЛАБ ЧЕД

(*Поэмаялъул байбихьи*)

1964

ГIедегIарал телал, халатал нухал...
Ханжа-рачел дица магIида бана.
ТIокIав дун инаро инсул рокъоса,
АхIуге! Гьарула, гьаб кечI хъвазе те.

Те, дагьалъ лъалхъизе, хъалиян цIазе,

ЦIа бакун, квачарал кверал хинлъизе,
Дагъистаналъулги гIаламалъулги
ГIорхъодаги вегун макьил гьабизе.

ГьитIинго вукIана къватIазул гьудул,
Къадазда, тIохазда тIерхьунаан бакъ.
МугIрул гIадрабазда, гIурул рагIалда,
ГIагарал рохьазда дандчIвалаан моцI.

МоцI гьечIеб хъахIил зоб торгIочIвай лъугIун,
Тараб стадион гIадин букIана.
Амма дун, болельщик, гьеб байданалъухъ
Балагьун чIолаан кьурул рагIалда.

Кьижизе щолаан кватIун рокъове,
Каву рахан хадуб, къадахъан харун.
Радал хъулухъалде эмен инегIан,
ВукIунаан бусалъ дун сванхиялда.

Гьедин ана сонал. Цо нухалъ рокъов
КъватIиве ворчIизе гьесардулаго,
 Инсуца абуна цо дагьалъ чIайин,
Цо къваригIел бугин къаси дудехун.

Дун чIана хIинкъадго. Бакъ, мугIрулги тун,
БукIана рикIкIаде багIарлъун унеб.
Рагьдухъ къоноги бан, къватIиб биччачIеб
Бечеялда релълъун вихьулаан дун.

ГIанкIуязе хъурун балеб гIатI гIадин,
БукIана гIаразде хъван балеб гIазу.
ЦIидасан ретIараб некIсияб тIингъилъ,
«Вас, мун гIенекке, – ян кIалъана эмен, –

Гьанже мун гIун вуго, мун лъимер гуро,
Лъарал-хIоралги тун, вусса рукъалде.
Дур хурзалги руго, мугIрулги руго,
МагIарухъ гьабураб гьаб ригьги буго...»

Гьединаб амругун ана гъов вахъун,
Бахъун михъ-магжида кIиябго квергун.
КIалтIе балагьигун, дида бихьана,
Дир газаргъо хисун, харицел, газа.

Гьедин вуссана дун инсул рокъове,

Амма их бачIингун ворчIана къватIив.
ГIедегIарал телал, халатал нухал –
Ханжа-рачел дица бана черхалда...

Гъанжеги вуго дун даим къватIазда,
Дунял гIалам буго дица сверулеб.
Цебе дирго росдал тIохазда гIадин,
ТIад тирулев вуго континентазда.

Вискиялъул рюмка, кофедал чашка, –
Чияр улкабазда сверула маял.
Жакъа Америка, метер Африка, –
Аэродромалда дандчIвала рогьел.

Цебе росулъ рокъой вачIунев гIадин,
ВачIунев вуго дун Дагъистаналде.
Ва кидаялиго эмен кинигин,
Кавказалъул тIалъи кIалъала дида:

«Дир вас, гIенеккейин, гIун бугин дуе
Дуниял тирараб, вусса рукъалде.
ГIазу балеб буго Дагъистаналде,
Дуе ишал руго инсул ракьалда...»

ГIедегIарал телал, халатал нухал, –
Ханжа-рачел дица магIида бала.
ТIокIав дун инаро инсул рокъоса,
АхIуге! Гьарула, гьаб кечI хъвазе те!

Те, дагьалъ лъалхъизе, хъалиян цIазе,
ЦIа бакун, квачарал кверал хинлъизе.
Дагъистаналъулги гIаламалъулги
ГIорхъодаги вегун макьил гьабизе.

Амма их бачIуна, ворчIун вахъуна.
Дир кечI лъугIуларо, сапар бухьуна, –
ГьечIо сариназе кидаго лъугIел,
ГьечIо сапаралъе кидаго ахир.

**КечI**

Унеб буго мугIрул чу, –
Чах-чах-чах...
Чодул щанкIлаз бачуна.

Чода тIад нухлулав дун, –
Эгь-эгь-эгь...
Ургьиб ракIалъ ахIула.

КIкIалабахъе тIерхьуна, –
ТIах-тIах тIах...
ТIаде мугIрузде щола.

Далай-далай бачуна,
Дулай-дулай бачуна.

Шагьарал, улкаби тун, –
Тах-тах-тах...
Унел руго поездал...

Гьезда тIад нухлулав дун, –
Дагь-дагь-дагь...
Дир лугбаца ахIула.

Дагъистан нахъа тола, –
Агь-агь-агь...
Волгаялда хъван уна, –
Хъваш-хъваш-хъваш...
Хъвала дица дир чIваби.

Далай-далай бачуна,
Дулай-дулай бачуна.

Океан, карачелал, –
Гьулч-гьулч-гьулч...
Гьел рикьун унел гуми.

Гамида нухлулав дун, –
Гьей-гьей-гьей...
Гьинал ракIалъ ахIула.

РикIкIада чIинкIиллъаби,
ЧIи-чIи-чIи...
АхIи балел чайкаби, –
Ча-ча-ча...

Гьезда рекъон дицаги
Дулай-дулай бачуна,
Далай-далай бачуна.

Зобалазда вуго дун, –
Ду-ду-ду...
Дунялалда сверулев.

Самолетазда дица, –
Бу-бу-бу...
Дирго сарин ахIула.

РещтIуна Индиялда, –
Огь, дунял!
Данде чIвала Африка, –
Огь, бухIи!

Гьезда рекъон дицаги
Далай-далай бачуна,
Дулай-дулай бачуна.

Гьедин даим гIумруялъ
Унго-ун
Вуго дун сапаразда.

Сабру гьечIев нухлулав, –
Вай аман...
АхIулеб буго дица.

БухIарабги бихьана,
РакI унтун.
Квачарабги бихьана,
Черх сорон.

Дица дуниял гирун,
Далай-далай бачуна,
Дулай-дулай бачуна.

* * *

Лъаларо сверулеб дунялищ бугеб,
Дуниял сверулев дунгойищ вугев.
Лъаларо тирулел нухалищ ругел,
Нухазда тирулев дунгойищ вугев:

ГIисин гIарац гIадин, дица рикIкIинчIо
Къоялги сардалги дир сапаразул.
Багьараб таргьиниб бараб гIеч гIадин,
ГIодой хьан ратана гьел сухъмахъазде.

Цинги ракIаризе хал гъабурабго,
Хадур рачIунеца ратана рищун.

Дица, цIан рахъарал хъалияназул
РачIал гIадин, гIодой рехана сагIтал.
РакIарун цIидасан цIазе къасд ккедал,
ЦIадаз риччун, рихъун, хъамун ратана.

Къоял, сардал ана, гьитIинаб мехалъ,
Гьинакьа рорчIулел хIанчIи кинигин;
Квегъизе къасдалда тIаделъаравго,
ТIурун арал гIалхул чуял кинигин.

Дихъа гьел рорчIана дирго хъантIиялъ, –
ХъахIабгун багIараб кIиябго бокьун.
Дихъа гьел рорчIана дирго чIухIиялъ, –
ЧIа, гьанже бицун щай рогьалил макьил.

БачIинахъе дица лълъар кквечIеб бисил
Лъутун ун хадуса рачI ккезе кIвелищ?
КигIан хасалихъе ахIи баниги,
Африкалде арал хIанчIи рачIинищ?

РечIана дир хурдул, хутIана гIуру,
ЧIвараб гъалбацIалъул цIоко кинигин.
ГъалбацI чIвараб мехалъ, цIоко хутIула, –
ЦIунтIа гьеб бихьана щивасул рокъоб.

Гьедин, цIакал гIадин, руго дир сонал,
Сардал-къоялги ун, дунгун хутIарал.

Сардал, къоял ина, ва амма сонал
Дир сариназдаса кирго инаро.
Хвезе дун бегьула гьаб тIалъиялда,
Ва амма тIагIине вижарав гьечIо.

Дир сонал, дир гIумру гIемер ишазул
ГIеялъул, хвеялъул рукIана нугIзал.
Дир асарал хъварал блокнотал гьел,
Гьал дир асаразул бусен, кини гьел.

Къоял-сардал тела, ва амма сонал
Дир хазина буго, хвел гьечIеб гъамас.
Гьелъул кIулал кьеян дихъе гьабсагIат,
Пушкин вачIаниги, йохъан абила.

Кьеларо лъихъего дир гIищкъул гъамас,
Дицаго рагьила гьеб гIаламалъе.
ГIодоб чIа, дир гIумру, дир кIикъого сон,
КIиийиде бикьараб чуязул илхъи;

Гьадин бахIарчияб, гьадин хIинкъараб,
ХIажимурад гIадаб, рекъаб замана.
Гьадин лъукъ-лъукъараб, гьадин бигъараб,
Ругънадаса чIорто бахъичIеб гIумру.

Руго сонал, чодул илхъи кинигин,
Авлахъалде дица, квелъги бан, риччан.
Цояб илхъи буго дир гIолохъанаб,
ГIасиял соназда дунгун букIараб.

Цоги илхъи буго дир ахирияб,
Дун гIодой рехараб, вахинавураб.
КIиялго цоцазухъ балагьун руго,
Цо-кIиго батIияв мадугьал гIадин.

Къого соналъ цебе, цо рогьалида
Вуссана дун нахъе сапаралдаса,
Дида ккун букIана кидаго даим
Дун рокъове щванин доб бакъул маялъ.

Доб къоялъ къвал барай чIужугIаданалъ
ГIумруялъ кивго дун виччазе гьечIин.
Гьале ахир-къадги вас вуссанилан,
Угьараб захIматаб хIухьел кIоченчIо.

Вуссана долъул вас, долъул нухлулав,
Ахираб салюталъ нухаги регIун, –
«МунгIаги хутIанин, хварал-тIагIарал
Вацазул тIагъурги цIарги цIунизе» –

Гьединан абуна инсул росдаца,
Гьединан абуна дида эбелалъ,
Гьединан абуна дандерижиялъ,
Гьединан абуна дида тIалъиялъ,
Дир Дагъистаналъул парсазда къаси
ТIоцебехъе чIараб чIухIараб нуралъ.

Кида кIочон телаб дир чорхол гъаргъар,
Гъугъадилеб ракълил Кавказ бихьигун...

Гъугъадилеб Кавказ, пирхулеб пири,
Гьавулев ватила лъиениги вас.

Маялъул сардил цIад... Свакарав солдат
Ватила, лъадигун тIоцеве вегун.
Лъади ятичIони, йокьулей йикIа,
Автомат хисараб гьаб хинаб лага...

Хинаб гьечIонани, квачараб букIа,
КватIиларо, гъела гьелда гучаб цIа.
Риччан те, риччан те, гъугъазе зобал,
Рай чвал-чвалун цIадал, чуре дуниял.

Ва амма дир шинель бахъулеб мехалъ,
НагIана батаял унтана ругънал.

Гьел ругъназул рахъалъ, доб рагъул рахъалъ,
Нахъа тарал нус-нус хвелазул рахъалъ
Сапаралъ руссарал инвалидаца
Саринал ахIана, жеги ахIила.

Инвалидал гIадал башдал унтарал,
Башдал сахал руго санал тIилазда.
Инвалидал гIадин цоцахъ хал гьабун,
ХутIана Европа, кIкIуйдулъ Азия, –

Атомалъул бищун цебесеб ругъналъ,
Цойги балагьалде данде хъагал ккун.
«ЦIуне ниж, цIуне ниж, ниж цIуне, гIалам» –
ГIодана, гьедана, гьардана дунял.

Дида кIочонаро кIиго гвердей ххам
КIиго гIаданалъе дица босараб:
БагIараб белъана чIегIералъ цоялъ, –
ЧIегIер базе хварав вацасда хадуб.
ЧIегIераб белъана багIаралъ цоялъ, –
МугIрузде вуссунев васгун дандчIвазе.

Гьединан кIийиде бикьараб дунял, –
Бакьулъ чIун вукIана дун гIорхъиялда.
ГIумрудул къого сон цо рамаялъуб
Дица лъун букIана, гьалеян абун.
ГьечIев цо вукIарав вацасул гIадин,
РикIкIадисев цойги чиясул гIадин.

Гьанже дун рукъалъул хурул чи вуго...
Чед бежулеб росдал корол гьайбатлъи.
Гьениб кIкIуялъул махI. МухIума, дихъе
Цо хъалиян бегье! Дун рокъов вуго.

Амма рукълъун дие, рагъдаса хадуб
Хирияб чIунтараб дунял батана.
Дица – кочIохъанас, гIаламалъулгун
ГIахьал гьабуна чед гьаб къого соналъ.

Доб цIадулъ тIагIарав вац цIехезейищ,
ЦIалкIарал улкаби, киве щвечIев дун?
Ялъуни гьитIинго билараб рокьи
Ракьалда билунищ балагьулев дун?

ГIаммаб къварилъиялъ къвалал жемарал
Миллионал вацал ратана дида.
Дирго гIадаб рокьул кьоязда тIасан
ТIолго дунялалда ратана унел.

БахIараб мехалда ахIичIеб сарин
АхIана, ахIила гьаб дунялалда.
Дица гуро, араб кIудияб рагъул
Цогияз ахIана бахIараб мехалъ.

Амма, букIаниги, кIиго ригьалъул
Рагьу цохIо буго цоцахъе унеб.
КIиго гIор хъудулеб кьурул сиязда
Кьо буго цебего цолъизе бараб.

Абула, хваразул заназул бераз
Балагьун, рухIулин чIаго хутIарал.
Гьезда лъалин лъица дуниялалда
Гьезул тIагъургин цIар цIунарабали.

Гьеб цIунарал руго, цIуничIел руго,
ЦIар кIочарал руго, кIоченчIел руго...
ЦIалдохъаби, рилълъа дида цадахъ нуж,
Дуниял кодоб ккун цо балагьизе.

Дида Индиялда дандчIвана херал,
Хал гьабун чIола гьел сагIтаз зодоре.
Зобаздасан пикру цIехолеб гIадин,
ЦIвабзаздасан гIакълу гьарулеб гIадин.

Пикраби гьаризе, гIакълу цIехезе,
ГIаданлъи цIунизе дуниялалда,
Дица нуж ахIула хварал, чIваразул
Хириял заназухъ дунгун лъалхъизе.

Цо кидаялиго дица гIадинан
ГIорхъалаби рахе, панаяб назму, –
Гьанже заман щвана, гьаб къоябго сон
Къалмикье бачине магIаруласе.

**КечI**

Дида гьитIинаб мехалъ
ТIадмагIарухъ бихьана
Гъежде рехарал хулжахъ
Нухлуласул хазина.

Цояб хулжил гIагалъуб
Лъимадул гьумер буго,
Цояб хулжил гIагалъуб
Цойгиги гьумер буго.

Гьел гIодула, релъула,
Гьел гьардола, ахIдола...
Гьел реэдун рацIцIуна
ТIадмагIарул нухлулас.

Дунги сверулев вуго,
Гъежде хулжалги рехун;
Дирги хазина буго
Хулжил гIагазда жаниб.

ГIодулелгун гьимулел,
Гьардолелгун ахIдолел
Гьумерал рацIцIунаго,
КечI ахIула дицаги:

Цояб гьумер – дир ватIан
Дагъистаналъул гьумер.
Цогияб гьумер буго
Гьаб кинабго дуниял.

МугIрул хонжрода аскIоб
МагIида бан букIуна

МагІаруласул пандур,
Гьелда буго кІиго чІва.

ХъинтІи-митІир, хъинтІи-митІ
Гьел хъвараб мехалъ ккола,
КІиго ясалъ ахІулеб
ЦохІо сарин бугилан.

Сариналъул бакъназул
Къварилъиги рохелги! –
Цояца «агь» абула,
Цогияз «вагь» абула.

Дицаги гьабун буго
Пандур, кІиго чІва бугеб;
КІиго чияс цохІо кечІ
АхІулеб буго гьелда.

Гьел кочІол бакъаназул
Къварилъиги рохелги
Рагьула цин гІурччинлъун,
Рагьула цин багІарлъун.

Цояб пандрил чІва буго
Дир гьардараб Дагъистан,
Цогияб, хутІараб чІва –
Дир хирияб дуниял.

Роржунел жалазда гъорлъ
Бищунго цІум бокьула.
ЦІигьулдерил кьурабахъ
Гьеб дие хиралъана.

Халатаб цояб кваркьи
МугІрузда тІад букІуна.
Цогиялъул рагІадалъ
ГІатІилъаби рахчула.

ГІаздакьа хІинкъуларо,
Бакъуде бадиб уна.
Гьури кисан пуниги,
Гьелда данде боржуна.

Дийги цІудул къагІида
КъваригІун буго кочІой.

Кваркьи буго кIиго дир
Даим тIавап гьабулеб.

Цояб кваркьиги жемун,
Дица каранде къада
Кидаго хиси гьечIеб
Дир борхатаб Дагъистан.

Цогияб кваркьи жемун,
Дица каранде къала
Кидаго дун налъулаб
Дир гIатIидаб дуниял,

МугIрузде унеб мехалъ,
Нуха гIемер дандчIвала:
«Ассаламу гIалейкум», –
КIиго чи рекIараб чу.

КIиявго дун вуго гьев,
Цеве-нахъа рекIарав;
Цебесеб – дир къого сон,
Гьанжесеб – дир къого сон.

Цоцаца ккун руго гьез
Дагъистанги дунялги
КIиго квер кинигинан,
КIиго квар кинигинан.

КIиго гIансиде гьетIун,
Лъукъарав инсан гIадин,
Унев вуго, виччай дун,
ВачIунев вуго, нух кье!

Цояб гIанса – Дагъистан,
Цояб гIанса – дуниял.
Гьел гIунсузде гьетIараб –
Дир пикруги дир ракIги;

Цогидазе гIахьалаб,
ГIаламалъе бикьулеб
Дир гIищкъуги, дир кечIги! –
ВачIунев вуго, нух кье!

* * *

ВатIанги, дунялги – дир кIиябго гъеж,
Дир гъуждузда бараб кIиябго пагон.
Цо Дагъистаналъул квераца бана,
Цояб дунялалъул квераца бана.

ВатIанги, дунялги – дир кIиго бокал,
КIиябго цоцада тункун борхула:
Цо Дагъистаналъул рахъалъ гьекъола,
Цояб дунялалъул рахъалъ гьекъола.

ВатIанги дунялги – дир кIиго гIумру,
ГIурхъи киб бугоян дида лъаларо.
Рагъ лъугIи гьабула гьудулзабаца,
Дие, поэтасе, огь, гьеб лъугIичIо!

Рагъдаса хадусеб къого сональги
Къварилъаби лъана, камиял лъана.
ТIураб щинаб биялъ хвасар гьавичIо
Хиянат, гьереси, цциналдаса чи.

Кьвагьана бомбаби, рагъана, хвана,
ХутIана туснахъал, хутIана ракъи.
Кинабго бицана кинацагIаги, –
Дирго кечI абуни, дица ахIила.

Дида бугеб ругъун, дидаго гIадин,
Цоги гIадамазда унтизе гьечIо.
АхIулеб буго кечI гIиюги бачун,
ГIадамал, нужеца къотIизабуге.

Гьеб – дир «Одиссея», «Рагъ ва рекъел»,
РукIарал, хутIарал гьелъул хиялал...
Хъвалеб буго дица цIияб поэма,
ЦIияб гIурхъи бахун вуго дун унев.

ВатIанги дунялги – дир кIиго магIу,
Чвахула бадиса, бачIуна рагIи,
Цоцаде жубала, бачIуна рагIи,
РагIиялде рагIи – лъугьуна шигIру.

ШигIруялде – шигIру, – дунял бихьарал
Дир магIил гаразул маржанал руго.
Рай гьел габуралда, кенчIей каранда
Дир рокьи, дир макьу, дир бащдаб гIумру.

ГІенекке, рагІулищ нужеда гьаркьал? –
Гьел дица гьаруна, гьел дица хъвана.
Магнитофон гІадин буго гьинал ракІ,
Гьелъул лентал руго тирарал нухал.

Огь, лентал тирула, гІенекке, лъанищ, –
ГІагараб магІарул некІсияб сарин.
Гьелдаго хадуб цун, цинги гІенекке:
ГІурусаз ахІула – Волга чвахула!

Тире, лентал, тире – гьаб щиб ахІдолеб, –
Америка буго кватІараб сардилъ.
Доб къватІахъ букІараб кьвагьиги кІочон,
Кьурдилеб цІидасан буго дир Париж.

Дуе рогьо гьечІищ, чІухІараб улка,
АхІуге Бонналда цадахъ жакъа кечІ!
РагІулищ нагІана, угьдулеб гьаракь –
Освенцима буго, Бабий Яр буго.

Дида гьел рихьана. Хвараб лъимадул
ХутІараб ясикІо. Гьелъул бер, гьумер...
Тире, лентал, тире – рагІула гьари, –
Гьеб буго Индия жиндие чедан.

Цебеса кин унеб дида Калькутта,
Огь бакъараб гІакълу, огь, гьардолеб яхІ!
Гьересигин ханлъи хадуб цІан унеб,
Огь, мутІи гІаб лагълъи, огь янгъиз рикша!

Тире, лентал, тире, – кинаб гьаракь гьеб
Гьаялда релълъараб, огь, вива, Куба!
КенчІелеб буго бакъ, букъун буго зар,
Чакарул муцІидалъ вуго рагъухъан.

Дица досул рахъалъ хадуб бицина...
Гьеб щиб цІияб гьаракь? Тамтамалги чІван,
ЧІегІераб Африкалъ ахІулеб буго, –
КІварги кьун гІенекке, хириял чагІи!...

Хиросималъ дие къоябго соналъ
Къварилъидул назму ахІулеб буго.
Дица гьел назмаби ракІарун руго,
РикІкІун рахъинаро, гьел гІемер руго.

Нагасакиялда азарго къункъра,
КъотI-къотIун гIадатаб кагътил гьабулев,
Пуланав, унтарав вас гIадин вуго,
ГIумруялъ малълъарал асаралгун дун.

Азарго кечI буго дир каранлъ жаниб,
Киналго ахIизе бажариларо.
Ва амма ахIулел дица ахIила
ЦохIо мурадалъе! ХIакъикъаталъе!

Лъукъараб, къваридаб дуниялалъул
Цониги лъимадуй дир кечIалдасан
Кумек букIанани, дару щванани,
Щибго жо кIваричIо, роржа, къункъраби!

Нух битIун руссаги... бухIулеб керен, –
МухIума, кье дихъе цойги хъалиян.
Хъвалеб буго дица, бисмила, аллагь,
Роржа дир саринал, роржа къункъраби!

## ХИРОСИМА

1966

1

– МагIардаса гамачI, мун
Гирун унеб бугеб киб?
– ГанчIазул гохIал ругеб
Ахалъиялде буго.

- Дир балагьаб, пашманаб
Сарин, кЬбе унеб мун?
Балагьазул гохIиде,
Хиросималде буго.

– Щай гьедигIан рикIкIаде,
Чияр бакIазде унеб?
– РикIкIадисеб, чияраб
Чиясе балагь гьечIо.

РикIкIадасеб чияраб
Гьунар гьечIеб кинигин...

ГьитIинаб буго дунял,
Дагъаб буго гьениб халкъ.

Унеб буго гьаб дир кечI,
КIкIалахъе гамачI гIадин, –
Дица бухулеб буго
Хиросималъул цIумур.

Гьаб бан буго рахсида,
Борхатаб хIубиялда.
Сверухъ кIудияб авлахъ, –
Азарго хвел бекьараб.

АскIосан чвахулеб гIор, –
Дида цIар кIочон тана.
Гьелъул гIадаб къваридаб
Къиса, унго бугодай?..

ТIаде гьетIараб мегIер, –
Гьелда бихьараб гIадаб
БихьичIо дунялалда
Цониги мегIералда...

Дица, хIубиги босун,
Кьабана цIумуралда...
Кьижарал, тIаде рахъа!
Хъудулел, гIенеккун чIа!

Гьаб залимаб гьаракьалъ
Гьелчезабе океан, –
Жеги зобазда лъачIо
Гьаб зваргъи гIадаб гъугъай,

Дица бухулеб буго
Хиросималъул цIумур, –
Хварал киналго руго
ДандчIвалел чIагоязда.

РачIунел руго рахъун,
Рохъо лъугьарал чагIи,
Гъасда гьанже цIидасан
ЦIа бакараб кинигин.

ЦIадуд рухIарал руго,
РухI тIад буссун, рачIунел.

КъватIахъ рагIадал руго,
ГIадамал лъугьун, рахъун.

2

Дица бухулеб буго
Хиросималъул цIумур, –
ЦIар-цIар ккун хабазухъа
Хварал руго ахIулел.

Руго некIого чIарал
РакIал, гьале, хIалтIулел, –
Гьанже гIадин каранда
Кидаго гьел кIетIечIо.

Руго къанщарал берал
Балагьун, гьале, чIваркьун,
ЧIвалалде цере гвангъун, –
Гьанже гIадин кенчIечIо.

Руго бутIрул рорхулел,
Рорхатал мугIрул гIадин;
Руго кверал рорхулел,
Кваркьалаби кинигин.

Огь, чIван бугеб щинаб халкъ? –
ЧIаголъараб мехалда
ЧIезе бакI гьсчIо хутIун
Киналго авлахъазда!

ХъахIал шаралгун цоял,
Цо соналъ цере хварал;
ЦогибатIиял шарал,
Доб мехалъго хваразул.

3

Дица бухулеб буго
Хиросималъул цIумур; –
Хваразул чIарал сагIтал,
Гьале, хIалтIулел руго.

СагIтаз борцунеб буго
ИяхI, гIакълу, хIакъикъат, -
ХIалтIулел руго сагIтал,

Суд буго, тIаде рахъа!

БакIал кье гIодор чIезе
ГIоламалъул чIварахъе, –
ГIасилъи къисматалъул,
Къварилъи дунялалъул!

РикIкIадисеб, чияраб
Чиясе балагь гьечIо, –
Балагье гьал гIадамахъ
Дир кочIоца рухI кьурал.

Дица гьикъулеб буго
Гьазда: нуж кисайилан, –
Гьаз жаваб кьолеб буго:
Хиросималдасайин.

Дир гIундузда рагIула
Гьеб рагIи: Дагъистанин.
Дида бихьулеб буго
Дир росуги дир рукъги.

Нуж щалилан гьикъула
Гьезда чIаго хутIараз, –
ЧIвараз ракъварал кIутIбуз,
Ниж нуж ругин, абула.

«Нужерго гIадал берал,
Нужерго гIадал кверал, –
Кинабго бугеб нижер
Бомбадул жаназазул.

Нужерго гIадал бакънал,
Нужерго гIадаб рокьи,
Ракьалде щущалалде,
Тана нижеца нахъе».

Гьале дихъе рачIунел
Херлъарал япониял, –
Хал гьабула, гьикъула
Гьазда нуж щалин абун.

Щивас хабалъа вачIун,
Дие жаваб гьабула:
Жив дур эмен вугилан,

Мунги дир вас вугилан.

Гьале къулун ячIуней
Къваридай чIужугIадан:
Дун дур эбел йигилан
Атомалъул цIадулъа.

Гьале лъабго яс йиго
ЯсикIайги кодор ккун, –
Япония, гьайбатлъи
Гьал дур ясикIабазул!

ЯсикIаби гIоларо,
ГIола ясал кIудиял, –
Амма гьан лъабайго яс
Гьал соназда хутIана.

Жеги гьитIинго ругел
Гьайбатал тIанчIи, гьале,
Диде данде рачIана:
«Дада, дада», – ян абун.

Бадиса магIу унел
РагIаби гьез чIинтIула, –
Руго цого гIадамал,
ЦохIо буго къварилъи.

Цояз дида абула:
Жал дур вацал ругилан.
Цогиял гьудулзаби:
Гьа, лъанищан, кIалъала.

БитIахъе школалъул
КIалтIа тIагIарал лъимал,
(ТIаде бомба рехана
ЦIалдезе гьел унаго),
Диде ахIдолел руго,
Учитель, кочIохъанин...
Классалда гьадабго
ХутIана гьал гIумруялъ.

Гьале памятникги тун,
Гьениса гъоркье лъугьун,
Кагътил къотIун гьарурал
Къункърабазул рахасгун;

ЯчIуней йиго дихъе, –
Дуниял, мун балагье! –
Госпиталалда хварай
Хиросимаялъул яс.

Дун гьелъ вачунев вуго
Жиндирго палаталде:
ГьечIищ дару дурилан
Дун лъикIлъизе гьайизе.

Холел руго гIадамал,
ГIумруялъухъ къечарал,
Къункърабиги хъатикь ккун,
Атомалъул унтабаз.

Гьал къункърабахъ балагьун,
Дида ракIалдещвана:
РикIкIада магIарул их,
Цинги хадуб хаслихълъи;

Хирияб Кавказалъул,
Зобалазул къункъраби, –
Гьел ахIдолеб мехалда,
БухIулеб куц дир керен!

Кинан дару батилеб,
Дунялалъул гIадамал,
ГIасияб атомалъул
Унти нахъе гьукъизе?!

4

Дица бухулеб буго
Хиросималъул цIумур, –
Августалъул бакъ буго
Гъанкъулеб баккудаго:

Гьанже-гьанже гьабураб
ГьитIинаб лъимер гIадин;
Росасе унеб къоялъ
КъачIарай яс кинигин...

БитIун бакъ щолеб мехалъ,
ЛъикIаб къо бугин абун,
Рехана гIащтIичагIаз

ГIаламалде гьаб бомба.

Балеб буго букIинчIеб
ЧIегIераб цIад ракьалде, –
ЧIунтараб шагьаралъул
Рохъдолъ вихьула дунго.

5

Дица бухулеб буго
Хиросималъул цIумур, –
Атомалъул гIурдахIан,
ГIалам, кIочон тоге гьаб!

Цо Хиросима гуро
Дида бихьулеб бугеб, –
Дирго росу бихьула,
Дирго Москва бихьула.

Самолетал роржуна
Дир Парижалъул зодихъ.
Гьале рохъдолъ дуниял, –
Дир гургинаб торгIо гьаб.

Руго хIалтIулел сагIтал,
Суд буго гIаламалда.
Руго кIалъалел чIварал
Жакъа чIаго ругезда.

КIалъалел руго дуда,
КIалъалел руго дида,
Дунялалъул гьаб рокъоб
Рачел борчанщиназда...

Дица бухулеб буго
Хиросималъул цIумур, –
ЦIа кенчIола гьелдасан
Паркъ-паркъун, пири гIадин.

Гьелъул гьаракь зобаца
Данде такрар гьабула, –
Гьелчола океанал,
Зваргъола дунялалда.

Гьаб зваргъи, – зигар гуро,

АхIи буго яхIалде:
«ГIенекке, халкъал, халкъал! –
Дун Хиросима буго».

Гьаб гьаракь дир рекIеда
КIетIелеб буго даим, –
Гьалъий жаваб кьезе те
Жив-живас дунялалда.

Бухулеб буго цIумур,
КIетIолеб буго сагIат:
«Дун Хиросима буго,
Дун Хиросима буго!»

– Дир хирияб сарин, мун
Киб сапаралда бугеб?
– Балагьазул гохIида,
Хиросималда буго.

– Щай гьедигIан рикIкIаде,
Чияр бакIазде унеб?
– РикIкIадисеб, чияраб
Чиясе балагь гьечIо...

Дуниялги гIумруги
Киназего кьун буго,
ГьечIо чияраб гьунар
Гьеб цIунизе унезул.

## ЩУГО КИЛИЩ

1967

### Цо

Сонал гIемерал руго,
ГIумру цого цо буго.
Ясал гIемерал руго,
ГIищкъу цого цо буго.
ГьетIари гIемер буго,

РитӀухълъи цохӀо буго.

Цо лага – анцӀго ретӀел,
Цо бетӀер – анцӀго тӀагъур,
Цо дунял – нусго улка,
Цо зодихъ – азарго цӀва,
Цо бакъул – азарго чӀор,
Цо ахил – азарго кьер.

Цо бищула инсанас
Нусгоялда гьоркьоса:
РагӀи букӀа, къо букӀа,
ПикрубукӀа, кечӀ букӀа.

Цоясде тӀаделъула
Цо-цо мехалъ нусгояв,
Нусгоясул багьаяв
ЦохӀо гьев вугеб мехалъ.

Цо ритӀухълъи, цо бетӀер,
Цо дуниял, цо гӀищкъу;
Жибго гӀумру кинигин,
ГӀумру кьолей эбел цо.

ЦохӀо букӀинчӀебани,
БукӀинароан кӀиго.
ЦохӀо букӀинчӀебани,
БукӀинароан щибго.

**КӀиго**

КӀиго бер – балагьизе,
КӀиго гӀин – гӀенеккизе,
КӀиго нугӀ кинигинан
ЦохӀо хӀукму къотӀизе.

КӀиго чӀва – цо тӀармида,
Цо гьечӀони, цо гьечӀо;
КӀиябго рекъон хадуб
Бакъан азаргоб аче.

КӀигоял цолъанани,
Цо бусада рижула
Рас меседилал чундул,

Куркьбал берцинал хIанчIи.

КIигоял данделъани,
Буго дунялгун гIумру, –
Лъабабилез кидаго
Квал-квал гьабуге абе.

Бакъ баккула, тIерхьуна,
ТIегь баккула, бечIала, –
БачIунебги унебги –
Байбихьиги ахирги.

КIиго рагIал гIоралъул,
КIиго гIурхъи мехалъул;
КIиго хъаравул буго
ЦохIого сагIаталъул.

КIиго рагIи кIваричIо,
КIиго гьумер кIваричIо;
Амма къоги сордоги
Сверде, иргадал хисун.

## Лъабго

Лъабго вас гьечIевани,
Лъабго яс гьечIейани,
Маргьабиги кучIдулги
Кинандай рукIинаан?

Херасул лъабго гIакълу,
ГIолиласе лъабго нух;
Лъабабилеб гьечIони,
Бесдаллъилаан къиса.

Лъабабилев вачIуна
Лъабабилеб нухдасан,
Иццазул лъинги босун,
Кьурулъа цIаги босун.

Лъабабилев вуссуна
Вуссунареб нухдасан,
Йосун чол кьолода тIад
Бакъ гIадинай ясги лъун.

Гьеб букIана маргьабалъ,
НекIсиял анищазулъ;
Амма хадуб сариналъ
Цогидааб буго ахир:

КIицIуса нахъ вуссарав
ВуссинчIого хутIула;
КIицIул кьурде вахарав
ГIодой рехун вачIуна.

Гьеб, цIакъ хIинкъараб буго,
Лъабабилеб хIалбихьи,
Лъабабилеб биххараб
Инсанасул ригь гIадаб.

Лъабабилеб – гьеб рагIад
ГIумруялъул кидаго;
Гьеб – хIинкъараб ургъелги,
Гьеб – урхъараб рохелги.

Нахъасан бугеб хъваши,
КIигоял унеб мехалъ.
Гордухъ даимаб кIутIи,
КIигоял регарабго.

КIиго кIалъаялъулъ гьеб
Гьоркьоб хьир-хьиди, щур-щур.
КIиго щур-щуралъулъ гьеб –
РагIараб гучаб гьаракь.

Пандрил кIиго чIва буго
КIетIелеб дир килщазукь, –
Дир каранда абуни,
Лъабабилеб кIетIола.

КIиго мухъ хъвани, кочIол
Лъабабилеб бачIуна.
Лъабабилеб – гьеб кверда
Бищун кIудияб килищ.

КIиго бомба рехана
Гьаб ахирияб рагъда,
Лъабабилеб бомбадул
Буго балагьаб хIинкъи.

КIиго рагъ дунялалда –
Гъурараб щинаб гIалам!
ЛъабцIул лъукъун хадуса
Холарев чи – къанагIат.

Маргъабазе лъабго лъикI,
Нилъее кIиго гIела, –
КIваричIо тIокIал рагъал,
КIваричIо тIокIал ругънал!

### Ункъо

Нилъ рижараб дуниял,
Ункъо рахъ буго гьелъул:
Цогияб – борхалъуда,
Цогияб – ахалъуда;

Цогияб тIокIаб гьечIо, –
Гьикъе дурго беразда,
Заманаби рорцуна
Нилъеца лъагIелаца;
ЛъагIалил ункъабго мех
Ункъиде бекараб чед.

БатIи-батIи яб тIагIам,
БатIи-батIияб гьава,
Панаяб назмуялъул
Ункъабго мухъ кинигин.

Гьале кенчIола рии,
ТIогьиллъула хаслихълъи.
БачIуна гIаздал хасел,
Гьеб гIодула, щола их.

Ункъабго заман буго
Ункъабго чодул щинкIил;
Щоларо нилъ рикIкIаде,
Гьеб чоца реханани.

Рукъалъул ункъо бокIон,
Къадазул ункъо цили, –
ГIадада абуларо
Ункъо рахъ битIагиян.

КIиго рахъ буго тIилил,
ТIансида буго ункъо.
Ункъо рахъ кIобокIани,
КIалъала талихIалъе.

Ункъабго рахъалдасан
Бакънал хIалица риччай;
Ункъабго заманаялъ
Рокъоса рохел унге.

Биччай ункъихъе хъвалхьун,
Хъарпуз гIадин букIине
ГIадамазе пайдагун
Гьаб гургинаб дуниял.

## Щуго

Щуго килищ – цохIо квер,
Босе, гьудул, босе гьаб.
Щуго килищ – цохIо зар,
Босе, тушман, босе гьаб.

Щуго килищ – щуго вац,
Щолебани замана,
Щуго нилъер континент,
Цо квер гIадин, цолъараб:

Кинабго гIаламалъул
Макьаби гьуинлъизе,
Вокьулилан гурони
КIутIбуз щурунгутIизе.

Анлъабилеб гьебмехалъ
Жибго рекъон ккелаан, –
Бакъ чIораз кинигинан
ГIуцIе дунял, улкаби...

Щуго килищ – щуго тIегь,
Щолебани замана,
Щуго кIудияб улка
Цо квацIилъун кенчIолеб.

Анлъабилелъ гьебмехалъ,
ТIогьол махI бихьарабго,

АхІилаан цадахъ кечІ
КиналгІаги гІасрабаз.

ЩугІаркьелаб буго цІва
ГІаламалъе кенчІолеб.
Щугоян абун буго
Живго аллагьасги как.

Щуябго кечІ лъугІана,
Килщал рикІкІун рахъана,
Нахъиял цогияз хъвай,
Баче квер, гьудулзаби!

## АХИРИЯБ БАГЪА

1973

Цо-цо тохго бахъараб мухъги хъвагІан балагье,
Цинги бихьила дуда дунял берцинаб букІин.

**А. Блок**

Дун гьанже божуларо,
Гьеб гьереси батила, –
Спутникал, ракетал
Ратиларо ракьалда.

Кибниги дунялалда
Гьел рукІарал ратани,
РукІинаан некІого,
Иран, дур базаралда...

...Базар чІван унев вуго
Эхедегун гІебеде, –
Дие гьаб базар гуро,
Музей-выставка буго.

Гьаниб камураб дида
Кинго лъазе кІоларо;
Кинабго гІалам буго,
ЦІунцІарабазул гохІ гІадин.

Мешхеталъул бирюза,

Берал гIадин кенчIола, –
Босейила жибилан,
Гьаниб жиндир ватIанин.

Япониязул жавгьар,
Жиб гьалеян гьимула, –
Ралъдал тIиналда ччугIил
ГIундул рагьун бахъараб.

Испагьаналъ гьабураб
Гьайбатаб кверзул тIагIел, –
Кубачиял, бице нуж
Гьанисацин гурелищ?

Магьи тIаде биччараб
Беричаб цIулал хIалтIи, –
Дица хIисаб гьабула
Ансадерил махщалил.

Тавризалъул кьер-кьерал
Шалал тIиритIаралго,
Щвана дида ракIалде
ЦIедехIдерил бертаби.

Иранаазул тIансаби,
Хундерил тIалъи гIадин, –
ТIогьол гIадрабазулцин
ЖахIда ккезе бегьула.

Жал росичIого унге,
Дур ракI бухIизе бугин,
РукIана гьел балагьун
Щибаб бокIоналдасан,

Рагъ ккараб заманаялъ
Квер хьвагIун гъоркьго тараб
Дир бокьулеб, хирияб
ЯсикIо кинигинан.

Гьаниб камураб кинаб? –
Квер чIван балагье, бище;
Дуца цояб гьикъани,
КIикъого цебе лъола.

Буго чадраги рехун,

Черх рагьарай яс гIадин,
Босейила туманаз
Тегераналъул базар...

Ккола цIадирабазда
ЦIалеб бугин дунялго,
Маян гIарщиназ борцун
ГIумру бугин сокIкIунеб;

Бичулелгун босулел
Даран гьабулел чагIи
Парижалде къачIалел
Дипломатал ратилин.

Гьанив сверун балагьун,
ЦохIо рагIи абизе
Эмен гьечIелъул гьанже
Пайда щиб абун ккана.

Йохъ, батиларо кинго
Ракетал ругеб улка,
Иран, дур базаралда
Гьезул частал гьечIони.

* * *

Базар чIван унев вуго...
ЧIужуялъ дихъе кьураб
Буго боссе кколелъул
Список дир чвантиниб.

Гьелъ тIад къараб кинабго
ТIубазе гьабун хадуб,
ХутIаралде босеян
Цоги цогиги буго.

Амма сайигъатаца
Сундухъ росилелилан,
Суал гьабураб мехалъ,
Дун гьакIан кIалгун чIола.

Гьаб чияр улкаялда
Аваразул шигIрабахъ
Цо шагьи кьолареблъи
Багьаялда лъаларо.

Гьаниве вачIунелъул
Дий хисарал мугьазул
Хабаралъухъ багьаялъ
Щибго гIин тIамуларо.

Дир чIужуян абула,
Список цобе лъола, –
Багьаялъ гьикъулеб жо
«Пюль бар?» – илан цо буго.

Дур гIагарлъи, гьудуллъи,
Гьезде дир рахъалдасан
Урхъараб саламилан,
Багьа цебеса уна.

Багьа – кIиго нухлулав
Цоцаде данде унев:
Цояв – кIкIалахъа тIаде,
Цояв – тIаса гIодове.

ГIундулги гъуцIизарун
Цоцазде аскIой щола;
Цояца квер босула,
Цоял ратIалъун уна.

Багьа – цохIо квар буго,
Цоцахъе цIазе кьураб;
Лъица щивдай восила? –
ГьабсагIат балагьила.

Багьа пунцIеро буго
Пулебги чучулебги;
Гьеб кIиго бакъан буго,
Цо кочIое бачунеб.

Гьеб – кIиго гугарухъан
ЦохIого тIансаялда,
Цояс цояв гъоркь тIамун,
Гъванща цвизе гьабулеб.

Багьа – сагIтил маятник,
Добе-гьаниб хьвагIулеб.
Багьа подхалим буго,
Гьаниб-добе къулулеб.

Багьа гьимун толеб куц,
Гьелъул гьерсилаб релъи;
Гьелъ кверал лъухьулеб куц,
Гьелъ кверал хIанчIулеб куц!

Гьелъ тIамулел кицаби,
Гьелъ рицунел къисаби,
ТIасан цо бихьизабун,
Цогияб гъоркьан бахъун.

Дагьаб харж босулев чи
Гьелда хехго лъалев куц!
Гьоркьохъеб харж бугевги
Хал гьабичIого тола.

КIудияб харж босулев
ГIодов чIезе гьавула,
ГIедегIизе ккараб жо
Нилъер гьечIин, чай кьола.

Долларазе гьимула,
Франказе къулула,
Цо-цо батIияб гIарац
ГIагарде биччаларо.

Мун гIурусав вугилан
Дида аскIоса уна,
Россиялда лъаларин
Нижер даранальул мацI.

Рос-рукъалде яс кьезе
Рес бугев чи кинигин,
Чванта гIатIидал руго
Багьаялъ ралагьулел.

Чванта бугел, лъай гьечIел
Гьудулзаби гьикъулев,
Гьекъезе бокьарав чи
Багьаялда релълъуна.

Багьа данде чIварабго,
Гьелъ пештIезе тIамула;
Гьоркьор гIемераб мехалъ
ГIинкълъун хутIизарула.

БетIер кIичIун, кIал гьетIун,
«Гьай, тамаша» абула;
КIиябго кверги хьвагIун,
«Машааллагь» бачуна.

Багьа гьедарулеб куц,
Аллагьасул цIар бахъун;
Багьа къацандулеб куц,
Къуръаналда кверги чIван.

Багьа хисардулеб куц,
Квачайгун хинлъи гIадин,
Хиянатай, чIваркьарай
ЧIужугIадан кинигин.

Гьаваялда кварида
Унев палугьан гIадин,
Гьанже нилъер кучIдулгун
Цо-цо критик гIадин.

Гьал нилъер унтабазул
Температура гIадин,
Цо-цо хIукуматазул
Политика кинигин.

* * *

– Килщал, тIеренал килщал,
Баргъичазе рорхарал,
Эхере щай даларал?
– Щайгурелъулха багьа.

– ГIундул, гъуцIун рукIарал,
КIилкIал рорцине абун,
Щайха нуж кIичIун арал?
– КIал цIороязул багьа.

– Гарбал, курмул макказул,
Маржаназе рекъарал?
– Гъанкъизе рахсал ралин
Ккана багьа бицингун.

– Кинан бертин гьабилеб,
Кинан хъалим босилеб?..

Хъасулел руго гъунщби...
НагIана батад багьа!

* * *

Гьадин базар чIван ана,
Инсуца абухъего,
ХIамаги къваригIарав,
Къадруги бокьарав дун.

Гьадин къоялда хадур
Къоял сверулел руго.
Къасиялъе тукаби
Гъункун рахалел руго.

Метер росасе кьолел
Ясал рахчулел гIадин,
Бахчун бечелъиялде
Чадра рехулеб буго.

Амма дида къоялъул
Даран цебе чIун буго,
ЧIечIого кьолеб суал
Ахираб багьайилан.

Гьаб нилъер тукен гуро
Тегераналъул базар, –
Буго нусцIул цIехолеб
Ахираб багьайилан.

Какил заман щванагIан,
Бакъанил мех щванагIан,
Гьикъула нахъ-нахъ руссун
Ахираб багьайилан.

МацI лъаларез килщаз чIван,
Кагътида къалмица хъван,
Къец буго, къотIи буго:
– Бице ахираб багьа?

Жеги къалеб нуцIида
Гьоркьобе бетIер бегьун,
Гьикъула: бице, ахир
Ахираб багьайилан.

Цоязул ккола даран,
Цоязул гьеб кколаро, –
Кинабго гІаламалъе
ГІоларо бакъги цІадги.

Дийго бокьараб боссе
Рес гьаниса дир гІечІо,
Амма гІагарай эбел
Дида ракІалде щвана:

«ЦохІо гамачІ босунги
Сапаралде арав чи,
Сайигъат босичІого,
Вуссунев гІадат гьечІо».

Щиб жо дица босараб? –
Дир ясалъе ясикІо;
Дир лъадуе босана
БотІрол каралъе хина.

Херай дир якьадалъе –
Испагьаналъул чІумал,
ЧІалгІинегІан риччанте
РикІкІине къоял, сардал.

Босана Ширвазалъул
БилбагІараб цо роза.
Цадахъ букІине биччай
Дагьаб мехалъгІаги гьаб.

Босана Хайямил тІехь,
Хадуб гьунар гІунани,
Гьеб буссине гьабила
Дица авар мацІалде.

Диде гІайиб гьабуге, –
ГІемер гьечІо сайигъат...
Символика абула
Италияца гьелда.

* * *

Гьеб – машгьураб театр,
Тегераналъул базар...
Гьелъул бищун аслияб

Режиссер буго гIумру.

Гьениб ракIалда бугеб
КIалалъ дагьаб абула.
КIалалъулги чвантилги
Чвархъи данде кколаро.

Гьенир аслиял ролал:
Босулевги кьолевги;
Гьезул кьуркьуди, кIичIи,
Огь, кIутIбузул мимика!

Гьеб – кIудияб театр,
Тегераналъул базар...
ЦохIо гьитIинабго роль
Гьениб дицаги хIана.

Лъидаго лъачIониги,
ГIаммаб сценаялда
ГIахьаллъаразда гьоркьоб
Дирги мегIер паркъана.

Гьаниб дида рагIараб
КIиго аслияб рагIи
«Ахир багьа» букIана,
Гьел дицаги абуна...

Амма театралъул
Пардавал къан хадубги,
Гьелъул асар хутIула
Хал гьабуразул рекIелъ.

Дун базаралъул бицун
Бизар гьабулев гуро,
Амма гьеб къаниги, дун
Къасдалъ, пикрабалъ вуго.

* * *

Къацандула дир рекIелъ
КIиго батIияб хIисаб;
БетIер бекулеб буго
«Уялъги» «гуроялъги».

Данде кколарел гьаркьал:

Цо доба, цояб гьаниб;
Дун кинахъ гІенеккилев,
ГІоралъул бакьулъ вугев?

Дилъе пикру бачІуна,
ГьабсагІаталъ тирараб
Тегераналъул базар
Кинабго дунял бугин.

Дармиде буссун бугин
Инсаният кинабго,
Кинабго гІалам бугин
Гьаб гІасияб театр.

ГІумру, гьабулеб хІалтІи,
Босун биччалеб хІухьел,
ХІатта поэзияги
Гьеб бугин базар, базар.

Бичуларебги гьечІин,
Босуларебги гьечІин,
Намус, ияхІ, гьудуллъи
Гьеб бугин базар, базар.

Дун щвана Африкалде,
Тирана Америка,
Стамбулгин Калькутта,
Кисанго базар, базар.

ГІенекке радиодахъ, –
Киналго волнабазда
Кино сверулеб буго
Соназул, улкабазул.

Хъудула телевизор, –
Дунялалъул хабарал:
Хвеял, биял, нотаби,
Дипломатия – базар.

Хъамулел самолетал,
ЧІвалел президентал, –
Сон бищунго кІудияв,
Жакъа бищунго квешав.

Радал бакълъун вукІарав

Къасиялде – накIкIго, накIкI;
НекIсиял гьудулзаби –
Гьанже согIал тушбаби.

Цин гьадинан, цин додин
Даран буго кIудияб.
Гьалда цIар цоги гьечIо,
Цого-цо – базар, базар.

* * *

Гьаб ццидалаб, гIасияб
ГIумрудул базаралда
ГIарац-меседил гуро,
БоцIи-панзалъул гуро,

Партал-квеналъул гуро,
Багьа гьикъулеб бугеб, –
Гьаб батIияб театр,
Гьанир батIиял ролал.

Гьаниб цIадирабазда
ЦIан кьолеб буго ияхI;
Гьаниб, гIарщиназ борцун,
ГIамал буго къотIулеб.

Дир рекIел низам чIвалеб
Базаралда бичулеб
Буго бищун хирияб,
Хунги цIунизе кколеб.

Буго ахада толеб
Инсанлъи, къадру, хъатир,
Хъулухъалъул болъоде
ТIаде вахине гIоло.

Буго хъизан бичулеб,
Буго ВатIан бичулеб
Пачалихъазул бутIруз
Жалго хутIизе гIоло.

Инсуца яс йичула
Йосеян хъалиналъухъ.
Васас эмен вичула
Ничгун цадахъ майилан.

* * *

РагIулеб буго гьаракь
Тункулел бокалазул, –
Биялъул багьа щибан,
Гьарзаго гIодоб тIолеб.

ГIочIода шашликал ххун,
Хабар буго бицунеб,
Багьа щибан ахираб
Инсанасул гIумрудул.

ТIаде бараб гIаздаца
Роол багьа гIадинан,
ГIолохъанлъи, дур багьа
Гьикъулеб буго херлъи.

НакIкIица бакъул гIадин,
Сурукълъиялъ гьикъула,
Бугищ дур багьайилан,
Берцинлъи, дагьабниги.

БачIун чIола гьереси,
Гьим-гьидула гьеб сверухъ,
Первый апрель кинабго
ГIумру бугеб кинигин:

РагIул, магIил, гьаялъул
Гьанже багьа щиб жоян,
РитIухълъи, киб бакIалде
Ккун бугеб дур къиматин.

БачIуна гIасияб ццин,
Цабиги къерщезарун: –
Цебесеб рокьи, гьанже
КигIаналде мун кьолеб?

Тушманлъиялъ гьикъула
Гьудуллъиялъул багьа,
ГIорцIарал ахIмакъзабаз –
ГIакълу-лъаялъул багьа.

ГIаздацагин гьороца –
Гьайбатаб тIогьол багьа,
Унтараз сахлъи буго:

Сунде кьолеб – гьикъулеб.

Освенцималде щвана,
Хиросима бихьана. –
Хвелалъ гьикъулеб буго,
ГIумру, дур багьа щибан.

ТIагъур: БотIрол багьа щиб?
РетIел: Чорхол багьа щиб?
Буго жибго хутIун лъел,
Ханжар кибе арабан.

* * *

Чанги бакъан тIамураб
ТIамур гIенеккун чIола,
ЧIваби тIутIун анила
Гьанже дир багьа щибан.

Базар кIодолъанагIан
ГIадан дагьлъулев вуго.
Даран хиралъанагIан
Намус гьитIинлъун буго.

Михъида квер лъолесги
Цо капекалъе гIоло
«Кодой босе», – ян кьола
Оц гIанасеб гьереси.

Буго гIасияб суал
Сверулеб дунялалда,
Дидаги гьез гьикъана
Бакъназул багьа щибан?

«Дуца ахIулелъулги,
Дуе ахIулелъулги,
Кинан гьеб ахIаниги,
Сунде гьеб ахIаниги, –

ЦохIого хIасил бугин,
ЦохIого ахир бугин,
Ахирияб багьаги
Гьале гьадинаб бугин».

Цояз зодобе пула:

– Фу, – добе балагьеян.
Цояз гIодобе тула:
– Туф, – балагье гьаниван.

Цогияз цаялда бан,
Бихьизе гьабула малъ,
Гьалъул багьаяб гьечIин
Гьаб дунялги гIумруги.

Цоги мехалъ щай гурин,
Щибго учузлъаниги,
Бецаб шагьи кьеларин
ШигIрудахъги рагIухъги.

Кинабго – ургъараб жо,
Гьезегицин гьечIеб жо, –
Гьудуллъи, ияхI, чIухIи,
БахIарчилъи, берцинлъи.

Рокьиги буго макьу,
ГIакълу буго гьури-накIкI,
Гьай тIад лъураб тIагъурги
БетIералъе хIарамаб.

РитIухълъиги, гьеб лъала,
Гьури чIвайгун гьетIула,
Гьале ахираб багьа –
Хабал, хабал кисанго.

Бабий Яр, Бухенвальдал,
Нусазарго Хатынал,
Нилъер ахираб хабар –
Хабал, хабал кисанго.

Кире унел нилъ ругел,
Кире щолел нилъ ругел,
Кир хутIарал хиялал? –
Хабал, хабал кисанго.

Щиб къваригIун букIараб,
КъваригIун щиб батараб,
Батун кигIан хутIараб? –
Хабал, хабал кисанго.

АнкьтIалаяб зобалъул

Анлъабго тIаде рехун,
ТIарамагъасеб хутIун
Буго гьаб гIаламалъе.

Гьеб тIаде тIун арабго,
Кинабго тIатIал чIвала,
ЧIаголъи хутIиларо –
Хабал, хабал кисанго.

Дунялалъе къачIараб
Лъабго бомба букIана;
КIиго тIаде рехана,
Ахираб хутIун буго.

Лъабабилеб рехигун,
Лъабабилеб рагъ ккейгун,
Кинабго халкъ тIагIина –
Хабал, хабал кисанго.

ЦIакъ гъваридаб кIкIал буго,
КIудияб кьуру буго,
Кьурул рагIалда буго
Бугеб хутIараб щинаб.

Гьелчолел карачелал,
Дунял – чIимигIаб раса,
ЧIинкIиллъи сверухъ гьечIо –
Хабал, хабал кисанго.

Кибниги сухъмахъ гьечIо,
Сверухъ цIа бакун буго,
Бице ахираб хабар? –
Хабал, хабал кисанго.

* * *

Гьаб хабар рагIарабго,
Дида ракIалдещвана
РакI бекарал шигIитаз
Гьабулеб шахсай-вахсай.

Щай жал гьаруралилан,
Гьумер хъарс-хъарсун бала.
Гьарурал щай хвечIелан,
Зараз керен бухула.

РакI буссун, канлъи босун,
Кверал хIанчIун ахIдола,
ХIалтIи, хIалхьи, квен рехун,
Угьдула, зигардула.

Цо-цояз, ма босеян,
Жидерго шекъер ккола;
Каранда ханжарги чIван,
Хвезе гьелде регула.

ХIосен гьечIеб дуниял
Жидее щайин абун,
Бецлъарал шигIитазул
Шахсай-вахсайдул согIлъи!

Цо-цо мехалда ккола,
Дун шигIит гьечIониги,
Шахсай-вахсай гьабулел
Ругин дир пикрабиян.

Гьумер хъвагIачIониги,
Керен хъарсичIониги,
Дир кучIдуца гIакъуба
Гьикъулеб бугин дие.

Гъугъалеб буго дунял,
Пирхулеб буго пири,
Гьури гIадин гъуждузда
Унеб буго жаназа.

Гьеб дурищан лъаларо,
Гьеб дирищан лъаларо, –
Дида рихьула хабал
КIиязулго кисанго.

Яги гьале гьадинал,
Яги гьазда релълъарал
Пикрабазул къункърабаз
Къулизабула бетIер.

Маргьуялдаса хадуб
Жиндирго хиялазда
Хадув лъедон тIагIарав
Васасда релълъана дун.

Васасул хъахIаб гама,
Айтматовас бицараб,
Ана тIерхьун, къо-мех лъикI,
Дир къваридаб Гюльсари!

Гьаб – кIудияб театр
Дуниялалда гIумру, –
ГIаммаб сценаялда
Паркъана дирги мегIер.

* * *

ХIалуцун хIухьел босун,
Гьадин согIаб макьида
Сордо ана гьоболлъухъ
«ЦIияб парк» гьотелалда.

Гъугъадана, пирхана,
Гьаркьахана, ахIдана,
НуцIби, гордал рекана
Гороялъги цIадалъги.

Дун ворчIизе гьавуна
Гордухъ хIанчIазул гьаркьаз.
Гьез абуна, къо щванин,
ГъутIби тIегьалел ругин.

Гьоркьоб заман иналде
Зодосан бакъ бачIана: –
– Асаламу гIалайкум,
ГIумруги дуниялги.

ГIодулеб гьурмадаса
МагIу бацIцIараб гIадин,
БацIцIана гьелъ биччараб
Черх сверухъ гIаламалъул.

Эбелалъ рогьалида
Рукъ, рагьи, азбар гIадин,
Лъухьана бакъул жулалъ
Байдаби дунялалъул.

Гьелъул чIораз рукIкIбузул
Терапияги гьабун,

Унтарал пикрабазе
Гьабуна цIияб дару.

Дагь-дагьккун дун ворхана,
Дида гьаракь рагIана:
«Гьеб шахсай-вахсайги тун,
Нуралъухъ валагье! – ян. –

Доб борхун чIун бугеб куц
Кинабго гIаламалда! –
ГIемерал кьерал руго,
Бокьараб тIаса бище.

Хвасарлъе гьаб хIал къараб
Къваридаб хIалцадаса.
ХIухьел босе кIовухъе,
КIиябго кверги борхун.

Каранде къай, къвалги бан,
Дуниялги гIумруги;
Дуда гьезул гьеб мехалъ
Лъала хинлъигун лъикIлъи.

Гьеб гIадинаб хирияб,
Гьеб гIадинаб берцинаб,
Гьеб гIадинаб битIараб
БатIияб щибго гьечIо».

* * *

Дица, тIадеги вахъун,
Гьаб бакъуда гьикъана:
Базаралде унебищ,
Щиб дур багьа бугебан.

– Базаралдеги щвела,
Щибго бихьизабила.
Амма дир багьа гьечIо
Бичизегин хисизе.

Гьаб рогьелги, гьаб ихги,
Гьаб хинлъиги канлъиги –
Халкъазе дир сайигъат –
Сайигъат бичуларо.

– Дуниялги щиб жо гьеб? –
Гьадин-додин цIацIала.
Гьелъул багьа щиб жо гьеб? –
Цо шагьидахъ бичула.

Бахъана дунял цебе:
– Вахъа дун бичулев щив,
Бичун дун босарав щив,
Босун дун хисулев щив?

Дун бичулев, дицаго
Вичила, чахъу гIадин, –
Чанги къулагIи бараб
МагIида дир хIубазда.

Дун – аза-азар соназ
Наслабаз наслабахъе
Васият гьабун тараб
Гьадин цIунун бугеб ирс.

Дун – цебегосеб тIагIел,
Цебесеб тIагIелалъул
ТIадеялдаса-тIаде
Даим багьа цIикIкIуна.

Дие багьа букIинчIо
Гьанжесел гьал гIадамал
ГIалхазда маймалакал
РукIараб заманалъцин.

Маймалаказ бичичIеб,
ГIадамазищ бичулеб? –
ГIаламалъул мина дун,
ГIумруялъул авлахъ дун.

– ГIадамалги гIумруги,
Нуж дагьал гьалбал гурищ?
Дунялалда учузго
Рича-хисулел гьечIищ? –

– Ниж гьанир гьалбал гуро,
Нижерго рукъор руго.
Дагьаб заманалъ гуро,
Даим кидаго руго.

Чанги пири пирхана,
ГIемерал гьурал пуна –
ЦIакъ мухIканаб кьучIалъул
Кьуру буго гьаб гIумру.

Чанги гIалхул жанавар
ГIащтIигун тIаделъана –
ЦIакъго кьалбал гъваридал
ГъутIби руго гIадамал.

Ралъдалъе даим чвахе,
Амма къунаро гIорал.
ГIумруялъ гьелчаниги,
ХутIула карачелал.

Араз нахъе лъалкI тола,
Лъимал хадур рачIуна, –
Кисанго буго гIумру,
Кирго руго гIадамал.

КинабгIаги нижее,
КинабгIаги нижеца, –
ТIаргъазе гуро бутIрул,
БутIрузе руго тIаргъал.

Базаралда ричулел
Хазинаби гуро ниж,
РетIелалъе черх гьечIо,
Черхалъе ретIел буго.

Берал кенчIолел руго,
Квераз кверал ккун руго.
Кисанго буго гIумру
Кирго руго гIадамал.

Вуго мун, вуго гьадав,
Буго бакъ, буго дунял.
Буго дуниялалда
Даим кидаго гIумру.

Бичулеб-босулебги
ГIадан, гIаданин буго,
Базарги гIаламалда
ГIумру, гIумруян буго...

...Гьединан сордогин късо
Къацандула дир рекIелъ,
Гьединан гIумругин хвел
Хурхун руго цоцазулъ.

Цоялъ цояб гIодоб лъун,
Цонигияб бергьинчIо, –
Буго ихги хаселги
Дир хиялалъ сверулеб.

Хвелал гIемерал ккана,
Амма гIумру къун гьечIо,
ГIаламалда гьелъул лъалкI
КъотIараб лахIзат гьечIо.

Меседил звархиялда
Гьеб босизе кIоларо,
Гъансал гIарцул кьуниги,
ГIумру гьелъухъ кьоларо...

* * *

Гьале унев вуго дун,
Иран, мун лъикIго букIа,
АхIдолеб буго поезд –
ГIумру, гIумру, гIумруян.

Дида цадахъ дир Хаям,
Дир хирияв СагIади,
Гьезул саринал руго –
ГIумру, гIумру, гIумруян.

Вагоналъул гордухъан –
Авлахъал, мугIрул, гIорал.
– Асаламу гIалайкум, –
ГIумру, гIумру, гIумруян.

Гьале гIурхъи бахунеб,
ГIорхъода хъаравулал»
Хъвашиялъухъ гIенеккун –
ГIумру, гIумру, гIумруян.

ГIагараб ВатIан дида
Данде бачIунеб буго,
ВачIанищан, щванищан –

ГIумру, гIумру, гIумруян.

Хъвалеб буго музыка
Кинабго дунялалда,
КечI ахIула хIанчIаца:
ГIумру, гIумру, гIумруян.

Дунги гьеб гьаракьалъул
Дандерижилъун вуго,
Дица такрар гьабула:
ГIумру, гIумру, гIумруян.

* * *

ГIумру – гьеб борцунаро,
ЦIадирабаз цIаларо,
Гьелъул ахир гьечIелъул,
Ахираб багьа гьечIо.

Гьелъул гIорхъода чIарал
Хъаравулал даимал –
Дир эмен, эбел, вацал,
Дир учитель, дир тохтур.

Дида гIумру бихьана
ГIадамазулги дирги;
Гьелда дун чIалгIинчIони,
Дида гьеб чIалгIун гьечIо.

Гьеб дие – гьекъанагIан,
Гьуинаб маулхIаят,
Гьеб – гIемераб лъанагIан,
ГIагарлъулеб хазина.

ТIоцебе дунялалде
ЧIаголъи лъарал лъимал
РачIунаго гIодула:
ГIумру, гIумру, гIумруян.

Гьезул киниде къулун,
Улбуца кечI ахIула:
Кумек гьечIел дир тIанчIи,
ГIумру, гIумру, цIунеян.

Гьале херал, унтарал

Тохтурзабигун лъугьун,
Гьаб талихI – цохIо гIумру,
Жал махIрум гьаругеян.

ГIумру гьеб гIищкъу буго, –
ГIолилал къочардула,
Къвалалги цоцада ран,
Гьалдаса лъикIаб щибан.

ГIумру лебаллъи буго, –
Борхун хъатикь хвалченгун,
Хирияб гьеб цIунизе
ЦIадай кIанцIула васал.

Уна чода Чапаев,
Че Гевара мугIрузде;
Гагаринил гьайбатаб
Гьимиялъе хвел гьечIо.

ГIумру берцинлъи буго, –
Балагье мадоназухъ,
Дунялалда рукIарал,
Жеги рукIине ругел.

Жеги музеяздацин
Гьезие багьа гьечIо, –
Багьа нечон чIеларищ
ЧIагоял мадонакьа?

ГIумру гьеб гьунар буго,
Пушкингун МахIмуд буго;
ГIумру – гьеб пикру, гIакълу,
Нилъалзукь квер лъун Ленин.

ГIумру – рахIмугин гурхIел,
ЧIухIи, ияхI, ритIухълъи;
Гьеб чIваларо, холаро,
Хвел гьелдаса хIинкъула.

* * *

Иранальул тIансаби
ТIатIала сокIкIун лъуни,
ТIубан мегIер букIина,
ТIолго авлахъал цIела.

Гьезда гьоркьоб цоялъ дун
ЦIакъго хIикмат гьавуна.
Дица багьа гьикъана, –
Гьеб дида белъанхъана.

Гьелда гьечIеб кун гьечIо,
Камураб сурат гьечIо,
Соназул, гIасрабазул
ГIумрудул кьерал руго.

Кисайилан гьикъидал,
Гьелъ бицана цо къиса,
Цо гуро, анцIго, къого,..
Дица къокъ цо бицина:

«Дун Испагьаналдаса
Нусго ясалъ бессана.
Дида цIарги гьез лъуна
«Нижер Персия» абун.

Гьелъул куназ абуна:
Дун гIадинаб гьайбатаб
Бугила Персияги,
Гьелъухъ лъикI балагьеян.

Цоги дида релъараб
Дунялалда бессичIо, –
Ясаца дие кьуна
Кинабго рокьи, божи.

Амма даранчагIаца
Дун мех-мехалъ бичана
Учузаб багьаялде
Гьегьал пачалихъазе.

Бечедаб, гIорцIараб къавм,
Къададасаги бахъун,
Дун гIодобги тIибитIун,
ТIад хьвадана ссиялда.

РикIкIадал улкабазул
Гьегьал базаргабаца
Дун, гьаказда гурун лъун,
Жидеего босана.

Чанги гIазаб бихьана,
ГIемераб рогьо лъана,
Амма лъачIо дида хвел,
ХутIана дир беричлъи.

Хадуб мутIигIал васаз,
Персия – нижер ватIан,
Гьеб бичуларин абун,
Баччана дун рокъобе.

Гьанже къеда бан буго,
Бихьула дунялалда.
ДаранчагIи гIадада
Женжедула дун сверун.

Дун – цебесеб устарлъи
Иранальул ясазул.
Дун жибго Иран буго,
Аза-азар сон бараб.

Дица абулеб буго:
Ираналъгун дунялалъ
Дир берцинлъи босеян,
Дир кьерал расейилан.

Дун бессулеб мехалда,
Нус-нус ясаз ахIараб
Анищазул хIасратаб
Сарин такрар гьабеян.

Улкаби ричуларо,
Устарлъи бичуларо;
Искусство хутIула,
Даим гIумру кинигин».

* * *

Гьедин дунял сверарав
Дида кибго абула, –
Дир кечIалъе гьеб бакъан
Рекъола, данде ккола.

Дагъистаналде вуссун,
МугIрузул тIогьив вахун,

Бугеб гьаракьалдалъун
Дир рокьиялъ абула:

«ЧIахъаги гьаб дуниял,
Дуниялалда гIадан!
ЧIахъаги гIумру гьаниб –
Багьа гьечIеб хазина!

Биччанте учузлъизе
Ахир багьа данд ккезе
Кванил, ратIлил, иццул лъел –
Иццги хурги бичуге.

Биччанте учузлъизе
Руччабазе бокьараб:
Рукьабазда балебги,
ГIундузда далулебги.

Амма хиралъизе те
ХисичIого гьаб рокьи,
Ракьалда букIине те
Бичулареб берцинлъи.

Биччанте учузлъизе
КиналгIаги ракьазда
Ракьулъан бахъулебги,
Ракьулъан баккулебги.

Гьал квераца гьабураб,
Гьал пикрабаз ургъараб;
Гьал кваркьаби ругелги,
РачIгун лълъар хьвагIулелги...

Амма ахираб багьа
Гьикъуге киданиги
Гьаваялъул, ракьалъул,
Бокьулеб назмуялъул.

Божула, данде къала,
Дида букIинеб лъала,
Дунялалда гьаб бакъги,
Гьал кIочарал къоялги.

Гьелъин къачIалел ругел,
Гьелъин хIалтIулел ругел,

Гьелъин киса-кибего
Кини кIикIулеб бугеб.

Гьелъин тохтурзабаца
Дару гьабулеб бугеб,
Гьанисан космосалде
Севастьянов воржарав.

Гьелъин дица цересел
Сонетазул формаялъ
Гьанжесеб рокьиялде
Гьанжесеб сарин хъвалеб.

Гьелъин дица босараб
Хаямил кучIдузул тIехь;
Кида къадги божула, –
Авар мацIалъ цIалила.

Щолев вуго рокъове:
– Ассаламу гIалайкум,
ГIагараб инсул тIалъи,
ТIолабго дир чIаголъи!

Ассаламу гIалайкум,
Дир камилаб Гюльсари,
Кидагосеб, даимаб
Дир хъахIаб гама – дунял!

## ЭБЕЛАЛДЕ КЕЧI

1975

...Эбел цIуне!
**Инсул васняталдасан.**

### УЛБУЗУЛ ЧIЕГIЕРАЛ КIАЗАЛ

*ТIоцебесеб кечI*

### 1. Байбихьи

Дун ахIана.
Дида цинги абуна:
Эмен гIемер мехалъ хутIизе гьечIин,
Мун хIадурго вукIа ками баччизе,
Кинго дов сахлъулеб гIаламат гьечIин.

Щвана дун рокъове. Къирана нуцIа,
«Къан те» – ян абуна кIудияй яцалъ.
Дир бераз гьикъана, гьалъул кIутIбуца
Дов эбелгун вугин абун щурана.

КватIараб сардил мех! СагIат букIана
Цо квешаб хIинкъигун заман рикIкIунеб.
Инсул тIогьиллъараб тIеренаб кверда
Эбелалъ тIад лъураб букIкI-букIкIараб квер...

Жийгоги юкIкI-юкIкIун йиго соролей,
Дица къана нуцIа къоно кинигин.
Къана данде тIелхал. Ахираб хабар . –
Халатаб сапаралъ иналде инсул...

«Хвел! Дуда гурони сундаго кIвечIо
КIикъоялда анцIго ихалъ, хаселалъ
Хъатиниб хъатги лъун цадахъ рукIарал:
Цойидасан согIго ратIа гьаризе...»

Гьанже мун щолелъул, щибха инсуца
Гъарим эбелалда абулеб бугеб? –
«Гьалеха, Хъандулай, лъугIана къиса,
Къаси ахираб мухъ хъвалев вуго дун»...

БагIари, хIалуцин, унтараб хIухьел,
Эбел, гьетIизабун бетIерги далун,
Нухлул свериялда чIваркьан бекараб
Гьакибер кинигин, гIодое къулун.

ГIадамал, балагье хIасил бихьизе
ТIолго хIисабазул, сонал, къасдазул!
ГIумрудул ригьбазе гурарал гьуждул
Гъоркьан мухъ цIан рикIкIе! – Щиб жо хутIараб?..

...Гьале бигьа гьабун рагьана нуцIа.
Балагьана. Эбел эхетун йиго:
Цо бецIаб, накIкIилаб некIсияб гвердилъ,
Горбол тIаралъуда цохIо тIа бараб.

Гьай кIалъалей йиго, кIветIалде тIаде
КIветI ккезе гьабизе кинго кIвечIого.
Гьай кIалъалей йиго, лъидехунали
Лъалеб гьечIо кинго, – жийго жиндаго.

Гьай дихъ балагьана, ишан гьабуна:
Инсухъе ваккеян, ахIулев вугин...
Дун ана. Теларо кIочон доб сордо.
Сунеб буго чирахъ…
– Гьале дун, дада...
– Мунищ, вас, балагье, гьалеха дунги
Рехана чодаса. Цо гьари буго:
Гьадай эбел цIуне, – гьей гIумру, намус, –
Гьале дир васият...
Къанщана эмен!

Балагьана къватIив, къо бачIун буго.
РорчIана гIадамал, – ворчIичIо эмен.
Ахираб мухъ тана хъван лъугIичIеб гьес,
Васият кинигин, «эбел цIуне» – ян.

ЦIад балеб букIана рикIкIад мугIрузде,
Азарабго сеналъ бараб кинигин;
ТIохдаги гордаги кIетIолаго гьеб
Гьардолеб букIана «эбел цIуне» – ян.

ГъутIбузда риччарал тIанхаз абуна:
Эбел йигила гъветI, гъой цIунейила.
Инсул гьаркьидалъун гьаб ракь кIалъала:
Эбел дунял йигин, дуца цIунейин.

Гъугъала, пирхула «эбел цIуне» – ян.
ЦIадги ун бакъ щола «эбел цIуне» – ян.
Унеб сордо-къоялъ, щибаб сагIаталъ
Сонаца гьарула «эбел цIуне» – ян.

Эбелан абуни, квер чIвараб къуру
Кьвагьун араб гIадин, жийго хутIана.
Дир куркьбал рекараб унтараб микки,
Эбел, дуца чIвана чIегIераб чIинчIу.

## 2. ЧIегIераб чIинчIу

Эбел, дуца чIвана чIегIераб чIинчIу,
КIиябго рахъалда магIил лъалкI бугеб,
ЧIегIерал гъалазда хъахIаб букIараб,
ХъахIаб кар бахчана сордокьераб гьелъ.

Къурул сиялда тIад тIупараб гIазу
ГIодой рещтIун накIкIаз бахчулеб гIадин,
Рокъоб канлъи кьураб гвангъараб чирахъ
Гордуги къан свине гьабураб гIадин.

Цониги сим гьечIеб, накъищ угьичIеб,
Арахъ бараб чIегIер чIаго ругезул,
МугIрул руччабазул сонал рараб кIаз –
КIудияб, бухIараб гурхIалил сурат.

ЧIегIераб кьералъул согIав художник,
Хал гьабун вуго дун дур пардавазухъ.
Азарил соназул трагедия, –
Гьаб театралъул режиссер киса?

Гьанир ролал кинан рикьулеб бице? –
Балагьараз лъийго хъат чIвалеб гьечIин.
ЧIегIерал кIазазул руччаби рихьун,
Бихьинаца бутIрул далулел руго.

Дицаги далана гIемерал соназ
ГIумруялъул нухда хабал заназде.
Хабар гьечIониги, буцIцIун чIаниги
ЧIегIераб кIазил кечI бичIчIула дида:

Дун – чIегIераб кверлъен,
ЧIегIераб кверлъен, –
Жеги къо букIаго,
Щвараб къаси мех;
Щобил гIидраялда
НакIкIилаб пардав,
Гьал календаразул
Пашманаб тIамач.
ТIохда гъулгъудулел
Макказул куркьбалъ
ЧIегIерал гъудуца
Гъурал хIулаби.
Дица рахчанщинал
Берцинал гьалал,
Гьаримал улбузул

Улка-ракьалъул.
Дун – чIегIераб кверлъен,
ЧIегIераб кверлъен, –
ЧIваразул сайигъат,
Араз тараб ирс;
Васазул каранда
ЛъикIлъичIеб унти,
Вацазул черхалда
РегъечIеб ругъун.
Кьалде ун руссинчIел
Росазул салам,
Инсул ахирияб
Хвелалъул ругьел.
Дица бикъанщинаб
Беразул канлъи,
Дица бахъанщинаб
ГIумрудул тату.
Дун – чIегIераб кверлъен,
ЧIегIераб кверлъен, –
Хирияб кечIги кьун,
Босараб зигар;
Бертадул шал хисун,
Щвараб пашманлъи,
Гвангъарал къасдазде
Къараб нуцIа дун.
Къварилъидул рагьу
Рагьун кьураб дун.
КьогIаб магIил иццал –
Улбузул берал,
Ункъабго рагIал дир
Гьениб чурана.
Дун чIвачIеб къо гьечIо,
Замана гьечIо,
Дидаса пашманаб
Щибго бугодай?
Щай чIвалел гIадамал,
ЧIагоял чагIи,
О, гIассилъиялъул
Нухлул халалъи?!..

Гьадинан рагIула лъугIи гьечIеб кечI, –
Кида сордо унеб, рогьунеб гьечIищ?
Бегьуларищ гIидра гьаб гIаламалъе? –
ГIасияб кIазилгун ккана дир кIалъай.

**3. ЧIегIераб кIазилгун дир кIалъай**

**к ь е р а л**

– Бице, чIегIераб кIаз, чIегIераб гуреб
ХъахIаб букIанин мун дир эбелалъе?

– БукIана дун хъахIаб, хъудулеб иххил
Чвахиялда бараб полоп кинигин,
Гьалдолеб ралъдада ча-ча бачунел
Чайкадал рахьдалал кваркьаби гIадин.

БукIана дун хъахIаб, жеги дур эбел
Эбеллъун йикIинчIеб рикIкIада ихдал,
Инсуца лъабгIинги гIурдадаса тIун,
ГIелалъул ясалъа йищараб мехалъ.

Эмен дур вукIана гьанже дудаса
ГьитIинав, бахIарав, лебаллъи бугев,
Литинститутаалда цо дарс цIаличIев
ЦIада мадрасалъул бесдал мутагIил.

Гьесие кьелелде кьолбол чагIаца
Чуги кьун босана дун базаралда.
Кьерилалъ дун чIвараз каву рагьигун,
КIалдиб гьоцIо хъвана гьелда «микки» – ян.

Гьеб миккидул куркьбал – дир кIиго рагIал,
КIоченаро кьурди дур инсул берталъ.
Доб июнь моцIалда дун релълъунаан
РикIкIад Севералъул хъахIаб сардида.

Дида тIаде ралел тIугьдул рукIана
ТIохдаса гIодоре гIолохъабаца;
Жиндирго килщиде дир симги бачун,
Саринги кIочон тун вукIана шагIир.

– Щайха мун бахъараб, щайзе хисараб?
– Хеккого ана къо, щвана къаси мех.
– Бертадул къоялъе къаси сордо щиб?
– Къаси мех бачIуна чIегIер барабго.

Жеги къо бакьулъго къотIана сухIмат,
ТIаса чи рехараб чу нахъ буссана.

Чабхъаде араца сайигъаталъе
Салулъ рукъаразул къиса бачIана.

РикIкIад, кIкIуй бетарал гьагал кIкIалабахъ
Гьекъарал, мехтарал гъудул ахIдана.
Порт-Артуралдайищ, Цусималдайищ,
Цо дур кьибилалъул кьерилав чIвана.

Хвалил кьер – чIегIераб. ЧIегIерлъана дун,
ЧIегIерлъана дунял, чIегIерлъана бакъ.
ЧIегIераб буртина черхалда жемун,
ЧIегIераб ракьулъе ана жаназа.

Доб мехалъ ЧIанкIаца ахIана сарин,
Сайгидул БатIалил хвелалъул бицун.
Доб ихдал эбелалъ гьаб дир рагIалалъ
МагIу бацIцIунаго, цIалана гьеб кечI...

– Бице, чIегIераб шал, чIегIераб гуреб
ХъахIилаб букIинчIищ мун эбелалъе? –
– БукIана хъахIилаб, хъахIил зоб къотIун,
Хонжрол балада лъун бачIараб гIадин.

БачIун букIана дун Хунзахъеги ун,
Хур бичун инсуца дур эбелалъе,
Харде радал арай, магъил бакIалда
Мугъалда лъимергун гьей юссарайго. –

ХIинкъадго кьуна гьалъ, «гьале йосе» – ян,
Инсухъе жиндирго гIагараб рижи.
Поэтас йосана: гьале дунялин,
Гьаюнин дуеги диеги ясин.

Ургъелги, хIинкъиги, чорхол бухIиги –
ЧчугIил гIундул рана кочIол кинида.
Кавуялъул кIалтIа кIичIун кьурараб
КIиябго лълъар чIвана унти гьукъизе.

Мун гьавун вукIинчIо, дунги чIван тIохде
ТIоцее дур эбел яхараб мехалъ.
Сверухъ кьурабазул хъачIал сиязда
Цо хъахIилаб дарай бигъанин ккана.

Гьединаб хъахIиллъи эбел-ясалъул
Ясбералъ гурони бихьараб гуро.

Доб Соррентоялъул грот лъаларищ?
Гуро, гьелдасаги жеги хъахIилаб
Доб Исфаганалъул бирюзаялъул
БукIинчIо гьединаб гьайбатаб кунчIи.

Бицунге, бицунге, Адриатика
Дида аскIой баче, нечон хутIила...

– Щайха мун бахъараб, щайха хисараб?
– Хвелалъ. РикIкIад гIазда... гIагаразул би...
Доб Сараевалда пирхараб цIаялъ
Гьалаглъана дунял, гъугъадана рагъ.

Кибго гIаламалда гIадалаб ханжар,
ГIакълу лъалиниб лъун, мехтун кьабана.
Доб Европаялъул кIкIуйдул байдабахъ
ГIечIо носилкаби васал раччизе.

Доба Карпаталда Кавказалъул вас,
Дур инсул гIагарав цо гьудул чIвана.
«ЧIалгIун кьили бугин, кьогIлъун чу бугин,
Чорхол рухI ун бугин», – МахIмуд угьдана.

Горду рагьун, гьури рокъоб свердана,
ХIинкъадго эбелалъ кини дандкъана.
Кавуялъул кIалтIа чIварал лълъурдузда
ЧIегIераб къварилъи гьукъизе кIвечIо.

 – Бице, пашманаб кIаз, гIумруялъул кьер
ГIурччинаб их гIадин букIинчIебищ дур?

– Кинаб кьер букIинчIеб дур эбелалъе,
Ункъого сон бараб сиялъул ботIрой?
Нилъер Кавказалъул киналго кьерал,
Кьуна дир «уназе гIумрудул рукIкIбуз.

РикIкIад Африказул бананалъун гъветI,
Гъолъул тIамахалда релълъунаан дун.
ТIубараб хасалил гIазу биараб
ГIидрадул байданлъун кенчIолаан дун.

Цингиги къвакъвалел къункърабазул тIел,  –
Гъунел тIанхал гIадин тIогьилабги дун.
Бекерун бергьараб чол габуралда

Чар-чараб, чар-чараб чанцIул бухьараб!

Бихьинчи соролев вихьараб мехалъ,
Сурмияб, цIахIилаб гьесда тIад чIвана.

Дир кьерал хисана хурдузул гIадин,
Художник Пикассол суратал гIадин,
Чваханщинал цIадал, пунщинаб гьури,
Пирханщинаб пири – гьаниб дилъ буго.

Щиб жо ккананиги, кидаго, даим
Дун букIана бищун тIадаб сайигъат.
ТIаргъилги кIазилги кIиябго намус
БукIана кIиябго кваркьи халкъалъул.
Хвалилгин гIумрудул даимаб къиса
Къалмазул бакIалда дир кьераз хъвана.

– Щайха гIумруялъул гIагарал кьерал
ГIаламалъ цIуничIел дир эбелалъе?
Кинав художникас пур свараб сардил
Суратал тIад чIварал мугIрул тIогьалда?

– Къо свераpаб мехалъ, сордо бачIуна.
– Сордо араб мехалъ, къоги бачIуна.
– Къоги чIегIерлъула, чи холеб мехалъ.
ГIазу чIегIерлъула, би тIолеб мехалъ.
ТIугьдул чIегIерлъула, чи холеб мехалъ,
Чедги чIегIерлъула рос, вас камигун.

ХъахIал къанабаца, хъахIал мусрабаз
ХъахIаб, хъахIаб, хъахIаб белъана чIегIер.
Хвалилаб загьруялъ, гIасияб цциналъ
ГIурччинаб, хъахIилаб белъана чIегIер.

Ханжаралъул балалъ, тIухьидул гуллбуз
ТIогьилаб, тIогьилаб белъана чIегIер.
Балагьалъул цIаял, гьагал бомбаби,
Гьаб бухIулеб дунял, – белъана чIегIер.

Рагъаца, унтабаз, тушбабаз, мацIаз,
БоцIуца, хъантIиялъ белъана чIегIер.
НекIсиял, гьедарал гьудулзабазул
Гьалагаб жахIдаялъ белъана чIегIер.

Цин ракъарал гIорцIун, гIорцIарал ракъун,

ГӀасияб къисасалъ белъана чӀегӀер.
СогӀал гӀамалаца, гӀантаб чӀухӀиялъ,
ГӀадалаб божиялъ белъана чӀегӀер.

БецӀхъахӀаб, цӀахӀилаб, чараб, сурмияб
Сонаца иргадал белъана чӀегӀер.
Сунел гъасда цӀаял, цӀорораб лахӀту,
БухӀулеб керен-ракӀ, – белъана чӀегӀер.

Огь, нилъер кьурабалъ кьиндалил сардаз
Ццидалал бацӀазул букӀараб руруй!
Огь, гьезул гьакӀкӀарал парсилал кӀалал! –
Рогьалида хабар: хвана цоги чи.

Эбелалъе гӀоло, кьолбое гӀоло,
Кьурабазул улка, Кавказ, дуй гӀоло,
Кинабго кӀудияб улкадуй гӀоло,
ГӀаламалъул лъимал, нужее гӀоло;

ГӀоралъ арал щинал цо-цо, цо-цо ккун,
Цо-до мехалъ тӀубан къокъа-къокъа ккун,
Къункърабазда релълъун, дуца абухъе,
Гьел роржунел руго гьанжелъизегӀан...

Огь, чваханщинаб би!

– Бице, чӀегӀераб кӀаз, – дуца бицинчӀо,
БагӀараб букӀанищ мун эбелалъе?
Баккулеб-тӀерхьунеб бакъалъул бутӀа
КъотӀун кьечӀищ гьелъий, гьале босеян.

– БукӀинчӀо багӀараб дун эбелалъе,
БагӀараб гьелъ кьуна мугӀрузда цӀадуй.
БагӀараб гьелъ кьуна кьиндалил сардаз
Доба кьурабазда хӀасрат кенчӀезе.

БагӀараб, гьелъ даим цогиял гӀадин,
СундукӀалъуб лъечӀо, лъан букӀа дуда.
СундукӀалда жаниб рогьел кин лъелеб,
Роол гьайбатаб нур парсахъ бахчулищ?

БагӀараб гьелъ кьуна ахӀиял хъвазе
Доб Инкъилабалъул муридзабазе.
БагӀаралъул кескал кьуна тӀутӀун ран,
ТӀагъуралда разе партизаназул.

БагIаралъ рухьана хучдузул тIогьал
Хундерил хъаладухъ коммунаразул.
БагIаралъ букъана щугIаркьелаб цIва
Шинелазда базе рагъухъабазул.

БагIараб гьелъ кьуна мокьрогъветIалъул
Бокьулеб тIегьалъе, май щолеб мехалъ.
Гьеб тIегь патроназда жаниб букIана,
АнцIила анкьида кьвагьун хутIарал.

Улбузул кIазазул гьарун рукIана
Байрахъал, аскарал цере рачунел.
Хадуб, мун тIурабго, дур габуралъе
Галстукги букIана гьелдасан гьабун.

БагIаралъ бухьана МахIмудил тIамур,
ТIаме, гIищкъул шагIир, цIияб бакъанин.
МахIмуд чIвана, гьесул тIамурги босун,
Инсуца ахIана: гьале рогьанин.

Рогьана. БукIана кIудияб рогьел, –
КIаз гуро хисараб, дунял хисана.
Халатал веказул захIматаб лъимер,
Заман байбихьана гьанже цIидасан.

Гьеб цIияб рогьалилъ гьавурав вуго
Мунги, поэтасул лъабабилев вас.
ТIаса дунги бахъун, данде мунги къан,
ДандчIвана дур эбел Инкъилабалда.

– Бице, ургъалил шал, щай мун бахъараб,
Нахъ руссинчIел васал кигIан рукIарал?
Щай гьаб багIараб кьер дир магIарулалъ
БелъинчIеб чIегIералъ чIварал вацазухъ?

БухIараб росдаде кинал бераца
Балагьарай эбел гьадал сонаца.
Цоцазде хвалчаби рорхараб мехалъ,
РехичIищ гьоркьобе гьалъ бахъун кверлъен.

Дагъистан доб мехалъ – бекараб гьоко,
Бидул хIоринисан хIалалъ бачунеб.
Гьеб нахъасан цулел, цебесан цIалел,
Цоцазда тIатIал ккун, чIваразул харчIал.

Бице, чIегIераб шал, чIваби тIутIураб
ТIармида эбелалъ бачараб бакъан?
Мун тIад чIвачIогонищ, сверухъ бецлъарал
Иццазул берадзе къуларай эбел?

– Ле, шагIирасул вас, Расул ХIамзатов,
Дуда рагIичIебищ цо мугIрул къиса?!
Гьеб дуе инсуца бицун букIинчIищ?
Эбелалъ кинидахъ ахIун букIинчIищ?

**Гьале гьеб кIудияб гьечIеб къиса**:

БукIана кIиго кьибил
Кьурабазул цо росулъ:
Кьурарал михъал ругел,
ГьетIарал хунжрул ругел.

БутIрул гIодой къуличIел,
ГIодор жал аллагьалин,
Цо чуялда рекIине
КIиязего бокьарал.

Чу хIадураб букIана
КIиялго гьал раччизе,
КIвечIо гьазда бикьизе
Гьоркьоб жидерго росу.

Жал цересел ругилан,
Цоял чIана тIиртIирун.
Жал тIадегIанал ругин,
ТIох мерхьана цогидаз.

КIиго кьолбол васасе
ЦохIого яс йокьана,
Цо кIазихъ кIиго тIагъур
КIийихъе базабуна.

КIияздаго кколаан:
Гьел кьагIазул тахтабаз
Кьурул свералабазда
Релълъинарун ругин жал.

Цояс, гьай яс жиндирин,

Жем-жемун кIаз бахъана,
КIиабилес, кьеларин,
Кьурун гъалал къотIана.

КъватIире цIана хунжрул, –
ЧIегIераб буртиналда
ЧIвана цояца цоял
Иргаялда бахIарал.

БахIарай херлъизегIан,
Халатаб кьал къотIичIо;
Къисас цоцазул босун,
Васал кьолбол дагълъана.

Дур гIодагиян эбел,
Цояца цоял чIвана.
ЧIегIер дураз багиян,
Дандияз гьавги чIвана.

Цо кьолбол руччабаца
ЧIегIераб кIаз тIад чIвана,
ЧIварал вацал-васазухъ
МагIу гьабулел рукIун.

Цогияб кьибилалъул
Улбузул хIукму ккана,
ХIалихьатал тушбаби
Рохун, магIу тIеларин.

Васал кигIан чIваниги,
ЧIегIераб кверлъен чIвачIо, –
Дандиязе квешезе
КечI ахIана тIохазда.

Бидасан кIкIуй бетарал
КIкIалабахъе жанир ун,
Жаназабазда аскIор
ИнагьдичIо, кьурдана.

«Жидер васал гIемерал
Нусгоялтун рагъулел» –
Гьезул ярагъги борчун,
Чуязда тIад рекIана.

Гьезул чухъа – черхалда,

Гьезул тIаргъал – гъалазда...
...ТIад магIарул руччабалъ
КIудияб къуват буго.

Гьеб кIудияб къуваталъ,
Къварилъи гIодоб тIамун,
ГIумрудул авлахъалде
Рачана гIолохъаби...

– Ле, шагIирасул вас, Расул ХIамзатов,
Гьаб къиса, гьаб сарин бичIчIаниш дуда?
Инсуца абуна дур эбелалда
Гьаб кьалда хваразухъ чIегIер багеян.

Гьаб гьелчолеб ралъад чIезе гьабизе
ЧIинчIаби, кIазазда гьанже кIваларин.
КIиго кьибил гуро кьалде бахъараб, –
Бахъун буго хвалчен хвелгин гIумруялъ.

ГIазу балеб буго, квачаге, эбел,
Йиччуге, цIад банин, гIодуге хварахъ,
Хекко хасел ина, мугIрул дандрижи,
Долъ такрар гьабе дур лебалаб назму.

Эбелалъ ахIана: Дица чIегIер бан,
ЧIегIерал тушбами, нуж рохиларин.
Эбелалъ ахIана: Дица магIу тIун,
Хъачагъал рохьазда хьимхьидиларин.

Гьай тIохил рагIалда, кьурул сиязда,
Сухъмахъахъ эхетун, хал ккун йикIана.
Доба сухъмахъалда сверухъ хIур буго, –
Балагьун гIучI гIадин йикIана эбел.

ГIочIол бетIералда чIванщинал кIазал,
Цоги кьер хутIичIо гьениб хисичIеб.
КиналгIаги рахъун, эхеде рорхун,
Нухде гьалъ хьвагIулел, хьвагIулел руго.

Балагьун чIун йиго гIучI гIадин эбел, –
ГIучI буссунеб буго гьанже тIоралде,
ТIор буссунеб буго гьанже гъотIоде, –
ГъотIода тIегьгин пихъ, гьале рогьана.

## 4. Рогьана

Жагаялъ белъараб гIадинаб рогьел,
Рагьана дуниял чанил бер гIадин.
Рагьана, беразул тIелхал кинигин,
ТIанхалти, гордалги, гвердел кIичIалги.

КIудияб ихалъул гIурччинаб чвахи,
ГIунсул, санал гIадин, гъорлъе цIан ана.
ЦIияб дунялалъул бакъул гьимиялъ
Гьурмадаса, гIелин, магIу бацIцIана.

«Риидал цIер чIвалел цIорол мугIрузда»
ЦIонкIолокIачIазул магIил къатIраби,
МугIрул гIанабалъан гIодоре чвахун,
Ихдалил гIор лъугьун, ана гIидра чIван.

ГIор бахун, хвел бахун, хаселал рахун,
Вуссана дир эмен сапаралдаса.
Сайигъат гьечIого гIумруялъ течIин,
ГIебаб цо-цо гъежда кIи-кIи вас лъуна:

НекIсияб хонжрода Кубачиязул
Квераз лъурал цIиял накъищал гIадин;
Цебе эхетараб КьилимагIарда
МагIарулаз чIварал байрахъал гIадин.

ГъоцIоца гъасдаса цIан бахъун ракгун,
ЦIа хъалияналда инсуца лъуна.
Гьадинаб букIайин кIкIуй нахъайилан,
ЛъикI нахъегIанги цIан, къватIиб биччана.

Азбаралда бугеб чода квер бахъун,
Дир кечIгун накалда чIаян абуна.
Щай, лъиян цIехейгун, цIалги борхун гьас
ТIохда йигей эбел йихьизаюна.

ХъахIал накабиги каву бакьулъ чIван,
Каранде далана чуялъул бетIер.
Гьелъул габуралда бухьун букIана
Гвермендо, инсуца босун бачIараб...

...Чол хъахIал накаби кавудухъ чIварал,
Кавказалъул сиял сверухъ эхетун.
Эхеде рехулел тIаргъал кинигин,

ТIалабахъан унел кIкIуязул ирга.

Лъалиниб кьижараб свакараб ханжар,
Судулеб ругънаде буссунеб сахлъи.
Рагъидал мокъида тIикъва-магIалда
ТIад бусен гьабулеб кIиго милъиршо.

ГьакIкIараб кIал гIадал кIкIалал росабалъ
Васазул кIикIулел цIиял гьулакал.
Гьезде тIаде къулун сарин ахIулел
Авар мадоннаби – мугIрузул улбул.

Гьелгун мун, дир эбел, кIиго гIумрудул
ГIорхъода эхетун, хъатикь дунги ккун,
Йиго дунял бакьулъ чIунтараб мина
ЧIаго гьабизеян, гъуждулги гурун...

...БукIана хаслихълъи, ахирияб цIад,
Эбелалъ бакана нижер гъасда цIа.
Дидаса цересел, дида хадусел –
Буго нижер хъизан хъазниде къулун.

Хъазан кьолон буго. Гъасде балагьун
Свакараб пашманлъи гьимулеб буго.
Хъазан кьолон буго. Кьижараб рохел,
Кьурулъ гIинтIи гIадин, баккулеб буго.

Хъазан кьолон буго. Эбел ва эмен,
Ункъо вас, цохIо яс – щуябго килищ,
Щуазарго хиял, хуриб цониги
ТIор гьоркьоб теларин, пикрабалъ руго.

Гьединанго росу, гьедин Дагъистан,
Гьединан кинабго кIудияб улка...
Хъазан кьолон буго, гъасда цIа буго,
ЦIиял хиялазул хирияб бухIи.

Гьале байбихьана чIаголъийилан, –
ЧIегIераб кIазица тана, эбел, мун;
Тана рогьалида лъадал гIеретIгун, –
ГIагарал гъуждуца гьеб баччанщинаб!

Тана гIидраялда гIурччинаб магьгун, –
ГIумруялъ дур мугъалъ гьеб баччанщинаб!
Тана маркIачIуда бачIунеб гIака

БечIчIизе гъваридаб хъаба къачIалей.

Тана столалда инсул кочIое
Кагъатги щакъиги рекъезабулей.
Тана мугIрул чIужу чIахIил квацIигун,
Квач къецалде ахIун, къеда рак чIвалей.
Лалил тIулби хисун, ригьалъул кIалтIа
КIулал рарал цIиял нуцIби релъуней.

Тана росдал лъарахъ ретIел чурулей,
Гьел ракъвазаризе бакъалда ралей.
Тана рукъзабазул къадал рохьулей,
Къандалъаби цIезе хIули къачIалей.

Тана мун бахIарго хъахIлъараб расгун,
Камилаб надалда лъураб рукIкIенгун.
Тана тIоцебехъе цIороберал ран,
РукIкIада кун хезе канлъи цIехолей.

Тана мун рагъида тIанса бессизе
ТIаде цIия-цIиял кунал рищулей.
Тана гьанже-гьанже лъугьур тIад ккураб
ТIохде яхун гьений чIар тIибитIулей.

Дида цее чIола, тIохил рагIалда
ТIолго дунялалъухъ балагьун эбел:
ТIасан, рикIкIадасан жийго гIучI гIадин,
ГIодосан, аскIосан кьурул си гIадин.

КигIан цIад баниги, зоб гъугъаниги,
Гъоркьанги тIасанги накIкI тIупаниги,
ТIолго гIаламалъул гIакълу, яхIалъул
ГурхIарай, рахIмуяй судияй гIадин.

## 5. Дихъан бажаричIо мун цIунун, эбел

Улбул, улбул, улбул релълъарал руго
Ралъадал кинигин киса-кирего.
Гъварилъи, гIатIилъи, берцинлъи ралъдал! –
Бецал ратичIони, лъикI балагье нуж.

Улбул, улбул, улбул релълъарал руго
Рорхатал мугIрузда гьаб гIаламалда.
ГIодосан зодой ун гъозул кIодолъи, –

Гъоздасан чвахула киналго иххал.

Дир ралъадгин мегIер, гIагарай эбел,
ГIумруялъ нужер кьер хисараб щинаб!
Халатал сонаца гьеб дур каралда
ЧIварал кверлъеназул ругел кваркьаби!

Кверлъаби росизе гьаб гIумруялда
ГIиллаби рукIана кIочон толарел:
Их бачIин, хур бекьи, хасел чIун сордо,
МагIардаса гIиял гIодоре руссин;

Васал гьарун гьезда гIинда цIар щури,
ЦIи гьабураб мина, лъугIараб питна;
Бертин, сухIмат, сапар, бессараб тIанса,
Росулъе лъин бахъи, кIиго нух цолъи…

Инсуца абуна, орден кьурабго,
Эбел, дуда базе кколаанин гьеб.
Кидаго сапаралъ сайигъаталъе
СукIун кьолаан гъос духъе, эбел, шал.

Хадур васал гIуна цоцазда хадур,
Халатал нухазде нижги рахъана.
Дир вацаз цо кверлъен тIибитIарабго,
Гьаб тIалъи дир бугин йикIана эбел.

Дицаги бачIана, тIоцебе кочIохъ
«Колхозчи» газеталъ кьурал «мугьахъ» мун.
Дир бечедаб гьечIеб дагьаб сайигъат
Соназ цIунараб дур цIиго хутIана.

Хирияй дир эбел, гьаб гIумруялъул
КиналгIаги кьерал кьун рукIана дуй.
Транзисторалъул антена гIадин,
Эхетун йикIана мун росдал тIохда.

Транзисторалъулъ дунял хъудана,
Добаги гьанибги зоб гъугъадана.
Телевизоралъул вышка кинигин,
Кисанго мугIрузда йихьулаан мун.

Гьалагаб ралъдада гьелчана гуми,
Мун гаванаялда маяк йикIана.

Дир рекIел микрофон, – кидаго гьаниб
Дур гьаракь букIана лъикI хутIагиян.
Хадур хьвагIелел дур тIохда кверлъенал,
Дуца тIоритIана росги васалги.

Гьелги хьвагIулаго, кIудияб нухде
Нухда лъуна дуца тIолго Дагъистан.
Гьелги хьвагIулаго, хирияй эбел, –
Холареб сапаралъ битIана улка...

...Унел руго васал, тIолго сверабалъ
ТIаса рахъун хадур хьвагIулел кIазал.
ТIолго шагьаразда, тIолго росабалъ
ТIолго улкаялъул улбузул кIазал.

Кваранаб рагIалалъ квегIаб бадиса
МагIу бацIцIунаго хьвагIулел кIазал.
Вай дир тIанчIиййилан, карандеги къан,
КъватIире маккаллъун парпалел кIазал.

«Васал, нух битIаги, тIад хех руссаги» –
Халатал хаселаз хьвагIулел кIазал.
Аскарал, аскарал – сапаразул хIур,
Сверухъ кисанго кIкIуй – хьвагIулел кIазал.

Самолетазул хъуй, гъоркьан улбуца
Эхеде хьвагIулел пашманал кIазал,
Ралъдалъ, океаналъ гумузул гьундул,
Гьезда хадур улбуз хьвагIулел кIазал.

Маялъ гIарададул гарбазда рана
ГIагарал улбуца рахъарал кIазал,
Бергьенлъиги босун руссунел ругел
Васазде хьвагIана улбуца кIазал.

Гьел парпадарал куц, гьел кенчIарал куц
Кремлиялда тIад байрахъ кинигин...

...Дида кIочонаро инсул тIагъихъахI
Эбелалъул хъахIаб шалгун магIида.
РакIалде бачIуна, соролел квераз
Инсул ханжар босун гъансиниб лъолеб.

Эмен хвараб мехалъ хирияб шалилъ
Жемун цIунараб гьеб гъанжеги буго.

ЦохIо пандур буго дие хутIараб
Дица гьеб кIутIула, рагIула гьаракь:

«Дир вас, гIенекке мун, гьале дур эмен,
ЦохIо гьари буго: цIуне гьай эбел.
Гьеб буго васият тIолго васазе
Гьаб Дагъистаналъул, гьаб дунялалъул...»

Эбел цIунейилан, гIумру цIунеян,
Балеб гIазу буго, щвараб ихх буго.
ГIемераб мех барал мугIрузул цIумал,
ЦIуне эбелилан, гьарделел руго.

Дир чамасдакил гъветI, бигьаридал гъал,
Бищун цIал халатаб дир цIолбол гъабу.
Гьаб цIорой цIикIкIунищ, цIад гIемерлъунищ? –
Дида мун цIунизе хIал кIвечIо, эбел.

Дир тIерхьун араб бакъ, тIадегIанаб цIва,
Дир каранлъ бакараб кидагосеб цIа,
Квач, гьури гьаглъунищ, накIкIал бахIлъунищ?
Мун даимлъиялъе дир къуват гIечIо.

Дун вуго гьитIинаб гьаб дур зоноде
ТIаса тIанхал гъараб гъветI гIадин къулун.
Гьаб – дир гIумруялъул кIудияб гIурхъи, –
ГIенеккун чIун вуго дуниял бакьулъ.

Ракъварал, дандкъарал кIутIбуз кинигин,
Кинго бицинаро дир ургъел гьанже.
Дунги дир саринги гIенеккун буго,
ГIагарай, дур гьаракь рагIула дида.

Мун гьарделей йиго: мунго цIунеян,
Лъимал цIунейила цIадудасайин.
Биччаян дур рахъалъ хабар лъикIлъизе,
Гьаб дир хабал макьу гьуин гьабизе.

Дир хирияй эбел, дур васас даим
Данде лъималги къан гьарулеб буго,
Инсул цIаралдасан, дур цIаралдасан
ЦIуне эбелилан, цIуне гIумруян.

Дир чIварал вацазул рахъалъ гьарула,
Гьаб чIаголъиялъул рахъалъ гьарула,

ГьечIого рес гьечIел, цIуне гьал улбул,
ЦIуне унтудаса, ургъелалдаса.

ЦIуне ракI лъукъулеб хабаралдаса,
ЦIуне магIу тIолеб рагIиялдаса;
Эбел камурав дир даим васият –
Воре хвезе тоге хирияй эбел.

ЦIуне, хвезаруге гьезул макьаби,
ЦIуне гьез рачунел панаял бакънал,
ЦIуне рагъаздаса, рокьи кьун, эбел,
Рокьулел цIуне гьел хIинкъиялдаса.

Керен кьурал щинал, гьарула, цIуне
Гьал даим чIегIерал чIинчIабаздаса.
ЧIегIерал гъалалги beралги рукIа...
ГьабсагIат декабрь, дир кечI лъугIана.

Цогияб ахIилеб цоги соналда,
Сарин лъабголъидал дир эбелалъул;
Дицаги ахIила лъабабго гьелде,
ГьабсагIат пикрабалъ гIенеккун чIелин.

## УЛБУЗУЛ ХIАЙРАНАЛ КУЧIДУЛ

*КIиабилеб кечI*

Эбелалъул кечI кIочон тарасда кIочон тола мацI.

**Гьедин абулаан дир инсуца**

### 1. Байбихьи

Дир эмен вукIана магIарул шагIир,
Досул рагIул къимат лъала росабалъ.
РагIаби рукIинчIо, магIал рукIана
МагIарул цIаралъул цIвабзазе рарал.

Азарго кечI хъвана дос гIумруялда, –
ГIалибегил гьвецин гьоркьоб биччачIо.
Унтараб гIакдахъги, хвараб чодухъги
Хурдул гIодулеб куц бакъналъ рехсана.

Кинабго Дагъистан гъосул саринахъ
Санайил букIана даим гIенеккун.
Дида гьел киналго рекIехъе лъала,
РикIкIине бокьани, дун хIадур вуго.

Дир эмен вукIана авар кочIохъан,
Досул саринаца чан свери тараб.
Саринал рукIинчIо, кIулал рукIана
КIудияб хазина лъурал гъансазул.

Гьеб хазинаялъул хабар ккарабго,
Херлъарав инсуца дида абуна,
Гьаб дуниялалъул лъабго кечIалъул
Бищун лъикIаб кIиго улбузул бугин.

Гьезул асаразул маржаназул цIал
ЦIер гIадин кинабго дуниял бугин.
Хвелги гIелги тIолго гьаб гIаламалъул
Улбуца щурарал шигIрабалъ ругин.

Гьаб дуниялалда бищун гьуинаб
ГьитIинго эбелалъ кьураб квен буго, –
Гьединан кинидахъ бачараб бакъан
Киналго соназе сайигъат буго.

Инсуца абуна: дун бесдалавин,
Расул, дида лъачIин, жинда рагIичIин,
Кинидахъ гьитIинго ахIараб гуреб,
Эбелалъул сарин, цоги батIияб.

Амма нусго сарин диргун МахIмудил
ЦохIо гьелъухъ кьезе хIадур вугин дун.
Гьеб кочIол байбихьи! Байбихьула ицц
Берцинаб, тIокIараб гьаб тIалъиялда.

Инсуца абуна: мугIрул улбузул
Асаралгун бакънал данде гьаруни,
Живго Пушкинида пасихIаб бухIи
Гьезулгун гIахьаллъун бихьилаанин...

...Гьанже эмен гьечIо, эбелги гьечIо,
Дун кIиябго кваркьи камун хутIана.
Ва амма, кинидахъ ахIараб сарин,
Дуца цIунун буго дида бугеб цIа.

Дир эбел! РакIалде щола рагъида
«Щар чIвалеб гьаркьихъе кьурдулел» ихал.
Кьиндада гьитIинго гирараб магIу
Дур рагIабаз гьурмалъ гьимизабуна.

Гъасда цIадухъ цIалкIу – кIутIулеб жергъен,
Магъилъ хъандироялъ хъвалел дур хатIал,
Гьабихъ, чIваби гIадин, сордоялъ лъарал
Лъала дур саназул гIагарал бакънал.

Дуца рагIи абе! МагIна-гIин гьечIеб
ГIадалаб бечецин басандулаан.
Бусаде гьитIинго дуца цIункIани,
ЦIавуцIун вахъун дун васандулаан.

ЦохIо кинилда дуца ахIарал
Гьел дур асаразул антология!..
Дица гьел гIемерал рехсезе гьечIо,
Дур гIищкъу бичIчIизе цо гьабги гIела.

**2. Кинидахь ахIараб кечI**

Кьижа, дир вас, кьижа мун,
Духъ балагьун ракьалда
Рокьиги ццинги бугин,
Рогьоги цIарги бугин.

Дица мун рокьиялъе
Гьавун вуго ракьалда.
Куркьбал дица цIумалъул
Лъун руго дур цIаралъе.

Биччаларо дица ццин
ЦохIониги лахIзаталъ
Цогияз босе рогьо, –
Дир васасе кьеларо.

Кьижа, дир вас, кьижа мун,
Кьурул рагIалда доле:
Лебаллъиги, хIинкъиги,
ХIакъабги, гьересиги.

Дица дуе гьеб бетIер

РитIухълъиялъе кьуна.
Дур каранда жаниб ракI
Лебаллъиялъе лъуна.

Биччаларо гьереси
Гьайбатаб дир чанихъе.
Гьукъила дица хIинкъи
Дир хIайранаб тIанчIихъе.

Дица мун бакъалъеги
Ракълийги гьавун вуго.
Дица духъе рохелги
Ихги ахIулеб буго.

Кьижа, дир вас, кьижа мун,
Кьеларо дир вас рагъуй;
Данде чIваге къварилъи,
Дир лъимер паракъат те!

Дир лъимал паракъат гIезе тейила, –
ГIумруялъ ахIана, дир эбел, дуца.
АхIана, рорхатал зобахъ хал гьабун,
Гьаваялда накIкIал рещтIараб мехалъ.

АхIана, хириял мугIрухъ хал гьабун,
Хасалил гIаздаца нухал рахчигун.
АхIана, хъудулел гIорахъ хал гьабун,
Гьенир карачелал гьелчолеб мехалъ.

АхIана, кIкIалабахъ харил махI бихьун,
Хвалчаби дунялалъ къватIир цIалелъул.
АхIана, рагъида тIансаги бессун,
ТIолалго улбуца мугIрул улкадул...

...Бессана гьаз тIанса, бакъул рукIкIбуца
Букъ-букъун бессараб Дагъистан гIадин.
Бессана хIасратал кочIол жугьабаз,
Камилаб, урхъараб назму кинигин.

Бессана, босеян тIансадай кьуна
КиналгIаги кьерал дир гIумруялъул,
Киналго хIанчIазул щибаб хIулидал,
Киналго щобазул щибаб тIегьалъул;

Киналго тIоразул щибаб мугьалъул,

Щибаб жагаялъул, щибаб гагадал,
Гага-гага гIадал чанил беразул,
Чуязул берцинал жалазул расул.

Бессана эбелалъ санаца тIанса:
Ясал расандизе, васал кьурдизе.
ТIанса бессулаго ахIулеб сарин
Эбелалъул дида ракIалда буго.

**3. ТIанса бессулаго ахIараб кечI**

Балагье ихалъухъ!
ГIурччинаб ратIлилъ
ГIурул рагIалалде
Чвердезе бачIун.
ГIурччинаб, гIурччинаб –
ТIанхалъа къватIиб,
ТIегь гIадин, баккулеб
ХIасраталъул кьер.
Гьеб дир бокьулеб кьер
Кьела, вас, дуе, –
КIваричIо чIегIераб
ЧIунтелалъул кьер.

Балагье риидахъ!
Бакъул чIораца
Рукъарал багIарал
Хулжалгун унеб.
БагIараб, багIараб –
ГIищкъуялъул кьер,
БагIараб хъвалхьараб
Хъарпузалъул кьер.
Гьеб дир бокьулеб кьер
Кьела, вас, дуе,  –
КIваричIо чIегIераб
ГIазабалъул кьер.

Балагье хаслихълъи!
ТIохдеги бахун,
ТIогьилал тIанхазул
Пахруяб ратIлилъ.
ТIогьилаб, тIогьилаб –
Пикруялъул кьер,
Гьуинаб гIумрудул

ГІурхъиялъул кьер.
Гьеб дир панаяб кьер.
Кьела, вас, дуе, –
КІваричІо чІегІераб
ЧІвай-хвелалъул кьер.

Балагье хасалихъ!
Хъван балеб гІазу,
ХъахІал тІаргъалъ ругел
МугІрузул тІогьал.
ХъахІаб, хъахІаб, хъахІаб –
ГІакълуялъул кьер,
ГІоралъ росун арал
Соназ тараб кьер.
Гьеб сайигъаталъе
Босе, вас, дуца, –
КІваричІо чІегІераб
Къварилъудул кьер.
ЧІегІераб – васаца
Буртина ретІе.
ЧІегІерал – ясаца
Гъалал иццухъ ххай.

Гьедин эбелалъул анищгин гьари
Аллагьасде, тІолго дуниялалде...
ТІамулеб букІана гъолъ пал кидаго,
КвенчІелде ичІабго чІимихги рехун.

ТІамулеб букІана дир эбелалъ пал,
Иргадал ичІабго чІум рикІкІунаго.
ТІамулеб букІана щибав васасе
Росдал руччабаца Дагъистаналда.

– Гьел дур чІумаздаги, дур чІинхаздаги
ЧІаголъи, балъголъи кин лъалеб, эбел?
КвенчІелде рехарал гІисинал ганчІаз
Дуе бицунеб щиб, бице, дир хирад?

Эбелалъ абуна: – Гьаб ичІабго чІум
ИчІго асар бугин дун мискиналъе.
Эбелалъ абуна: – Гьаб ичІабго чІум
Къоял, сардал ругин саназ рикІкІунел.

Гьаб бищун кІудияб, бищун халатаб
Хиялги рокьиги бугин жиндирин.

Гьаб цо кIиабилеб дир гьари бугин,
Гьаб цояб – пашманлъи, цогияб – рохел.

Гьаб цояб – дир бухIи, гьаб цояб – рахIму,
Гьаб цояб – дир васал руссинин божи.
Гьаб цояб буго дир даимаб хIинкъи,
Дун – къварилъидул яс, рохалил эбел.

ЧIалгIен, сабру, сапар, пикраби, хьулал –
Кинаб асар гьечIеб дур эбелалъул;
Иргадал гьел рехун, дица гьикъула:
Бакъулищ, цIадулищ дунял букIинеб?

Дица гьел киналго данде ракIарун,
Дир васазул къисмат къойил цIехола...
...Пал тIамулеб мехалъ дие ахIараб
Эбелалъул сарин ракIалда буго.

**4. Гьале, пал тIамулаго, ахIараб сарин**

Вас, квенчIелда гIодов чIа,
Дица дуй пал тIамилин;
Гьале – дунял, гьале – мун,
Гьале – ралъад, гьале – лъар.

КIудияб сапар буго,
Сухъмахъ тун шагьра буго.
Щиб босундай вуссина
Росулъа рокъове мун?

Дица духъан гьарулеб
ЦохIо сайигъат буго:
Дурго черхалъе сахлъи,
Дурго ракIалъе рохел.

Вас, квенчIелда гIодов чIа,
Дица дуй пал тIамилин;
Гьале – гIалам, гьале – мун,
Гьале – гIумру, гьале – гъветI.

ГъотIоде гIазу бала,
ГIемерал цIадал рала.
ГIедал дуца ракьалъе
Кинал пихъалдай кьела?

Дица дуе гьарулеб
ЦохIо сайигъат буго:
Сонал, сонал, сонал, дуй
Сон щогеги пихъ гьечIеб.

Вас, квенчIелда гIодов чIа,
Дица чIинхал рехилин;
Гьадале – рохь, доле – чан,
Гьадале – зоб, доле – хIинчI.

Щиб рорждендай гьабила
Дуца гьаб дунялалда?
Кинаб кечIдай ахIила
Улкаялъе, вас, дуца?

Дица дуе гьарула
Бищунго панаяб кечI, –
Гьеб дуца ахIулаго,
Улка гIенеккун чIезе.

Гьединан улбуца, пал тIамулаго,
Гьарана зобазда, накабиги чIван:
Дур бакъалъ, дур цIадаз цIуне дунялан
Дунялалъул рокъоб къварилъудаса.

Биччайин дир васал сахал рукIине,
Сапаралда гьезий нухал ритIизе.
Биччайин гьел хехго кIудиял гIезе,
ГIадамал киналго лъикIал дандчIвазе.
Биччай ахIулеб кечI рокьул букIине
Макьаби гьуинал хехго тIуразе...

...Тирулеб, сверулеб соназул гьоко,
Сардида бакараб чирахъ – дир эбел.
Щибго бицинарин рагъ ккечIонани,
Кидаго хIалтIуда тIад йосун эбел.

Нижер росулъ цIиял рохьарал рукъзал,
ЦIализе, хIалтIизе унел ниж васал.
Транзисторалъул антена гIадин,
Эхетун, тIохда чIун гIумруялъ эбел.

Хадуб, аскIоб бугеб сиялде яхун,
Сиял тун рикIкIада ругел нижеда,

Телевизоралъул вышка кинигин,
Кисанго йихьулей йикIана эбел.

АхIдола микрофон каранзул рекIелъ,
Кир ругел васалин – угъалилъ эбел.
МагIарул росабалъ телазул кваралъ
Телеграммаби цо сородулел куц.

ХъахIлъи рехилалде, дол гIорхъабазда
ГIарадаби руго кIалалги рагьун.
КIудиял каскаби, бакIал чакмаби, –
Бице макьилъцин гьаб бихьанищ, эбел?

5.

Васал гIуна, эбел, васахъ балагьун
НекIсиял тушбаби рукIана соназ.
РикIкIада улкадул гIорхъабаздасан
Дир гIумру бихьулеб букIана гьезда.

Дуца дун гьавураб гьадаб соналда
Пиводал рукъзабахъ Германиялда
Гьагав ефрейторас цаби рукъана,
Цинги балагьилин дур тIанчIазухъин.

Дуца гьулакалда, рагъуй кьеларин,
Кьижайин панаяб ахх бачунелъул,
Доба Мюнхеналда кьвагьдей ургъана,
Кьибил тIогьол гъотIол тIубан бухIилин.

Цинги дун цIалдохъан, хадув пионер,
Хундерил хъаладухъ гьоркьохъеб школ...
Фюрерасул согIал факелазул цIа, –
ЦIер гIадин гьаб дунял жидер букIинин.

Дур кIудияб хиял, халатаб сапар,
Дуца пал тIамуна дун тIад вуссинин, –
Руралъул заводахъ хвалил бомбаби
Хал гьабилин абун рукIана сардилъ.

Дида гIищкъу лъана, кодоб къаламгун
КечI хъвана тIоцебе дица дир рокьул.
Доба «Барбароссил» планалда гьоркь
Гъулбасун дий хвалил хIукму къотIана.

Буйнакск. Авар педучилище,

Гьенив мугIалимлъун нилъер МухIамад,
МагIарул васазда дарсал малълъулев
Гьаб нилъер бацIцIадаб рахьдал мацIалда.

Доскаялда вугев гьеcда нахъасан
Фашистаца буго ишан босулеб:
Гьанже дарс нужее цIияб букIинин, –
ЦIалилин рахьдал мацI автоматаца.

МахIачхъалаялъул институталда
Ахилчи картадахъ балагьун вуго;
Гьев жагърапиялъул факультеталда
Экзаменал кьезе къачIалев вуго.

Доб Германиялъул площадазда
Фашистазул бетIер вуго ахIдолев:
Гьеб карта хисизе жинца гьабилин,
Жагърапия жеги цIияб букIинин.

Мун йикIана, хехго лъудбиги рачун,
Лъималазул берталъ кьурдизе къачIан...
Доба фельдмаршалал сагIтиде къулун,
Минутал, секундал рикIкIунел руго.

Доба генералал, дурнавалги ххун,
Хал гьабулел руго нилъер ракьалде.
Доба гестапоялъ картаялда тIад
ТIанкIал лъолел руго освенцимазе.

Доба сигналалъе цо квер борхана, –
Рорхана, рорхана юнкерал зодой.
ХъахIлъи лъалеб мехалъ бомбаби рехун,
Риххана бертаби, биххана макьу.

БитIун байбихьулъго къоги лъутIана,
ТIоцебесеб къоялъ рии лъугIана/

Каранда хъанч барал чабхъадулазул
Чаран, тIухьи, пахь, махх – миллион мотор
Кинабго рахъалъан хъудана дуде
ЦIидасан чIвайилан чIегIераб кIазин.

Гьедин сверун ана, бихх-биххун анна
Ахаде бортараб гьоколъун дунял.
Гьеб нахъасан цулел, цебесан цIалел

Цоцазда тIатIал ккун бугеб щинаб харчI.

6.

Эбел, гулал, харчIал, гIемерал харчIал
Хваразул, чIваразул щуябго соналъ...
Эбел хиялалда хал гьабун йиго, –
Халалъи сардазул, согIлъи къоязул.

Улбузухъе кагътал дагьлъулел руго,
Даим къо анагIан къокълъулел руго.
Улбухъе хабарал къварилъун руго, –
Даим къанал, къанал гIемерлъун руго.

Улбухъе ругьелал тIагIунел руго, –
ТIагIанин васалин рачIунел руго.
Улбузул каваби рухулел руго, –
Камунин гьавилан, гьечIин довилан.

Эбелалъул чIинхаз руссинин абун
Абурал гIемерал руссунел гьечIо.
Эбелалъул кучIдуз рачIинин абун
АхIарал гIемерал рачIунел гьечIо.

Эбелалъул каказ, квералги рорхун,
КигIан гьараниги хвел чIолеб гьечIо.
Эбелалда макьилъ бакъ бихьаниги,
Ракьалда бугеб кIкIуй кIодолъун буго.

Дир эбелалъул ракI, beралгун гьумер,
Гьезулъ буго рагъул кинабго сурат.
Дир эбелалъул черх, борхараб бетIер, –
Гьениб ВатIаналъул чIухIиги яхIги.
Дир эбелалъул кечI, угьулеб хIухьел, –
Гьениб улкаялъул унтигин бухIи.

**Эбелалъ абула**:

Гьанже гьал рехулел киналго топал
Дир каранда ругин такрар гьарулел.
Васазда щвелалде загьрuяб тIухьи,
ТIул-ракIги дир бухIун, бугин пештIолеб.

**Эбелалъ ахIула**:

Гьаб дир ракI ссудулел сиязул тIанчIи,
Дир васал, балагье хъахIил зобазухъ;
Зобазда хьвадулел хьухьазда гьоркьоб
Дирги хIухьел бугин нужехъ угьараб.

Рагъул байдабазде канлъи рехани,
Керен кьунрусса нуж багIар бакъуде.
МугIрул тун унелъул гьелъул хучдухъе
Дица салам кьолин, нужехъе кьеян...

...Амма холел руго хириял васал,
Цо ВатIан бихьизе бетIерги борхун;
Ракъварал кIутIбуца унти хIалуцун,
«Эбел, эбел» абун хIалица щурун.

**Эбелалъ ахIула**:
КIиго чи вагъулеб гIадат букIунин,
ГIалам тIад багъулеб буртинаго щиб?
КIиго кьибилалъул къисас букIунин,
КъватIибе дунялалъ цIараб ханжар щиб?

КIиго чи вагъани, гьезда гьоркьобе
Дица чIинчIу рехун, чIолаан хунжрул.
Киналго улбуца аза-азар кIаз
Бахъун рехун бугин, лъалхъуларищ рагъ?..

Эбелалъ ахIула, эбел гьардола,
Амма гьелъул гьаракь рагIулеб гьечIо.
Буго кIудияб кьал, бецIаб цIадул кIкIуй,
Руго жаназаби кIкIуйдулъ женжелел.

Севастополалъул кIалгIаби, ганчIал...
КIикъоялда цойилъ нуж руго нугIзал,
НакIкIилаб цIорораб сордо букIана,
Самолет бортана ЧIегIер ралъдалъе.

Гьелда рекIараб цIа карачелазул
Квачараб гьелчеялъ свине гьабуна.
ГIумру гьечIеб тIагIел тIиналде ана,
ТIад гьелда вукIана дир вац Ахилчи.

Гьеб хабар бицингун, эбел кIалъана:
Ралъад гьекъезегIан къечон йигин дун.
Гьединаб гъваридаб, гьедин гIатIидаб,

Гьединаб гІурччинаб хоб букІунарин.

Хабада тІад зани чІвалеб гьечІелъул,
ЧІаго вугин дир вас Ахилчийилан.
Гъов вукІанин лъикІав дир лъадарухъан,
ВачІинин квачІги бан карачелабалъ...

Цингиги Волга гІор, гІасияб кьалул
ГІузрабаз кІвекІулев дир кІудияв вац.
Доб Балашовалъул госпиталалда
Гьесде гьетІун хирург... БетІер хьвагІана.

Къваридаб ахІиялъ эменги дунги
Ана гьесда хадур. Хвана, ватичІо.
Хабада зани чІван, гьелда цІар хъвана:
ЦІадаса ХІамзатов МухІамадилан.

Гьеб хабарги босун, доб августалда
Ниж эбелалъухъе щвараб мехалда,
Гьей цодагьаб мехалъ гІатІхан хутІана,
Цинги гІодой чІана дагьал сагІтаца.

ГІодана, кидаго кІочон толаро,
КІудияб гирулеб цо магІил горо, –
Цогиязда гьоркьоб гьеб бихьулаан,
Гьурмада лъалхъараб, багъаричІого...

Цинги гьай хеккого тІаде яхъана,
Хурий балагьана, хІалтІизе инин.
Гьай йихьараб мехалъ хурцин гьардана;
Гьаб пашманаб къоялъ дуй хІалтІи щайин.

Ва амма хІалтІана хІайранай эбел,
Иццухъе ана гьай лъел гІеретІ цІезе.
Гьалъул доб гирараб кІудияб магІу
БагІараб цІадуде буссанин ккана...

...Къого миллион чи, гьезда гьоркьосан
Нусгоялде гІунтІун дир ЦІада росулъ...
ВуссинчІо божарав щуго мадугьал,
Щунусго ракІ щварав, рикІкІунев гьобол.

Фашистал рукІана нилъер улбуца
Гьанже чІегІераб кІаз чІвалин гІумруялъ.
Эбелалъ ахІана: чІегІер баларин,

ЧIегIерал тушбаби, нуж рохизеян.

Дир гьари рагIичIел, гьалагаб ццидал
Нужеда нагIана рагIизе бугин.
Дир магIу бихьичIел, бадиб пирхараб
Пири гIадаб цIаялъ рухIизе ругин.
Дир божи бикъарал, кьун буго къисас
Кьварарал васахъе нуж щущахъ разе...

...Гьединан йикIана, кьурул си гIадин,
КьуричIого эбел щиб къо кканиги.
Къварилъи баччана ВатIаналъ гIадин,
БетIерги къуличIо солдатас гIадин.

Жибго улка гIадин, эбел, дур къуват
Къуркьизе гьабизе лъидаго кIвечIо.

КIудияб яхIалъул камилай пача,
Кини кIикIарай дуй гьеб къвакIи киса?
Бищунго хIеренал кучIдузул устар,
Киса дуе щвараб щулалъи рекIей?

Огь, гьал дур рагIаби, гьал дур саринал,
Свераби гIемерал гIумрудул бакънал,
Киниде лъимаде къулун ахIарал,
Къаникь гьев лъолелъул хадур рачарал.

Дун хIайранлъулев куц нужер каламалъ,
ХIарп кидаго хъвачIей магIарул шагIир;
Кьералгин накъищал гIумру кьуралъул! –
ГIумруялъ цIаличIей авар художник.

Жеги школалъул каву рагьичIей,
Кинабго бичIчIулей дир академик,
Рокьулги, ракьулги, гIумруялъулги
ГIорхъода кидаго чIарай хъаравул.

ЧанцIул унтаниги, тохтир лъаниги,
ЛъикIлъизе эбелалъ гIадин гьавичIо.
Рагъул чин гьечIого, пагон бачIого,
Полкал гьужумалде рачуней маршал.

Нуж – Дагъистаналъул афродитаби,
Улкаялда дагьал лъала жегиги.
Гьал магIарулазул монализазул

Батуларо сурат, – кигIан сверарав?

Нуж дир Кавказалъул сиязда гIурал,
Дир «Санта Мариял», «Аве Мариял»...
Нужер къисматалда рекъараб къимат,
ГьечIо цIадираби жеги гьеб цIарал.

Эбел, дуца азарго
КечI ахIана васасе,
Гьел рукIинчIел ани дун
ВукIинецин вукIинчIо.

Дур тIинкIулеб магIуялъ,
Дур абулеб рагIиялъ,
Дуца ахIулеб цIаралъ
ЦIунана дун ракьалда.

Инсуца абулаан,
Жинда эбел лъачIила.
Эбел лъарав – налъулав,
Дица щиб жо гьабилеб?

Гьалагаб рагъ лъугIана,
КIиявго дир вац чIвана.
ЧIаго хутIарав дица
Щиб жо дуда абилеб?

Ахиралда июналъ
Эменги ватIалъана.
БетIер хъахIлъарав дур вас
Кинан дуда кIалъалев?

Дур чIумазул рахасал
Риххана хвалил телаз;
Хабалъ мунго лъезегIан
Дир мехал рикIкIана гьез.

Балагьалъул гьороца
ГIемерал росун ана;
ГIурччинаб ихги кечIги
Дица данде къан буго.

Вацал чIвана, дун щайзе
ЧIаго хутIарав, эбел? –
Холелъул гьоз щурараб

Дур цIар цIунизе гурищ?

Мун цIунеян инсуца
Унеб мехалъ гьарараб,
Ахирияб васият
ТIубазабизе гурищ?

Дий санал кьун ратила,
Сапаралъ рокъов щвейгун,
Бакъул рукIкIбуз букъараб
Кверлъен дуда тIад чIвазе.

Хадуб лъадиги ячун,
Лъимал гьарураб мехалъ,
Гьезда дур рахъалъ бицун
Дунял бихьизабизе.

РекIел чIвабзаз бессараб
Дир сариназул тIанса,
Дур сурат бакьулъ гьабун,
Гьал кьурабазда базе.

Кьер-кьерал асаразул
Мухъал ругеб кочIол шал
Кинабго улкаялъул
Улбузда «маян» чIвазе.

## УЛБУЗУЛ ЦIАРАЛ АХIУН,
## ЦIУРМАЛ КЬАБУЛЕЛ РУГО

**Лъабабилеб кечI**

«Дир бухIулеб ракI АхIулгохI гIадин буго.
Бухе цIумур – цIа гьалдолеб буго».

**Эбелалъул рагIаби**

I

Цогияз ахIичIеб ахIулев гуро,
Яги улкаялъул гимн хъвалев гьечIо,
Амма, букIаниги, рекIел музыка
МугIрузул гIор гIадин чвахулеб буго.

Чорхол оркестралъ азарго гьаракь

Зобазде, ракьазде бикьулеб буго.
Бакъан бачIун буго. Гьелда рекъараб
Гьаб дуниялалда буго цо рагIи.

Дица гьабсагIаталъ гьеб абилалде,
Гьалмагъзаби, вацал, нуж тIаде рахъа!
ЧIагоялгин хварал, херал, гIисинал, –
ГIасрабазул тIанчIи, нуж тIаде рахъа!

Кьижарал авлахъал, хъудулел гIорал,
ГIатIидал ралъадал, нуж тIаде рахъа!
Рахъа мугIрул гIадин зобазда цурал,
Гьал кьураби гIадин кьер гьарун чIарал!

ТIад ругелги рачIа гьанир гIодоре,
ГIалам, континентал, нуж тIаде рахъа!
Дица гьабсагIаталъ рагIи абила,
РагIичIин абуге, нуж тIаде рахъа!

Рахъа, их бачIингун, хурдул кинигин,
Рахъа, гъугъадигун, гъулдул кинигин!
Гьеб рагIи рагIила гIумру кинигин,
ГIищкъул аллагь гIадин, нуж тIаде рахъа!

Гьеб рагIицин гуро, гьеб гьари буго,
Гьа буго, как буго, нуж тIаде рахъа!
Жакъа гьавурасул цIияб гьаракь гьеб,
ЦIаялъ вухIулесул хIалцен, зигар гьеб.

Гьеб рагIуда цеве налъулав гьечIев
ГьечIо дунялалда цониги рижи.
Цебего, гьитIинго дандерижиялъ
Дие гьеб гIемераб такрар гьабуна.

Дир чорхол оркестр, ахIде ракьалде
Эбелилан абун, рагIулищ рагIи!
ТIолго гIаламалъул киналго цIурмаз
Гьеб цIар такрар гьабе, нуж тIаде рахъа.

Рахъаниш, гIенекке, лъалхъе, гIодор чIа,
Дир лъугIи гьечIеб кечI – дир эбелалде.
Эбелалъул бакъан дийгй лъугIичIо,
КигIан бакъ ракьалда боркьананиги.

II

Буго дир рекIеда цо кIудияб хIакъ,
Гьелъул хIакъикъаталъ лъалъала керен.
Гьеб буго квар гIадин, горбода бараб,
ГарацI, дун хвезегIан, тIезе кIолареб.

КIочонареб февраль, ахираб сордо,
Эбелалъ хIалица хIухьелги босун,
Васал жиндихъего ахIулеб мехалъ,
АскIов дун вукIинчIо, хун гьечIониги.

Берал къанщилалде, тIелхалги рорхун,
ТIаде къуларазухъ балагьарайго,
Къо-мех лъикI гьабизе дун ватичIого,
Далун бетIергун гъой гьапуллъун йиго.

Дир рекIеда буго кIочонареб хIакъ, –
КIудияб камидал гьеб кверкьеялда,
Квер босун зигара базе щвараца,
Щай дун гьечIевилан гьикъана щивас.

Дица тIойитIичIо тIарамагъасеб,
Юссунареб нухда хирияй эбел.
Дица гъежда лъечIо гъолъул жаназа,
Дун тIаде къуличIо гъой тIупулелъул.

Ва дида рагIичIо магIирукъзабахъ,
Мун кив вугевилан, диде ахIулеб, –
Щиб цIумур бухилеб, дуда рагIизе,
МагIарул вас, вачIа – дур эбел гьечIин.

Буго дир рекIеда захIматаб ругъун,
Даим регъолареб, даим унтулеб, –
Гьединаб нужеда жеги лъагеги,
Жакъаялдаса гьеб метер бухIула.

III

Эбел, дунялгин гIумру
Дие рукъгин нух буго,
Добаги гьанибги дир
Гьадин чIараб бакI гьечIо.

Дир сонал, ингин вуссин,
Росугин тIолго гIалам...
ГIагарай, дун доб мехалъ

Сапаралда вукIана.

Сапар гьабун букIана
РикIкIаде улкаялде, –
Дир ракI бикIулеб бугеб
Гьеб рукIкIадул бегIерлъи.

Дида кIочон толаро,
Дун унеб мехалъ, эбел,
Гьаб дир кверда кверги лъун,
Дуца гьабураб калам:

Айин, нух битIагийин,
ТIад вуссцнеги лъайин,
Гьаб нилъер тIалъиялъул
ТIугьдулги кIочонгеян.

Зодосан унеб мехалъ,
ГIодойги балагьейин;
ГIатIидаб ралъадалда
МугIрухъги балагьейин.

Заманаги рагъ бугин,
Гьелъул ругъназул бухIи
Щолареб керен гьечIин,
КватIуге вачIинейин.

Дун цIакъ рикIкIаде ккана,
КватIана духъе, эбел,
Киданиги дидаго
Дун тIаса лъугьинаро.

Унтун йикIананиги,
Дида ракIалде ккечIо,
Кидаго мун хвелилан,
ХутIилин мун гьечIого.

Гьединан лъараб ани,
Кивего инароан;
Дур кверални кверги чIван,
ЧIелаан къасигин къад.

Къваридал бераздаса
Бер тIаса босичIого,
Дур кIутIбуца щурулеб

Щибаб рагIухъ гIенеккун.

ЧIелаан дур гIумрудул
ГIорхъода хъаравуллъи,
ГIорул рагIалда нуха
Эхетараб гъветI гIадин.

Кивего инароан,
Дир АхIулгохI – Дагъистан..
МегIер биххулеб мехалъ,
ХутIана къварид кьуру.

ХутIана дун рикIкIада
БотIрода квералги лъун,
Дур камиялъ гурони
КантIизавичIо лъимер.

ХутIана дунялалда,
Дунго ккураб квар борчIун,
Кивалиго гъваридаб
КIкIалахъе вортун унев.

Мотор чIараб самолет
Гьедин гурищ бортулеб?
Гьалагал гъугъдулъ речIчIун,
РичIчIи-ричIчIи лъугьунеб?

Огь, рукIкIбузул бегIерлъи,
Соназ дир ракI бикIулел...
Дун цIакъ рикIкIаде ккана, –
КватIана духъе, эбел.

Мунги цIакъ гIедегIана, –
Их бачIинегIан чIечIо;
Бищунго гьитIинаб моцI
Февраль инегIан чIечIо.

IV

Февраль... Фудзияма даимаб гIаздалъ
ГIагараб Казбекгун Эльбрус гIадин.
АнцIазарго версталъ рикIкIад Дагъистан,
Дун – Япониялда, Хиросималда.

Халкъазул кIудияб гьаб кверкьеялда,

Киналго ракьазул мавзолеялда,
Кодоб къункъра ккурай санихъ хал гьабун,
Хиял-гIакълуялъул магIирукъалъув.

Февраль... Дун вукIана дуниялалъул
ХIинкъи-ургъелалъул АхIулгохIалда, –
Азарил соназул чIухIи-яхIалда
БухIараб августалъ тIупан тIад лъураб.

Данделъун рихулел росдал кверкьеял, –
Кидаго, кидаго бцххулареб гьаб.
Гьабулеб, лъугIулеб магIуги кечIги, –
Даим лъугIулареб гьаниб магIу-кечI.

Февраль... Хиросима, хабада тIугьдулъ
ТIадмагIарул квацIи цо дирги буго, –
РухIаразе бараб пашманаб гохIда
Дагъистаналъул ракь, цо дангъур цIолеб.

Дица гьеб босана инсул зонохъа
Улкаялъул рахъалъ зигараялъе.
Зоное бачIараб азарго ганчIилъ –
Сталинградалъ битIараб цояб.

Регъола черхалда бухIараб ругъун, –
ЯхIалда лъураб гьеб регъолеб гьечIо.
Атомалъул унтул къоябго соналъ
КъотIулареб зигар лъугIулеб гьечIо.

Дихъ балагьун буго чIваразул рагIад, –
ЧIагоял рукIанин нижги мун гIадин.
Буго рухIаразул хIурги рохъоги, –
Жалги хIасрат лъарал чурхдул рукIанин.

Буго пианино, килщал рухIараб:
«Кир ругел дур бакъанал?» «Къанабакь руго».
Къо байбихьулъ даим чIараб сагIат щиб? –
ЧIунтана, биххана дир Хиросима.

Гьал кверал гIемерал шарал, нуж кинал? –
Киналго хваразе рорхарал руго.
ХъахIал кьерал руго исана хварал,
ХутIарал цересел соназул руго.

Дур рахъалъ, дир рахъалъ, улкадул рахъалъ,

Эбел, шарал ккурав щивасда квер лъун,
Киналго ракьазул жамагIатгун дун
Далун кереналде бетIергун вуго.

Байдан бакьулъ буго кIудияб цIумур,
ЦIунцIрахун уна черх гьеб бухулаго;
Балагьалъул гьаракь кибго рагIула –
Керен кьватIун уна гьелъул гьаркьица.

Дица бакIаб гьецIокъ гьелда кьабана:
Кьижарал рорчIаян, чIварал рахъаян.
ЧIаголъулел руго цIурмил гьаркьихъе
ЦIар ахIаралщинал дир гьудулзаби.

Августалъул рогьел, гьаб цIурмицайищ
ЦIалдезе ахIарал гIисинал лъимал!
Рагъул ахиралда, огь, Япония,
Гьабищ дуе кьураб кьогIаб дарс хвалил!

Бице, инсаният, гьадин къваридго
Къо байбихьарабищ дуца кидаго?!
Чанги базар лъана, гьадин бидулаб
БукIанин кидаго гьаб гIаламалда?!

Гьадинан вуго дун, бухула цIумур,
Балагьун йиго яс ганчIил гьаюрай.
Гьелъул хьатикь буго дир хъахIаб къункъра, –
Гьебги къотIулаго къанщун йиго гьай.

Йиго гьай сиялда, даим кидаго
Кодоб ккураб хIинчIалъ хвасар гьайичIей, –
ХутIаразде буго гьалъ балеб ахIи
Нужеца къотIейин азарго къункъра.

Гьай гьардолей йиго: гьаб атомалъул
Унтудаса дунял хвасар гьабеян,
Хвалил бомбабазул загьруялдаса
Замана сахлъулеб сабаб батеян.

ТIинчIай японияй балагьун йиго,
Гьелъул берзукь буго кьер-кьераб дунял.
Даба бельанхъулеб, гьаниб гIодулеб,
ГIумруялъ хъудулеб, дагIба лъугIичIеб.

Гьеб дунял сахлъизе, эбел яхъине

Дицаго къотIана къункърабазул тIел.
Дица кучIдул хъвалеб гьеб хъахIаб кагътил
Иргадал кваркьаби лъугьунел руго.

Дир хьулал, дир къасдал, гьаркьахунаго,
Гьаб дунялалда тIад роржунел руго,
Вижараб тIалъиги тIолго гIаламги
ТIохде бахун зодой балагьун руго.

Рорхун руго хурдул, эхетун гьутIби –
Азия, Африка кверал хьвагIулел.
Эбел, кIалтIе яхъун гIансиде гьетIун,
Гьаб дир анищалда дандчIвалей йиго.

Дагъистанги сверун, Сибирги къотIун,
Къункъраби руссуна Хиросималде.
Гьезухъ хал гьабигун дир хиялалъе
Хварав кIиявго ващ рачIуна рахъун.

Гьез ахIараб мехалъ, хирияв инсул
«Василан» ахIулеб рагIула гьаракь.
Гьез куркьбал хьвагIигун, киналго чIварал
ЧIаголъун рачIуна дир берда цере.

РекIелъе лъугьуна, кIудияб кьалда
КьижичIел, рорчIичIел миллион васал.
Дир Европаялда, дир Азиялда
Дунялалъул рагъул хабазул занал.

Дида цебе чIола доб Освенцима,
БахIарай ясалъул ясикIодул бер.
Дир гIинда багъула Белоруссия,
Гьелъул росабазул цIурмазул гьаракь.

Кавказалъул иццал, гьенир цIар хъварал
ЦIадулъан рачIуна: ниж дур вацалин.
РагIула бухулеб Бухенвалдалда
Пахь, тIухьи жубараб тIагIел чIваразухъ.

ЧIваразги хваразги сверун ккурав дун,
Кагътиде къулула, къаламги босун;
Дица къункърабазул рахъалъ, дир эбел,
Доб мехалъ гьабуна пашманаб сарин:

«Дида ккола рагъда камурал васал

Кирго рукъун гьечIин, къаникь лъун гьечIо.
МугIрул тун рикIкIада, хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде руссун ратилин»...

Дица хъвана, эбел, дол къункърабазул
Къокъадулъ мун йикIин жеги лъачIого.
Гьезул тIелалда гъорлъ, гьале дунгиян,
Дое йоржун уней мун йихьичIого.

Гьезул ахIиялъулъ бухIараб гьаракь
Гьале, вас, эбелин, дур рагIичIого...
«Боржун унеб буго къункърабазул тIел,
Къокъа буго чIварал гьудулзабазул».

Дица гьедин хъвана Хиросималда,
Хиросима дунго вугеб лъачIого.
ТIубан Хиросима ватичIониги,
Гьелъул бутIа вуго. Балагье, унго!

ХъахIаб ретIелалъул херай японалъ
ХъахIаб шар бегьана, гьаб дуца кквейин.
«Дие камурав щив? Щиб гьаб кколебан?»
Гьикъана дир бераз сверухъ балагьун.

Совет улкаялъул вакилас дихъе
Пашманаб тел кьуна. Кьабана цIумур.
Кьабана, ахIдана гьаб дунялалде
Гьанже бесдаллъанин Расул ХIамзатов.

Февраль, Хиросима... Хвана дир эбел, –
АнцIазарго версталъ рикIкIад Дагъистан.
Дица хIехьги босун, гьелъул цIар ахIун,
ЦIумур дунялалье бухулеб буго.

V

## ЦIурмил хIакъалъулъ кечI

Пахьги тIухьиги жIубан,
ТIаде гIарацги бессун,
ГIаламалъ гьабун буго
Гьаб зобалда бан цIумур.

Пахьулъ буго тIадагьлъи,
ТIухьидулъ – къвакIи, бакIлъи,

ГIарцулъ – къимат, берцинлъи,
Цолъидал гучаб гьаракь.

Гьаракь – сардал хъвалхьунеб,
Сонал каранде къалеб,
Кинабго гIаламалъул
ГIумру хисизабулеб.

Гьаракь – гIисинаб толеб,
ГIор бахун доб рахъалда
ГIадамазул яхIгин цIар
ЦIадирабазда лъолеб.

Гьаракь – чабхъад ахIулеб
Чода нахъа хIур толеб,
Къвал бан йокьулейгун дун
Гьаб ракь цIунизе унеб.

Диваналъул байбихьи,
Байрамалъул цебехъан,
Балагь бачIунеб мехалъ,
Бухулеб куц дунялалъ.

Буго кIудияб цIумур
КIудияб дунялалда,
ХутIарал цIурмал руго
ЦIер гIадин гьелъул тIанчIи.

Буго гьитIинаб цIумур
Гьинал рекIелъ кIетIолеб,
КIудиял сапаразде
Сонаца дун ахIараб.

Рогьалида кинидахъ
ЦIумуралъул гIарцул мацI,
ГIумру, гIумруян абун
КигIан дие зваргъараб!

Хадуб цо сентябралъ
Росдал рагIалда школ,
Гьеб цIурмица ахIана
Дун цIияб дунялалде.

Рихьа-тIерхьуда ругел
ЦIваби гIагар гьаруна.

ГIатIидал океанал
АскIор гьелчезаруна.

ВатIанилан ахIдана,
ГъотIода хIинчI кинигин.
Йокьулелъул цIар рехсон,
ЦIа бакана каранда.

Буго кIудияб цIумур,
КIудияб дунялалда
ГIумрудулгин хвелалъул
Хабаралъул цебехъан.

Дунги гьитIинаб цIумур...
Гьаб дунялалъул рокъоб
Дица бухулеб буго
Гьанже кIудияб цIумур:

КIудияб бухIиялъул,
КIудияб гурхIелалъул, –
Дица бухулеб буго
Хиросималъул цIумур.

КIудияй магIарулай,
Эбелалъул цIар ахIун,
ЦIумур бухулеб буго –
Зобал гъугъалел руго.

Гьеб цIурмил гьаркьил къуват
Дир чорхолъ бугеб гуро, –
Чара хвараб къварилъи,
Гьелъул къуват бугеб гьеб.

VI

Дица босун букIана
Эбелалъе сайигъат
Япониязул кверлъин,
Куназ жага бессараб.

Цинги ункъо рахъалъан
Къокъа-къокъаби гьарун,
Къункърабазул суратал
Накъищ гьабун угьараб.

Жага куназ бессараб
Япониязул кверлъин:
Кий дур эбел йигеян
Буго дида кIалъалеб.

ТIад къункъраби рессараб
Къваридаб дир сайигъат:
Жиб чIегIералъги белъун
Буго яцалъе кьеян.

Гьанже сайигъатазул
Гьелъие рохел гьечIо;
Рохел щиб, пашманлъицин
Гьанже долда лъаларо.

Гьанже дуда дандчIвазе
Дой тIохде яхунаро,
ТIохда щиб, жеги гъасда
Вуссанищ абиларо.

Мун долъул унтабазе
Дараби ралагьулев, –
Гьанже дой унтарайцин
Дуда ятизе гьечIо.

Цебе мун, кватIанити,
Гьелде аскIой щолаан,
Гьанже щиб гьабуниги,
Щвеларо гIумруялъ мун.

Азарго къункъра гьабе,
КъотI-къотIе хвалчад нухал...
Огь, нух битIичIев гьобол,
Мун вугев куц рикIкIада!

Доба дур Кавказалда,
Кверкьовуда Дагъистан
Дур азбаралда буго...
Мун вугев куц рикIкIада!

ТIаде балеб гIазуялъ
ГIадамалъ мун гьикъула, –
Февралалъул квачаялъ
Кив вугев мун цIехола.

МагIил рокъоб руччабаз
КочIолъ дур цIар рехсола, –
Росдал ганчIазда херал
Хал гьабун чIола нухде.

Рукъ бакьулъ эбелалъул
Жаназаялде къулун,
Къваридаб дур гIагарлъи...
Мун вугев куц рикIкIада!

Мали гъуждуздаги лъун,
Босун ана гIадамаз, –
«ГIагарав вас, кив вугев?..»
Мун вугеб куц рикIкIада!

ЦIи гьанже бухъараб хоб,
Гьенибе балеб гIазу,
ГIадатаб ганчIил зани,
Дир эбелалъ гьарараб.

НакIкIикьан тIерхьунеб бакъ,
ТIаде гьетIун жамагIат.
Доба ракьулъ белги чIван,
Балагьун гIолохъаби.

Гьезул булдузул хехлъи,
Хоб тIупула тIох гьабун,
ТIаде вахъун кIудияв
КIалъала кверал рорхун:

КIудияй магIарулай,
Паракъат кьижайилан,
Чанги гIумру бихьанин,
ГIемер кIазал хисанин.

Лъимал гIезе гьарунин,
ГIагараб цIар цIунанин,
ЦIигьулдерил яхIалъул
Цо цилилъун йикIанин.

«Гьадин арал чагIазда
Абизе рагIи гьечIо,
МугIрул чIужу, къо-мех лъикI» –
Дун вугев куц рикIкIада!

АнцIила щуазарго
Верст кIияздаго гьоркьоб,
Жеги кIикъого нухалъ
Халатаб ургъалил нух...

VII

Бухулеб буго дица
Хиросималъул цIумур.
ХъахIал къункъраби руго,
Къокъа гьабун рожунел.

Дида ккола, гьабсагIат
Эбелалъул жаназа
Дагъистаналда гьечIин,
Гьаб дида аскIоб бугин.

Дица хIисаб гьабула,
Бищун гIагарай гIадан,
Мун юкъараб хоб гьанже
Хиросималда бугин.

Дунгоги гьелъул бутIа,
ГъотIол дадараб гIаркьел,
Дудаса рикIкIад гьечIо, –
РекIелъ буго къварилъи.

Гьелъ, гьороца гIучI гIадин,
Дове-гьанив чIвала дун;
Гьелчелеб буго ралъад,
Гама гъорлъе тIерхьараб.

Гъаримаб расаялда
Дунго-дунго вуго дун.
БакIаб ургъел бикьизе
Гьаб ракьалда щив вугев?

Лъица кумек гьабилеб,
Дида цадахъ квер чIвалеб
Дир къварилъудал гьамас
Гъуждузда тIад баччизе?

ЦохIо рагIи лъалареб
МагIарул мацIалъ гьаниб,
Фудзияма, кин дица
Дир къварилъи бицинеб?

Бицунилан бичIчIилищ,
БичIчIун хиял гъабилищ?
ЦохIо гъветI бакъванилан –
Гъалараб рохьалъе щиб?.

Доба Дагъистаналда
Цо магIарулай хунин,
Хиросималъ щибилеб –
Азарго хвел бихьараб?

Дун вукIана гьединал
Пашманал хиялазда...
Гьал щалха дир гъажалда
ТIад лъолел ругел кверал?

Щайзе бутIрулги далун,
Дида аскIор рачIунел
РикIкIада улкабазул
Вакилзаби, гIадамал?

Гьай кинай японияй? –
Кидаго кIоченаро,
МагIица тIелхал чурун,
ТIаде къулана диде.

ГIемерисел бесдалал,
Хиросималъул лъимал,
Дур къварилъи бичIчIулин,
РачIун чIана дир хьолбохъ.

ВачIана испанияв,
Доба Барселоналда
Жиндир эбел чIванилан,
Жив гьитIинго вукIадго.

Дида цере.хъатал ккун
Индонезиял руго:
Нилъ къурал чагIи ругин,
Къисмат гьадинаб бугин.

Гьале американав,
Сон дунгун къацандарав. –
Дун дур къварилъиялъул
Къайицадахъ вугилан.

Жегиги китаясцин,
Калам диргун гьабичIев,
Квер кьолеб буго дихъе,
Эбел гьечIев василан.

АскIоб госпиталалда,
Атомалъул чIораца
Унтарал руго рахъун,
Зигара балел дида.

Вортун аскIой вачIана
Пакистаналъул шагIир
Фаиз АхIмад: дир вацин,
Дун дуда цадахъ вугин.

Дида къвал балеб буго
Вьетнамалъул солдатас,
Дирги йикIанин эбел,
ЦIакъ лъикIай гIаданилан.

РачIуна иргаялда
Улкабазул гIадамал, –
Щибас рагIи абула
Унтараб ракI чучизе:

«Дун италияв вуго,
Католик, дин цогияв,
Киназего эбел цо –
Улкаги какги гIадин».

«Дун аргентинай йиго,
Дур Дагъистан рагIичIей,
Амма тIолго улкабалъ
Улбул релълъарал руго».

«Дун африканав вуго,
Конгоялда гьавурав,
Нилъер кьерал – батIиял,
РакIал батIиял гьечIо».

«Цо дир гIурччинаб улка
Ирландия бугилан,
Элда релълъун бихьулин
ЧIегIер бараб Дагъистан»…

Гьединан иргаялда
Улкабазул гIадамал,
ГIодоре бутIрул къулун,
РачIунел, унел руго.

РачIуна французал,
Польшаялъул панаби,
Гьаб нилъер улкаялъул
Вакилзаби, хъизанал.

РачIунел руго херал,
ГIумру арал руччаби,
Эбелалъул бераца
Балагьулел руго гьел.

Улбул, улбул... хъахIлъарал,
Лъимал, дунял гьабурал,
Гьезул щибалъулъ дида
Дирго эбел йихьула.

Гьединан Хиросима,
Дир эбел хвараб мехалъ,
Гьаб халкъул гIаламалъул
Кверкьовуде буссана.

Гьедин, къо ккараб мехалъ,
Дунялалъул гIадамал
Цогияб жо гIисинлъун
ГIагарлъана, вацлъана.

Гьеб мехалъ, лъана дида,
РагIаби гьечIониги,
КочIол магIна халкъазул
Бакънazулъ якъинлъулеб.

Лъана, гьаб дунялалда
Киназдаго бичIчIулеб
Эбел камун хутIарав
БестIаласул мацI букIин.

Лъала, пашманлъиялъе
Перевод хIажат гьечIо;
ХIанчIил тIанчIазул зигар –
Дида гьеб бичIчIулеб куц!

Рохьоб чундузул угьди,
Эбелин гьезул зигар,
Гьеб буго дир рахьдал мацI,
ЦIаличIоники лъалеб.

РачIунел руго дихъе
Гьал лъаларел гIадамал:
ГIаммаб къварилъиялъул
Дур вацал ругин жалин.

Улбул ругел, камурал,
Киналго гьез гьарурал,
Дуе кумек гьабизе
ХIадур ругин нижилан...

– Баркала, гьудулзаби,
Пашманлъиялъул вацал,
ЦохIо гьари буго дир:
Нужерго улбул цIуне!

ЦIуне гьел унтудаса,
Тоге гьел жалго рехун.
Гьел – нилъер тохтирзаби,
Такъсиралъул судиял.

Цогиги гьари буго:
Эбел камураб мехалъ,
КватIуге нуж зонохъе,
Мех-мехалъ гьенир ракке.

Дир рекIеда хIакъ буго,
Дун рокъове тIовитIе, –
Къваридаб аэродром,
Дир гIагараб Дагъистан...

VIII

Къо-мех лъикI, Хиросима,
ХвезегIан кIоченаро
Дур хваразул рагIадал,
Дур чIагоязул берал.

Къо-мех лъикI, бахIарай яс,
Сиялда тIаде яхун,

ТIолго дуниял бакьулъ
Хъатикь къункърагун чIарай.

Дир ганчIил росу гIадаб
Самолеталда рекIун,
Сапар битIичIев гьобол
Гьале, нахъ вуссун унев.

Гьавадул гамаялда,
Дида ракIалде ккола,
Камурай эбелалъул
Жаназа бугин дунгун.

Къо-мех лъикI, Япония,
Фудзиямалъул тIогьал,
ТIасан дида бихьула
Индиялъул океан.

Гьелъул карачалаби,
Дир квер босизе гIадин,
ТIаде-тIаде гьулчула,
Гьезие дир баркала.

Ахада рохьал, рохьал...
Рихьула бецIаб накIкIукь,
Гьаб зодихъе балагьун,
Зигардулел руго гьел.

Ахада самараб хьухь,
Хьухьикьан раккун, тIерхьун,
Рохьор чундул гIадинан,
Шагьарал, пачалихъал.

Филиппинал гъоркь тана,
Тайланд нахъ хутIана,
ХъахIлъи лъалеб мехалда
Гьиндустаналде щвана.

Гьоркьоб цб сагIат инчIо,
Ингилис самолет тун,
Советазул ТУялда
Москваялде воржана...

Москва, мун тун ун дица
ГIемераб заман бачIо, –

ТIадвуссун вачIунаго,
Хисун ккараб куц гIумру!

Чан нухалъ духъе щварав
Гьегьал сапараздаса! –
Гьанже гIадин кидаго
Мун дида данде чIвачIо.

Хириял ватIанцояз
Иргадал данде къана.
Лъалел чагIи рихьигун,
Черх хасго бухIун ана.

Хадуб цояс гIагараб
Аваразул мацIалда
Эбелилан абигун,
ЦIакъго цIакъ къварилъана.

Москва, Москва, Дагъистан
Дудаса рикIкIад гьечIо,
Дунялалъул рагIал тун,
Духъе воржарав дие.

Амма гIагарлъанагIан,
Керен бухIулеб буго.
Кинан бахинеб дица
Думалъ согIаб гьаб гIурхъи?!

Дида рихьулел руго
Дир Кавказалъул тIогьал;
Гьел тIепун руго гIодой,
ГIайиб ккарал кинигин.

ГIагараб Каспиялъул
Карачалаби руго,
КигIан абунаниги
Их щвезегIан дой чIечIин.

Гьале дир МахIачхъала,
Вацгин, яцгин гIагарлъи.
ГIемер мех гьоркьоб инчIо, –
Унго, нилъ хисарал куц!

Хъизан, лъимал, нижер рукъ
Юкъун йиго дир хирад.

Хабаде вилълъа гъолъул, –
Гъоба бугин Дагъистан.

Балеб буго мугIрузде
ГIазу гьаб февралалда.
Гьале эбелалъул квер –
Бихьизабула зани.

Дун зоноде къулана ,
Къо-мех лъикI, къо-мех лъикI дуй...
КъватIиб бицананиги,
ТIубан божун вукIинчIо.

Гьел дур берал къанщулел
Дида рихьичIо, эбел,
Къаникь мун йигин абун,
Гьанжеги вас-васдула.

«...Бице, вац, дида тIолго,
Бице, яц, дида тIолго.
ТIубан гьалъул хIакъикъат,
Гьоркьоб щибго течIого.

Бице, гIагараб тIалъи,
Бице, гIазизал мугIрул,
ГIумру, хвелалъул нугIзал –
Нужеда гьаб бихьанищ?»

Бихьанилан къулула
Къваридго гIодой мугIрул.
Жал рукIанин аскIоян
Абула росуцояз.

Жидеца яччанилан
Абула гIолохъабаз...
Огь, гIазу балеб буго
Эбелалъул хабаде.

## IX

Гьедин вуссана дун сапаралдаса, –
Сапаралъ ун йиго эбел даимаб.
ГIицIго къункърабазул къокъагун цадахъ
Цо-цо юссуна гьей хъахIил зодихъе.

Эбелалъ ракьалъе ракьа-черх кьуна, –
Чапун унеб рокьи нижее тана.
Гьелъул канлъи буго кидаго даим
Дунялалъул нахъарокъоб кенчIелеб.

Эбел! Сонги къоги бачIанщинахъе,
Къваридаб февралалъ каву бухигун,
Даим нухлулав – дун кивго иналде,
Кидаго урхъарав нахъ вуссаравго,

Вега-вахъиналде, кинаб ишалде
Квалквазе, хIалтIизе байбихьилалде,
Дир гIадат букIуна, дур пикру гьабун,
Паракъат, цо дагьалъ гIенеккун чIолев.

Дун гIенеккун чIола, хабада гIадин,
Хирияй, дудехун ургъел бикьизе;
Гьебмехалъ чорхолъан хинаб би уна,
Бадибе батIияб канлъи бачIуна.

Балеб, чвахулеб цIад нуха лъалхъула,
Лъаралги гIоралги гIенеккун чIола.
ГIисинаб, гьерсилаб цебеса уна,
ГIакъилаб, лебалаб аскIой бачIуна.

Киналго гIасиял рагъал сасуна.
ГIадамал, гIенекке дида цадахъ нуж!
Гьеб гIенеккун чIараб дагьаб лахIзаталъ
Дунял цебе чIола миллион соназ, –

Бахъун гьурмадаса сардил пардавгун,
Гьаб жакъа гьабураб лъимер кинигин.

Гьеб лъимер кодоб ккун, нилъер хьолбохъе
Нилъер улбул рачIун чIола кисанго.
РачIуна, хабазул занаби рагьун,
Зодосан, гIодосан, ралъдал тIиндасан.

РачIуна, гIаздаца рахчарал тIугьдул,
ТIаде ихги бачIун, раккулел гIадин;
РачIуна, накIкIазулъ тIупарал сиял,
ТIаса гьелги росун, гвангъулел гIадин.

РачIуна, цIер чIварал лъаралгин гIорал
ГIурччинаб маялде рачIунел гIадин.

РачIуна, ралъдада тIерхьарал гумми
ТIадруссун цIидасан рачIунел гIадин.

РачIуна кирехун рукIананиги, –
Кверал лъола нужер гъуждул, бутIрузда,
Нилъеца кIутIбуца щурараб рагIуй
Щиб, дир вас, дун йигин, кIалъала недегь.

Нилъеда рагIула хIеренаб калам,
Каранде далула мутIигIал бутIрул.
БатIияб бухIиялъ, цIияб асаралъ
Нусабго логода бала цо гъаргъар.

Цояца гьарула тIасалъугьаян,
Цогияз абула: «Эбел, баркала».
Цо-цо гIайиб ккарал гьедула нечон,
Гьадинаб тIокIабккун биччазе гьечIин.

Гьеб асар лъаниги, дунги гIенеккун
ГIумруялда чIана кколелдаса дагь.
Амма гIенеккигун жеги кватIичIо, –
Кидаго ячIана дихъе мун, эбел!

Кида кигIан рикIкIад вукIананиги,
Дир хъахIаб ботIрода тIад бахъана квер.
Бахъана гьитIинав дун вугеб мехалъ,
Доба гьулакалда бахъараб гIадин.

АхIана дир васин, гьеб рагIи гIадаб
ГьечIо дир хазина, гьечIо сайигъат.
Дуе жавабалъе дир щибго гьечIо,
Гьаб дир назмуялъул зани гурони.

Зонохъ лъолел ругел тIугьдузда цадахъ
Пашманал кучIдузул квацIи буго дир.
Гьезий лъугIи гьечIо. ЛъугIарал дица
ЦIалила гьабсагIат, гьале дир кучIдул:

1

Нахъ руссунел къункъраби,
Исана нуж щвелалде
Эбел камуна дие,
Эбел камуна дие.

КватIана милъиршаби,
КватIана гIурччинаб их, –
ГIедегIун ана эбел,
ГIедегIун ана эбел.

ГIурччинлъи гъолъ бачараб,
ГIачиязе гъолъ бараб,
Гъолъул хабада буго,
Хал гьабе, унго, баккун.

БагIараб бакъ чанги гъолъ
ТIохде яхун дандчIвараб,
Гъолъул зонохъ буго щун,
Зигарде дида цадахъ.

Дие исана марталъ
Яс гьаюна гьайбатай...
Эбел камуна дие,
Эбел камуна дие.

II

Эбел, дида кколаан,
Васал къватIир рукIадго,
Къаси гордухъ бакараб
Дур чирахъ свинарилан.

Мун йикIана чирахълъун
Гьаб дир каранлъ бакараб;
Мун камуна, гьебги сун,
Сухъмахъалда вуго дун.

Дида кколеб букIана,
Гуми ралъдалъ рукIадго,
Гаваналде рачунеб
Маяк даим свинарин.

Дир сонал руго гуми,
Гьалагал карачелалъ
Киб бугеб, бихьуларо
Дир гIумруялъул маяк.

Дида кколеб букIана,
КигIан тIанхал гьаниги,
Гьваридаб кьалбазул гъветI

КьуричIого хутIилин.

Гьанже кьалбалги гьечIо,
Гьайбатаб гъветIги гьечIо.
ГъветI бухIараб мехалда
ХIинчI кинигин вуго дун.

Эбел, дида кколаан
Кидаго мун хвеларин,
ХутIилин мун думалъго
Дуниялалъул рокъой.

Гьединан гуребани
Рокъоса инароан,
Их бачIинегIан гама
Гаваналда чIелаан.

Дуца гIезе гьавурас,
Гьаб мокърокь бетIер цурас
Цулеб буго гьеб гIодоб,
Дуде къулун къваридго.

III

Лъала, гIадат букIуна
ГIурдада тIегь бечIалеб,
Амма гIуру хутIулеб, –
Кибе араб дир гIуру?

Лъала, дида бихьана
Кьурабалъ ицц бакъвалеб,
Амма кьуру хутIула, –
Кибе араб дир кьуру?

Бакъ кколебгин, моцI кколеб
Цо-цо сонал рукIуна.
Бакъги моцIги хутIула, –
Щайха дие хутIичIеб?

IV

– Вай, дир кIудияй яц,
Дир эбелалъул
Ахирал сагIатаз
Цадахъ йикIарай.

Дун рикIкIад вукIаго,
Гьелъул къаданиб
Къоялги сардалги
Цадахъ тIамурай.

Дуца бице дида,
Иналде цебе
Унтарай пуланалъ
Щиб жо абураб?

Щиб жо гъолъ гьикъараб?
Рокъов гьечIев дун
ВачIунарогоян
ГаргадичIищ гъой?

 – Щибто абичIо гъолъ,
Цо-цо гьикъана:
ГьечIищ их бачIунеб
Нилъер рагьтIеян.

Гъолъ гьикъана: жеги
Рогьунеб гьечIищ?
Гьава кин бугоян
ЦIада росулъан.

Цоги гъолъ абуна:
Арал къункъраби
Жеги руссинчIищин
Дагъистаналде.

 – Вай, дир кIудияй яц,
Бице дуца дий
Жеги щиб абураб
Нилъер эбелалъ?

 – Щибниги абичIо,
Цо-цо гьикъана
Рукъалъул мадугьал
Кив вугеяли.

Цогиги гьикъана:
Квачараб бакIищ,
КигIан рикIкIад бугеб
Хиросимайин.

Цогиги цIехана:
Гьаб ЦIада росулъ
ЦIияв, хварав, гIурав
ГIадан щивали.

– Вай, дир хирияй яц,
Бице нахъеги
Цоги щиб абураб
Эбелалъ дуда?

– Щибниги абичIо,
ГIицIго гьарана
Гьулакалде аскIой
Яче жийилан.

Гьанир гIунин васал, –
Жеги кидаго
Камугеги гьенир
Лъимал, гIумруялъ.

Хадуб гьел цIунеян,
КIочон тогеян,
КIиго рагIи абун,
Къанщана эбел.

V

НекIсиял греказда
Зобалазде балагьун,
Аллагьал рукIун руго
Жинди-жиндир рихьулел.

Дида зодой балагьун
Пикруялда чIаравго,
Гьениб кидаго даим
Мун йихьула, дир эбел.

Херлъарал гьиндустаназ
СагIтаз цIвабзахъ хал гьабун,
Хиял гьабулеб буго
Жидерго гIумруялъул/

Дицаги, дир гIагарай,
Зодихъ цIваби кунчIигун,

Дуде ургъел бикьула
Унебгин бачIунелъул.

VI

Дуцаго гьарухъе, гьитIинаб зани
Буго памятниклъун дур хабада чIван.
Амма дур васасе дуй памятниклъун
Дуниялги зобги – кинабго буго.

– Бице, нижер мина, мун лъица бараб? –
Минаялъ абула, дур эбелалъин.
– Лъица мун бацIцIараб, лъица лъухьараб? –
Бихьизе гьабула эбелалъул жул.

– Бице мун, гъансито, хасалил сардаз
Хинлъи дур ракIалъул лъица цIунараб?
Бице, цIорораб ицц, къасиги къадги
Дуде къулун лъадал гIеретI цIурай щий?

ЦIадуца абула эбелалъилан,
Гьеб такрар гьабула лъадал чвахиялъ,
Бессараб тIансадул киналго кьераз,
АхIулел кучIдузул киналго бакъназ.

– Бице, хур, лъица мун лъилъун баччараб? –
Щибаб тIор хъудула – дур эбелалъин.
Цинги балагьула дун матIуялъуй,
Дун киса вачIарав кочIохъанилан.

Дие жаваб кьола киналго саназ,
Кинабго дуй кьунин дур эбелалъин.

– Дагъистан, дуниял, дий киса щварал
Гьалго щинал цIваби борхатаб зодихъ? –
Дунялалъ абула, дир эбел, дур цIар, –
ибаб цIва кенчIола дур бицун дие.

Дуцаго абухъе, гьитIинаб гамачI
Буго памятниклъун дур хабада чIван.
Амма дур васасе дуй памятниклъун
Дуниялги зобги – кинабго буго.

VII

Квен кьурайги мун, эбел,
КечI кьурайги мун, эбел,
Квер кьурайги мун, эбел,
Бер кьурайги мун, эбел.

Щай мун къаникье арай?
Щай дий къварилъи кьураб?

Их кьурайги мун, эбел,
Нух кьурайги мун, эбел,
Бакъ кьурайги мун, эбел,
Къо кьурайги мун, эбел,

Щай мун къаникье арай?
Щай дий къварилъи кьураб?

ГIумру кьурай мун, эбел,
ГIалам кьурай мун, эбел,
Хинлъи кьурай мун, эбел,
ЛъикIлъи кьурай мун, эбел.

Щай мун къаникье арай?
Щай дий къварилъи кьураб?

ГIадамал цоги руго,
Мун цохIо – тIокIай гьечIей,
Цогияз, дуца кьолеб
Асар дий киса кьелеб?

Щай мун къаникье арай?
Щай дий къварилъи кьураб?

VIII

Улбул релълъарал руго
Ралъадал кинигинан, –
Ралъдал гIатIилъабазде
ГIемер балагьарав дун.

Ралъдадаса мугIрузда
Гъугъайгун пири гIемер, –
Гьеб рахъалъулбул руго
Улка-ракьалъул мугIрул.

Дир ралъадги мегIерги

ГІатІилъигин борхалъи,
ГІемерал кьерал ругеб
Берцинлъигун кІодолъи.

Щиб гьаб кІудияб гьечІеб,
Щиб гьаб гІатІидаб гьечІеб,
Щиб гьаб гъваридаб гьечІеб –
ГьитІинаб рокъой арай.

Вай, дир хирияй эбел,
Дир ралъадги мегІерги,
Диени мун гьунаро
Гьаб дунялалда кийго.

Киве валагьаниги,
Дида цебетІамула
ТІовитІулеб, дандчІвалеб
Дур беразулъ бугеб бакъ.

## IX

Кинал цІадирабаз цІалеб дур гІишкъу,
Кинал гІаршинаца борцинеб рокьи?
Гьеле гьеб рокьиялъ бакараб цІаялъ
ЦІунараб, гІуцІараб – тІолго дуниял.

Дур кирго рахъичІел указаз буго
Улкабазда лъараб тІолго камиллъи!
Дур рекІел камилал приказаз чІвана
ЧІухІарал байрахъал яхІ-намусалъул.

Дур конституция ракІалъ цІалани,
БукІинаан дунял нусцІул берцинго.
Гьениб жеги гІемер гьереси буго, –
Гьелъулъ цо щибниги дур гІайиб гьечІо.

Дур гьари рагІани, гьаб гІаламалда
ГІасилъи, цциналъе бакІ дагьлъилаан.
Киниде щурараб шигІру цІалани,
ЦІвабзахъе гІадамал хекко щвелаан.

Щибилеб, хирияй магІарул эбел,
Мун машгьурай гьечІо гьал гІемеразе.
ГІицІго дун вачІуна битІун бугищан,
БетІер къулун гІакълу гьикъизе духъе.

X

Эбел, росабалъги шагьараздаги
Гьаб Европаялда дида дандчIвала
Щибав тIагъур бахъун лъалхъулел сиял, –
Солдатасул яргъил бергьенлъиялъе.

Солдатал, гьаб кьалда гIодор регарал,
ГIаламалъе руго рорхизе гьарун:
Гьале дунял хвасар гьабун хваралин,
Хал гьабе гьазухъ нуж чIаго ругелин.

Васазе рорхарал сияздa, эбел,
Дурги сурат буго киса кибего.
МагIарухъ гьабураб хабалъа яхъун,
Хал гьабун йиго мун тIолго ракьазухъ.

МамаялъулгохIда, Волга гIоралда,
ГIебеде квер битIун, данде чIвана мун.
Доба Берлиналъул парк-аллеялда
Гьале дун, василан кIалъана дида.

Доб Болгариялда гьабун бугеб си, –
Поэтас рагIаби хъван руго гьелда.
Бер балагьарабго, мун цее чIана –
ЧIагояй, гIумруялъ нилъалкь кверги лъун.

Литваялде щвейгун цо нухда дида
Эхетун ятана хъахIаб ганчIил мун, –
Мун гьаб улкаялде кидаго щвечIей
Кинан гьазда лъарай гьадин мухIканго?

Солдатазул улбул эхетун руго,
Эбел гьезулъ йихьун дица абула:
«Гьале нилъер дунял хвасар гьабурал,
Хал гьабе гьезухъ нуж, даим чIагоял».

XI

Дир эбел, Америкалъ,
Дол рикIкIад улкабазда
Эбелалъул хасаб къо
Буго къоязул чIумалъ.

Гьеб къоялда, мугIрузде
КьагIи руссунел гIадин,
Руссуна улбузухъе
Гьезул урхъарал лъимал.

РачIуна гьел, гьитIинго
ЦIа бакараб гъасдаре,
ЦIикIкIарай эбелалда
Баркалаян абизе.

РачIуна, зодор рукIа,
РачIуна, гIодор рукIа,
ГIумрудул аслуялъе
Сайигъатгун, саламгун...

...Бесдал хутIарал лъимал
Хабалазухъе уна:
Нужер хиялалъ ругин,
Улбул, нижин абизе...

Эбел, дица къоязул
ГIемер чIумал рикIкIана,
Гьадин ракI хIайранлъулеб
ЦохIониги батичIо.

Байрамалги рукIана,
Къварилъабиги лъана;
Эбелалъул къо гIадаб
Къо цоги данде чIвачIо.

Огь, дун къварилъарав куц
Доб чияр улкаялда! –
Эбелалъул къо нилъер
Кавказалда щай гьечIеб?

ГIаданлъиги гIакълуги
Рекъараб гьаб гьотIода
Гъулдузул тIалъиялъул
ТIанчIи кин гIодор чIечIел?

Ах лъалъалеб къо буго,
Хур лъилъулеб къо буго,
Лал бахъараб къо буго, –
Эбелалъул къо гьечIо...

Дир гьаб гьаракь рагIигун,
Каранзул ракI ахIдана –
КиналгIаги къоял дур
Эбелалъул ругилан.

Элъул пикруялдаса
Мун кидал эркенлъарав? –
Кавказалъул васаца
Гьедин абугейилан.

Вай, дир хирияй эбел,
Хис-хисулеб мехалъул
Халатал чIумал тIолго
Дур къояз гIуцIун руго.

Лъимерлъун дур квенчIелда,
ГIолохъанав дур берзукь...
ГIумру дур свараб мехалъ,
Дур зонохъ гьадин вуго.

XII

Васал хвараб мехалда,
Улбуца магIу тIола, –
Эбелалъул хабада
Васал гIенеккун чIола.

Дунги гIенеккун вуго,
ГIодой бетIерги къулун,
Дир гIайибал цере чIун
Дуда цере, дир эбел.

Дун вукIине кколаан,
Кидаго дур гIумрудул
ГIорхъода, гьеб цIунарав
ЦIодорав хъаравуллъун.

Дун вукIине кколаан,
Дур кверална кверги лъун,
Канлъи сунеб бердаса
Бер тIаса босичIого.

Дун вукIине кколаан,
КIудияб кьурда аскIоб
ГьитIинаб гамачI гIадин,

ГIенеккун духъ балагьун.

Яги гIурул рагIалда
Эхетараб гъветI гIадин,
Элъул лъим къотIарабго
Диде щолеб къоги лъан.

Дуца абун букIана,
Унгейин мун ралъдалъе,
Ани, рагIал бихьулеб
БакIалда вукIайилан.

Улбузул гIадат буго,
Васазул гIайиб бацIцIун,
Хехго тIасалъугьунеб –
Лъугьунге дида тIаса.

Дун цIакъ рикIкIаде ккана,
КватIана, кватIана дун;
РатIалъулеб мехалда
Квер босизе швечIо дур.

Мунги цIакъ гIедегIана,
Их бачIинегIан чIечIо;
Бищунго гьитIинаб моцI
Февраль инегIан чIечIо.

Васал хвараб мехалда
Улбуца магIу тIола. –
Эбелалъул хабада
Васал гIенеккун чIола.

XIII

Эбел, дуе бицина,
Цо гIадан йиго дие
Цо батIияб гIищкъуялъ
ГIаламалда хирияй.

Гьей дунялалда лъала,
Дуда лъазе кватIана,
Гьей каранлъ йосиялъе
Дие гIилла мун йиго.

Гьелде сарин гьабичIев

Поэт къанагIат вуго.
Гьел гьоркьохъел асарал
Дица дуй рехселаро.

Гьелде салам гьабичIел
Континентал хутIичIо, –
Космосалда свердарай
Цого-цо чIужугIадан.

Гьелдаса чIухIаразул
Миллионазда гьоркьов
Дун магIарул росдал вас
БатIияв, тIокIав гуро.

Эбел, дица бицина,
Цоги хасаб рокьиялъ,
Ракьалде щвараб мехалъ,
Щай дий гьей гIагарлъарай.

Гьелъул ракIалъ абураб,
Гьелъул кIутIбуз щурараб
КIудижб гIаламалда
ЦохIо рагIуе гIоло.

Гьей юссана дое щун
Гьаб нилъер дунялалде.
ДандчIвана ВатIаналъул
Киналго тIугьдул гьелда.

Хъатикь карандашалгун,
Кодор микрофоналгун,
Корреспондентал руго
Нусабго улкаялъул.

Нус-нус суалал руго,
Цоялда хадуб цояб.
Цо ахираб суалалъ
Киналго къинаруна.

Космосалда йикIарай
Ярославлялдаса яс –
Гьалда гьикъулеб буго
Парижалъул мухбирас:

– Госпожа Терешкова,

Мун дида тIасалъугьа,
Дуца бице ракьалда
Дур бищун вокьулев чи?

...Эбел, дие лъицаго
Гьединаб суал кьечIо, –
Лъаларо кинаб жаваб
Дица кьезе букIараб?

Гьадаб къоялъ кинабго
Дуниялалда цебе
Дие гIоло гьей ясалъ
Кьуна цо кьучIаб жаваб.

Гьелъ гьаракь борхичIого,
Бигьа гьабун абуна. –
Эбелилан цо рагIи
ГIаламалда рагIана.

Дун хIикмалъичIо расги
Гьелъ Космос свериялда, –
Кида-къадги цIвабзазда
ЦIар хъвала гьадинаца.

Эбел, тIокIаб щибниги
Дуй бицине ккеларо;
Гьаб бицарабги гIела
ГIищкъу гьелъухъ дир ккезе.

## XIV

Зонохъ эхетарав дун
Эбелгун гаргадула:

– Эбел, гьанже мун гьечIо,
Гьал пикраби лъий кьелел? –
Эбелалъ жаваб кьола:
Лъималазе кье, васан.

– Гьаб рокьи лъие кьелеб?
– Гьадалго лъималазе.
– Гьаб гIумру лъие кьелеб?
– Лъималазе гIоло кье.

– Цебе дуда гурхIарав,

Гьанже лъида гурхIилев?
– Лъимал, лъимал, лъимал, вас.

– Цеве духъе вуссунев,
Гьанже лъихъе вуссинев?
– Гьел дурго лъималахъе.

Кинабго гьезие кьун,
Дуе щиб хутIилеб дир?
– ХутIила ракIалдещвей,
КIочон тоге, вас, эбел...

## ВАЦАСУЛ ХОБ

1977

I

Кида гьаб кIочон телеб? –
Кидаго кIочонаро:
Доб рииги, доб ракьги,
Рукьбузул рохъо гIадаб;
Доб сухъмахъги, доб рахъги,
Рахъ бахун доба хобги,
Хабал рагIалда белги,
Рехахъе гьениб тараб...

Кида гьаб кIочон телеб,
Кида гьаб кIочон телеб, –
Тел кодой босулелъул
Инсул сородулеб квер:

– КъачIай, вас, нилъер сапар
КIудияб къварилъидул! –
КIикъоялда лъабил сон,
Лъабилаб рагъул рии.

ТIоцебесеб нухалда
Эмен нуха регIизе,
Рагъде къватIий яхъине
Къуват лъугIарай эбел.
«Гьаб нухалда гурони
Дой гIодой ккечIин» – абун,

Инсул захIматаб гьими,
Гьаб пашманлъи бахчизе...

Бакараб кор гIадинаб
Август моцIалъул бухIи,
МахIачхъалаялдасан
ХIалуцун унеб поезд.
Гьениб почалъул вагон,
БатIияб бакI щвечIого,
ВукIана эменгин дун
Ургъалил сапаралда.

РукIана рахчун унел
Гьукъараб купеялъур, –
Гьедин ине ихтияр
Цо къварилъиялъ кьурал.

Кьурул сиял хутIана
Хадур ралагьун рикIкIад,
Балашов шагьаралде
Унел магIарулазда.

Балашов киб бугеб гьаб,
Гьанже-гьанже рагIараб? –
Гьениб каранлъ гуллагун
Госпиталалда дир вац.
Гьаб кIудияб рагъалъул
Миллионазул цояв, –
Гьал гъваридал ругъназул
Регъоларезул цояб.

Нилъер магIарулазул
Азаргоязул цояв,
Инсул рокъоб тIоцебе
ТIагъур лъун, рачел къарав.
Гьесул каранда гулла, –
Каспий, дур гIодой биччай,
МагIарда бащдаб къотIун,
ГьетIун, далун унеб гъветI.

ХIинцал гьаказул зигар,
Вагоназул язихълъи.
Бох гьечIел, кверал гьечIел –
ЧIунтарал вокзалазда.
Кьурабазда рухIарал

ХIанчIил бусаби гIадин,
Росаби – васал гьечIел,
Росаби – улбул гьечIел!..

...Вагоназул гордазухъ
Кисанго сардил бецIлъи, –
Гьеб цодагьаб кунчIана,
Волга камиллъарабго.
Волга, Сталинград, –
Эмен тIаде вахъана,
Гьас рорхарал тIелхазда
ЦинтIаго тIад хъат чIвана.

Гьедин чIана сагIаталъ,
Бакъ бадиб бараб гIадин;
Цингиги, гIодов вукIун,
ГIенеккарав кIалъачIо.
Дир вац вукIараб рота
БукIана гьал бакIазда.
Дир вацасул тушбабаз
Тана гьаниб согIаб лъалкI.

Дир вац лъукъарав фашист,
Гьаниса тIурун арав,
ТIадвуссун ворчIиладай
ЧIаго Германиялде?
Дуца речIчIараб гула
Досул каранда буго...
КватIиладай досухъе
Эменги вацги жакъа?!.

II

... Огь, кватIана, кватIана, –
Кида гьаб кIочон телеб?
Балашов шагьаралда
Щвана госпиталалде.
Лъукъаразул минаби,
Унтаразул бусаби.
Цо бусада чи гьечIо…
Бусен бакIарун буго.

Нахъе араб къандалъо, –
Къед, тIох, горду, – гьечIо гьов.
Лъукъарал, къеда квер чIван,

Квер босизе рахъана.
Хвалилги гIумрудулги
ГIорхъабазда рагъулел,
«ГIедегIанин дур васин»,
Инсухъ ралагьун чIана...

Гьезда гъорлъ магIарулав:
«МухIамад ана, ХIамзат,
Огь, бокьун букIараб куц
Гъосие мун вихьизе».
ВуцIцIун чIарав вахтерас,
Досул бахъараб шинель,
Нахъе босеян абун,
Бихьизабулеб буго.

Лъабго къоялъул сапар! –
Цо сагIаталъ кватIана.
Досул кагъат батана:
Эбел-эмен, саламин.
Досда цадахъ букIараб
МагIарул тIехь батана,
ТIехьалда гьоркьоб – сурат,
Сураталда – гьесул яс...

Гьелда жиндирго эмен
Кидаго вихьиларо, –
КигIан рикIкIаде арав? –
Ниж гIумруялъ кватIана...
Ниж балагьун рукIана
Гьев рокъой вачIинилан;
Нижго хадур рахъана, –
Хехлъарав куц МухIамад!

Саратов областалъул
Балашов шагьаралда
АскIоб цо росу буго,
Дир росугIан гьитIинаб.
Гьеб росулъе – сухъмахъ нух,
Рахъ бахингун – тIуцаб гохI;
Гьеб гохIил рагIалалда
Цо магIарул хоб буго.

АскIор цогиял руго
Цогияб миллаталъул,
ЦохIого улкаялъул,

ЦохIого армиялъул...
Волгаги тун, Донги тун,
Доб рахъалде лъутулел,
Дир вац чIварал тушбаби,
ЧIаго рорчIиладай нуж?!

III

Кида гъаб кIочон телеб! –
Кидаго кIоченаро:
Доб рииги, доб ракьги,
Рукьбузул рохъо гIадаб.
Гьенир макьида руго
Даим кьижун солдатал, –
Дир вац, ЦIадагин Хунзахъ
Гьаниса бугеб рикIкIад!

Дол нилъер кьурабиги,
Ахада гIурабиги,
Дур гIурччинал ихазул
Нухалги сариналги.
Дол гIухьбузул цIаялги,
Школалъул цIурмалги,
Кьалалъ къотIизабураб
Къолол гьаракь берталъги.

ГьанжелъагIан дур лъади
Духъ ялагьун чIун йиго,
Дур гIисинал цIалдохъай
ГIун, гьанже хъахIлъун руго.
Огь, магIарул мугIалим,
Доб июналда кьураб
Гьаб кIудияб каникул
Кидаго лъугIичIо дур!

Кьижун руго солдатал
ГIурус росдал рагIалда,
ГIодоб рехун буго бел
Хоб бухъулел чагIазул.
Хабаде гьетIун буго
КIиго магIарул гьумер,
Лъабабилел, цогиял
Цоги рахъалда руго.

Цоцазухъе рачIана,

Нижеца кверал кьуна,
Калам щибго гьабичIо, –
Щибан гьаниб абилеб?
РагIи гьечIеб пашманлъи,
Гьеб гъваридаб букIуна…
РикIкIад буго Дагъистан,
РикIкIад буго дир росу.

Гьаниб къаданиб чIвазе
МагIарул гамачI гьечIо.
Цо цIулал хъорщода, вац,
Хъвана дур цIар инсуца.
Цинги гьениб батараб
ГьитIинаб гъветI чIун тана,
Гьородагин бакъуда
Дур хIакъалъулъ бицеян.

Лъабго сордо-къо бана
Балашов шагьаралда,
Щибаб ригьда вацасул
Хабада тIаде къулун.
Нижер къуларал бутIрул
Бакъ-моцIалда рихьана,
Цо бакъанил ригьалда
Бараб цIадалъ чурана.

Рогьелги данде чIвана,
БецIлъиги тIаде щвана,
Дозда ракIалда ругищ
Ниж кIиялго, – лъаларо.
Гьале ахираб сагIат,
Эмен накалда чIана.
Гьав зодой валагьана,
Гьав гIодове къулана:

«Къо-мех лъикI, лъикIго вукIа,
Дир рекIел чIвараб мурад!
Къо-мех лъикI дуй, кидаго
Каранлъ свараб дир чирахъ!
Къо-мех лъикI дуй, МухIамад,
ТIоцеве гьавурав вас!
ТIасалъугьа, кватIана
Духъе щвезе даим ниж».

Кинаб кьогIаб хабаргун

Эмен вуссунев вугев,
Дове Дагъистаналде,
Доб некIсияб рокъове?!
Унго, магIарулазул
Хабал щварал рикIкIаде! –
Хал гьабун вуго эмен,
Августалъул цIад бана.

Гьеб цIадал къатIраян те,
Цоцаздаса бахчулеб,
КIиго магIаруласул
МагIу доб бакъанида...

IV

Кида гьаб кIочон телеб,
Кида гьаб кIочон телеб,
КIикъоялда лъабил сон,
Лъабилаб рагъул рии?
ЛъикI хутIаги, Балашов,
ЛъикIлъаги нуж, лъукъарал!
Нужеда гIайиб гьечIо,
ГIагарал тохтирзаби.

ГIайибал дида лъала, –
Лъутун унел руго дол.
Дир вац чIварав дов фашист
ГьабсагIаталъ кив вугев? –
Кверал рагьула, къала,
Дове-гьанив вилълъуна,
Поездалъул кIкIуй буго
КIийихъе бикьун унеб.

КIиго дуниялалда
Гьоркьосан кинигинан,
Гьелъул гьакаца руго
Волгаги тун рачунел.
Пикраби рикьизарун,
Замана бикьизабун,
Буго ракь боржун унеб
Нижер къасдал-хьулалгун.

РукIарал хиялазул
ХутIараб ахираб тIегь,
ТIолеб буго рекIелъа

Рокъой гIагарлъанагIан.
Вагоназул гордухъан
Щибниги бихьуларо.
Берзукь гьадаб хоб буго,
Берзукь гьадаб бел буго.
Балашов шагьар буго,
Гьениб госпиталь буго,
Бусен бакIарун буго
БокIнилъ койкаялдаса...

Ниж кIиялго гьабсагIат
Цере рукIарал гуро,
Цо гIайиб нижедаги
Бугеб кинигин руго.
Дагъистанги Каспийги
Карачалабазул сас;
Нухаз кьолел суалал,
Кьезе гьечIел жавабал.

Данде ячIина эбел,
Вас цIехела бераца,
Досул лъади, досул яс
«Дада гьечIищ?» – кIалъала.
Эбелалда гьеб лъала,
Лъадуе баянлъила, –
Лъимада кин бицинеб
Кив вугев дадаяли?..

Дир инсуца, гьебмехалъ,
Пашманаб сапаралда,
Дой гьитIинай ПатIие
Панаяб кечI ургъана.
Кодой гьей ккун щурарал
Щакърахунел рагIаби
МагIарулазда лъала,
Цоги нухалъ рехсезин:

**ГьитIинай ПатIиде**

ПатIи, дуда бер чIвазе
Анишалда вукIарав,
Инсул хабарги босун,
Вуссана дахIадада.

Аваданго вугилан
Нилъеде кагъталги хъван,
Каранда унтиги ккун,
ВукIун вуго дур дада.

Ахир, тату хварабго,
Телалъ хабарги битIун,
Эмен хадув щвелалде,
Хун ватана дур дада.

Балашов шагьаралда
Щуго версталъ къватIивхун,
Къояз тарал руссунеб
Росулъ тана дур дада.

Сверун гъутIбуца къараб
ТIогьол цо бахчаялъуб,
Рагъдаса тархъаразул
Мухъилъ чIана дур дада.

Басриялго мусралгун,
Сапаралъул ретIелгун,
ТIасан хъахIаб халгIатгун
Хабалъ лъуна дур дада.

МагIарул къагIидаялъ
Къаданиб заниги чIван,
Къилбаялде керен кьун,
Кьижун тана дур дада.

ЧIегIерал магжил расал
ХIеренаб ракьдаги цун,
ХIалхьиялда хьибилса
Вегун тана дур дада.

ДахIабабал рекIелав,
КIудадал берзул канлъи,
Киназего хирияв,
Хвана, ПатIи, дур дада.

V

Гьале кечI, гьале сарин,
Сапар гьалда лъугIана.
Санал ана, маялда

ЦIакъ кватIараб их щвана.

Щуго соналъ букIинчIеб
Гьеб тIоцебе бачIана…
ТIугьдул гIолел рукIинчIо
РачIунел солдатазе.

Гьел тIугьдузухъ балагьун,
Солдатазухъ хал гьабун,
Салютазухъ гIенеккун,
ГIалам, дунял цIилъана.

Рагъухъабазде данде
Рортун рачIунел лъимал,
Лъади, эбел, росаби:
Руссанищ, руссанищан?

Лъукъаниги кIваричIин,
ЧIагого ругелъул нуж, –
Араб къварилъи щиб жо,
Гьаб къо бачIараб мехалъ?..

Гьеб рохелалъ бухана
Нижерги каву-гордо,
Гьеб кочIолъе бачIана
Дир хъахIлъарав инсулги.

Амма букIананиги
Гьав хиялалъ вукIана,
Гьал солдатал рихьигун,
Гьал салютал рагIигун;

Васасул шинелалъулъ,
Васасул чакмабазулъ
Цоги чагIазул гьумер
Гьасда дандчIвараб мехалъ.

Балашовалда аскIоб
Вас хабалъ тIупаниги,
Цо тIезе кIолареб хьул
БукIана гьасул рекIелъ:

Киналго руссунелъул
Дова дов хутIиларин,
Хабалъа вахъунгIаги

Цо къо базе вачӀинин...

Амма хутӀана даим
Къого миллионалъ гъов…
ГъветӀ бихьула магӀарда
Бижулаго къотӀараб.

VI

Гьанже эмен гьечӀо дир,
Эбелги ятӀалъана;
БетӀер дирги хъахӀлъана,
Диргоги лъимал гӀуна.
Амма щиб гьабуниги,
Кивехун вуссаниги,
Волгаги Саратовги
Сардил макьилъ бихьула.

Самолеталда рекӀа,
Поездалда гӀодов чӀа,
Балашов шагьаралде
Щолев вугилан ккола.

Гьениб гӀагарда росу,
Росдал рагӀаллъуда хоб,
Хирияв эменгун дун
Дида церетӀамула.

Цинги инсул гӀемерал
ГӀазаб кьолел щаклъиял,
ГӀумру дагь хутӀанагӀан
РакӀ бикӀулел рукӀкӀаби.

Унтарав гьесул суал:
ГӀемерал гьурал пунин,
Доб хабада чӀараб гъветӀ
ЧӀаго хутӀанадайин?

Хадубги гьес цӀехана:
Мехал гӀемерал ранин,
Доб хьорщода хъвараб цӀар
ЦӀадалъ чуранадайин?

Цингиги эбелалъул
Ахирияб цо мурад:
МагӀарул зани чӀвайин

Дир васасул хабада.

Хадубги долъ абуна:
«Добе щущазе анищ
КIкIалазул, иццазул лъим,
Аваразул ракьул хIур».

Дунги гьел хIисабазул
Даим асир вукIана,
Август щвараб щинахъе
Балашовалде инин.

Щибаб нухалъ гьедула
Инсулгун росдал рахъалъ,
Исана кватIиларин
Доба бетIер къулизе...

VII

Огь, кватIана, кватIана,
Дун цIидасан кватIана,
ЩIер гIадинан дуниял
Тирана, дове щвечIо.
Кибго виза гьикъулел
Пачалихъалъ вукIана,
Гьадин ракIалъ ахIулеб
Балашовалде щвечIо.

Экваторги къотIана,
Полюс бахунги ана,
Амма, хадув вачIинин,
ХутIана вацасул хоб.

Бихьана Америка,
Африкалъул рагъухъан,
Дур зонохъ Мапуталда
МагIарулас тIегь лъуна.
ВачIана Хатыналде,
Дир хирияб Белорусь,
Дур росабазулъ цIурмал
Дир рекIеда кIетIана.

Освенцим ва Бухенвальд,
Нужер балагь бихьана,
Берлин босарав солдат,

Дуе бетIер къулана.
Гьанир регун ругила
Ленинградиялин –
ГанчIида Берггольцил кечI
Гьаб дир рекIелъ хутIана.

Хиросима, чан нухалъ
Дургун къварилъи жубан,
Дур къункърабазул бицун
Дица сарин ахIараб?
Москваялъул паркалда
Бакараб сунареб цIа,
«ЦIуне, гьудулзаби!» – ян
Даим дие гвангъана.

Волга, Сталинград,
Гьенир къаназда цIарал:
«Ниж къого миллионал
Руго улкадул лъимал».
Амма кисан щваниги,
Щиб хабар бицаниги,
Инсул хабахъ лъалхъигун,
Хабар вацасул ккола.

Дуниял тирун вуссун,
Эбелалъухъе щвейгун,
«Щванищ МухIамадихъе
Мун?» – ан абун гьикъула.
Гьебго суал кьола дий
Кьурабаца, байдабаз,
Баккараб щинаб тIегьалъ,
ТIолго нахъ тарал нухаз.

«Огь, чIварал чIагоязда
КIочон толелцин гьечIищ?» –
КIалъала дида намус,
КIалъала дида дунял.
«Гьеб кIочонел чагIаца
Чанги балагь гьабила,
Гьелде рахарал кIалгIай
КIал-кIалги чIван рагьила».

Гьедин абула дида
Россиялъул байдабаз,
Балагь гIемераб лъараб

НекӀсияб Европаялъ.
Гьедин киве щваниги
Щибаб хабада дида
Дир хирияв вацасул
Сурат цебе бачӀуна.

Балашов шагьаралда
АскӀоб росу рагӀалда
Дир инсуца чӀараб гъветӀ
Кибго ракӀалде щвана.

...Буго цо телалъул квар
Киданити тӀолареб,
Камуралгин хутӀарал
Вацазда гьоркьоб бугеб.
Гьединаб дирги буго
Гьал киналго санаца...
Гьале дун сапаралда,
Цадахъ эмен гьечӀого.

VIII

Кида гьаб кӀочон телеб,
Кида гьаб кӀочон телеб? –
Лъебералда щуго сон
ЩвечӀо ракьалда дуе.

Огь, лъим гӀемераб Волга,
Огь, би гӀемераб Волга,
ГӀолохъанав рагъухъан
Дуда кӀочон таравищ?!

Волга чвахулеб буго,
Гамида унев вуго.
Августалъул рогьалилъ
Саратовалде щвана.

Саратовалъул область,
Лъилъулеб буго тӀощел,
ТӀовитӀулев вуго дун
Балашов шагьаралде.

Балашов шагьаралда
Пролетаразул къватӀ!
Гьений йикӀана тохтир...

Доб къваридаб госпиталь...

Гьениса рикIкIад гьечIо,
КIиго верст манзил буго...
КIетIолеб буго дир ракI,
Зобалазда буго накIкI.

Дир ракI дагьаб хIинкъана,
ХIисабаз сверун ккуна,
Цосина гьадаб росу
Гьанже батичIонани?..

ХIинкъана, щиб абилеб
Дица гьал гIадамазда,
ГIагарав вацасул хоб
Бугеб бакI лъачIонани?

Жеги хIинкъи букIана,
Гьеб хоб щущан батани,
Щиб жаваб кьелеб дица
ЧIваразул намусалъе?

Кинан дун къункърабазул
Гьаркьазухъ гIенеккилев?
ГIагарал зобахъ ругел
ЦIвабзазухъ валагьилев?
Амма букIананиги
РекIелъ бугеб компасалъ,
КигIан замана араб, –
БитIун тIаде вачана.

Сухъмахъги рахъги буго, –
Рахъ бахун хобги буго, –
Хал гьабуна добищ,
Ялъуни цогиябищ?

Лъалебгин лъалареб бакI,
БукIарабгин букIинчIеб,
НекIсиябгин гьанжесеб, –
БетIер сверулеб буго.

Гьале хоб,
Хабада гьветI,
БатIиябищ гьаб бугеб?
Яги инсуца чIараб

КӀудияб гӀунищ бугеб?
Гьелда аскӀор цогиял
Цогияз чӀарал руго.
Цогиял щал рукӀарал
РакӀ гӀахьалал дир вацал?!

Хабада тӀад букӀараб
ГьитӀинаб хъарщи гьечӀо,
Амма гьелда хъвараб цӀар
ЦӀунун буго гьаб ракьалъ.
ЦӀунун гьеб бикӀун буго
Бараб цӀияб сиялда, –
Огь, кинаб гӀагарлъиялъ
Гьаб гӀаламат гӀуцӀараб?!

БокьанагӀан гьурал пуй,
БокьанагӀан цӀадал рай,
МухӀамад, дур цӀар гьаниб
ЦӀалъун кенчӀолеб буго.
Гьаб сиялъул къаданир
Дир къункърабиги руго,
Къокъаялдаса тӀураб
Цо лъукъарабги буго.

ЦӀигьулдерил васасе
Гьаб гӀурусазул росулъ
ГӀурччинал авлахъазул
ТӀугьдул рачӀунел руго.
Гьаб хабал рагӀалалда
Нижеда бихьараб бел
Хабал рухъулеб гьечӀо,
ГъутӀби къачӀалеб буго.

Дица мугӀрул иццул лъим,
Дир эбелалъ тӀад къараб,
Гьаниб гъотӀоде тӀуна, –
ТӀегь бижизе биччанте!
Дица дир мугӀрузул ракь,
Цадахъ босун букӀараб,
Гьаниб хабаде щвана
Хирияб росдал рахъалъ.
Дица дир кьурул гьецӀо,
Устарзабаз къачӀараб,
Гьаб сидул къеда лъуна
Дагъистаналъул рахъалъ...

Гьедин лъабго сордо-къо
Вацасда аскIоб бана,
Гьесул хабаде къулун
Хиялазда тIамуна.
Хиялалъе бачIана
Дуниялги заманги –
Дица сверарал нухал,
Дица рахарал мугIрул.

Гьел дида цадахъ руго –
Киналго материкал...
Огь, кватIичIо, кватIичIо
Дун вацасул хабаде.
Гьесул гьаракь рагIула
Дир гIундузда рикIкIада:
Гьанже рикIкIад гьечIин дун
Дагъистаналдасайин.

Дагъистан кибго бугин
Кинабго Европалда;
Доб нилъер Кавказалда
ТIолго дунялги бугин.
Гьедин абе мугIрузда,
Гьедин абе гIоразда, –
ГIахьаллъараб би бугин,
ГIахьаллъараб ракь бугин.

«Бице чIаго ругезда
ЧIварал вацазул салам,
Ниж миллионал руго
Миллаталги цIаралги:
Гьаб кIудияб рагъалъул
Ругънаца гIагарлъарал,
Дол гIасиял соназул
ГIораца росун арал...»

Гьелдаса нахъе дида
Щибаб хобалъ абула:
Дур, дур вац вугин гьанив,
Мун дагьалъ лъалхъейилан.
ТIолго цIурмал зваргъола,
ТIолго цIаял кенчIола:
Киналго ниж – дур вацал,
Мун дагьалъ лъалхъейилан.

Россиялъул байдабахъ,
Европаялъул паркахъ
Гъаракь рагIула дида:
Вац, ниж гьанир ругилан.
Дун кивехун щваниги,
Щиб бакIалде кканиги,
МухIамадил хоб буго,
Дир хирияв вацасул.

РачIунелги унелги –
Киналго нухлулазул
Жаваб рагIана дида
Дунялалда дандчIварал:
– Кире унел ругел нуж?
– Вац вукъараб хабаде.
– Киса унел ругел нуж?
– Вацасул хабаде щун.

«Вацал, рагъазда чIварал,
ЧIагоязул нужехъе
Хурхеналъул квар буго,
Киданити тIолареб.
Нуж чIварал тушманзаби,
Цо-цо рахчун хутIарал,
Нич рехун мех-мехалда
Рахунел руго гохIде.

Дозда нужей бакараб
Даимаб цIа лъаларо;
Гьеб цIадаца сунаро,
Гьеб гьороца сунаро.
Гьеб сванани дун гьечIо,
Дир ахIараб кечI гьечIо,
Кинабго гIумру – рогьо,
ГIаламалъул чIвараб яхI».

Гьедин абуна дица, –
Доб хабал ракьги босун,
Вуссана дун нахъеги
Дирго Дагъистаналде.
Щвана эбелалъухъе, –
Хабалъ йигей гъарималъ,
Гьаб дир хабар рагIигун,
Дие жаваб гьабуна.

«Росулъ гIадамал лъазе
Хабалазухъ балагье! –
Гъениб низам гьечIони,
Низам гьечIо гьеб росулъ».
Эбелалъ абуралде
Дир инсуца жубана:
«Улкаялда хваразул
Хабалазухъ балагье!
Гъениб низам батани,
Низам бугин ракьалда.
Беканищ хабал зани, –
Хал гьабе, мун кьижуге!»

...Кида гьаб кIочон телеб? –
Кидаго кIоченаро:
Доб рииги, доб ракьги,
Вокьулев хварав вацги:
Халатал сапаралги,
Хабалазул заналги;
Дол цIаялги, цIурмалги,
Доб сухъмахъги, доб рахъги.

## РУЧЧАБАЗУЛ ЧIИНКIИЛЛЪИ

1979

«Ysla de muxeres»
гьал рагIабаз дир рос Сальвадор
Альенде wIакъ хIикмалъизе гьавулаан.

**Буса Альендеца дида Мехикоялда абуна гьедин**.

... Дицани гьаб дунял батIайиса ургъун букIана, батIияз гIаксалда гьабун батана.

**Цо нухалъ эбелалъ абурал рагIаби**

... О, вопль женщин всех времен!..
Огь, киналго заманабазул руччабазул угьдIЙ

**М. Цветаева**

**Байбихьи**

Руго цо-цо рагIаби,
Цо нухалда рагIарал,
РахIат дуе толарел,
МагIна дуда лъаларел;

Цо бахчараб бакIалде
Ничалъул пардавги цIан,
Гьеб бахчун кьур-кьудулей
Кьерилай ясалъ гIадин.

Руго цо-цо саринал, –
Цо балагьулеб адрес
Цойидасан тохлъукье
Дуда батанин кколел;

Дагьалъ рахчарал тIелхал
Дуца тIаде рорхигун,
ТIолго дунял майилан,
Духъе кьунилан кколел.

Руго цIарал, гIумруялъ
Дуца балагьулеб чан
Чанахъанасде данде
Жибго бачIараб гIадал;

Улкаби, океанал,
Векал тун, гьале дунан,
Дуца хIули цIунараб
ХIинчI гъежда чIараб гIадал...

ХIинчI дир гьежда чIун буго,
ЦIиркъил рас бухIун буго,
Буюр, дун хIадур бугин,
Чу хIихIидилеб буго.

Чанги дир хъатикь буго,
Огь, дир рокьул чIинкIиллъи!
ЧIвалел руго тамтамал
«Ysla de muxeres» – ин.

Гьез ахIулев вуго дун,
Хаслихълъидул накIкIал щун,
Хехго хур бакIаризе,
Векьарухъан кинигин.

ХIалхьи босулев рокъов
Паракъат вугеб мехалъ,
Полк чIараб гIорхъодасан
БачIараб телалъ гIадин.

БачIун буго дихъе кечI,
Дуе хъвалеб буго гьаб,
Нилъер гьитIинаб мина
Дагьалъ хинлъизе хьулгун.

Цинги Дагъистаналъе,
Цинги магIарулазе
РикIкIадасан босараб
Сайигъатлъун букIине.

I

... Гьав васасухъе Испаниязул
къварилъи кисан бачIараб.

**М. Светлов**

Цере рихьичIел, рикIкIадасан рачIарал
хIанчIаз батIаго хIикмат гьарула.

**Инсул рагIаби**

Ва, «Ysla de muxeres»,
Испаниязул калам,
Мун бадиб кенчIолеб куц!
Мун каранлъ зваргъолеб куц!

Кинаб цIадул кунчIи мун,
Кинаб цIурмил гьаракь мун? –
Чорхол хиялазул икс,
Дир рекIел къасдазул кIул.

Перхола, гъугъадула,
Гъаргъар черхалда бала.
Дица бетIер ккун буго, –
Киб мун дида рагIараб?

Радиоялъ лъаларо,
Киноялда лъаларо,

РикIкIада улкабазул
Карналвалалъ лъаларо;

Яги къватIиб улкадул
Корреспондентас хъвараб
Кинабали гьоркьохъеб
ТIехьалдайищ цIалараб?

Ялъуни Чилиялъул
Чилъиялъул поэтас,
Пабло Нерудацайищ
Гьал рагIаби абурал?

(Дов консуллъун вукIана
РикIкIад Мексикаялда;
«Москва» гостиницалда
Довгун гаргадана дун).

Яги берцинлъиялъул
Къиралай йищулелъул,
Цо синьоритаялъул
Саринцин букIинчIищ гьаб?

Йокьулелъул цIарищ гьаб
Яги жибго рокьийищ?
Жидерго ватIаналъе
Лъималаз кьураб цIарищ?

Лъималазе умумуз
Васият гьабун тараб
ТалихIги, хазинаги,
Берцинлъиги гурищ гьаб?

РикIкIад, океаназда
Гумуздайищ цIалараб? –
ЦIвабзазухъ балагьула
Дунго Коперник гIадин.

Гьеб дир телескопалда
Кинго батулеб гьечIо, –
Гьалъул цо магIна бице
МагIарул шагIирасе.

Щиб цIияб Гренадалъ
Бугеб горду бухулеб, –

Кин бачIараб мугIрузде
Мексикадул пашманлъи?!

О, «Сапаразул клуб»,
Суалалъе жаваб кье!» –
Батуларин кинго гьеб
Цониги картаялда.

Дие жаваб гьабуна,
Гьеб «Ysla de muxeres»
Авар мацIалъ кколила
Руччабазул ЧIинкIиллъи!

Гьел рагIаби рагIана,
ГIищкъул чIинкIиллъи гIадин,
Дир гIумрудул, дир кочIол
Улкаялъул цIар гIадин.

Гьел рагIаби рагIана
Дир какги гьаги гIадин,
ПатIимат, дур цIар лъураб
Улка бугеб кинигин.

Ва, «Ysla de muxeres»,
Руччабазул ЧIинкIиллъи...
Дун чIана, гIенеккана, –
Чияр вулкан дир каранлъ.

Жеги магIна лъалелде
ГIагарлъарал рагIаби, –
МагIна лъараб мехалда,
Дагьабги черх хинлъана.

Хадуб къиса лъарабго,
Хадуб къисмат лъарабго,
Къасдазул техтераби
Токги речIчIун ххенана.

Гьел рагIаби, гьел гьаркьал,
Макьил бутIаби гIадин,
БатIиял, цо рукIинчIел
НакIкIал самун рачIана.

Дир кочIол дандерижи
Аллойилан ахIдана

«Ysla de muxeres»– алъ
РагІулин жаваб кьуна.

– Жакъа дир кьурабазда
ГІазу бугин, – абуна.
– Дида гІазу щиб лъалеб, –
ГІищкъул чІинкІиллъилъидал?

Тана дица хъвалеб тІехь
Жегиги тІанчил бакьулъ.
ТІанкІ лъечІого хутІана
«Дагъистаналъул къиса».

Бусургьаби хІежалде
ХІажи вахъине уна, –
Дица гІищкъул хІежалде
Гьижра гьабулеб буго.

Паспорт дир къачІан буго,
КочІой виза кьун буго.
Киналго дир кьураби
Гумузда рельлъун руго.

Унев вуго, хирияй,
Нуха ятизе яхъа!
Нахъ толеб аэродром,
Дида хадуб квер хьвагІе!

Гьаб кечІалъул чІинкІиллъи
Дица рагьизе ккола;
Колумбие ракьал кье, –
Дие рокьи, рокьи те!..

ХІанчІида рекъон гурищ
Гьелдаса би тІинкІулеб? –
ТІовитІе хиялазул
Хиси гьечІев асир дун.

Бищунго цебе алмаз
Африкалъул хъирабалъ
Цо гьитІинав неграсда
Гурищ батун рагІулеб?!

II

...Дун Генуэялдрса мискинав италияв.

**Христофор Колумб**

Генуэ шагьаралъул
Мискинав италияв
Испаназул къиралас
ТIаде къабул гьавуна.

Санти порт чIинкIиллъидул
ЧIужуялъул бахIарав
Мадридалъул гьундузда
Фердинандгун кIалъана.

Жиндирго къасдазулги
Жиндир хиялазулги
Халатаб сапаралъул
Сурат гьас бахъун кьуна:

РикIкIада ракьал ругин,
Бечелъиялъул цIурал;
Виччай дун гьенивилан,
Дур пачалихъ гучлъизе.

Рималда гьеб бичIчIичIин,
Лиссабон кьижун бугин;
Нагагьлъун гьел кантIани,
Нилъ кватIизе бегьулин.

«Дора батIиял халкъаз
Дуе бутIрул къулани,
БатIаго парпадила
Испаниялъул байрахъ.

Доре океанazде
Дур гуми раккаралго,
Гьелчела карачелал:
Король, «вива!» чIахъайин.

Доба щибаб континент
КIудияб гъамас гIадин, –
КIулал духъ руго, синьор,
Гьеб босун вуссина дун...»

Къирал тIаде вахъана,

Хъатал рагьана, къана.
Хъатикь анцI-анцI пачалихъ
Буго гьасда бихьулеб.

Гьав довехун вуссана,
Гьаниве балагьана.
Бадиб гIатIилъун унеб
Испания кенчIана.

Жиндирго Изабеллал
Изумрудалъ паркъелеб
Черхалъги ретIелалъги
БетIер хIисабаз цIуна.

Рорхатал кIалгIабазул
КIичIарал рагъабахъан
Киналго гуми гьасда
Меседил цIун рихьана.

РикIкIада ралъадазул
Бечедал чIинкIиллъабахъ
Ракулел факелазул
Пикрабаз сверун куна

Кибалиго улкаби,
Гьасий серенадаби...
Сайигъаталъул гъансал
Руго рагьулел, къалел.

Къиралас Испания
История гьабизе,
Гьегьал океанazде
Гама гIадин, битIула.

Жиндирги улкадулги
Кодолъигун цIаралъе,
КIудияб сапаралъе
Синьорас квер борхула.

 – Къо-мех лъикI дуе, Мадрид,
ЛъикIго букIа, Европа!
Фердинандил «Пинталде»
Италияв вахана.

Цадахъ «Санта-Мария»,

ГIарадабигун чуял,
ГIарац кье, – щивго чIвалел
Щват бугел гамихъаби.

Гьел гучал геркулесал,
Амма гурхIел лъаларел,
Гьаб дуниял бухIизе
МахIги нахъе къаларел...

...Гьоркьоб замана ана, –
Мискинав италияв,
Америка рагьарав
Колумблъун, нахъ вуссана.

Киналго ралъадазул
КIудияв адмиралин,
Испаниязул къирал
Гьасде данде вачIана;

Гьасие салюталъе
ГIарадабаз залп кьуна,
Гьеб кьвагьиялъ кьижараб
Материкги борчIана.

Мексикадул Майязул
Индеязухъ балагьун,
Мадридалъул гьундузда
ПиштIул наку бачана.

Кисанго гьалбал ахIун,
Гьегьал чIухIби ракIарун,
ГIундул къотIарал васал
Расандизе тIамуна.

Ралъдал карачалабалъ
Дельфинал кинигинан,
Гьал раккула, тIерхьуна,
ТIаде-тIаде рачIуна.

Гъадил хIулазул тIаргъал,
ТIорччол гьарурал берал,
ГIурччинаб харил ретIел, –
Хал гьабун хIикмалъана.

МагIарзул къалал руго

КъвекIал цIумазул газал;
Гьезул черхазда цIурмал
Чвархъолел, зваргъолел куц!

Гьегьал, батIи-батIиял
Маскабазулъ гьумерал...
Цо рагIи бичIчIулареб
Гьазул кочIол пашманлъи.

Изабеллал каранда
Карибалъул шапакъат –
Киданиги рихьичIел
ЛахIчIегIерал коралал.

Хадур цIиял чабхъенал,
Карачалабазул би,
Доб мехалъул Франко –
Фернандо Кортесил бо.

Ралъадазул Чингис-хан –
Риххулел империял;
Испаназул Темирлан –
ЧIунтулел пачалихъал.

ЧIвалебги бухIулебги
Бонапартал, Габсбургал;
Мексикадул шагьарал –
НекIсиял Хиросимал.

Кактусалъул къадазул
Индеязул росаби...
Освенцима, Лидица
Нуж церего рукIана.

Салул гохIилъ рукъарал,
Ралъдал тIинде щущарал,
Чан Атлантида, аман,
Араб гьаб дунялги тун!

Доб мехалъул гестапо, –
Факелазул фейерверк,
Гьегьал гумузде рачун
Ричарал щинал лагъзал!

Америказул гьулак,

Гьелъул тІоцебесеб кечІ –
ГьетІизабун эхеде
Борхараб лълъар гІадаб ракь.

Дур тІагІам тІатанагІан,
Европа гьалаглъана;
Пиратал щибаб векалъ,
Дур би гьекъон, гьаглъана.

Хадур къиралазеги
Колумбал къваригІинчІо, –
Къваридго язихълъун гъов
Гьардухъан гІадин хвана.

...Мискинав италияв,
Генуэ шагьаралде
Щвана дун дагьав цеве
Мун вукъараб къанихъе.

ВатІаналъул зоб буго
Духъ балагьун пашманго.
Дуца гьабураб щиб жо,
Огь, машгьурав нухлулав!

Дуца улка рагьана
ХІиллагун ццин-рекІкІалъе;
РикІкІе дол миллионал, –
Майязул щал хутІарал?!

Дозул ватІан бичана
Дуца учузго чияй, –
Чабхъадулаз, кечІ хутІун,
Индеяхъа бахъана.

КечІги гьеб кечІищ бугеб,
Каранзул угьди буго;
Карачелаз хваразухъ
Гьабулеб магІу буго.

Дуда гьеб рагІуларищ,
ГІенекке, Христофор, –
Дуца ракьал рагьана,
Рокьи щайзе рагьичІеб?!

Гьаниб Италиялда

Петраркаца кинигин,
Нижер мугӀрул ракьалда
МахӀмудица кинигин.

Сикейросил суратаз,
Крусил элегияз
КочӀол макъназул цӀураб
Мексика кинигинан.

Кинан дуда рихьичӀел
Акцетазул мадоннал? –
Рафаэль дур «Пинталда»
Пайда щиб цо вукӀинчӀев?!

Кин мун хӀайран гьавичӀев
Кубадул синьоритаз? –
Коралал гурел дуда
Гьумерал щай рихьичӀел?

Дие Куба рагьараб
«Санта-Мариялъ» гуро, –
Сардилъ «Гранмаялъул»
Майораца рагьана.

Бице, мискинав Колумб,
Дуда ракӀалда гьечӀищ
Дир ракӀалъ балагьулеб
Гьаб «Ysla de muxeres».

Нухлулав, (огь, гьасда дун
Цодагьав жо гурхӀана) –
«Дир рекӀеда лъалкӀ тараб
БакӀ гьеб гурин» кӀалъана...

Дица ПатӀиматихъе
ГьитӀинаб кагъат хъвана.
Кинго дун чӀезе гьечӀин,
Гьеб чӀинкӀиллъи рагьилин.

Гьаб чӀорolодул бусен
Дида магъилъ батилин,
Гьаб баргъич маян дица
Дур килщида ххелилан.

## III

ГьитIинал кIулазги кIудияб гъамас рагьула

**МагIарулаз абула**

Ахада хъахIил ралъад,
ТIарада хъахIилаб зоб,
Бирюзалъул цIад балеб
Бугилан ккола кибго.

Ахада цIаял, цIаял,
ТIарада цIваби, цIваби,
ЦIоросаролъ гIанкулеб
Зобгин ракь бугеб гIадин.

Хасалил ахираб моцI,
Ихдалил тIоцебесеб.
Унеб буго самолет
Сардил бецIлъиги хъвалхьун.

Нахъа хутIана цIадал
ТIоритIулеб улкадул.
Океан бахун нижер
Боржунеб гама ана.

Гамида – депутатал
Нилъер парламенталъул.
Дун гьезда гьоркьов вуго
Мексикаялде унев.

Гьез хIадурулеб буго
Улкаялъул рахъалъан
Доре щвараб мехалда
Щибас гьабулеб кIалъай.

Депутатазда цадахъ
Дипломатазул къокъа, –
КъваригIараб гьикъизе,
Пикраби данде разе.

Дица пачалихъалъул
Политикалде тIаде,
Гьанаде цIан кинигин,
Щвана дирго лирика.

...Гьал дир санал, дир гIумру
ГIаздал мугIрул ратани,
ГIаздада цIа буго мун,
Руччабазул ЧIинкIиллъи.

Дир саринал, сапарал
Чвахулеб гIор батани,
ГIоралда борхараб кьо –
Дир рокьул ракьул бутIа.

...Гьединан шигIруялъе
Щурщудулел дир кIутIби...
Щиб дур хIисабал абун,
Гьикъана мадугьалас.

Мадугьал дир вукIана
ТАССалъул корреспондент.
Кинабго сапаралъ гьес
Бицана Мексикадул.

Дица гьасда гьикъана
«Ysla de muxeres» – ил.
Дир унтараб бакI лъайгун,
Гьесул бетIер гьетIана:

Гьеб гьитIинаб бакI бугин,
РикIкIад бугеб тIанкI бугин,
НекIсиял Индеязул
Гьениб щибго хутIичIин.

Гьениб вулканал гьечIин,
КIкIуйдулъ, – мугIрузул курмул,
Корридо – оцазул рагъ
Гьениб бихьизе гьечIин.

Мексикадул синьорал
ГIебал сомбрерабигун,
Чуязда ссиял гьарун,
Дора свердулел гьечIин.

«Дора гуро Ороскол
Суратал ругел дуе.
Цо кверзулав художник, –
Хал гьабе цо накъищахъ.

Щибаб къедалъ ахIила
Жидехъ хал гьабейилан,
Гьел рихьила, хисила
Дур хиялги дур къасдги.

Дуй чIинкIиллъай рокьани
ЧIахIиялгин гьайбатал,
Финазул хIорал гIадин,
ГIемер Мексикаялда.

Дуе рокьи бокьани,
Гьеб рокъоб тIураб буго.
Бакъул канлъуда хадув
Мун Севералде унге...»

Гьединан кIалъана гьев
Сардилъ самолеталда.
Сордо лъикIан кьижана,
Дунги пикрабазулъ тун.

Дун гьевгун къацандилев
Вуго къаси пикрабалъ.
Гьал дирго къасдал цIунун,
Дирго ЧIинкIиллъи цIунун...

...Колумбица тана гьаб
ГьитIинаб тIутI бугилан;
Кортесица абуна,
Гьаниб хазина гьечIин.

Гьеб гьереси гьабулеб
ГьечIо нилъер ТАССалъги, –
Дун, гьитIинаб росдал вас
Гьелда хIикмалъун вуго.

Дир рекIел ТАСС гьедула,
Гьереси бугин гьебин.
ГьитIинаб ракь букIунин, –
Йохъ, рокьи букIунарин.

Муил гьурмада лъураб
ГьитIинаб тIанкIалъ гурищ
ТIолго саназул рахIат
МахIмудие биччачIеб?!

Йокьулелъул кIутIбуца
Цо рагIи щурарабго,
Щущайги Самаркандин
СагIадица абичIищ?

Самаркандги дагь бугин,
Биххун аяб дуниял,
Бухараги кьейила
Гьел кьунсрухъан, – кIалъачIищ?

Дида абулеб буго,
Гьеб некIсияб бакI бугин, –
НекIсияй Афродита,
Абе, херлъун йигейищ?

Хал гьабе, гьанжелъатIан
Орфейица гьелъие
Рачунел гIищкъул бакънал...
ГIенекке, рагIуларищ?

Дида абулеб буго,
Гьеб рикIкIада бакI бугин, –
РикIкIада букIунебищ
РекIелъ кIетIолеб цIумур?

РикIкIад буго дидаса
ГьабсагIат Дагъистанги,
Амма берал данд къайгун,
Дида цадахъ буго гьеб.

Дол кьураби, дол сиял,
Сверухъ ганчIил росаби;
Доб чIаголъи, чIарал махI,
Дора ахIулел кучIдул.

Дида абулеб буго,
Доба хазина гьечIин, –
«Хазинадай гIарац те,
ГIедал яс росасе кье!»

Хазина балагьулев
Пиратазул чийищ дун? –
Хазина дир цо буго,
Цебего ккараб рокьи.

Хазина къваригIани,
Диеги бакI щвелаан
Цониги базаялда
Яги магазиналда.

Яги базаркомалда,
Я потребсоюзалда...
Квасул, чадил ва гьанал
Гьанжесел пиратазулъ.

Чогърол, ччугIил, ГАИдал
Гванзлъарал хъачагъазулъ,
Хъамаллъи тун, иш гьечIел
ПиштIул накучагIазулъ.

Амма дица бищана
Бигьаяб гьечIеб пиша,
Дир гьудулги ватIанги,
Нужее кечI ахIизе.

КучIдузулъги дандчIвана
Дида гIемер пиратал, –
Гьезие аллагь гьечIо,
Гьезие рогьо гьечIо.

Гуро, дун Кортес гуро,
Кавказалъул цIадул вас
Гьелчолел ралъадазул
Лъадахъанлъун вукIинчIо.

Дий къиралаз къачIараб
Гама щиб, раса гьечIо.
Дагъистан, мугIрул улка,
Мун, йохъ, чIинкIиллъи гуро.

Васко де Гамаясул
Гамаялда гьечIо дун.
«Алута Континуа» –
Мозамбика дир каранлъ.

Магелланил аскаргун
Индонезиялъ гьечIо.
«Алута Континуа»
Буго дица ахIулеб.

ЩагIил гIундузул рачел,
Нужер ясаз борчараб,
Гьеб дица бичиларо,
Индеязул бахIарзал.

ЧIегIерал коралазул
КенчIолел маржаназда
Дица квер хъвазе гьечIо,
Майялъул синьоритал.

Гьале шигIру, гитара,
Щибго хIилла-рекIкI гьечIо, –
ХIулиги бихьизабун,
Нус дица бахъиларо.

Археолог, историк,
Филологги гуро дун.
Дир пандрида кIиго чIва, –
КIваричIо диссертаций.

Нуж ричун, Мечелие
Дица гьундул раларо, –
Чанги Кортесал лъана
Гьаб дир Кавказалдаги.

Персиязул шагьаца,
ГIурусазул пачаяс
Бухенвальдал гьаруна
Гьал нижер росабазул.

Нижерго Хатыналги
Нижер Бабий Яралги, –
Добе Туркалъе арал
Асирал цере чIола.

Дида гьеб цебегосеб
Къварилъи кIочон гьечIо.
ГанчIазде банщинаб цIад! –
Жеги би чурун гьечIо.

Гьеб цоги хабар буго
Халкъалъул къисматалъул...
Нужер чIинкIиллъиялда
БакI кье дие, руччаби!

...Гъединал хIисабазда,
Сордоги океанги –
Америка кинабго
Лъедана, нахъ хутIана.

Гордухъ багIараб рогьел,
Кваркьабазда гъоркь шагьар...
Щибан гьикъараб мехалъ,
Мехикоян абуна.

Макьидаса рорчIарал
РачIун гIодой рещтIингун,
Воре кIалъаян абун,
КIалзухъ лъуна микрофон.

Бокал борхараб мехалъ,
ГIочIода чIван гьоболлъухъ,
Гьан маян кьолеб гIадин
Нилъер магIарул росулъ.

Дун кIалъана, хъвашгелди,
Хирияб Мехикойин;
ХутIараб, мех кьейила,
Дица жеги абилин.

Гостиницалде щвейгун
Тел кьабуна рокъобе...
Дида ракIалда гьечIо
Гьелда дица щиб хъвараб.

...«Чияраб ракI гьечIони, чияраб бак! букIунаро» – магIарулас абуна.

... Мексика дир гIумруялъулъ гIахьаллъун буго, дир бидулъ гочардулеб буго тIинчIаб, нух къосараб къвекIаб цIум гIадин.

**Пабло Неруда**

...Мексикаялъул борхатаб зоб, шляпа-тIагъур гIадин, тIад лъола дица.

**Вл. Маяковский**

РукIана бакъул къоял,

РукIана къокъал сардал,
СагIтал кIетIолел руго,
КватIуте, хал гьабеян.

Афишаби, игIланал,
Аза-азар реклама...
Бакарабги сварабги
Буго берзукь Мексика.

Кисанго сверун гьундул,
Гъоба ахалъиялда
ОхцIутIазда релълъуна
Аза-азар машина.

Гьезул цоязул гьаркьал,
Цогиял кьералъ чIарал;
Кьижарабгун борчIараб
Миллионазул шагьар.

Рагьулел, къалел нуцIби,
КъватIире, жанир унел;
Къол азарго чемодан,
ТIад суратал седараб.

Ахаде, тIаде унел
ТIаргъал, костюмал, гьалбал;
Гьаб рагIараб гIемераб,
Лъалеб-лъалареб улка...

...Ниж Совет улкаялъул
Сенаторазул къокъа;
КъачIан буго ниже
Хас гьабун программа.

Аэродромалдаса
Аэродромалде щун,
Щибаб босулеб хIухьел
ХIарп-хIарпккун буго рикIкIун.

ДандечIвалел щал кколел,
Лъица къабул гьарулел, –
Бугеб расписание,
Цо дарсазул гIемерлъи!

Гьоркьор лъолел суалал,

КIалъаял, приемал,
Протоколазул зулму, –
ЗахIматаб иш батана.

Парламенталъул гьундул,
Палатабазул залал,
Гургинаб стол сверухъ
Сенаторал, тилмачал.

Киналго партиязул
КIвар бугел вакилзаби;
КIалъала иргаялда
Господаби, дамаби.

ХIалтIи мухIкан гьабизе
Гьегьал комиссияби:
Культура, политика,
Экономика, даран.

Ракълил хайир бицуна,
Дармил пайда бицуна...
Гьегьал секретаршаби
Свердула, ун рачIуна.

Министеразул обед,
Посолазул ужинал...
Палестинагин Вьетнам
Бида рецIцIун, ругъназ цIун.

Гьудуллъиялъул тостал:
Ракия, виски, жинал...
Жакъа ЦДЛалда
Дирго поэталгун лъикI.

Кино, журнал, газета,
Гьал гьимулел гьумерал...
Гьегьал цитатал руго
КъотIулел отчеталъе.

Ахир, коммюнике хъван,
Пресс-конференция, –
– Кин бихьараб Мексика
Совет депутатазда?!

...Огь, Мексика, Мексика,

Къиса гІемераб улка.
КъватІисангин жанисан
Жубараб би гІемераб.

Дур музыка, лирика,
Дур метисал, фениксал,
Гитараби, чагъанай,
Чакарул гъотІол щвантІих.

Гьал рачлихъ рарал тунчул,
Гьал риччан тарал михъал,
Руччабазул цо партал,
Гьеб къерщолеб куц, унго!

Дур «харбани» – цо кьурди,
Индеял цыганалищ?
Цо, чІарбида эгъе чІван,
ЧІухІадго борхулеб квер!

Огь, Мексика, Мексика,
Мун Америкаялъул
Элладаги Кавказги, –
Кир ругел дур Гомерал?

КІудияб гІаламалъе
ГІумруялъе цІа кьурав,
Дур кьурда вухьун гьечІищ
Цониги Прометей?!

Нусабилеб мердиан,
Дур цІаразул гІемерлъи!
ГІагарав АбутІалиб,
Пайда щиб, цадахъ гьечІев.

Гьалбал хирияб улка,
Мех-мехалъ дида ккана,
Кахетия бугин мун,
Борхун эхеде лълъаргун.

Огь, Мексика, Мексика,
Океан дур каранда!
КучІдулъ сонетал гІадин,
ГІажаибал дур хІорал.

Дур чвахиял, дур иххал,

Ураганал, вулканал,
Дур ракьазул рагъари,
Дур зобазул гъугъади.

Дур базарал, дур кьерал,
Кьер-кьерал хIанчIи, гьутIби,
ГIемер цIадуца рухIун,
ЦIад гьарулел дур мегъал.

Дур васаз кIкIуй биччалел
КIудиял трубкаби, –
Дица цояб босана
Нижерго ансадерий.

Гьезул панкъал, хIанкъваби,
Гьезул рукъзал, квен, гьекъел;
Кверде тIаде цIанги бан,
Дицаги борхана гьеб.

Бархъалисел щай гьечIел? –
ЩагIил хъубузул кьерал.
Берцинал ясал гIадин,
Расандулел гьал чуял.

Мун сундаго релълъараб,
Мун лъидаго релълъинчIеб,
Мун релълъуна, Мексика,
ГIицIго Мексикаялда.

ГIадада туреб гьаниб,
Дур улкаялда бугеб
Ралъдалгин ракьул дагIба,
Дир «Ysla de muxeres».

...Гьанже цоги анкь буго
Аниб базе нижей кьун.
АхIана Мексикадул
Президентас тIаде.

Гьундухъе рачана ниж,
Мармаралъул болъаби, –
Аппаратал чвархъана
Чиниялъул залалда.

Рахъун чIун салам-калам...

Сокал, лъинал рачIана,
БагIарун бугин жакъа
Гьекъе, – ян синьораца.

Къеда улкадул карта
Киналго штатазул:
Мексика – республика...
КIалъана президент.

Дагьаб хабарги бицун,
Хадуб ахир гьикъана,
Иналде щиб бокьараб
Балагьизе бицеян.

Киназго жинди-жиндир
Мурад загьир гьабуна:
Оцазул рагъ – корридо,
Картиназул музеял...

Диде ирга щварабго,
Дица дираб абуна,
«Ysla de muxeres» – ил
Сияхъе витIе дунан.

Синьор-президент, дир
Цогияб гьари гьечIо,
ЦохIо гьелъие гIоло
Бухьараб сапар бугин...

Президент гьимана,
Гьобол, дур такъсир щибан,
ТамихIалъе рукIанин
Доре чагIи ритIулел.

Гьеб тамихI дие талихI
БукIинин кIалъана дун. –
БукIайин дуй бокьухъе, –
КIалъана президент.

– Метер Меридаялда
ДандчIвала губернатор.
Юкотан, Чечен-ица, –
Эзухъги хал гьабе мун.

Хадур корреспондентал

«Телевидениялъе
Лъабго рагIи абе», – ян
Эхетана дир хьолбохъ.

Дица гьезда абуна,
Кинабго абилилан, –
«Цин «Ysla de muxeres»
Бихьун вуссине виччай!

Дица абун теларо,
Жеги кочIолъ ахIила,
Кида щолеб метер къо,
Щал дир къайицадахъал?»

...Дица ПатIиматихъе
Пальмаялъул тIанхида
ТIад хъван ругьел битIана, –
Рагьилин гьанже гъамас.

## V

Назму! Дуда бихьулищ киналго талихIал ругеб куц. Ясал, руччаби, къоролзаби...

**А. Ахматова**

...Гьанже дир ракIгIанасеб нису букIара-бани, гьаб дунял хьихьизе гIелаан...

**Цо магIарулалъ абуна**

...Метер къо кида щолеб,
Щал дир къайицадахъал? –
Сверун ккун вуго къасдаз,
Къокъаб сардил халалъи!

Дир хиялазул русби,
Дир хIисабазул гуми,
Буго сверулеб кино
Кинабго дунялалъул.

Курхьин гьабулеб мехалъ,
Гьелда жавгьар кинигин,
КенчIелел руго рекIелъ
БакIал, цIарал, къисматал.

Цо хIикматаб тIехьалъул
ТIанчал регулел гIадин,
Регула дир пикрабаз
Векал, сонал, суратал.

Жиндирго къисабигун –
Къаданив дир Одиссей.
Къаси сардилъ капитан,
Дун чIахIиял гумузул.

«Огь, мискинай дир эбел,
Абурай яс, дир канлъи!» –
Кивалиго гъаримав
Робинзон Крузо дун.

Хазинабазул гъансал,
Меседил цIурал парсал,
Бер бухьарал пиратал,
Гьелгун рагъда ругъналъ дун.

Лълъадал полпилъ чорхол би, –
КIкIуйдулъ бухIулеб гама
БахIарчиял матросаз
Буго хвасар гьабулеб.

Гьезул тIаргъазул лентал,
Доб Севералъул ралъад,
Салам кьолев вуго дун
ХIажиев МухIамадий..

...НекIого чIван тIагIарал
ЧIахIиял андаманал
ЧIаголъула, рачIуна
КечI ахIулаго данде.

ГIемераб бицен бугеб
Билараб «Атлантида»
Эгеялъул тIиндасан
ТIаде бахъун кенчIана.

«Святая Мария»,
«Франц-Иосифил ракь»...
Дица цо квер борхана,
Гьаз каваби рагьана.

Кriталъул хъулбузда
Хъаравуллъун вуго дун,
Хъачагъаз гъаб биххизе
Гъабилалде цевего.

«Вусса Соррентоялде»,
Сариналъ рефрен – Капри.
Гъениве щолев вуго
Дунго Шаляпин гІадин.

Гъениб кьурул нохъода
Кьижараб лъим, дун вачІун,
БорчІун тІаде бахъана,
Нахъе юргъанги гъабун.

Дида цебе лъедола
Лъукъараб микки Кипри, –
Афродита, дур бокал
Бекулел полковникал...

Дир инсул пархен бугев
Хемингуэйгун цадахъ
Хабаралда вуго дун
Гавана – Кубаялда.

Гъев – чанахъан, ччугІихъан,
Гъевгун Африкаялда
Дун акулаби кколев.
Дун киталгун вагъулев.

Гъевгун дун – джунглабалъ,
Жакъадги буго рокъоб,
Бакъвазе тІомги гъабун,
ТІогьилаб крокодил.

...Огь, чІинкъ гІадаб чІинкІиллъи! –
Магжилав Фиделида
Дир магІарул буртина
Тамаша, рекъараб куц!

Доба Че Геваралгун
Къокъаб хабар букІана, –
Дир хабар Боливиялъ
ХІажалъичІищ, партизан?

...Гьедин лентал тирула,
Гьедин кино сверула,
Гьедин сагІтал кІетІола,
Сардилъ церетІамула:

РагІарабгун бихьараб,
Щвараб, щвечІеб гьегьаб ракь,
Гьабзазул чІинкІиллъаби,
ХІанчІазул чІинкІиллъаби.

Мокъокъил курмул гІадал,
Газаргъодул чІор гІадал,
Регарал пилал гІадал,
ГІарададул кІал гІадал;

Цоял хазинабазул,
Цоял хвел-балагьазул,
БахІарзазул туснахъал,
ШагІиразул лагерал.

Гьал Досонал, Суматрал,
Сверухъ рахсал рухьарал;
Рагъул аэродромал,
Яргъил гаванал, портал.

Цоял къисмат кІудиял,
Къуватал пачалихъал;
Цоял моцІрода гІадин,
ГІумру щибниги гьечІел.

...Лентал тирулел руго,
Кино сверулеб буго, –
Сас тун, гьанже киналго
Дида цадахъ балагье.

Бихьизабулеб буго
Дир къасдазул чІинкІиллъи.
РагІуларищ ахІулеб:
«Ysla de muxeres» – ин.

Гьале доб, гьале дунги
Дагъистаналъул поэт.
Дица пардав борхулеб
Буго гьай бахІаралъул.

Дир къасдазул чIинкIиллъи...
КъотIулеб буго лента.
Дихъ кIукьмахги кIулалги, –
КIочон те цоги дунял.

Дир маргьуги макьуги
Гьаниб тIубалеб буго,
Ракьулъ лъураб берцинлъи
ТIаде бахъунеб буго.

КиналгIаги мацIазул,
КиналгIаги бакIазул
БакIарун буго гьаниб
ГIасрабаз ккараб хIасрат.

Святая Мария
Йиго кодоб лъимергун,
Киналго сураталъан
Гьаний ячIун чIагояй!

Руго дир Джокондаби,
Гьезул гьими, цо свери!
Сикстиналъул мадоннал,
МагIарулав – огь, чIваге!

Дун гьезул гIемер гьечIин,
Жалго гьел гIемер гьечIин,
Дун кIийихъе хъвалхьине
КIиго батIияв гьечIин.

БагIараб тIегь каралда, –
Дир Карменал пархола.
Гьаний йиго Джульетта
Жакъа диргун харбида.

Киналго жий йокьулел
Жинда хадур рортаян,
Буго Жанна д Аркил чу,
Жал-рачI хьвагIун, боржунеб.

Дун гьелда хадув уна, –
«О, Франциялъул цIва,
Нилъеца цIуничIони,
Лъица цIунилеб рокьи!»

Гъанкъарал Дездемонал
ТIаде рахъун рачIуна, –
«ТIасалъугьа», – ян руго
Маврал гъазда гьарделел.

РачIуна Афродитал,
Апполонал чIвала данд.
Аваразул Марьямал,
ГIарабазул Зугьраби.

Золушкаби жидерго
Меседил пашмакъазулъ; –
Дунялалъул чамгIаллъи
Чурарал кверал гьезул.

Къурклиса Щаза йиго,
Ругъжаса Марин йиго,
МацI букъарал кварал тIун,
Кодоб гIарцул жергьенгун.

Россиялъул хIасратал,
Берцинал руччабиги,
Блокица бицуней
Берцинай дой дамаги.

Дунялалъул фестиваль
Гьайбатлъи, камиллъидул
 МахIмуд: «панаяб хIухьел!»,
Пушкин: «хIикматаб лахIзат!»

Польшаялъул паниял,
Париж кIоченабулел;
Парижалъул мадамал,
Мсье – цIутIулел кIутIби.

Индиялъул руччаби,
Гьезул халатаб партал.
Хал гьабе, японкаби,
Фудзиямалъул хIанчIи.

Цо хIеренлъи, недегьлъи, –
Кодор кквезе гьел гейшал!
Кеманабалъ саниял,
Сверулел куц дир берзукь!

Гьанир руго Жюль Вернил
Дженнигун леди Элен,
Гьаб тIолго Востокалъул
Нус-нус Лейла, Зугьраби.

Гьайбатал мусудузул
Росу Губденги гьаниб.
Гуржиязул парччахIал
Тамарабиги гьанир.

Гъежде рехун шал буго,
Щекъералда кверал лъун,
КечI цIалулеб буго дий,
Огь, аллагь, Ахматовалъ.

«Дур рукьбузул гьаюрай,
Мун вокьичIого дида
ЧIезе кIвелищан» абун,
КIалъала гьай, гIенекке!

Гьалда аскIой цун йиго
Цветаева хьолбохъ;
Цо рагIи дийги кьейин,
Дир цIар Марина бугин.

Гьанир дир балеринал...
Огь, дир Гранд опера!
Галина Сергеевна,
Дир кIиго рохел буго:

Дун чIагого хутIана
«ХъахIаб хIанкъва» хвезегIан.
Хадуб гьаб ракь бихьана
Дуца кьурди тезегIан...

Тирулел руго лентал
Къасдазул киноялъул.
Кьолол бакIалда буго
РакI бухулеб шагIираз.

Дида цересан уна
Цоязда хадур цоял,
Цере цо киданиги
Лъарал, кIочарал ясал.

КIочон течIел рачIуна
Жалги гьанир ругилан,
Дун гIемерал гуккарал,
Дида гуккизе лъачIел.

Гьегьал институтазул
Курсазул принцессал,
Гьегьал сапаралъ дица
Салам кьурал мадоннал...

...Дида рихьулел руго
БатIи-батIиял ясал:
Росулъ гIачи речIчIулел,
ГIертIалгун лъетIе унел.

ТIохда михир бачунел,
Хуриса чIар баччулел,
Лъимадул гьулак кIикIун
Панаяб ахх бачунел...

...Тирулеб буго кино,
Сверулеб буго дунял, –
Дица гIуцIулеб буго
Дир гIищкъул империя.

Рокьул лъимал ракIарун,
Дица гьабулеб буго
Ракьалда республика,
Киданиги букIинчIеб:

Кинабго берцинлъидул
Штатал данд цолъараб;
Цо дир тIугьдузул улка,
ТIолго дуниял цIураб.

ТIадехун зоб, сверун лъим,
Ралъдал каранда бараб,
БагIараб орден гIадин,
Бихьула гьеб кенчIелеб.

Гьелъий дица гимн хъвана, –
РокьигIан тIадегIанаб
ТIокIаб щибго букIинчIин,
БукIинеги гьечIилан.

Гьелъий дица гербалъе
ГІищкъу ккаразул кверал,
КвартІаги нилъги гІадин,
Цоцалъ цолъизаруна.

Гьелъий дица ургъана
Кибго парпалеб байрахъ,
КиналгІаги ракьазул
Рокьи ккарал цолъейин.

Гьеб рагІун дунялалъул
Миллионал гІадамал
Дир гІищкъул улкаялда
БакІ кьейилан рачІуна.

«Кье нижей гьаб ракьалда
Рокьиги берцинлъиги
Балагьлъун батаразе
Цо хІухьел босизе бакІ».

Щуго континенталъул
КиналгІаги кьеразул
РачІун руго гІащикъал
Къварилъаби чучизе.

Лълъедолел руго гумми
Киналго рахъаздасан;
Киназдаго цІар буго
Улбул, яцал, ясазул.

Гьезул цоялда дица
ПатІиматин цІалана.
Гьелда аскІоб цун буго
Цогияб – Мона Лиза.

Русби, катерал руго
Лъималазул цІар лъурал,
Лъедолел гьел релълъуна
КІикІулел киниязда.

Гьаниб хІилла-рекІкІ гьечІо,
Гьанир рагъал лъаларо, –
Ругънал цо хІасраталъул, –
Унти цо талихІалъул.

Гьанир туснахъал гьечIо,
Гьанир лагерал гьечIо.
Париж, дур жахIда ккелищ? –
Цоцалъ хурхунел маккал.

Гьанир чIваялги гьечIо,
Гьаниб хIинкъиги гьечIо, –
Венеция, гьадинаб
Берцинлъи дур бугебищ?!

Гьаниб суд, полиция
Гьукъун буго законалъ, –
Подвалазда суравал
Сардилъ росулел гьечIо.

Гьаниб налог, заемал,
Забастовкаби гьечIо.
ЗулмучагIаз квегъулеб
Колония гьаб гуро.

Гьанир бертаби руго
Загс, магьари гьечIого.
Хъалим цо гIищкъу буго, –
ГIарцухъ гьеб бичулебищ?!

БахIарай хъахIаб ратIлилъ –
ХъахIаб къоялъул сурат.
Сардил чIегIераб костюм –
Михъилав бахIарасул.

Дун гьанив ахIун вуго, –
ТалихIалъул рахъальан
Ракия тIолеб буго
Гьаб балъгояб чIинкIиллъухъ.

Гьанир бацIлъун хIанчIолел,
ГарцIал гIадин кIанцIолел,
НацIал гIадин щурщулел
МацIал, гIарзаби гьечIо.

Гьанир – серенадаби...
Йохъ, собраниял гьечIо.
Цензорал балагьичIел
КучIдул ахIула хIанчIаз.

Гьаниб руччабаздасан
Цо квешаб рагIи гьечIо,
Гьезул квер, кIаркьеналде
Цо кIкIарадуй нух гьечIо.

Гьанир орденал руго
ГIицIго гьайбатлъиялъул.
Гьелъул гурев цогияв
Цониги къирал гьечIо.

Буго дуниялалда
Нус-нус ракълил комитет,
Дица гIищкъул комитет
ГIуцIана улкаялъе.

Гьелъин дир ВатIаналде
Руччаби-къоролзаби,
Къварилъиялъул ясал
Рахас гьабун рачIунел...

Буго гьедин паркъолеб
ГIищкъуялъул чIинкIиллъи, –
Гьеб гIадаб Колумбица
Киданиги рагьичIо.

ТАССалъул корреспондент,
Кив вугев мун, балагье!
Гьабищ гьитIинаб улка? –
Блокнот къватIиб бахъе!

Тирулеб буго дунял,
Сверулеб буго кино,
КIетIолеб буго сагIат,
Сордо ана, къо щвана.

Дир нуцIида кIутIана,
КъачIайила, ХIамзатов,
Къасдалги хIакъикъатги
ЦIазе роржинин гьанже.

Дун къватIиве вахъана,
Нахъе течIо хиялал;
Хал гьабилин, борцинин
Гьаб гIумруги маргьуги.

Дун моцIродайищ вугев
Яги гьаб ракьалдайищ?
Макьу къотIизе унев
Чиясда релълъуна дун.

Лъел тIиндайищ дун вугев
Ялъуни гьелда тIадищ? –
ГьитIинго тIамураб пал
Гьанже ракIалдещвана...

Мексикаялъул зобал,
Хъудулеб буго мотор.
Цо мулатай, цо хъахIай
Цадахъ стюардессал.

Гьалги даб чIинкIиллъидул
Ясал ратизе руго.
Метисал испанияз
Рижизе гьарун руго.

ГIемер хьонал журарал,
Мичуринил гIеч гIадал,
Гьез дие кофе кьуна,
Кокосалъул сок тIуна.

Гьоркьоб гIемер мех инчIо:
«ГIодор чIа, рачел борче!»
«Ноу смокингилан»,
Самолет эхей ана.

Ахада пальмабазулъ
ГьитIинаб аэродром...
ДандчIвана, лъикI щвараян,
Гьаб нижер штаталде.

Гьаб Мерида, Юкотан,
Гьаб бащадаб чIинкIиллъи
ЧIор билараб, некIсияб
Газаргъо гIадин буго.

Гьеб чIор цIудул малъаз ккун,
Мадугьал Америкалъ
РахIму гьечIеб гучалъул
Гербалъе босун буго.

Губернатор ватана
Цо доктор вукIарав чи.
Дица «унти» бицана, –
Гьес «дараби» рицана.

Дихъе машина кьуна,
Цадахъ чагIи ритIана,
Цевегосев индеяв –
Гьесухъ гIенеккейилан.

Рагьдухъ багIарараб бакъ,
КIикъоябго градус.
Дагьав ралъдалъги чвердон,
Чечен-ицалде анна.

## VI

...Дун гьавуна азарго соналъ цеве.

**Дон Джордж**

...ГIенеккилин херасул харбихъ,
гьесул кIалъай бичун босулеб гьечIо…

**Н. Тихонов**

Риверил гIадал берал
Херлъарав индеясул;
Азарил соназ цеве
Гьавунин живан вуго.

Щвана Чечен-ицалде,
Пирамидазул рохьал...
Гьаб ракь бижаралдаса
Жив гьанив вугин вуго.

«Югалъул Востокалъул
Азиялда гьавурав,
Дун гьаниве вачIана
Паракъатаб бакI цIехон.

Югалъул Востокалъул
Азиялъул лъимер дун,
Дидасан байбихьана
ТIоцебе Америка.

Дидаса цебе гьаниб
ЦохIо гьаб зоб букIана.
Зодихъ киналго цIваби
Дица цIар кьун рикIкIана.

Дидаса цебе гьаниб
Гьагъаб ралъад букIана, –
Лъел матIуялда гьикъе,
Дир къарнабазул гIазаб.

Дидаса цебе гьанир
Гьал кьураби рукIана;
Кьижараб щинаб гамачI,
Дица ракI лъун, кIалъана.

Дун вачIинегIан гьаниб
Щибго гIумру букIинчIо, –
ГIадамги ХIаваги ниж,
Индеял гьаб ракьалъул.

Югалъул Востокалъул
Азиялъул лъимер дун,
Жеги дол эраязда
Гьаниб улка гьабурав.

Кактусалъул къадазул,
Пальмабазул тIохазул
ГьитIинаб ригьнив хIалтIун,
Империя гIуцIарав.

Аллагьазе щай гурин,
Жеги щурункъуркъбузе,
ХIанчIазе, борохьалъе
Бергьарал сиял рарав.

Жегиги доб Европа
Гьулакалда букIана, –
Гьаниб дир улкаялда
Ренессанс бугеб мехалъ.

Жеги Рим, Греция
Бакъда бегун букIана, –
Бакъул календарь дица
Дунялалъе гьабуна.

Гьезул болъахъе ваха,
Чвахулеб нур бихьулищ? –
ЛъагІалил къадалъ ругел
Къо, анкь, моцІалъул хІокІал...

Лондон, Париж киб бугеб, –
Кибго хабар букІинчІо.
НекІого гьал бакІазда –
Дир обсерватория.

Дида Венера лъана,
Гьаб лъабго килищ гІадин.
Космос?! – дун цевегосев
Циолковский вуго.

Зодоб бугеб кинабго
Дида гІемер лъикІ лъана.
ГІодоб букІунеб квешлъи
Хадуб гурони лъачІо.

Бакъ, МоцІ, Къирбалалъул цІва,
Щибав аллагь лъалаан,
Эзул ццин бахъинеги
Нижер гІайиб букІинчІо.

Щивасе гьундул рана,
Пирамидал рорхана,
Гьезие къурбаналъе
Бищун къиматаб кьуна.

Жеги джунглалъ рукІана
Гьанже хъудулел халкъал,
Хъвадаризе тІоцеве
Дун жувараб эралда.

Дир алфавит – дир хІарпаз
Даим кидаго хъвачІо
Цониги хъубаб рагІи,
НагІана, анонимка.

Дир щакъидалъ къалам ччун,
Цониги чи какичІо;
Цониги миллат, улка
Дица инжит гьабичІо.

Гьеб хъвай-хъвагIаялъ хъвачIо,
ЧагIазени щай гурин,
Чундузе, хIанчIазецин
Зарал гьабулеб буюр.

ХъвачIо судалъул хIукму,
ТамихIалъул кодексал, –
Туснахъ, лагерь, гъанкъи, хвел
Хадуб гурони лъачIо.

ХъвачIо рагъул планал, –
Гьеб кIкIуй нижер букIинчIо.
Испания щвезегIан
Щиб жо тумакIин лъачIо.

Даба дур Кавказалда
ГIадамазда цIар лъуна:
ГIарадайин, Гуллайин, –
Дора рагъал рукIана.

Гьаниб дир лъималазда
Лъолел цIарал рукIана:
ЦIвайилан, МегIерилан,
ГIалахилан, Ралъадин.

Югалъул Востокалъул
Азиялъул индеяв
Америкалде щварав,
Бакъ гIоларого гуро.

ГIумруялъе рекъелги
Паракъалъиги цIехон;
Гьеб букIана бакъан, кечI,
Как бан гьарулеб гьари.

Жеги кIиго мадугьал
Къацандизе кканани,
Унаан цадахъ рохьой
Щцин гIодой буссинегIан.

Цоцалъ ракI бакъванани,
Къварилъаби чучизе,
РукIана карачелал,
Чуял гIадин, квачIид чIун.

НуцIил кIулал рукIинчIо, –
КIалчIван рагьун рукIана.
Чабхъадулал щвезегIан
Щиб жо цIогьали лъачIо.

Щиб жо рищватин лъачIо,
Карьеристал рукIинчIо,
Кидаго хъулухъалъухъ
Хъатир кьолеб букIинчIо.

Цоцазе кумек гьабун,
Ракълида хIалтIулаан,
Рукъ тIад балеб мехалда
Дур ЦIада росулъ гIадин.

Гьал дир хIарпаца хъвана
ХIисаб, цIвабзазул гIелму;
Лъималазул, улбузул,
Аза-азар тIогьол цIар.

Хъвана бакънал, саринал,
Дица ахIилищ дуе,
Дир бухIараб, биххараб,
Гъурараб улкадул кечI?!»

... Риверил гIадал берал
Херлъарав индеясул...
Гьас ахIана, бицана,
Бихьизеги гьабуна.

РикIкIада улкабазул
Веказул каву рагьун,
НекIсияб кареталда
ТIад тирулев вуго дун.

ТIолго бакъназул эбел,
ТIолго харбазул эмен,
Тарихалъул Эльбрус,
Суратазул Эверест.

Устарлъидул, махщалил
Бищун цебесеб аслу,
Искусство тIоцебе
Бижараб иццул бетIер.

АнцІул гІуцІараб дунял,
АнцІул биххараб дунял,
АнцІул ахират ккараб,
АнцІул цІидасан бараб.

АнцІул чІвазе къотІараб,
АнцІуса чІаголъараб,
АнцІул гьалдолеб короб
Феникс гІадин хутІараб.

Бакъалъ, лъеца, гьороца,
Рагъаз гІакъуба кьураб,
Бакъалъ, лъеца, гьороца –
Гьезго дару гьабураб.

Бигъараб, ругънал щвараб,
Даим регъолеб дунял
Дида гьанже бихьана
Гьаб Майязул ракьалда.

Ракьулъ жанир рукъарал
Къуватал пачалихъал,
Ралъдал тІиналде арал
Атлантидал, шагьарал.

Огь, гьазул Акрополал,
Аркаби, кІалгІай, хъулби,
Лъабазарго сон барал
Цересел мавзолеял!

Лъукъарал пирамидал,
Гьезул сиязул рохьал...
Дица сверулеб бугеб
Египетцин гурищ гьаб?

Дида цебе паркъола
Париж, гьелъул байдаби.
Бице, гьанибцин гурищ
Гьез бищун бараб башня!

Киналго аллагьазе
Рорхарал гьундул руго:
Гьаб бакъалъе, гьаб цІадай,
ЦІоросаролъий, борхьий.

Борхьазул куркьбал, хIулал,
Чиясул хIанчIил гьумер,
Гьал ургъарал гьалбацIал,
СагIат, компас, каучук...

Кверал, бохдул гъурарал
Сурхай ханал гIадинал,
Гьал ганчIазул гIадамал, –
ГьазулгIаги гIайиб щиб?

ГанчIил бутIрул къотIарал
Къаркъалаби ругъназулъ...
Щал ХIажи-Мурадал гьал,
Памятникалъ ратарал?

Джунглалъ ганчIазул чагIи,
Ралъдалъ ганчIазул чагIи,
Газа кьабе ракьадда, –
Ракьулъ ганчIазул чагIи.

Ракьулъ гьегьал тIагIелал,
Гьал-дол хъазанал, хъуби;
Хъубузда жанир рукъун
КъотIарал ганчIил бутIрул...

Балагьун вуго гьезухъ
Чечен-ицил кIалгIабахъ, –
КIудияб балагьалъул
КIудияб такъсиралъухъ.

КIудияб махщелалъухъ,
КIудияб хIасраталъухъ,
КIочонарел лъалкIазухъ,
БукIаралъул заназухъ.

Гьал рорхатал хIубазухъ,
ХIокIал ругел гIемерал;
Зодоб цулеб куцалда
КьучI лъун гьарун рукIарал.

Гьегьал чабхъадулазул
Факелаца рухIарал,
Гьезул гIарадабаца
ГIаси гьарун хъурарал.

...Риверил гIадал берал
Херлъарав индеясул...
Гъасул харбил пашманлъи
Цоялдаса цогияб.

Гъале борхатаб къуру,
Гъалде тIаде вахана, –
Ахада гъваридаб хIор,
Ясал гъанкъулеб къулгIа.

ГIурччинаб гьумералъул,
ЧIегIераб нодоялъул,
Хвалчаби чархид ккураб
Куцалъул цIадал Аллагь.

ЦIад гьалдолеб бакъуца
Гьекъон лъугIараб мехалъ,
Пальмаби, цIоросаролъ,
Ракь, ракI бакъвараб мехалъ,

Гьасул ццин дагь гьабизе,
Гьуинлъи балагьизе,
Бищун гьайбатал ясал
Гъоре тIинде унаан.

Бищун пахруяб ратIлилъ,
Гьегьал курхьаби, кIилкIалъ,
Килщида баргъичал ххун,
Каранда маржанал ран.

ЩагIил гIундузул рачел БахIараца бичичIел,
Биче, аллагьин, дуца, Унаан цIваби гIадин.
КIанцIулаан гIодоре
ГIарац-меседгун цадахъ
Гордацин керен цвичIел
Бищун камилал ясал.

Гьезда хадур балагьун
ХутIулаан абурал:
«Бичас баги чвахун цIад,
Чвахаги иххал, лъарал!

ЦIадал Аллагь, дур гIадин
ГIемерал лъудби гьечIо.

Дуе гIадаб къиматаб
Къайи нижеца кьечIо».

...Огь, харбазул пашманлъи,
Хиялазул гIемерлъи!
Хал гьабун вуго гъове, –
Гъварилъи лъадал хабал!

Гьелъул.цо гIодой биччай,
ГIурччинаб чвахи, бице,
Чабахищ гIемер гъоба,
Жавгьарищ гъоба гIемер?

Дие жаваб гьабуна,
Гъоба ахалъиялда
КIудиял хазинаби
ХутIун ратизе гьечIин.

Хваразул бечелъидул
Хеккого махIги сунтIун,
Дядя Сёмал рачIанин
Доба Севералдаса.

Самолетал тирана,
Катерал гъорлъе ана,
Гьагъаб тIину хъарсана
Хъачагъал мадугьалаз.

Гьанже Америкалда:
Чикаго, Даласалда
Чан экспонатал ругел
Гьаниса росун арал!

Доба Франциялда
Перси-тIансаби гIадин...
Португалия, дуца
Африкалда щиб тараб?!

Индиязул хIикмалъи, –
Доб Британиялъул
ТIолго музеяхъ руго
Хъамаллъиялъул лъалкIал.

...Огь, дуниял, дуниял,
Дида лъалеб букIинчIо

Мун гьадинаб батилеб, –
Факелазул цIа бадиб.

Мун ургъун букIараб куц
Улбуз кинидахъкочIолъ! –
Эбел гьечIел чагIазищ
Дуе гьаб гIазаб кьураб?

Огь, Майял, огь, Ацкетал –
Къого нухалъ Дагъистан, –
Гьанже цоцин хутIичIо!
Хабал щущан ругел куц!

Америка, Канада –
Киса-кибго улкабалъ
Нужер гьурмал кьер бихьун,
Гьунаралъе – очередь.

Гьелъие ахир гьечIо,
Огь, чиясул ихтияр!
Чияр бицун кIалъазе
Щивго нечолев гьечIо.

Огь, ваче дун, индеяв,
Дагьаб хIалхьи босизе.
Ясазул ЧIинкIиллъухъе
БатIияб кечI рагIизе...

Дир гьудулас, индеяс
Трубкаялда жаниб
Тамахьо балеб буго,
Гьелда цIа лъолеб буго.

Гьаб цIан лъугIилалде нилъ
Доре щвезе ругилан.
ГIурччинаб раса гьале,
Гьелда тIаде вахаян...

VII

...Мексикаялъул залив,
Карибалде цолъулеб;
Цо гIатIилъи гьаб лъадал,
Цо борхалъи гьаб зодил!

Цо берцинлъи къоялъул,
Къо байбихьулеб ихдал!
Цо гьайбатлъи мехалъул,
Нух лъадалъ лъолеб бакъул!

Мехтиларищ гьал кьераз, –
Гьаниб цо, доба цоги.
Гьаглъиларищ канлъиялъ, –
Кибего щущан бугеб!

Карибалъул кьергин махI
Чагъиралъул буго гьаб, –
Чайкаби мехтун уна
Гьелда гозо хъварабго.

Гьаб ралъдал гIатIилъуда
Русби, гуми, катерал –
Кавказалъул гIадрабахъ
ГIачи, чуял кинигин.

Цоял гьанир рачIуна,
Цоял доре сверула.
Цо цIулал расаялда –
ЦIада росулъа синьор.

Бице, цIцIан бахъунарищ
Дур хъалиян, индеяв?
АскIоб щолеб, лъедолеб
Лъаларищ доб гамил цIар?

Индеяс цIалейилан
Дихъе дурнавал кьуна,
Добе цо газаргъодул
ЧIор гьаниса гIунтIулин.

ГIагарлъана, цIалана
«Ysla de muxeres» – ин,
Испаниязул мацIалъ
Гьал латиналъул хIарпал.

ХIинкъана балагьулеб
БакI гьаб батичIониян. –
Гьале дур чIинкIиллъи, – ян
ЧIана, тIаде рахъана.

Рилълъана, балагьана, –
Катица тIох кинигин,
Гьоркьоб сагIат иналде,
Свера-тирун бахъана.

Нахъойги балагьана,
Гьаб щибан хIикмалъана, –
ХIисабалда лъуни гьаб
Таргьида жаниб гьина.

Дир ЦIада росдадаса
ЦIикIкIараб батаниги,
ЦIадахIариялдаса
ГIезегIан гьитIин буго.

Дир пачалихъ, дир улка,
Къасдазул республика,
Къаси кечIги хиялги
Хабалъ лъолев вуго дун.

Гьаб щиб нижер магIарухъ
ГIаридай харчI балелъул,
Хуриб кIочон хутIараб
КIвар гьечIеб гулцин гурищ?

Яги дир кьурабахъан
ГIурдаде гирун араб
ЦIунцIрабазул гохIида
Бугеб гамачIцин гурищ?

Гьаб релълъуна лъимада
Чвердезейин бахъараб,
Нахъ буссине, гуч лъугIун,
Карачелаз биччачIеб.

Цо-кIиго гьотел бугел
Ресторанал, тукаби,
Туристал гьегьал джинсалъ
Пляжазда сверулел.

Гьаказул берал гIадал
Гургинал цIороберал...
Огь, цIамгIаллъи лъималъул,
РухIулел руго берал...

ТАССалъул корреспондент,
Дида цеве вукIарав:
– РакI рекъаницщ, ХIамзатов,
Гъаб дурго Багъдадалда?

Дур кочIол Гренада
Кинан дуда бихьараб?..
Карачелаз гьикъана,
Джокондаби кир ругел?

Серенадаби гьечIо, –
Тара-тара-тарара.
Твист, чача кьурдулей,
Джульетта, мунищ гьай?

Бетховен, Моцарт гьечIо, –
Тара-тара-тарара.
Афродита, дур балет
Буги-вугийищ кколеб?

Тара-тара, ба-ба-ба, –
Баралда виски гьекъон,
Гьал мехтарал бакънализщ,
Сильва, дуца рачунел?

ГIабасги хадув гьавун,
Халун яккулей гIадин, –
Херал американал
Цадахъ гIолохъабигун.

Тара-тара, тарара, –
Транзисторазул хъуй,
ХъахIаб бакI гьазул чорхол
ХутIунцин батиларо.

Бакъги ралъадги, бице,
Кинал гьалайчагIи нуж,
Черхги гьумерги бугин
Пахьул гьабураб гьазул?

Нужер чеканкаялъул,
Унго, бугеб камиллъи! –
Кубачидул гIертIазда
Релълъуна гьал ледиял.

Уэбекаца тIад лъолел
ТIагърал-тюбетейкаби,
Гьел цоцалъ цолъун руго
Цо-кIиго гIеч бахчизе.

Бахчизе жо щиб гьениб? –
Цебегосеб пихъ буго.
Гьазул жинс-расалъ, каралъ
Кинго бицине гьечIо.

Гьалищ дир Лейлабиги,
Гьалищ дир Зугьрабиги?
Золушка, гьаб чамгIаллъи
Чурун лъугIулеб гьечIо.

Гьаб бакI рагьизейищ дун
Сапарадде вахъарав? –
Сервантесил дов игит
Жакъа цеветIамуна.

Бице, дир Шагьризада,
Азаралда цо гуреб
Цоги сардал рукIанищ? –
Дур маргьуцин турищ гьаб?

Гьабищ рокьул чIинкIиллъи,
«Ysla de muxeres» – ин?
Гьалъие цIар кьурав щив,
ЦIумазул никIкIий гIадин?

Гьеб никIкIица хIанчIана,
КIкIараялъ ругънал лъуна,
Москитазул къокъабаз
Гьаб дир къаркъала цIцIуна.

– Майялъул синьор, бице,
Суалалъе жаваб кье,
Гьалда лъица абураб
Индеязул ракьилан?

Ракь нужер батаниги,
Щив бокьун гьанив арав? –
Гьаниб гохI, доба кьуру...
...Балагьана индеяв.

Хадуб, ралъдахъ хал гьабун,
Гьес дий къиса бицана, –
Гьеб гIадинаб къваридаб
КъанагIатги рагIичIо...

...Риверил гIадал берал
Херлъарав индеясул:
Гьаб ракь бокьизе алжан
Гурин жидей букIараб...

«Бекьизе беэнаб ракь,
Бечелъиги букIинчIо,
РукIарал бакIазухъа
Гьаниб гьижра гьабизе.

Гьаниве щварав Колумб,
Квер хьвагIун, нахъе ана,
Кортесил гумузги гьаб
Гьоркьоб тана кIваричIин:

«Гьаб ракьа гьабзазе те,
БокьанагIан гьан бугин,
Гьаб бер хIанчIаца бикIе,
ХIинкъун, нилъ тун, роржарал».

Гьел хIанчIи – ниж, бусаби
РухIулеб цIадудаса
ЦIунун гьанир рачIарал
Паракъалъи гьаризе.

Пиратазул гIасиял
ГIарадазул кIалдиса
КIвараб, хутIараб рикъзи
Хвелалдаса цIунизе.

РикIкIад Испаниялде
Асираллъун инегIан,
Босана талихI гьечIеб
ТамихI нижеца тIаде.

РачIана ниж кIочараб,
Чи гьечIеб чIинкIиллъуде,
ЧIваби рекъезаризе
ТIутIураб гIумруялъул.

РачIана гьаб пашманаб
Донос Суматроялде. –
Гьаниб бугеб кIкIара-никIкI
РикIкIинищ Кортес лъараз?!

ХьуцIал ракъвазаруна,
Бакъул унти хъамизе,
ЦIоролъил карщ гьабуна,
Гьелдаса черх цIунизе.

Ниж гьанире рачIана, –
Карачалаби сверухъ.
Киналго аллагьазде
ЦохIо гьари букIана:

«Цо хъахIлъи лъаралдаса
Цоги хъахIлъи лъазегIан;
КиналгIаги лъагIелаз
Ниж лъидаго рихьуге».

Цоги гьари букIана
Гьадалго аллагьазде,
Бакъ, лъим, цIад цIагун рекъон,
ЦIуне ниж, цIунейилан.

«Гьаб лъелъ бугеб тIанкIалда
ТIадгIаги ниж жалго те,
Ниж индеязул лъимал:
Лъудби, улбул, хъизанал.»

ГанчIица гамачI бикIун,
Сугъулдерица гIадин,
Рана сиялъ минаби,
Жанир рукIине бакIал.

ЧIана гъутIби, гIуна гьел, –
Пальмабазулъ бананал.
БетIер цIуне, – цIулакьо
Ракьалде гъунеб буго.

Бекьана гьологун мугь,
ГIемераб гьечIониги.
ГIумруялъе къачIана:
Квенги, кечIги, минаги.

Рокьул аллагь гурхIизе,
Ралъдал рагIалда салулъ
Суратал рахъулаан
ГIолохъанал бахIараз.

АскIор щущан рукIана
Щурункъуркъбузул ханал.
ЩагIил гIундул ракIарун,
РукIана гьарун гохIал.

Гьенир хIанчIазул гIадал
ХIатIал, кверазул лъалкIал,
ЛъагIелал сверанагIан,
ЦIикIкIана, гIемерлъана.

Гьанир васал гьареян,
Гьанир ясал рукIайин,
Анкьго ясикIоялъул
БукIана храм гьабун.

ХIанчIазул гьан кунаан
Ясал гьарураб мехалъ;
РитIучIил гьан кунаан
Васал гIураб мехалда.

КIиялго цадахъ гьарун,
Цо-цо хъатикь ккуралго,
БачIунаан ччугIил гьан,
Гьале, кванайин абун.

Газаргъодул чIоралгун
Бихьинал – рохьор чанар.
Чед гьабун, партал букъун,
Рокъор халккун руччаби.

Русбузда ралъдалъе ун,
ЧчугIа ккколел бихьинал.
«Кидадай гьел руссинел?» –
Балагьарал руччаби...

Гьединан ана санал,
Ракълида паракъатго...
...Паракъатго хутIичIо
Гьанирги нижж, индеял.

Гьуразул Аллагьасул
Ццин бахъараб къагІида.
Циндаго ккана балагь
Кидаго кІочонареб...

...Цо нухалъ Карибалъул
КиналгІаги бихьинал,
Кидаго гІадин, анна
Ралъдалъе ччугІа кквезе.

АнцІила микьго раса,
Нусго тІагъур лъурав чи.
Херал улбул рахъана:
– Нахъ балагье цо-цо, – ян.

Абурал ясал тана
Майялъул бахІараца,
Ниж рачІун бичизегІан
Чучуге рачелилан.

Росабаз лъудби тана,
ЧІорого руссинарин –
НекІсиял индеязул
Гьал декабристкаби.

...Лъеда, карачелабалъ
КучІдул, къисаби, русби..
Нахъ хутІана чІинкІиллъи,
ЧІвараб чанил тІом гІадин.

Хадуб гьаб гьитІинаб тІанкІ
ТІерхьараб бихьуларо.
Дуда бихьулеб бугищ,
Бице, Къирбалалъул цІва?!

Гьедин рикІкІадещвана,
РекІелъ лъудби, гъастІа цІа,
Метер къасдалъ къачІалеб,
Къаси кколеб гьаб ччугІа.

КІикІулел дол гьулакал,
Гьезий гурищ нужеца
Бакънал рачунел ругел,
Карачалаби, къаси?

Гьединан хъахIлъи лъана, –
ГIагарлъулел накIкIал щай?
РакIалдаго гьечIого,
Гъугъадана, пирхана.

Гъугъадана, пирхана,
Гьанисангин добасан.
Багъардана, хъудана
Зобги, ракьги, ралъадги.

АнцIила микьабго бал –
Анкьабго рахъалдасан
Цин нахъасан речIчIула,
Цин цебе эхетула.

Гьаб лъазе гьабичIеб рагъ,
Гьуразул гьалаглъи, ццин!
Гьукъараб гIурхъийищ гьал
ЧчугIихъабаз бахараб?

Чияр бакIалдайищ гьаз
Жидерго гьинал гъурал?
Жанаваразул кIалал –
КIанцIулел карачелал.

Лъабабго сордо-къоялъ
Къацандана, гьардана, –
Гьороца гIин тIамичIо,
Лълъадаца бер тIамичIо.

Гьазул лъудбузул ургъел
ТIабигIаталъ гьабичIо;
Лъималазда, улбузда
Зобги ракьги гурхIичIо.

Цо-цоккун русби анна
КIичIван ралъдал тIиналде.
ТIад вуссинчIо цохIо инс
Мискинаб чIинкIиллъухъе.

Гьал ччугIбузе гьин гъурал
ЧчугIбузда кодой ккана.
Щиб гьал карачелаби –
Кортесал, самураял?

Кинал диктаторал гьал –
Гьури, накIкI, согIаб гьава?
Кив нужер аллагь вутев,
Абураб щинаб кьела?!

Гьалъие гIилла кинаб,
ГIайиб гьазул щиб ккараб? –
Карачелахъ балагьун,
ЧIинкIиллъидул руччаби…

...Абула, гьеб къоялда
Гьардухъанас ралъдалъе
ГамачI рехун бугила,
Биххаги дуниялин.

Абула, гьеб къоялда
Цо къечарай абелалъ
Гьекъезе лъим гьаригун,
Лъималаз гьеб кьун гьечIин.

Абула, гьеб къоялда
Мискинав бесдаласул
Цо бечедаб гьечIеб ирс
ГIагараз бахъун бугин.

Абула гьадин, додин,
Аллагьазул ццин бахъун,
Гьазул ахир кканила...
Огь, руччабазул зигар!

Гьал доб чIинкIиллъиялъул
Кьурда эхетун руго,
АскIоб бугеб гохIалда
Горал гьарун чIун руго.

Ракь лъугIулел бакIазде
РакIарун, кирго рортун,
Нуж гьечIото рес гьечIин,
Русса, руссайин руго.

Зодой квералги рорхун,
Балагьула хьулалда, –
Гьеб цIакъ тIадегIан буго,
РегIун гьечIо гIебаб тIох.

ГIатIидаб ралъадалда
Гьикъула гьаз къваридго, –
Гьелъ жаваб гьабуларо,
Жиндир иш гIемер бугин.

Щибаб карачелалда
Данде кверал ритIула, –
БатIияб хабар гьечIо,
Гьезулги цохIо гуреб.

Церехун накIкIал, гьурал
Гьалагал чуял риччан.
Чабхъад гIедегIун унел
Муридал гIадин руго.

Гьазул наибал кинал,
Гьазул имам щив кколев? –
Улбул, русса васалин,
Саназ ралагьун руго.

Сардилъги гъасда яцаз
Бакараб цIа сунаро,
ГьабсагIат тIаде щвелин
Жидер тIулалъул вацал.

Ясал, умумал хварал,
Хал гьабун балагьарал,
БотIрода рас хъахIлъарал,
БахIарлъи рикIкIад тарал.

Росал руссинчIел лъудби,
Даимго къороллъарал...
Цо къоялъ бесдаллъарал
Лъималазул гIемерлъи!

Къоролзабахъ урхъарал,
Росасе инчIел ясал, –
Бесдаллъун хутIаниги
Лъимал ругел анищан.

Гьел хIадурал рукIана
ТIолго ралъад гьекъезе, –
ТIинда ругел жидерго
Бихьиназда бер чIвазе.

Росал рачIинин абун
Балагьарал руччаби,
Бицуна, мех арабго,
ГанчIазде руссанилан.

Михъида рас бижулев
ЦохIо инсан хутIичIеб
«Ysla de muxeres»– ил
Къиса гьединаб бугин.

МагIуялъул кьураби,
Пашманлъиялъул гохIал…
Гьаниб бакъги къваридаб,
Гьаниб лъимги цIамгIалаб.

Гьалъул цIарги захIматаб,
Ралъдал тIинуялъ кьураб,
Гьалъул кечIги гьелчолел
Карачелаз малълъараб...»

...Риверил гIадал берал
Херлъарав индеясул...
Гьаб хабар бицана гьес,
Цинги трубка цIана.

Дун хиялаца цIуна, –
Огь, дуниял, замана!
Дица ургъараб гIадаб
БатичIо дур хIакъикъат.

Дир маргьуги макьуги,
Мун батараб гIаксалда!
ГIумруги хиялалги
БатIа-батIа ккарал куц!

Дун вукIана, бетIилин
Йокьулелъе тIегьилан, –
ТIураб мехалъ, хIенсана
ХIамазаз дир черхалда.

Дун вачIана, бакилин
Дица магIарда цIайин, –
ЩIер бана, гьури пуна,
Дир гьудул, мун квачана.

Дир рохалил пачалихъ,
Мун батараб пашманаб!
Анищаб кочIол дунял,
Дур цIвабзазул зигарди!

Дир биялъулъ гьалдараб
Гьаб гIумруялъул улка!
ГIагарде щвараб мехалъ,
Ратарал щинал хвелал!

Хварал чIухIарал халкъал,
ЧIунтарал империял!
Доб некIсияб мехалъул
Миллатал рукъанщинал!

Дица сапар бухьараб
ГIищкъуялъул ЧIинкIиллъи,
ГIасилъиялъул лъалкIал
Ратана дур къисадул.

Балагьарал руччаби
ГанчIазде руссун руго...
Вуссине нухлуласе –
Дие замана щвана.

Дида мун кIоченаро, –
КIиго сувенир буго
«Ysla de muxeres» – ил
Пашманал сайигъатал.

Цин салуда рахъарал,
Нахъа хIатIул гьарурал,
Нужер гьал фигураби,
Нужер автопортретал.

Цояй – росасе инчIей,
Росго росилан хварай, –
Гьелъул чIурканаб лага,
Газаргъодал чIор гIадаб.

Цояй – росасе арай,
Амма лъимал гьаричIей, –
Лъимер, лъимерин абун
Угьдулей, дагьай цIурай.

Огь, кьвагьизе къачIараб
Кьаву чIвана яргъида!
КечI ахIизе хIадураб
ХIама бекана тIармил!

ЦохIо гIучI вукIаниги,
Бихьинчи щай гьечIевин, –
Гьездаса махIрумлъарал
Балагьула дун гьезухъ.

Цо тIагъур букIаниги,
БетIер гьариларилан –
ТIугьдул, хурдул лъедола
Хваразе Карибалда.

Доба Испаниялда
Оцазул рагъ, концертал, –
Кибалиго ясалгун
Свердулел джентльменал.

Доба Мексикаялда
Сомбрероял кенчIола, –
Кивалиго хъизангун
Президент воржуна.

Къаси театралда
Росалгун лъудби руго, –
Метер шамат къоялда
Щуго бертин магIарухъ.

Къойил васал гьарула,
Къойил ясал гьарула,
Къо-мех лъикI, рекIел хIинкъи,
Дир «Ysla de muxeres».

ГIурччинаб расаялда
ХъахIал парусал руго,
Пальмабалъ аэродром
ЦIадаз чурулеб буго.

**Ахир**

Рагъалъ вас гьавуларо.

**МагIарулалъул аби**

Дунги кечIги руссунел
Руго сапаралдаса.
Сардал, къоял анагIан,
Мексика нахъа тана.

Гьаниб къо, доба сордо,
Доба къо, гьаниб сордо.
СагIат дица кьурана
Нилъер заманаялда.

Рихьула Карибалъул
Карачелалъ лъедолел,
Гьора тIинда таразе
Дица тIурал квацIаби.

Дове ана чIухIадго,
ЧIахIиял къасдалгун дун, –
ЧIобого нахъ вуссунев
Вуго къварид хIисабалъ.

ХIисабалъ дир веказул,
Улкабазул, халкъазул, –
Гьезул хулжал – дир гъежда,
Гьезул хунжрул – дир каранлъ.

Хиялалъ – кваркьабазда
Гьоркь ракьалъул чIаголъи!
ЧIахъаги дир Дагъистан!
ЧIахъаги дир дуниял!

Дун вуссана, баче квер,
Кир ругел хъизан-лъимал?
ЧIахъаги дир росуги!
ЧIахъаги дир Москваги!...

– ...ВатIаналда хабар щиб?
– БатIияб щибго гьечIо.
– Кив щварав, щиб бихьараб? –
Ниж духъ гIенеккун руго.

...Дида кIалдиб цун буго
Доб кIудияб микрофон, –
КIалъана гIагаралгун,

КӀалъана гъаб гӀаламгун.

Микрофоналда дица
Цин поэма цӀалана,
Гъабги депутатазул
Отчеталъе босеян.

Гьелда хадубго дица
Хадусебги абуна.
Дир хиял-хӀисабазул
ХӀасил гьадин бицана:

– Берцинаб жо батана
Кинидахъ ахӀулеб кечӀ,
Киниялда бущараб
Лъимадул гьими гӀадин.

Хадур санал аралго,
Саринал хисулел куц!
Хадуб гӀумру арабго,
ГӀадамал сверулел куц!

Берцинаб жо батана
Гъасда эбелалъул цӀа, –
Эбел камизегӀан дир
Гьаб каранлъ чирахъ свинчӀо.

Хадуб гӀужде щваралго,
БетӀер мокърукь тункичӀез
Гьеб цӀа гӀаразда гъуна,
ГӀаламалда бакана.

Берцинаб жо батана
МагӀарда беролеб иццц,
Дица накаби чӀвана
ГанчӀазда, гьеб гьекъезе.

Хадуб эхей чвахигун,
ЧагӀазул хӀалтӀи буго,
ХӀабургъана дагь-дагьккун
Дир ихдалил иццул лъар.

Берцинаб жо батана,
Бицахъе, дир чӀинкӀиллъи, –
ГӀингун бералда гьоркьоб

Цо рокьо букIун гьечIо.

Анкь-анкь улка, микь-микь век,
Океан, азарго накIкI...
«Ysla de muxeres» – алъ
Дие мухIкан борцана.

Гьеб тIабигIияб тIупан,
ТIаде бачIараб балагь, –
ТIагIунарел Кортесаз
Керен кIвекIулеб буго.

Карачелаз росарал
Русбузда щиб гьабилеб? –
Русбийищ гьал росаби,
Шагьарал, пачалихъал?

Щай гьал щущазарулел
Цин дора, цинги гьанир? –
Польша, Шопенил Польша,
ЩегI гьабураб Варшава.

Дур геттояхъ чIваразе
ТIугьдулцин гIолел гьечIо,
Гьезий памятниказе
Киб босилеб мрамор?

Гьал ракарал цIаял щай
Щибаб векалъ сунарел?!
Огь, Ленинил Россия,
Дур росабазул рохъо!

Хварал ракIалде щолеб
Къоялъ ракIарарал го,
Къого миллион чирахъ
Улкаялда бакула.

Жидехъ хал гьабейилан
Паркъолеб азарго цIва, –
Ракьалда чагIи кинал
Чингисханлъи толарел?!

Чанцин, къотIараб бетIер
Бихьун, гIакъиллъун буго, –
ГIадамазулъ, тамаша

Тимурлъи лъугІулареб?!

Гьев рекъасул мекълъиги
ТІекълъиги лъугІулареб?!
Загьру гьекъон хваниги
Фюрерал тІагІунареб?!

ТІагІунареб, тІадеги
НакІкІаца зоб бецІлъулеб,
Балагь, квешлъабазул си
Санайил кІодолъулеб?!

Гьеб цоязе – Мексика,
Цогиязе – Дагъистан;
Дие – тІолго улкаби,
КинабгІаги дуниял.

Гьеб даимаб хІинчІ буго,
ХІинкъарал цІаял лъараб.
Гьеб рухІ кьун цІунараб куц
КиналгІаги рагъазулъ!

КІикъоялда цойилаб,
КІикъоялда щуйилаб.
КІудияб эпопея –
Феникс нахъе хутІана.

Амма гьанже хадубги
Ярагъ къачІалеб буго
Къиямасеб къоялъе,
КІудияб тІупаналъе.

ГІакълу бугин къуватин,
Хвалил пишачагІаца
Дир Фениксалде буго
Босулеб гІуж, гьеб чІвазе.

Дица гьарулеб буго,
Гьедун абулеб буго:
Дунялалъул гьабуге
Гьаб «Ysla de muxeres».

Дунял – кІудияй эбел
Кинабго гІаламалъул,
Киниги гьанситоги

Гьаб инсаниятalъул.

ГIела, бухIуге Феникс,
Бищунго гьайбатаб хIинчI,
Киназего гIахьалаб,
Киназего гIагараб.

ГIемер гьуразде данде
Куркьбал хьвагIун боржараб
ГIемерал цIаял лъараб
ЦIуне, халкъал, гьаб дунял.

Гьаб букIине биччанте
Ракълил бакъул чIинкIиллъи,
ГIищкъул океанаца
Кисанго сверун ккураб!

Дир кечI, васият гьале,
Дир рокьул Феникс, боржа!
Йокьулелда къвал барал
Къаси кьижуге, васал!

Дир сапарги лъугIана,
Дир саринги лъугIана.
Нужер хабар кин бугеб
Хундерил тIалъиялда?

ТIелекье цIад барабищ,
ЦIадае бакъ щварабищ?
Дунялалъул хурзабахъ
ХIалухъин кинан бугеб?!

МахIачхъала – Москва –
«Ysla de muxeres» – «Айвазовская».

**ГIАДАМАЛГИ РАГIАДАЛГИ**

(*КIиго ракI*)

1962 с.

Дун дир нухазулги дир мехазулги

ТIохде вахун вуго, эхей унеб гIор.
Дир сапаразулги сверабазулги
Салул гохIда вуго, тIерхьун унеб бакъ.

Дир керен – гъансито, рухIулел руго
БахIарал саназул чIухIарал къасдал.
Дир бетIер кIиябго квералъ кIвекIула, –
Кибе боржараб мун, божараб рокьи?

Дица дирго хирург ахIулев вуго,
Унтарал хьулазул ругънал регъеян.
Дун диванчиясда гьарделев вуго,
Гьал дир хIисабазе хIукму къотIеян...

Хирург кIалъаларо – кIетIола сагIат...
Къоял, сардал, санал, – судула ругънал.
Судияс абула, хIукму къотIизе
Къарнабазул кодекс кодой босеян.

Дир гIумрудул сверул сурмияб хьухьикь
Сардида Дагъистан буго гъапуллъун.
Гъугъдузул тIутIураб тIингъилъан баккун,
Буго ЦIада росу цIваби рикIкIунеб.

Гьел рикIкIада руго. РекIарал цIаяз,
РекIе чу, гьаболлъухъ ахIулев вуго.
Гьоболлъухъ цIияб гIел ина гьенибе,
ГIагараб дуниял, дуе сордо лъикI!..

...Дун рокъой вилълъана. Чирахъги кьурун,
Кьижизе вегана, щоларо макьу. –
Щибаб лахIзаталда церетIамула
Цо батIи-батIиял суратал, гIужал.

Дун гьезда гьардола, гьелгун вагъула,
Юргъан цIан, гьездаса бетIер бахчула.
Гьел дир юргъаналде гъоркье рачIуна,
Дир берал рикIула, ракI басунбала;
Бадир релъанхъула, тIаде ахIдола,
ТIубараб гьабигьор гьез дий гIуцIула...

...Дида ккун букIана, дун цо вугилан,
Цинги балагьидал кIиго ватана.
ЦохIо цIар лъуниги ЦIада росдал вас,
Дун цого ватичIо, цоги ватана:

Дир каранда жаниб кIетIелеб буго
КIиго батIияб ракI – кинаб битIараб?
Гьал дир гъуждузда тIад – кIиябго бетIер,
КIиялъго бухулеб рахараб каву.

РелълъинчIел суратал гьал дир саназул
Седола къадада къваридго дица.
ГьетIарал рагIадал дир гIумруялъул,
Нужгун вагъулаго, ругъналъ вуго дун.

Рахсал рарал квераз ккураб дир къалам,
Квар бараб щокърониб къулчIулеб шигIру...
Чанго гъецIалъ буго дир черх цIацIалеб,
Чанго цIаялъ руго рукьбал рухIулел.

Черхалдаса бетIер батIалъунищан,
Гьелъул гвангварагун гаргадула дун:
«Гьаб дир букIарабищ, цогиясулищ,
Цосина дов лъалев наибасулищ?»

Каранда жаниса цIан ракIги бахъун,
Гьелъул цIадухъ вугев гIадин кIалъала:
«Бице, мун лъил кколеб: чиярищ, дирищ?
Унго, щибго кунчIи гьечIищ дулъ Данкол?»

Цояб бералдасан цIа кунчIулелъул,
Квер чIван буго дица цоги beралда:
Гьал риччарал тIелхал дагьалъ рахчизе,
Гьаб тIинкIулеб магIу бихьунгутIизе.

Дун – дирго редактор, дун – дирго цензор,
Дун дидаго ццидалъ, ци гIадин, вуго.
Дун – дирго Отелло... Дилъ жубан буго
Лебалаб хIасратгун хIинкъараб щаклъи.

НекIо шагIирасул наибас гIадин,
Дицаго дирго кIал букъулеб буго.
КIал букъараб кварги тIетIезе гьабун,
Дица бугеб рухIалъ ахIулеб буго.

Батырай кинигин, ахIараб кочIохъ
МахIрумлъулев вуго дирго чодаса.
МахIмуд кинигинан, нахъасан речIчIун,
Дун гIодов ккун вуго кавудахъ, ганчIалъ.

Дица дунго вуго дуэлалъ ахIун, –
Дантес щив, Пушкин щив лъазе кIоларо.
Дица дунго вуго асир гъавулев,
Имам Шамил хъахIав пачаяс гIадин.

Дица дир гIасруги, гIумруги, мехги
ГIищкъуялъ баркана, ццидакь какана.
Каранде дандкъана, нахъе тункана,
Тушманин, гъудулин гьелда абуна.

Дица гIумруялъул кино кьурула, –
Кинав дун вукIарав батIи-батIияв...
Дица дир кучIдузул тIанчал регула, –
Ругел щинал бакънал, рекъон кколарел!..

...Дун – Сталиниде гIемерал соназ
Саринал чIахIиял хIарпаца хъварав;
Гьесул сурат бищун гIагаразда гъорлъ
ГIазизаб рукъалъул къадада барав;

ГIолохъанаб мехалъ хъварал шигIрабахъ
Досул шапакъаталъ керен къалъарав;
Къаламги хъатикь ккун, гьесул тIахьазде
ТIаде вуссун, чанги сардал рогьарав;

Тушман Кавказалде щвараб мехалда,
Кинабго ракI-ракIалъ досда божарав;
Дов Дагъистаналде вачIарал къоял
Дагъистан бижараб сонлъун рикIкIарав;

Досул цIарги ахIун, цIадаве инее
Бокьараб лахIзаталъ хIадур вукIарав;
Дов вукъулеб къоялъ миллионазул
МагIилъе бухIараб магIу чвахарав...

Семула, вагъула гьесде гьал саназ,
Гьаб гIумру гуккарав гIащтIичIийилан;
ГIакъилаб щиналъул бутIрул къотIарав,
Бидулъ квен гьабурав кашаварилан...

Къоло кIиабилеб партсъездалда,
Гьенив делегатлъун вукIараб мехалъ,
Доб мавзолеялъул танчIазда хъвараб
Досул цIар хъвагIазе хъат чIваравги дун;

Ва Октябралъул квачараб къоялъ
Гьениса Сталин восаравги дун...

Огь, Кремлиялъул гIасияб бетIер,
ГIумру дуца чанцIул хисизабураб!
ЦохIо дур каламалъ, килщил ишаналъ
КигIан гIемер бутIрул гIодой гирарал!..

Мазгарул памятник, чIаго вукIаго,
РукIана дуе ран тIолго шагьараз,
– Гьанже байдабазда бакI гIатIилъана,
Бульдозераз нахъе вахъун ана мун...

КигIан вахъаниги, кив ваччаниги
Кинго кIочонареб дур кIодолъи щиб?

...Дида ккун букIана, дун цо вугилан, –
Цоги балагьидал кIиго ватана:
Цояв – кьурда тIасан, цояв – кIкIалахъан
КIалъана цоцада – гIасияб дагIба.

Дуца щиб гьабураб, гьимулеб илбис? –
Гьаб дуниялалда хадув гъоларо.
Хабалъ тIупун чанги сонал аниги,
Мун сабаблъун жеги бугеб щинаб къец!

Дир трагедия белъанхъулеб куц!
Гьаб дир комедия, цо дур пашманлъи!

* * *

Доба-гьаниб речIчIун чвахун уна гIор,
Дир гIумруцин гурищ гьебилан ккола...
Огь, дицаго гIадин, гIакъуба дие
Дунялалъул рокъоб лъицаго кьечIо.

Гьаб дир дагIбаялъе диван гьабизе
Гьаризе лъихъедай дун сардилъ инев?..
Ялъуни дун гурев, тIолго поэтал
Гьадиналдай гIурал гьаб гIаламалда?..

ГIасрудал магIарде тIадеги вахун,
Дица Пушкинида гьикъулеб буго:
Гьадинан кIигояв вукIанищ мунан,
Гьадинав вукIанищ Лермонтовилан.

РагӀула загьираб Пушкинил гьаракь,
Гьединал рукӀинчӀин нижилан абун. –
Жидеца гӀасиял соназул векалъ
Эркенлъи барканин, ханлъи каканин;
ХӀакъир гьаруразе гурхӀел гьаранин,
Жал яхӀ-намусалъул лагъзал рукӀанин;

БатӀиял рукӀине бокьичӀого, ниж
Хвалде бадир анин, бер къапичӀого;
ЦӀакъго гӀолохъанго гӀодой чвахараб
Нижер черхалъул би халкъазда лъалин...

Хадуб, бетӀерги ккун, ахӀула цӀарал:
МахӀмуд, Лорка, Блок, Сергей Есенин...
Кинацаго дие цо жаваб кьола:
Цогоял рукӀанин ниж дунялалда.

– Мун кинав вукӀарав, Маяковский,
КочӀол аскаразул гучав цевехъан?

– Дица дирго кучӀдул рухӀизе ккечӀо, –
БухӀана, цӀаги гъун, ккарабго гӀумру.
КӀиябго тӀанкӀги лъун тана замана:
ТӀухьиялъ керен-ракӀ, щакъиялъ назму.

Дун дир гӀумруялъул къоязе гӀоло
ГӀаламалда цеве багӀарлъиларо...
...Гьединан беразда цере свердула:
Соналги, нухалги, кочӀохъабиги...

Дица квер босула Фадеевасул,
Гьев дида лъалаан ахирал соназ:
Ворхатав, гьайбатав, гьими гвангъарав,
Поэтазул кучӀдул рекӀехъе лъалев;

Лъимер кинигинан кӀарун велъулев,
КӀудиял ишазул нугӀгин гӀахьалчи.
НекӀсияв комиссар, хадув писатель,
Нижер Союзалъул бищун цевесев...

Къаси гьев вачӀана пашмаго дихъе,
Гьесул хабар дида бичӀчӀулеб гьечӀо.
Гьекъезе жо кьуна, нахъегӀан цуна, –
Цогиги батӀияв чи гӀадин вуго.

– Бице, Александр Фадеев, дие
Дур заманаялъул ва дурго рахъалъ. –
Гьас, хъахIаб каралда тIад кверги бахъун,
Цодагьавго хъегIун, абуна дида:

– Дир магIарул гьудул, гIенеккун вихье,
РакIалде щва дуда Шекспирил Гамлет...
Гьев гIакълуялъ тарав вукIинчIониги,
ВукIана кIалъалев инсул рагIадгун, –
Бищун тIадегIанаб къираллъудаса
Къиматаб бугила ритIухълъийилан...

Мун, аскIове вачIун, лъикI балагье дихъ, –
Диде арал мехаз рехана рагIад.
Дица гьетI-гьетIараб гьаб дир чIаголъи
ЧIегIераб тIухьиялъ битIизабунин;
БитIараб батанин ракьалда хвелин,
ХутIараб батанин гьадингояб жо:

Гьереси къватIазда ахIун абулеб,
Инжитал мацIазул хIурмат цIикIкIараб;
ХIакъикъат рукъзабахъ щурун бицунеб,
Щурун бицинецин цо-цо хIинкъараб, –
ГIакъил къварилъараб, ахIмакъ вохараб
Мехалъул рагIадал рукIанин нилъан...

– Огь, дида гьеб лъачIо!..
Жиндаги лъачIин,
ЛъикIго вукIайилан, ана Фадеев...
Гулбуз гIужал чIварал кочIол гIорхъаби,
Поэтазул заназ борцараб заман...
ЧIвараца кинигин чIагояз дида
Гьаб дуниялалъул битIун бицинчIо.

* * *

– Дир учительзаби, анцI-анцI сонаца
Аза-азар дарсал кьолеб мехалда,
Нужер цонигияс щайзе бицинчIеб
Гьаб жакъа рагьарал ругъназул дие?

– Нилъеца киназго учителилан
Абулеб букIана цохIо чиясда.

– Дир командирзаби, киналго соназ
Нужер амруялъухъ гIенеккана дун.
Нужеца щибизе, хIетIеги хисун,
БатIайиса аян абичIеб дида?

– Дуеги нижейги командуйщийлъун
Киналго нухазда вукIана дов чи.

– Дир улкадул закон, дир ккураб байрахъ,
Даим дун божарал, нуж кир рукIарал?

Досул зар букIана дуе законлъун,
Досул квер букIана дуе байрахълъун.
– БагIараб Октябр, мун дир инкъилаб,
Гьанжениги бице дурго хIакъикъат? –

Рачлихъ таманчагун, революциялъ
Бицана, ракI унтун, жиндирго хабар:

– Дун Октябралда кинида лъураб
ЛъимергIан бацIцIадаб, лъикIаб букIана:
Берцинал мурадал, лебалал ишал,
Ильичил нухмалъи, халкъалъул божи...
Дунялалъул рагъул ахир букIана,
Эркенлъи кунчIараб каву букIана.

Амма сонал ингун, щулалъарабго,
Дун цебе бачунел цо-цо бутIруца
Би тIуна лебалал дир лъималазул, –
Лъаралъе рехана гIемераб рокьи...

– Дир хириял мугIрул, дир гIаздал тIогьал,
Нужеца щай дида щибго малълъичIеб?
– Малъулеб букIана, дуда бичIчIичIо,
Абулеб букIана, дуда рагIичIо.

– Дир гIакъилав эмен, дуцагIаги щай
ЩуричIеб васасда тIолго хIакъикъат?
– Дуца эменилан абуна досда,
Васакьа хIинкъараб заман букIана.

– Мун вугев ватани, кIудияв Аллагь,
Унго, щай вачIинчIев гьел соназ дихъе?
– Дуца дов чиясул гьавуна аллагь,
Гьесие къулана, дие къуличIо...

...Огь, дица ракьалда гьабураб гIумру,
Поэтазул кучIдул, киналго къасдал,
Дие кунчIараб цIва, дие бараб цIад
Гьадин гьерсилабищ, унго, букIараб!
Дица меседлъунищ тIухьи гьабураб,
Гьекъолеб чагъиран бийищ букIараб?

Дун – кIиго батIияв, кIигьумерилав,
Гьанже дир халкъалъухъ кин балагьулев?
Лъица дун рехарав гьадин ахаде,
Лъица дун гьавурав гьадин кIигояв?..

Дун рекIараб чоца, дир заманаялъ
Дир гьеб суалалъе жаваб гьабуна, –
Мун вукIинчIин, поэт, кIигьумерилав,
КIиго гьумер бугеб дун букIанилан.

– Дун дур рагIадищ? – ан гьикъана дица,
Гьелъ жаваб гьабуна: гурилан абун,
Мун лъимер вукIанин дие мутIигIав,
Дуда лъачIин гьерсал гьал дир къоязул.
Мун дандерижилъун вукIанин дие,
Дун матIу букIанин гьетIараб дуе.

Дуда лъачIин фонарь, гьаб дун гвангъараб,
Гьурал гIемер гьулеб гIумру букIанин;
Цо гьитIинаб пикру кунчIананиги,
РечIчIулел ганчIаца рекулел гордал...

Гьаб бетIер сверулеб гIасияб заман,
ГIагIаялда дида тIад белъанхъана.

Огь, свакван вуго дун сонисеб къодахъ
Жакъа багIарлъулел гIумрудул соназ.
Заманаялъ даим гIин кьурула дир,
ГIайибав васасул инсуца гIадин.

ЦIакъго цIакъ гьетIараб тIагIелалдасан
Гьабун букIун буго нилъер замана.
ЦIакъго кьур-кьурараб букIун буго нух,
Кьили чIвачIеб чода дица тирараб...

* * *

– Лъалхъе! – ян рагIула нахъасан гьаракь, –
Дуца бицунеб щиб, ХIамзатил Расул?!
Щиб заманаялде дур дагIба бугеб?
Щивгун къацандилев къаси мун вугев?

Мунго тIад рекIараб поездалдайищ,
Гьанже рекIекълъун мун, билет хисулев?
Дуцаго бищараб шагьраги рехун,
Дагьаб щалайдалъе кколев гьечIищ мун?

Цин Шамилги какун ккараб лъарав мун,
Лъиде квер борхизе квалквалев вугев?
Камилав вождасул зонода гамачI
РечIчIарав мугIрузе рихине вуго.

МагIарулазни щай, чачанацацин
Чанги къо, къварилъи бихьананиги,
Бихьинчи вукIанин абула досде, –
Цо къоялда жанир жал къватIир гъунин.

Заманаялъ къали кин кьабаниги,
Кьурдейилан абун абулев гуро.
Амма дур пикраби кагътидани щай,
Щурун рицинецин нечезе ккела.

ХъахIав пачаясе африканав мун, –
Дур халкъалъул бугеб къисмат балагье!
Къоабилеб векалъ Дагъистаналъе
Кинаб дунял щвараб? Щай борцунареб?!

Борцине кIолареб кьун буго дуе,
Кьурабазда гьоркьоб къараб росдал вас.
Къаламги дуй гьале, кагъатги гьале,
Кутанги дуй гьале, – рекье авлахъал!

Досул къимат лъала къарнаби ингун, –
Къали бухизе мун хехлъулев гьечIищ?!
Пурцилаб Россия дос, унеб мехалъ,
Атомги кодой кьун, квер босун течIищ?!

...Кинабго Европа босарав залим
Загьрудал капсулал квине тIамичIищ?
Британиялъул премьер Черчиль,
Честьги ккун досие, тIаде вахъинчIищ?

Досул хIатIил роси, михъазул къури,
Хъвалел законазул кинабго кьвари,
Кьолел пирказазул согIаб мухIканлъи,
Цо кIалдисан араб жугьадул къуват.

МагI къабулаан дос, кьурун бахъизе
ЦохIо инсанасда кIолареб куцалъ.
Квар бухьунаан дос, гьанжелъизегIан
Гьеб бичулеб буго, бичун бахъинчIо.

Дос рагьараб рагьу къалеб букIинчIо,
Дос къараб нуцIида кIутIулароан.
Жеги горо-цIерги, досдаса хIинкъун
Яги хIурмат гьабун, нахъе унаан.

Щивасда кколаан, кидаго даим
Дов жиндихъ, макьу тун, валагьун вугин...
Макьилъги чан нухалъ тIуркIун рорчIарал,
Досул чакмабазул чвархъи рагIун нилъ?!

ТIадерахъи бараб досул гьурмада
Цо гьими букIана рекIелъе унеб.
Дов трибуналде вахунеб мехалъ,
Рорхулел рукIана нилъ киналгIаги.

Кинаб ТАССалъ гьанже гьересийилан
Гьеб кинабго дуда лъазе гьабураб?!
КIикъоялда цойилъ боязул парад,
Дов площадалда трибуналда.

Дуца бицунеб щиб, ХIамзатил Расул,
Гьедин хисардулищ хех кавказияв? –
Ругьунаб рохьоса чан кибе унеб,
Чвахулеб лъар кибе кIкIалахъа инеб?

Гьал канцеляразда дагьлъананиги,
Дов шинель ретIарав чиясул сурат,
Жидерго рукъзабахъ къададаги бан,
Балагьулел руго гьелъухъ гIадамал.

Балагьулел руго жидехъго гIадин,
ГIумрудул нахъ тарал соназухъ гIадин;
Балагьулел руго, цIакъго пашманго,
Фронтазул нухал лъарал солдатал.

Мун щай гьелгун гьечIев, кьурун вуссарав,
Кьурул сиязул вас, нижер депутат?..

...Гьединан рагIула цо гьаракь дида,
Цогиялъги кьола кьварараб жаваб.

Сверулел лъагIелал, хисулел мехал,
Гьал хиялаца дун кидадай тела?..

Гьаб кIудияб дагIба, гIасруялъул къец,
Къаси кватIун буго, вахъа кьижизе!..
Рогьалилъ пикраби роцIинародай? –
БецIлъун буго гьанже, цIакъ бецIлъун буго.

* * *

Дун хадув гъоларо, гьаб жо макьуйищ,
Яги пикрабаца цебе тIамунищ?
Яги миллионал къварилъи лъараз
Жидер къисмат диргун гIахьал гьабунищ?

Я гьезул ракIалгун гьезул бакIазда
Балагьазул накIкIикь дунго вихьунищ?
Дунялалда тIолго сверарал нухаз
Кьолел суалаца дун сверун ккунищ?

Цо гьаракь рагIана сардида дида,
Нижер ригьзабазул каву къирулеб.
«Киса щалдай?» абун тIаде вахъана, –
Цо тIаргъал багIарал чагIи рихьана.

«Гьадав вугин дов», – ан дир рахъалдехун
Бераз ишан гьабун, щурана цояс.
«Документал ругищ? Бихье дур паспорт», –
Гьезде къулана гьел, гьа-гьа, бичIчIанин.

Цо гьумер хъазмилав полковник вачIун,
ТIухьидул бераца балагьана дихъ.
Чармил гьецIокъ кьурда кьабулеб гIадин,
Кьуна гьес суалал цо-цо ккун дие.

Диде балагьараб тункIил кIалдисан
КIкIуй бурулеб гIадаб букIана асар.

– Дур цIар, фамилия?

– Расул ХIамзатов.
– Миллат, мацI?
– Аварав.
– Иш, пиша?..
– ШагIир.
– Кив гьавурав?
– ЦIада, Дагъистанада.
– Район?
– Хунзахъ район.
– Гьавураб сон, моцI?
– Къоло лъабабилелъ, сентябралда...

Жиндирго «тIанчIида» тIад квералги лъун,
«Киб дур ярагъ бугеб?» абун гьикъана.
Дица дирго стол, къаламгун кагъат
Килщица, гьалейин, бихьизабуна.
– Вилълъа нижгун цадахъ!
– Щай, кинан, киве?..
– Щайин хадуб лъала, хабар тун, къачIай!

«Дир вас виччаларо, киве вачунев?» –
Эбел цее чIана, – тункун рехана.
«Дада!» – ян ахIдолел лъимал рукIана,
«ЛъикI рукIа», – ян гьезда абизе течIо.

Дир рокъор сентIана, тIахьал хъирщана,
Хъварал кучIдул, кагътал цадахъ росана.
Инсул, лъималазул ва цогиязул
Цадахъ рахъанщинал суратал ана.

Царгъинир раккана, санкIал рагьана,
Цеве дунги къотIун къватIир рахъана.
КъотIноб чIун чIегIераб машина буго,
ЧIолеб бакI гьалеян бихьизабуна.

Нахъе балагьигун черх цIунцIрахана, –
ЦIороберал рараб гьумер бихьана.
ЧIварал жал гIадинан гIорал рахчана,
ГIаламалда гьечIо сундулгIаги сас.

Хваразде рехарал мусрал кинигин,
ГIаздалъ регун мугIрул руго гIенеккун.
КиналгIаги гьурал парсахъе ана,
Гьездасан хIинкъунищ – цIваби рахчана.

Нухда унеб мехалъ, авара гьабун,
КIкIалахъе бортараб автобус гIадин,
БукIана замана, букIана сордо,
СихI тун балагьараб бецIаб дуниял.

Куркьбалги рекараб, гьаракьги гьечIеб,
Бералги рахъараб хъарчигъа гIадин,
БукIана сверухълъи, тIара-ахалъи,
Дица бахунебги нахъ толебги ссан.

Нухда цо гьаказул букIана къир-къир,
Цебего рагIулеб, гIагарлъулареб.
Гьеб къир-къириялъулъ бугеб къварилъи, –
Гьаказда чIварав чи вачIунеб гIадин.

Гьев чIварасухъ магIу гьабулеб гIадаб
Гьаракь буго Тобтил кьодухъ угьдилеб.
Гьеб угьди релълъуна, гъарим эбелалъ
АхIулеб кечIалда, вас чIвараб мехалъ.

Огь, сиратIалъул кьо! Мун гуребищ гьаб,
Гьал гIадамаца дун вачун унеб нух!

* * *

Киве дун вачунеб? – Хунзахъ хъалайищ? –
Хучдуца хъван руго къадазда цIарал.
ГанчIалъ цIорочIеб би гьеб цIунаразул, –
Партизан Атаев, унго, дур къисмат!

«МагIарул комбриг, щибулев гьанив,
Ракьул чIабар бугеб чIегIераб рокъов?
Бице дида, Муслим, долго хъачагъаз
Хъала сверун ккунищ бугеб нахъойги?»

Атаевас цаби рукъулел руго,
Цоги бичIчIулареб мех бачIун бугин;
Дун гIайибав гьечIин, гIагараб Кавказ! –
Амма кверда рахсал зваргъолел руго.

Огь, мун лъебералда анкьабилеб сон, –
Чан рукьбал рухIараб, чан макьу чIвараб!
Коммунистаз чIвалел коммунисталин, –
Квералъ квер лъухьулев вуго Чемберлен.

Киве дун вачарав, киве рехарав?
МахIачхъалаялъул бецIаб подвалищ? –
Гьанир къадаздасан дихъ балагьула
Салуда чIваразул чIегIерал берал.

Цо лъицаялиго ахIулеб буго,
оги цIияб рехъен хъвезе бачеян. –
Рачун унел руго руссунарелъуй
Дагъистан чIухIарал хIасратал васал.

Гьанив Самурский, гьанив Коркмасов...
Как байилан руго гьазда къадизай;
Нуж рукIанин Аллагь гьечIилан абун, –
Ахир нуж ккарал кин нижеде аскIой?

Киве дун вачарав? Москва батила, –
Соролеб буго черх Люблянкаялда:
Жибго гестапоялъ кIал гьикъулелъул,
КIалъачIого чIарал коммунистаца.

Гьанир вацаздасан гьерсал рицуна,
Гьудулзабаздасан мацIал гьарула;
Гьайбатаб ишалъе хвезе хIадурал
ХиянатчагIийин рихьизарула.

Киве дун вачунев? Сибиралдейищ?
РикIкIадаб тайгайищ, Магаданищ гьаб? –
Коммунистаз чIварал коммунистазул
Вацлъидал хабалахъ хал гьабун вуго.

Дицаги гьениб хоб бухъулеб буго,
Дихъги Енисей гIор балагьун буго.
Енисей лъаларо, Койсу лъаларо.
Карачелал кьурда кьабелел руго.

Кисанго сверухъ цIа гьелегьун буго,
ЦIорораб лъедацин гьеб рекIун буго.
Рухь-рухьарал маххул зазалъул кварал, –
Огь, заралъул бакIлъи гьурмалъ кьабулеб!

Бадир балагьарал тункIазул кIалал –
Тамашаго, карта гIадин, буго черх.
ЧIегIерал сардаца бетIер хъахIлъана,
ХъахIал бакъул чIораз черх чIегIерлъана.

ЧIегIераб гьурмада цIакъ хIабургъарал
ХIоразда релълъуна дир кIиябго бер...

Дий гIазаб гьикъулев полковник вуго,
– Гьесул керен буго орденаца цIун.
Гьаб дир ракI бекулев капитан вуго, –
Кидаго вачIуна рукьаби гурун...

(Гьанже дир полковник рукъзалги гьарун,
Пенсияги босун вугин рагIана.
Капитан абуни, ццидакь рагIула,
Цебесеб замана гьанже гьечIилан;
Гьеб бачIине бугин, гьасул тайпаялъ
Таксиязда чIвала вождасул сурат).

Дир къуват лъугIула, – къалам бегьула,
Ма, халкъалъул тушман, гъулбас гьабеян.
Дица басунаро, нусцIул вухула,
ГIемер кIалъагейин, дур лъимал ругин.
Дида лъадул гьумер цебе бачIуна, –
Гьей гIодулей йиго, огь, гIайиб кинаб!

НКВДялъул капитан вуго,
Кидаго жиндихъа гIадан ворчIичIин;
ГIайиб бугониги гьечIонаниги,
Гьаб гIунтIизабураб гIезе ккун бугин.

РагIад гIумруялде рехулев цIобгьечI,
ЦIоролъан кинигин, вихьула дида, –
Гьасул къеда бараб сураталдасан
СихIирго Берия вуго балагьун.

Огь, гьаб балагь кинаб, дир Совет улка,
Сурав бихьуларищ цIадулгун маххул!..

...Дица гъул басуна, гьерсал рицуна,
Гьикъа-гьикъаралда «у» – ян абула.
НагIана батаяб кагъатгин къалам, –
КъотIана диего дицаго хIукму.

Къеда цвизабураб цаби гьечIеб кIал
КIалъана, сундуйго мукIурав вугин.
Дун диего – Яго, дидаго тIасан
ТIанчал цIолев вуго хиянатчийин.

Дун хияналъанин дирго халкъалъе,
Дир инкъилабалъе, Сталиние;
Гьесул киналгIаги соратниказе,
Социализмалъе, живго Лениний;

Дун улка биххизе нух балагьулев
Буржуазиязул миллатчи вугин.

МукIурлъана, колхоз гьабулеб мехалъ
Гьедде данде чIарав кулак вукIанин;
Мажгитал щущазе гьарулеб мехалъ,
ШаргIалъул рахъ ккурав къади вукIанин.

МукIурлъун абуна, мугIрул Дагъистан
Дир хIукму букIанин турказе кьезе.
Гьелда къокълъичIого, къасд букIанин дир,
КъотIун Азербайджан персазе кьезе.

Днепра сверулел урхъарал ракьал
Дий бокьун букIанин немцазе тезе.
Дица японазул самураязе Совет
Дальный Восток бичун букIанин...

Дица гъулбасана абунщиналда:
Дун Англиязул агент вугилан;
Дун, Германиялъул гестапоялъе
Хъулухъ гьабилилан, гьедун вугилан;

Дун, чияр улкабаз вичун восарав,
Инсул ВатIаналъул террорист вугин;
Троцкистазул рачI, квараназул вац,
Космополитазул би жубарав вас.
КучIдузулъ жиндирго ватIанги какун,
БатIиял улкаби рецщулевги дун.

...Дун щварал шагьарал щвана ракIалде:
Стамбул, Токио, Рим, Бомбей, Лондон...
Дун ЦРУялъ вуго вичун восарав, –
Бахчараб хурхен дир Тель-авидалгун.

Дун тохтир-заралчи, дун жугьутI-поэт,
Кинал жундузулгун дир бухьен гьечIеб!
Вихьизе гьавула, гьав вугин дован,
Ленинградалъул группадул чи.

Гуро, гьелдасаги кӀудияб гӀайиб –
КӀудияв вождь чӀвазе къачӀаралъги дун...

Дица италияй ячун рагӀула,
Англиялда дир вацгӀал рагӀула,
Немцазул гьалагал фашистазухъе
Пленалъ аразда гъорлъ дун рагӀула.

Пленал, пленал, пленазул тӀел, –
Пуланал, гъаримал, нужер къварилъи!
Фашистаз гьикъараб гӀакъуба дагьлъун,
ГӀагараб рокъорги къакъалел руго.

Немцазул лагерал, гьениса тӀурун,
Нилъер окопахъе хъурщун рачӀарал,
Гьанже гьанир руго, щайзе доб рагъда
Ругъналъ рецӀцӀулел ниж хвечӀелин абун.

Дун щив чи? Балкарав яги чачанав,
Чархида ццидалаб ханжар лъухьулев;
Авлахъазул гьудул калмыкавги дун, –
Гьезухъа авлахъал рахъулел руго.

ЧӀегӀер ралъадалъул рагӀаллъиялда
МагӀишат гьабурав тавридавги дун.
Волгадул сверуда гӀумру тӀамурав
Немцав ватана дун дир анкеталда.

Я гӀараб цӀаларав гӀалимчиги дун, –
ГӀазухъахӀал мугжул руго цӀацӀалел.

ТӀубарал миллатал, гӀемерал халкъал,
Халкъалъул тушбаби ругилан абун,
Херал, гӀисинал щиб, гӀолохъаби щиб –
КиналгӀаги руго гьанире ритӀун:

МатӀу чӀегӀерлъараб, лъеда хӀур чӀвараб,
ХӀакъираб, гьерсилаб дуниялалде;
Бакъул канлъи хъвачӀеб, нахъа рукъ гӀадаб
ГӀасияб, ццидалаб, бецӀаб ракьалде...

Гьаниб печалъубги гьури букӀуна,
Гьаниб хӀоринибги къуркъби гъанкъула.
Гьаниб – ияхӀалъул рухьунел кверал,
Камиллъи, божидул рахъулел берал.

Гьаниб гІакълуялъул ккола мукъулукъ,
ГІабдалас рахала рохалил нуцІби.
Чиясул къисматги гьесул къиматги
Гьанир цоцаздаса рикІкІада руго.

РитІухълъи релълъуна, ральдалъа бахъун,
Ракьалде рехараб, холеб ччугІида.

Гьанир Ленинида цадахъ хІалтІарал
Цо-цо ккун рачІуна, уна, тІагІуна.
Гьанир пачаясул туснахъал лъарал,
Нахъа квералги лъун, руго тирулел.

Гьаниб Авроралъул ахІуда рекъон,
Октябралъ ярагъ кодой босарал,
Нус-нус тушбабахъа чІван бажаричІел
ЧІвазе рачун уна, – къо лъикІ, дуниял!

ТІола большевиказ къаси сардилъ би
Салул авлахъазде, я подвалазде, –
Гьалагал Антантал щущазарурал
Гьанир анкетаца щущазарула.

Гьанир руго Петроград цІунарал,
Ленинградалъул къварилъи лъарал,
Перекоп, Каховка, Херсон босарал,
Ахирал басмачал асир гьарурал.

КочІолъ ахІухъего, океаназда
Эркенлъидул чабхъен лъугІизабурал,
Даим кІочонарел цІадул соназул
ЦІар бугел бахІарзал, хІикматал васал.

Гьанир къаси чІвазе къачІалел руго
Биялъ чІегІерлъарал гурдал чурулел.

«Гьал гІадамаздасан магІал гьаруни,
МагІал рукІинаро тІокІал щулиял», –
Ва амма магІалги руго рекулел,
БагІараб цІадуца руго рухІулел.

Дунги батІалъи щиб, гьотІол цо тІамах,
Гъулбасана дица гІайибав вугин.
Ва амма, гІадамал, гьелда божуге, –

ГIумрудул архивал реге чIваразул.

Божуге, щибниги мунагь букIинчIо
Гьал цо миллионал хабалъ рукъизе.
Ракьулъан, цIадулъан кIоченчIел цIарал
ЦIидасан кенчIела дир улкаялда.

Амма гьабсагIаталъ суратaлдасан
СихIирго Берия вуго балагьун.
Лъихъе ккананиги, кив вуссаниги,
Ежовазул квераз буго ккун щекъер.

* * *

Дун хадув гъоларо гьаб жо макьуйищ
Яги пикрабаца цебетIамунищ, –
Цояв дун гьаб рокъов кечI хъвалев вуго,
Цояв Колымалда, рикIкIада вуго.

Вуго туснахъазул Магаданалда, –
Маххул рахсал рараб тундра – лагерал;
ТункIалгун сверулел хъаравулзаби,
Кирниги кьурани кьвагьизе бугин.

Кьижуларел гьаби Печораялда,
Почалъ росуларел кагътaлгин телал.
Квачараб гIаздада рухъула хабал, –
Хадур гьенир нижго жанир рукъизе.

Огь, гIайибазул цIал, рогьоялъул цIа
Лъил гьурмада хъвачIеб – гьел рихьуларо.
Гьазул гьунаргин цIар цIогьаз бикъана,
ЦIукIазе чIваразул орденал щвана.

Гьелдасаги цIикIкIун ракI бикIулеб жо:
РикIкIад Испания, гьенир фашистал,
Гьалдолеб доб Мадрид, дир Гренада...
Ниж – гьанир, ниж – гьанир, гьаб щиб гIасилъи!

Нахъеги Антанта, Деникин, Махно,
Доналда мятеж цIияб ургъулел.
АхIулъ бищун цере щолел ревкомал,
Ниж – гьанир, ниж – гьанир, гьаб щиб ахIмакълъи!

Балагьалъ бухулеб борхатаб каву,

Берлиналъул къватIахъ маршазда немцал, –
Нилъер Москваялда нилъер маршалал,
Машгьурал цIваби тIун, иргадал чIвалел.

Мун гIакълудалъ вугищ, гIасияв генсек?
Дуца ургъараб щиб, улкадул хIаким? –
Нилъер гIорхъабазда – хъантIарал бацIал,
Дуца ниж хъундагъаз хъамулел гьанир.

Мун рекIеда вугищ, рекIкIалъул устар? –
БакIлъи дур заралъул, залимлъи рагIул!
Запад – факелазулъ, гьебмехалъ Восток
Дур туснахъазул цIун, ниж – гьанир, гьанир...

Дунги гьанив вуго, дур жужахIалъул
Зулму гьекъаралгун, гьеб къулчIаралгун,
Гьал миллионалгун – дур цо каламалъ
Диваналде цIараб цIар, намус-яхIгун.

Гьанир данде чIвала полководецал, –
Фронт биххун буго – Тухачевский...
Гьаб моторазул рагъ, дур приказазухъ
Федькаги Якирьги гIенекке абе.

Рахъа, парпаде нуж полказда цере,
Гьужумалде раче чармил корпусал, –
Ва амма рагъулал трибунчагIаз
Гьел нужер чурхдузул ччорбал ссуссула.

Тушбаби гIемерал щущазарурав,
Щай далараб бетIер, бице, Блюхер?!
Бай каранда орден, улкаялъ дуе
Бищун цебе кьураб кьвараралл соназ.

ЗахIматал камиял ккарал бояхъе
КигIан ахIаниги мун вачIунаро.
БагIарав командир, ккараб гIайиб щиб? –
Дур гIумрудул ахир бугеб къваридаб!

Машгьурав Антонов-Овсеенко, мун
Гьанже комиссаралъ кин вихьуларев?
Гьал гIолохъабазда, политруказда
Октябралъул дарс щай малъулъулареб?

Щибизе инкъилаб гьабулеб мехалъ,

Ильичида гьункун цадахъ рукIарал,
Цо-цо ккун тIагIунел, рагIдукье унел? –
Мунги гьал къоязда къаникь вукъана.

Сентябрь, сверухъ рохь тIогьиллъун буго,
ТIолго улкаялда кьабулел цIурмал,
ЦIидасан рагьулел руго мактабал, –
Наркомпрос Бубнов щибулев гьанив?!

Лагерал тун къватIиб, кьер-кьерги гьабун,
Кьерилазул къокъа, гьез ахIулеб кечI.
Гьалмагъ Косарев, мун комсомолаца
КигIанха цIехолев – цIорораб кIал-мацI!

ЦIияб сон, тIоцебе дуца ракарал
Елкаби кенчIелел руго, Косиор.
Ле, БатIал Калмыков, Крыленкогун
Кин нуж рахунарел Эльбрусалде?!

ВачIа, кучIдул цIале, Корнилов Борис:
«Каспидал цIамгIаллъи, гьелъул гIурччинлъи»…
Огь, гьукъарал бакънал дир поэтазул!
Огь, рикъарал сонал художниказул!

Гьал дур самолетал – зобал тирулел,
Туполев, туснахъ-рукъ – дур аэродром...
АскIов академик Королев вуго
Космосалъул къасдалъ – къоринив жанив.

БецIаб подвалалъуб – гьаб ракьалъ кьолеб
Чадил пикруялда гьалмагъ Вавилов;
Живго вакъун холев – халкъалъул гIалам
ГIорцIизабулеб куц ургъулев гIакъил.

Гьанир гIалимзаби, гьанир артистал –
Чан «Оттело» хварав, чан «Гамлет» чIварав!
Цевего камурав Шамилцин вуго,
Щаяли, гIасияб судалде ахIун.

Гьаниб – чанги область, республикаби, –
Исана планал киндай тIуралел?
Гьанир обкомазул бюроял ахIе, –
ЦохIо хутIичIого руго членал.

Гьаниб Советазул съезд данделъе, –

Делегатал гьечIеб цо район гьечIо...
ЦК партиялъул пленум ахIун,
Гьалмагъ Постышев, мун вахъа кIалъазе.

Прожекторазул канлъуца биччай
Киналго гьумерал гвангъизаризе.
Мандатал рорхила, кворум гIела, –
Огь, кинаб халкъ бугеб гьал лагеразда!

Гьелни гьедин телин, гьаний щибулей
Гьай тIадмагIарулай, рагIи лъаларей?
Гьелъ абулеб буго, жий избаялда,
Эб лъухьулей гIадан йикIанин абун:

«Цо нухалъ лъачIого, гьаб дир цIилицIалъ,
ЩIадаб лъун бухIаялъ лъухьун батана
Цоги хIажат гьечIеб хIур-чIахIгун цадахъ
Цо кагъат, вождасул сурат бахъараб.

Гьелъ дун хIалтIудаса махIрум гьаюна,
Ва гьаний йитIана тушманин абун».
«Дурги тушманлъи щиб, дурги гIайиб щиб,
ГIолохъанав солдат, Дагъистанияв?»

Ахирги цо херас бищун кIвар бугеб
Суал кьуна дие, дуца бицеян...
Даим кIоченаро, чIвазе иналде,
Дие магIарулас бицараб хабар:

«КIикъоялда цойилъ, диего бокьун,
Дун бокьулеб ВатIан цIунизе анна.
ЩIа бакараб рагъда, хIинкъи гьечIого,
Дун вождасул цIаргун гьужумалъ ана.

«Днепра сверулел свералабазда» –
Цо горсвериялда дун лъукъ-лъукъана;
Рукъарал ругъналгун, пашманаб ракIгун,
Гьавурав росулъе вуссине ккана...

Цо нухалъ рохалил хабар бачIана
Хириял мугIрузде фронталдасан:
Сталинградалъ Гитлер чухIанин,
Горсверуда гьесул аскар гъуранин…
.
ГIемерав вохиялъ мехтарав дица,

БачIараб хабаралъ чIухIарав дица,
ЧIахъаги кIудияв Сталинилан,
Бассаризабуна таманча мокърукь.

Тохлъукье цо гулла, щущаяб тIухьи
Щун батана къеда, цо тIансаялда, –
ТIансаялда бараб сураталдасан
Сверухъ балагьарав вождасул каранлъ.

ГьебсагIат вигьана, – дун гьанив ккана,
«Фашистазул агент» абун цIарги лъун.
Амма дида лъала, гьаб иш лъанани,
Дун Сталиница хвасар гьавила».

Амма хвасарлъичIо. ИчIабилеб май...
Улкаялъ бергьенлъи баркулел къояз,
Къадал ракьаналда чIезеги гьавун,
ЧIвана магIарулав, чIвана рагъухъан.

Ва дида бицана, гьас чIвалеб мехалъ:
«ЧIахъаги Сталин!» абун ахIанин.
Сталин абуни, трибуналда
ВукIана гьимулев гьеб киналдего...

Гьас абулеб буго, ахихъабаца
ГъветI гIадин, къачIазе кколин гIадамал, –
Щайха гьас пахруял рорхатал гъутIби,
Гъуждул гурун, къойил къотIулел ругел?!

Гьас абулеб буго, нилъер хазина –
Халкъазул гьудуллъи гIадаб жо гьечIин, –
Щайха гьеб хирияб хазина гьаниб
Бищунго цIоб гьечIел цIогьаз бикъулеб?!

Гьас абулеб буго, улкаялдайин
Халкъазул гьудуллъи гIадаб жо гьечIин, –
Щайха гьеб хирияб хазина гьаниб
Бищунго цIоб гьечIел цIогьаз бикъулеб?!

Гьас абулеб буго, улкаялдайин
Ихтияр бугила диналъе, рагIуй, –
Щайха какихъ гуреб, кечI, жугьабахъги
Гьас жужахIалъуре чагIи рехулел?!

Риххизе гьарурал нус-нус килисай,

Киртал кIалтIа рарал росдал мажгитал...
Гьенир колхозалъул цагъралги гьарун,
Расандилел ругел чIахIиял гIункIкIал…

Огь, кIудияб улка, кигIан заманалъ
Загьру гъорлъ жубараб гьоцIо дуй кьураб?!
Дол трибуназда гьимидал гвангъи,
Подвалазда бугеб ццидал гIасилъи!

Цо-цо мехалъ ккола, тIолго пачалихъ
Гьаниб лагеразда бугилан абун,
Унел поездаца кинабгIаги халкъ
Гьаниб Колымалде хъамулеб бугин.

Амма кида-къадги цо къо бачIина,
НакIкIукь пири гIадин, паркъ-паркъила ниж.
Партиялъул цIияб съезд ахIигун,
Цересел бахIарзал щвела ракIалде.

* * *

Нуж дора раккулел тIугьдул рихьулел,
Баккиги, тIерхьинги бакъул бихьулел,
Балеб цIад бихьулел, гIазу бихьулел,
ГIазизал мугIрузул лъарал рихьулел.

Нуж рохьоб гъутIбузул симфониялъул
Сас, бакъан бокьараб мехалъ рагIулел;
Нуж ралъдал, гIоразул карачелазул
Концерталъул хъуди даим рагIулел.

Нуж гIурччинлъи лъалел, багIарлъи лъалел,
Ах бугел, хур бугел, гъансито бугел,
Къалам-кагъат бугел, кинго нужеда
Ниж рихьулел гьечIищ? – Хъвай нижер рахъалъ.

Гьаб нижер ахIиги, нижер бухIиги,
Нижер гIакъубаги биччай къватIибе,
Нижер къанагIатаб къокъаб гьимицин
Пашман буго нужер гIодиялдаса.

Иранazул шагьас, гIурус пачаяс
Гьадин гIазаб кьечIо коммунистазе, –
Кинал фашистахъе, щив Гитлерихъе
Щун ругел гьанже ниж пасат гьаризе?

Бищун пашманаб жо, квеш букIараб жо –
Коммунистал руго ниж рухулеб халкъ.
Халкъалъул тушбаби – чIвай нижан абун,
ЧIвалеб хъат рагIула къватIир ругеца.

Ниж чIвайин, чIахъаги Сталинилан,
АхIулеб рагIула киналго мацIаз.
Кинал ниж тушбаби – умумуздаса
Инкар гьабун чIарал рагIула васал...

Гьеб буго квеш букIун, каранда унтун,
Нижер гIайиб гьечIо, гIадамал-чагIи...
Амма къан рукIуна къвакIарал нуцIби,
КъватIибе цо рагIи рагIулеб гьечIо.

КъватIиб, цебе гIадин, кучIдул ахIула:
«Метер рагъ бачIани, тушман гъурила...»
КъватIиб кечI ахIула, цебего гIадин,
ГIагарав вождасде ва улкаялде.

Ниж гьаб жужахIалъур жеги божула:
Нилъер вождь вачIинин, хвасар гьарилин;
ВачIинин хирияв Сталин нижер,
Цо-цо ккун киналго риччалин къватIир;

Дов гуккун ватилин вышинскияз,
Ежоваз, берияз, меркуловаца,
Гьаб цIадул магIданахъ цIунараб чIухIи
ЧIухIараб улкаялъ каранде къалин;

Къвалги бан эркенлъи данде бачIинин,
Ва вацаца ярагъ нижехъе кьелин;
НКВДялда гIадлу гьабизе
Партиялъул бутIрул кантIизе ругин...

Карандаса гурде бихъунги рехун,
Биялъ гьелда хъвана: «Сталинихъе».
РекIелъ багъаргъулеб буго щибаб хIарп,
КъотIун, лугбал гIадин, руго рагIаби:

«ГIагарав Сталин, партиялъул вождь,
ГьечIо нижер гIайиб, хвасар гьаре ниж.
Кье чIалал – рухьине ботинкабазда,
Кье рачел – борчине нижер черхалда.

Риччай ниж къватIире, хутIанщинабги
Халкъалъе майилан кьезе гьаб гIумру.
Мун кив вугев, бице, гьалмагъ Сталин? –
Партиялъул лъимал цIунизе вачIа!

Гьаб магIу бакъвалеб бакъ кье нижее,
Гьаб би биччалареб цIад кье нижее.

Нижеда рагIула дур хIатIил гьаракь
Гьел хIурулъ росарал цIадул нухазда.
Рихьула сабурал цIодорал берал,
Бидульги кIкIуйдульги нижехъ ралагьун.

Дуда ниж гьадинан божулеб мехалъ,
Божизе бегьила мун нижедаги.
Мун нижей гьадинан вокьулеб мехалъ,
Рокьи нижееги кье, дулъ батани.

Ниж гьедула дуе кинабго гьаялъ,
Коммунистал гIадин, солдатал гIадин,
Нижер бугеб къуват, къваригIани рухI
ХIасратго бокьулеб ракьалъе кьезе...»

Гьедин хъвана гIарзал нижер гIемераз,
ГIемеразда гьоркьоб гьайгьай дицаги.
РитIана гьел кагътал, кваркьаби гьарун,
Кутакаб божигун, бергьараб хьулгун...

Дос Кремлиялъул кабинеталда
Гьел, михъилъан хьимун, нахъе рехана, –
Дир ишал ругилан, пачалихъ бугин,
ГьитIинал буравал гIенеккун чIайин...

Чанги гIодор ккана, канлъи босана, –
Кин ругел нуж, къватIир эркенго ругел?
Баккиги тIерхьинги бакъул бихьулел,
Берцинал мугIрузул лъарал рихьулел?!

* * *

Дун хадув гъоларо, гьаб жо макьуйищ
Ялъуни пикрабаз цебетIамунищ, –
Цо бецIаб сардида гьаракь рагIула,
Гьалейила гъосул камерайила.

Дир нуцIа къирула, къватIив вачуна,
Вихьула полковник гьимулев диде.
Гьесда цадахъ руго цоги гIадамал,
ГIедегIел гьабеян, тIад жо ретIеян.

Дир бадир фонарал кенчIезарула,
Гьез дие иргадал суалал кьола:
– Дур цIар, фамилия?
– Лъеберабилеб.

– Щиб лъеберабилеб?
– Дир номер буго.
– Миллат, мацI?
– Лъаларо.
– Кинан лъалареб?
– Кинабго бахъана дихъа гьаниб гьеб.

– Паспорт бугищ?
– ГьечIо.
– Иш-пиша?
– Туснахъ.
– Дуца Москваялде кагъат хъварабищ?
Жинхъего досухъе? – Гьас квер \борхула.
– Вилълъа нижгун цадахъ!
– Щай, кинан, киве?
– Щаян хадуб лъалин, лъеберабилев!..

...Дун хадув гъоларо, гьаб жо макьуйищ,
Ялъуни пикрабаз цебетIамунищ, –
БецIаб туснахъалъул каву къирана,
Дун къваридаб бакъалъ бецлъизавуна.

Хъазмил полковникас дида абуна,
А, кочIохъанила, тире улкайин...
Дун ана, ана дун, – «Здравствуй, гьалмагъ» –
Гьал рагIаби руго, унго, рагIулел!

Дун ана, – минаби, байдаби, къватIал,
Бакъ, цIад, иххал, нухал, дир гIагараб мацI...
ГIадамал рихьула, ясал рихьула,
Росаби рихьула, кучIдул рагIула.

Бадир кверал чIвала, батиларин гьаб,
Балагьула, цинги батула уяб:

Унел поездалги, гьезда чагІиги,
Чвахулел лъаралги, лъилъулеб мегъги...

Дица абиларо лъикІаб, квешабин –
Кибго гІумру буго, гІадамал руго.
ГІурччинлъи, багІарлъи... бугеб щинаб кьер
Дида кІочон тараб тІабигІаталъул!

Кремлиялда тІад гьадалго цІваби,
ЦІада дир росда тІад гьадалго цІваби...
ЦКялъул гьундухъ гьадабго байрахъ,
Росдал Советалда гьадабго байрахъ.

Пионерал руго, комсомол буго,
Коммунист партия хІалтІулеб буго.
БетІерлъун кІудияв Сталин вуго, –
Унго, туснахъалда ниж кинан тарал?!

Щущахъ риххун руго бидул фашистал,
Байрахъал чІван руго бергьенлъиялъул.
Берлин босун буго нилъер аскараз,
Москва кунчІун буго ракарал цІаяз.

АхІулеб буго кечІ гІураб ракьалде:
«ГІумруялъ гьадинаб улка бихьичІо,
Эркенго гІадамаз хІухьел босулеб!» –
ХІухьел гьечІеб туснахъ кин нижей тараб?!

Дун рагъда чІваразул хабазде щвана,
Хириял вацазда дирго бицана.
Дица бецІаб рокъоб къулчІараб щинаб
Къваридаб дир магІу гьенибе тІуна.

Унго, гьудулзаби, нужеда цадахъ,
Цо кьерда рагъизе щайзе ниж течІел? –
Нилъ киналго цадахъ рукІаралани,
Камиял халкъалъе дагьал ккелаан.

Щвана шагьаразде, чІунтун рукІарал
ЧІаголъулел руго, къачІалел руго.
ЦІидасан школал рагьулел руго,
Рогьалида цІурмал кьабулел руго.

РухІарал росаби, рухІ кьун хІалтІизе
ХІажалъи ккарабго, ниж щай ахІичІел? –

Ниж рукIарал ани, аза-азар ригь
Гьагаб цIаялдаса, огь, цIунилаан!

Щвана киноялде, буго «Клятва»,
Ва театралда «Иван Грозный».
КIудияб улкадул гучав пачайин,
Гьев веццулев вуго жибго «Правдалъ».

Гьаниб кучIдул хъвазе куцулел руго:
Анна Ахматова, Пастернак, Блок.
Гьанив Сталинил соратник вуго
Роялалда нахъа – гIенеккейила...

Совет Манкартица малълъулеб буго
Прокофьевасда бакънал хъвалеб куц.
Гьаниб роман хъвазе Бабаевский,
Мисаллъун вачуна Хемингуэе.

Искусствоялъулги дантесал руго –
Нагагьлъун цосина цIидасан Пушкин
Гьаниб улкаялда вахъун хадуса,
Бахъун таманчагун, гьев чIвазе къачIан.

Литературадул Мартынов вуго –
Лермонтовгин МахIмуд дандчIван хадуса,
Щибго пайда гьечIел поэтал ругин,
Гьел рачIинахъего чIинтIизе къачIан.

Гьанир художникал дагIбаялъ руго, –
Лъица лъикI бахъулеб михъазул сурат.
Гьанив мегеж хъахIав гIалимчи вуго,
ГIагарав цевехъан вихьанин вохун.

Дидаги вихьана: Москва, площадь,
Праздник... Октябрь яги Первый май...
Аскаразул парад, халкъазул ралъад,
Хирияв вождасе гьурраггун гьурра.

Гьев Мавзолеялъул трибуналде
Вахуна гIисинал соратникалгун.
Гьезда гьорлъ гIагарал, цIакъго гIагарал –
Щибасул бакI буго рикIкIун бикьараб.

Вахун вачIуна гьев, цояб квер борхун,
Киналго ракьазде салам гьабула.

Гьимула кинабго гІаламалъего, –
ГІаламалъ буссине гьабула салам.

Гьасухъ, гІурхъи гьечІеб гІищкъуялдалъун,
ГІисинал, чІахІиял руго ралагьун.
Доб цебе букІараб чІегІерлъи гуро,
Дагьаб хъахІлъи буго михъазде рехун.

Трубкаялдасан цебе букІараб
НекІсияб кІкІуй гьечІо, сигарет буго.
Гьас доб нилъ ругьунаб, фронталъ лъараб,
Пятилеткабазул саназ букІараб,

Петроградалда, Царицыналда,
Дир Дагъистаналде щведал ретІараб
Шинель хисун буго, гьав солдат гуро, –
Генералиссимус вуго погоналъ.

Буго гучаб улка, гьелъул цевехъан,
Цо щурун абулеб жиндир рагІудахъ,
Жиндир ишаналъухъ, балагьиялъухъ
Балагьун дуниял чІезе гьабулев.

Гьав гьимулев вуго, гьимулел руго
Гьес «буравал» абун цІар лъурал чагІи.
«Буравал», гьасие баркалайилан,
Берал кенчІолаго, уна цересан.

Гьасий баркалайин бергьенлъиялъухъ –
Руго гІадамазул гІорал гьелчелел...

Гьасул цІар – багъулеб Грециялда
Герояз хъван буго кьурул сиязда;
Бразилиялда коммунистаца,
Дарс кинигин, такрар гьабулеб буго.

Дунги гьасда цебе чвахулеб иххил
Ахираб къатІралъун вачІунев вуго.
Дунги вохун вуго, дун божун вуго
Туснахъал риххилин, рахсал тІун инин.

Урхъараб улкадул васахъе щвезе
Сталин вачІинин, къисас босилин.
Гьал нижер рикъарал киналго сонал,
ТІасалъугьайилан, нахъе кьелилан.

Дун аскIове щола, дун балагъула
Багъадурасухъги гIакъиласухъги...
Огь, гъаб щиб, гъаб щиб жо дида бихьулеб?! –
Борхараб квер вождас гIодой биччала.

Рехула папирос, тIагIуна гьими,
Гъурмаде рещтIуна ццидал гIаламат,
ГIаданги жиндаса жеги цIуничIеб;
ЦIорораб гIетI бала гьаб дир черхалда.

Гьав Кремлиялда жаниве уна...
Красный площадь... Дунго хутIула.
Халкъ рокъо-рокъобе нахъе буссуна,
НекIиял гьундузде тIаде цIад бала.

Дун виччулев вуго, квачалев вуго, –
КиналгIаги сагIтал чIанилан ккана.
Сверухъ балагьана, дагьав хинлъана, –
Хирияб мавзолей, багIарал ганчIал...

Бердаса парадалъ бахчун букIараб
Гьениб Ленинил цIар цIалана дица,
Дир бадиб бухIараб магIу бетула,
Бидулъе тамахаб хинлъи бачIуна.

Роволюциялъул кIудияв эмен,
Гьесда кIалъазеян къасд гьабулаго,
Дир пикру бичIчIунищ, Кремлиялъул
Кавудахъа къватIир чагIи рачIуна.

Гьез цебе бох лъола, кIалдиб хъат чIвала,
ЧIахIиял, кIудиял цо гIебал мугъаз
Мавзолей бахчула, дун нахъе гъола...
Гъаримал зобазда накIкIал рещтIуна.

Щола Арбаталде, пиштIула диде,
Гьенисан унгеян, бегьуларилан.
Гьенисан цохIо чи вачIине ккола,
Цогияхъ балагьун милица буго.

Гьал милицабазул пештIеро-хIанчIаз,
Футболалъул матчаз, кьурдухъабаца
Поэтасул гьаракь къинабун буго, –
Къо-мех лъикI, искусство, гьечIо жакъа мун.

Гьурра гIемер буго, пикру дагь буго,
Гьаракь, бицен буго, огь, тIагIам гьечIо.
ЦIакъги бигьа гьабун, гIагьанги ахIун,
ГIащтIи кутакалда кьабулеб буго.

ГIадамазул ботIрол кIулал гьаризе
КIолеб буго гьаниб, къо бихьичIого.
ГIакъилаб рагIиги гьабулеб ишги
Гьундузда рещтIараб къадако буго.

Щив цеве кканиги цадахъ киназго,
Кверал унтизегIан, хъат чIвалеб буго.
Дагьаб буго канлъи, дагьаб буго квен, –
КигIан бокьаниги буго захIматкъо.

Ва кидаялиго цебе гIадинан,
Цоцахъа нартгун цIан буго гьарулеб...
Дида гьеб бихьана, дида гьеб лъана, –
Лъилъун гьечIо улка цIар хисунилан.

Дида дирго поэт ракIалде щола,
Гьесул шигIру дирго гIадин щурула:

«РагьтIателазулги тIадчагIазулги
ЧамгIаллъараб улка, къо лъикI, Россия.
Къо-мех лъикI, гъуждузда даларал кIичIал,
КIичIазе къулараб дир гъаримаб халкъ.

Кавказалъул мугIруз цIуне абе дун
ЩIоб лъаларев нужер пачаясдаса,
Кинабго бихьулеб гьесул бердаса,
Кинабго рагIулеб гьесул гIиндаса». –

Амма дун мугIрузги вахчулев гьечIо,
ГанчIилаб росулъги цIунулев гьечIо.

Дир йокьулей йиго, макьилъ къанагIат
Цо-цо дун вихьула пашманай гьелда.
Херай эбел йиго угьдулей балъго,
Элда тIубан лъала – дир гIайиб гьечIо.

Гьелъ хIехьолеб буго хIалтIул къоялъухъ
ХIалхьи гьечIеб сордо, колхозалъ кьолеб.
Гьалъул дие кьезе зарра тун гьечIо,

Заготскоталде ун буго гIака...

Щибизе угьдизе росулъе щварав? –
Огь, дир мискинаб халкъ, дуй лъугьараб щиб?!
Щай, васас гуккарав эмен кинигин,
КочIохъанасухъ мун балагьун бугеб?

Щайзе рагIулареб мугIрул хIайранаб
Дур хIасратаб зурмил цониги бакъан?
Гьвб хисун, кидаго колхозный цIумур
Цого кечI ахIулеб буго: «хIалтIе!» – ян.

Кир ругел машгьурал дур чотIахъаби? –
Фининспектораллъун руго хIалтIулел.
Ва, орденалги ран, уполминзагал
Дур боцIи цIехезе руго сентIелел.

Дур нуцIбузда рарал маххул кIулаца
Бахчунищ кинабго лебаллъи бугеб?..

Гьадинан дидаго дунго кIалъала, –
КIудияв Сталин, щванщинаб росулъ
Щибаб рокъоб бараб сураталдасан
СихIирго валагьун, велъула дида…

Дов хъазмил гьурмадул полковник вачIун,
ТIухьидул бераца дихъ балагьула.
Гьес дун вачунеб бакI нужеда лъала
БакIал нуцIби ругеб гьаб туснахърокъоб...

...РишватчагIацагин хIел-хIелчагIаца
ХIулулеб, къакъалеб, къо лъикI, Дагъистан.

Къо-мех лъикI, рорхатал мугIрузул тIогьал,
КъанагIатал тIугьдул чияца тIолел.
Къо-мех лъикI, гIурччинал карачалаби,
Кинабго бечелъи цIогьазе кьолел.

Лъала, доб моцIрохъе ананиги, дун
Дур пикрабаздаса эркенлъиларо.
Амма гьитIинаб ракь, ракьа кинигин,
Бокьун гьечIо бацIил кIалдиб бихьизе...

* * *

...Дир макьу лъугІана, пикру лъугІана,
Гьанжеги дун вуго гьадабго рагІдукь.
Дида гьанир ругез гьикъулеб буго,
Бакъги къоги бугищ улкаялдайин?

Дица доб тІадехун бицараб щинаб
Бицана тІатІала, гІемераб гьикъун:
Росдал, Москваялъул, праздникалъул,
Нилъер партиялъул, гьелъул бутІрузул.

Гьел цин къварилъана, гьел цин рохана,
Цояс Мадридалъул гьикъана дида.
Франкохъ бугилан бицана дица –
Данде къана цаби ццидалъ киназго.

ЦІехана кІудияб рагъул хІакъалъулъ, –
Рагъда бергьиналъул бицана дица, –
БецІаб туснахъ дагьаб кунчІанин ккана
Гьал комунистазул разиял бераз.

ТІубараб сордоялъ дица бицана
ЛъикІабги квешабги – кинабго лъараб.
Лъар чваханин ккана подвалазухъе,
Гьал ниж жанир ругеб жужахІалъубе.

Гьеб суал букІана рекІелъ щибасул,
Щаклъиги ургъелги гьенир ругезул.

КІалтІа хъаравулал хьвадулел руго,
ХъахІлъи лъалеб мехалъ дида гьикъула:
Гьалмагъ Ленинил цІар цІунун бугищан,
Гьалмагъ Ленинил иш кин бугебилан...

Дун тІаде вахъуна. Дихъ балагьараб
Нус-нус гьумер цого гьумерин ккола.
Рагьдухъ хъаравулцин гІенеккун чІола,
ГІодов виччан дица жаваб гьабула:

Гьалмагъ Ленинил цІар цІунун бугилан,
Гьалмагъ Ленинил иш хвел гьечІеб бугин...

Цо хинлъи бачІана цІорораб рокъой,
Бакъ кинигин, Ильич щванилан ккана...
Киналго цодагьалъ гІенеккун чІана,
Цинги херав щвана вачІун аскІове.

Гьев херав кIалъана: КIудияв Ленин,
Мун нижгун вугилан къасиги къадги.
«Ниж дур рагъухъаби, дур цIалдохъаби
ЦIорорал подвалахъ руго гьабсагIат.

Нижеда лъала, мун хвел гьечIев вуго –
Хвел гьечIеб партия гьабурав эмен.

Нижер гьаракь дуда рагIизе буго,
Революциялъул соназ кинигин.
Улкаялда, Ленин, квешаб хIал буго,
ХIалихьатал чагIи гIемерлъун руго.
Дур нухилан абун, харбалги риччан,
Халкъалъе гIакъуба гьикъулеб буго.

Улкаялъе, Ленин, мун гIолев гьечIо! –
ВачIа цо гьаниве, гьабе цо кумек.

ВачIа, доб финазул шалашалдасан
Петроградалде вачIарав гIадин,
Доб Октябралда Смолниялда
Россиялъул гохIде вахарав гIадин.

Гьаб магIу бакъвалеб бакъ кье нижее,
Гьаб би биччалареб цIад кье нижее.
Нижеда лъала дур тIолго ритIухълъи,
ХIеренлъи, недегьлъи, къвакIи, лебаллъи...

Гьаниб дур хIеренлъи, гIасилъун буго,
Гьаниб дур ритIухълъи тIотIолеб буго, –
ТIаде вахъа, Ильич, гьеб биччалареб
Партия бугилан, абе гучалда».

...Гьединан кIалъана нижер кIудияв,
КIудиясда цадахъ ниж цогиялги!

* * *

Огь, гIакъубаязул къваридал сардал! –
Нужеда лъалебищ щиб жо тройка? –
Лъабго чиги вачIун, диван гьабула –
Дие, тIокIав инсан аскIов гьечIого.

Бакьулъ гIодов чIарас дида гьикъула:

Дир фамилия, цIар, гьавураб заман;
Дир пиша, дир миллат, тIубан анкета...
Дица киналъего жаваб гьабула.

Гьебмехалъ лъабабго бетIер гьанкIула,
Гьаб дир бетIералъе ахир гьабизе.

...Вачун унев вуго къаси сардилъ дун,
Салул авлахъ къотIун, кьурул рагIалде.

Къо-мех лъикI, дир улка, къо-мех лъикI, кучIдул,
Къо-мех лъикI, тIурачIел тIолго мурадал.
Къомех лъикI дуеги, хъазмил полковник,
Дун тIад вуссиналде тIагIун ватаяв.

Къо-мех лъикI, Тройка, тунахъал, рахсал,
Рихаги, тIагIаги нуж гIаламалда!..
ГIорищ, ралъадищ гьаб, я океанищ? –
Азарго карачел гьелчелеб буго.

Къо-мех лъикI, дир лъимал, къо-мех лъикI, эбел, –
Огьилан ахIула дандерижиялъ.
Дун нахъ балагьула, дида цун нахъа,
Михъида кверги лъун, вуго Сталин.

Къо-мех лъикI, Сталин. Гьав вуцIцIун чIола, –
ЧIван дунгун тункIил кIкIуй беролеб буго...
Гьаб магIу бакъвалеб бакъ кье нижее,
Гьаб би биччаларебцIад кье нижее.

Нижеда лъала дур тIолго ритIухълъи,
ХIеренлъи, недегьлъи, къвакIи, лебаллъи...
МагIарул кьурабалъ дандерижиялъ
Доб сардилаб кьвагьи такрар гьабула...

* * *

Сонал гьоркьор уна. Хваразда гьоркьов,
Хабар жо гьечIого, вукIана шагIир.
Щибго хIинкъи гьечIо, паракъат вуго, –
Полковникас кIалал гьикъулел гьечIо.

Хъазмил гьумер дида бихьулеб гьечIо,
Гьес щиб абуниги унтулеб гьечIо.
Кьижун вуго даим диего кьураб

Ракьул бутIаялъув гьалмагъзабигун.

Ракьулъе иргадал рачIунел руго,
Гвандинир, вореян, рехулел руго.
Ва хваразул дунял, чIагояздаса
ЧIварал гIемер руго, дида бихьана.

Жиндир бакъ тIерхьанин, тIокIаб гьеб гьечIин,
ВачIун вуго гьанив херлъарав эмен.
Цинги гIолохъаби... Миллионазулъ
Дида кIиявго вац хIалица лъана.

Гьанив Шамил вуго, хIал ккун бугилан,
ХIажимурад, жинхъе вачIа мунилан.
«Имам, нилъер тIолго къец, къеркьеялъул
КъотIун бугин бетIер» – кIалъала наиб.

Тициан Табидзе, Грузия тун,
Гьаб гвандинив вуго, – дида гьев лъана.
«Севанги гьечIого кинан мун вугев?»
Вегун вуго гьанив Егише Черенц...

Хваразул дуниял – щал гьанир гьечIел:
ШагIирал, гIалимзай, гIолилал, херал...
Хваразда, абула, хIинкъи лъаларин, –
Амма гьел риххараб мехги бачIана...

* * *

...Дун хадув гъоларо, гьаб жо макьуйищ
Яги пикрабаца цебетIамунищ, –
Цо марталъул къоялъ хоб кьватIун ана, –
Хал гьабуна – щиб жо дида бихьулеб?!

Хабалъ лъуразухъе вачIунев вуго
Жиндие хвел гьечIин халкъалъ рикIкIарав;
Михъида тIад кверги, каранда цIваги,
Гъежда пагоналги. – Гьев дида лъана.

Гьадинги цIорорал хваразул лугбал
ЦIорона, цIорона, гьабго щиб жоян:
«Щай, гIасияв херав, хадув вачIарав? –
Хабалъ жаниргIаги паракъат те ниж.

Щиб дуда кIочараб, щиб жо хутIараб

Дуца гьабичIого гьанир ругезе?» –
Вождь балагьуларо, вождь кIалъаларо,
КIудияв цевехъан цо кьуруларо.

Вождасул кIиябго квер далун буго,
Кидаго эхеде борхулеб гьечIо.
Вождги, нижго гIадин, хун, цIорон вуго,
ЦIорол гьансиниса ракьулъ лъун вуго.
Щай гьереси бицун, хварав гьесдаса,
Хун рукIаниги, ниж рукIана хIинкъун...

Дида ккун букIана, гьанжениги дун
Гьаб дуниялалда цохIо вугилан, –
Гьанжеги кIийиде викьун вуго дун,
Бекьун батана дилъ рокьиги ццинги.

Цин хиял гьабула, хварав вождгун дун
Хабаралде валин, бадибчIвай гьабун,
Чанги гIаламалъе диван гьабурав,
Диваналде ахIун, сурав босилин.

Цоги нухалъ ккола, кинаб хIикмат гьаб,
Гьасда гIайиб гьечIин, гьав мекъи кканин,
Гьегьал берияца, багироваца
Божизавун вугин улкадул бетIер.

Радал – Вышинский, сардида – Ежов, –
СихIирал мацIаца вугин гьав гуккун.
Гьел гьерсихъабазде гIайибги рехун,
ГIайибаздаса гьав цIунани лъикIин.

РакIалде кколаан, кин нилъер улка,
Гьав гьечIого, гьанже букIинебилан,
Гьав вахъинчIого, бакъ бахъунарилан,
Гьав балагьичIого, рогьел гьечIилан.

Кколаан, улкадул киналго сагIтал,
Гьав камураб мехалъ, чIун ратилилан.
Кодоб ккураб ярагъ рагъухъабазул,
Командир гьечIого, бортун инилан.

Доба улкаялда, дуниялалда
Нилъ даим ругьунлъун рукIана гьасде:
Гьасул сураталде, гьасул цIаралде,
Гуржи сверел бугеб гьасул мацIалде.

КIалдиб ккураб гьасул трубкаялде.
Гьасул шинелалъул щибаб кIичIалде,
Тамахаб кIкIуялде, гьасул хатIалде,
Гьасул гьулбасалде – И. Сталинин.

БегIераб рагIуде, махсароялде,
Гьасул докладазде, гьасул тIахьазде.
Динги какги гIадин кибго цIалулеб
Краткий курсалъул щибаб тIанчиде.

Гьелъул шуабилеб бутIаялда тIад,
БутIрул чIван, цIалдолез тIамурал сонал...

МагI кьабулаан гьас, кьурун бахъизе
ЦохIо гIадамасда кIолареб хIалалъ.
Квар бухьунаан гьас, гьанжелъизегIан.
Гьеб бичулеб буго, бичун бахъинчIо. –
Килщазда, кверазда хIал кIолеб гьечIо,
КIалалъ бичулелъул бидул цIун буго.

МагIу чвахулаго, борчIана улка,
ВорчIулареб макьид гьав кьижаравго...

Дол чIаго ругезул бицун щибилеб?..
Гьас чIвазе къотIарав цо-цо коммунист,
Кинаб къуват гьасулъ букIине кколеб,
Гьав камураб къоялъ къварилъун руго.

Жегиги хварав гьас чIаго ругехъе
ЧIвазе гулби руго мех-мехалъ кьолел. –
Цо марталъул къоялъ Тбилисалда
Туртида раччана гIисинал лъимал.

Жеги Грузия дуниялалъухъ
Дол пашманал бераз балагьун буго.
Жеги гьав хваниги вагъулев вуго,
Ругъназдаса биял рецIцIулел руго.

ГIумруги ракIалги рикьизе гьарун,
Ракьалда кисанго хьвадулев вуго, –
Дун чIаго вугила, дун хун гьечIила,
Хвезеги кидаго вукIине гьечIин.

Дир поездал ругин улка тирулел,

Дир летчикал ругин зодихъ свердулел;
Заводал даим дир хIалтIулел ругин,
ХIатIил лъалкI дир кибго ракьалда бугин.

Дица хIинкъи танин хекко холареб.
МутIигIлъи танила хех тIагIунареб;
Дир полковниказул, капитаназул
Кереналда жаниб добго ракI бугин.

Нужеца кигIан ракь тIаде хъваниги,
ТIагIунеб цIар гурин, сунеб цIа гурин;
Щиб бицун гьанже нуж гаргаданиги,
Гуро, хIажалъизе вугин дун гIемер.

«Нужей мисал гьечIищ Иван Грозный? –
Анищ тарихалъул тIанчазулъа гъов?!
ТIокIаб жо кIваричIо цо кIудияв Петр –
Гьев кIочон Россия Россияйищ гьеб?!

Дикьа нуж жегиги хIинкъизе руго,
Дие нуж жегиги къулизе руго;
Нужер макьабазе, нужер къасдазе
Къасигин къад дица хIалхьи теларо...»

Огь, гIасияб гIасру, къоабилеб век,
ЦIияб къарнуялъе гьав чи вачIунищ?
КъачIищ дуца нуцIби бецIал ишазе! –
Огь, балеб бугеб куц улкаялде цIад!..

* * *

Дун хадув гьоларо, гьаб жо макьуйищ,
Яги пикрабаца цебе тIамунищ? –
Цо заманалдасан нижеда хадув
Хабалъ рукъарахъе вачIуна чапар.

ГIемерал сонаца рагIичIеб рагIи
РагIула «гьалмагъан» абулеб дида.
Абулеб рагIула, гIакъубаялъул
ГIарщаз рухь-рухьарал нижеде вуссун:

Гьалмагъзаби, вацал, коммунисталин,
Квер бачунеб бугин улкаялъ нужер.
Нуж гIайиб гьечIого, гIасиял соназ
ГIасияб куцалда квегъун ратанин.

«Русса улкаялде, инсул ракьалде,
Рокьи, цIар цIидасан нужее кьела, –
КIудияб рогьоги гьагаб бугьтанги,
Гьайбатаб ВатIаналъ чурун бацIцIина.

Чарамул ракIазул унтарал ругънал
Аза-азар вацаз данде регъела.
Рахъа тIаде, хварал...»
Цо-цо ккун рахъун,
Нахъе унел руго аза-азарал...

Дун дагьав щаклъана, щибдай гьабилеб,
Гьанивгодай чIелев, доведай инев?
ЧIваралъгин чIагоялъ кибдай лъикI бугеб? –
Балагьулев вуго дун дунялалъухъ.

Киб цIайи цIикIунеб цIадирабазул? –
ЦIалеб дуго дица гIумруги хвелги.
Дида бичIчIулареб гIемераб буго
ГIемер кьерал ругеб чIаголъиялъул.

* * *

Гьал дир щаклъиялгун, дир суалалгун
Сардилъ Сталинил хабалъе щвана.
Сордо рогьинегIан кIиявго хварав
Харбида рукIана, дица гьикъана:

– Дидилили росдал устарасул вас,
Гамбериулиса эбел Капол вас,
Кутаисалдаса къокъав гимназист,
Гори шагьаралъул семинарист мун.

АнцIила щуго сон сверулеб мехалъ,
Цо рогьалилъ ворчIун, кучIдул гьарурав,
ТIадерахъи бараб гьумералъул вас,
Мун гьитIинав Сосо Джугашвили.
Сухъмахъ нухадасан ун, улкаги тирун,
Иосиф Сталин кин дур лъугьарав? –

ГIадатал чакмаби, даларал михъал,
Нахъа бараб шинель, гуржиязул мацI...
Дида бичIчIуларо, кинаб къуваталъ
Кодоб ккураб дуца кIудияб улка?

Дур борхатаб гьечIеб гIадатаб лага
Кинан гIаламалда гьадин бихьараб? –
ЦIвабзахъ балагьигун, кколеб букIана,
Гьел киналго ругин дур хъатинирин.

Дурго кIодолъиялъ дуда кIочана
Дур Ибериялъул ихдалил лъарал.
Зодой вахаравго, ахада тана
Вегараб кинидахъ Кавказалъул бакъ.

Эбел камурайго, кверкьовуде щай
Гьей юкъизе инчIев, гьелде къуличIев? –
Дурго гIагарав вас чIвараб мехалъги
Цо магIу тIинкIичIел тIухьидал берал.

ГIагарлъи лъаларев, гьудуллъи гьечIев,
Дида бичIчIуларо, бице, Сталин,
Кинан дунялалда дуда хIал кIвараб
КIудияб кверщалил сиде вахине?

Бице дуца кинан лъеберго соналъ
Сорозе тIамурал дуда божарал?
Бице дур балъголъи, рагье пардавал, –
Дуй гьадигIан халат хъат кинан чIвараб?

Кибе, Кавказияв, Ленин къанщигун,
Къаданиб гьедараб гьа дур щущараб?
Досул мали гъежда цадахъ баччарал,
Цо-цо ккун, кIи-кIи ккун, кире тIагIарал?..

Гьас жаваб гьабула, жив гурищ вугев
Ленинил кьуричIев цIалдохъанилан...

Дица суал кьола: «Щайха цохIо дарс
Досул гIаданлъидул дуца босичIеб? –
ХIеренлъи лъаларев, хIалимлъи гьечIев,
Лъидаго чиясда гурхIел гьабичIев?»

Гьас абула, тIолго хазинабазулъ
Хазина вукIанин дие инсанин;
Живго ахихъанас пихъил гъветI гIадин,
Гьев гIезе гьавизе жинца ахIанин.

– Щайха пихъил гъутIби гьаб гIумруялда
ГьадигIан гIемерал дуца къотIарал?
ТIубарал миллатал, тIубарал халкъал
Халкъалъул тушбаби абун квегъарал?..

Гьас жаваб гьабула: жинца киналго
Халкъал вацлъиялъе цолъизарунин, –
АнцIила щуябго дир республика,
Нусго миллаталъул гIатIидаб улка
Гьал дир законазул, гьаб дир заралъул
Залимаб гIадлудай честь ккун рукIанин.

Гьезул гIемеразда гIадат, мацI, как, кечI –
КинабгIаги дица кIоченабунин.

Гьав кIалъана дида, жинца гьабунин
ТIолго пачаязда гьабизе кIвечIеб, –
ГъалбацIалда аскIор кутул кинигин
РукIанин киналго гьел жинда аскIор;

Дица абунщинаб такрар гьабулел
Поэтал киналго мацIаз рукIанин;
Дидаго киналго божизаризе
Нуж цоцалъ рагъизе жинца тIамунин;

Цояв – кваранавин, цояв – квегIавин –
Киналго цоцаде тIаде гьусанин;
Нужер пикрабиги щибаб каламги
Дир контролалда гъоркь даим букIанин.

«Диралда рекъечIеб бакъан-кечIалъул
Мукъулукъ, гьал килщаз ккун, къакъалаан;
Рекъон ахIаниги, дун цо щаклъани,
ШагIирасе тIокIаб бакI-къо букIинчIо.

Цо-цо къанагIатал, дийго кепалъе,
Квер хьвагIун, толаан жеги рукIайин;
Цо-цоял цIвабзахъе рахинаруна,
ЦIадухъ хинлъизе тун, хадур рухIизе.

Дица кинидаго дир бицинабун,
Бецлъизе гьабуна лъабго-ункъо гIел.
Законал, къарарал къватIир риччарал,
Къулизе гьаруна гьезие щибав.

Дов Грозныясул опричниказул
Гьал дир ежовазухъ жахIда ккелаан! –

Нужер мутIигIлъиялъ, нужер божиялъ
Бижараб хьихьараб кверщелбуго дир.
Бецаб хIасраталъгин лагъаб хIинкъиялъ
Борхизе гьабураб гьунар буго дир.

Дица дир рахчарал тIолго квешлъаби
Киналго рикьана цойги чагIазе.
Дун кинав вукIарав хIакъикъаталда
Кидаго нужеда жеги гьеб лъачIо.

Нужеда лъарав дун цоги чи вуго, –
Нужеца ургъарав, амма вукIинчIев.
ВукIарав, вукIарав, щив дун вукIарав? –
Чанги бетIералъе хIалтIи нахъ тана..»

Гьеб битIараб бугин, – абуна дица,
Амма, амма, амма, унго, аммаха...
...Гьедин гаргадана тIубан сордоялъ,
Сордо рогьунелъул гьикъана дица:

– Бице дуца дида, доб декабралъ
Лъица Киров чIварав кабинеталда?..
Гьав вуцIцIухIун чIана.
Цинги абуна:

– Цин дуцаго бице лъица дун чIварав?
– Мун чIвачIо, мун хвана, доб Кунцовалда,
Дурго дачаялда, доб цо марталда,
Рогьунеб мехалда, халкъалда лъала...

– Хваралги чIваралги дир заманаялъ,
Замана инчIого, кинго лъаларо.
«Халкъалда лъалила», халкъ дица, поэт,
Бецлъизе гьабуна...

Гьав велъанхъана.
Кидаго гIумруялъ велъичIев гIадин,
Велъанхъулев вуго, цоцалъ хъат кьабун.
Велъанхъулев вуго КIудияв жасус,
Жинцаго къотIарал бутIрул кодор ккун...

Дун кIалъана гьасда: гIасияв херав,

Дур хабар бицине Шекспир анищан.
Нус-нус Шекспиралги дагь рукIина гьел, –
ГьавичIо мун гIадав жеги эбелалъ...

Бицунеб щинахъе батIи-батIияв, –
ВитIарав кида мун дида ватилев?

Цинги мун вукIинчIеб ххвел гьабизеги
Хиялаз толарев, щибилеб дица?..
Гьел дур гьунаралги, дур квешлъабиги.
Кинал роценаца рорцинел, унго?!

* * *

Дун хадув гъоларо, гьаб жо макьуйищ
Яги пикрабаца цебетIамунищ, –
Дица дирго согIаб поэма жакъа
Живго Сталиний цIалулеб буго.

БетIер кIичIичIого, цо кIалъачIого,
Цевехъан дир кочIохъ гIенеккун вуго.
Гьелъул тIолго мухъал – хъачIал жугьаби
Жинде рукIин гьесда бичIчIулеб буго.

Дица гьеб цIалула, цо цIа билараб
Рохьов вугев гIадин, вихьула дунго.
Добаги гьанибги – кIиябго рахъалъ
Ралъдал карачелал гьелчелел руго.

Вождь дихъ гIенеккула, сордо бачIуна,
Дир сарин лъугIула, гIенеккун чIола.
Цингиги цодагьаб гIажизаб квералъ
Кодобе босула хъахIаб телефон.

АхIула полковник, секретарзаби,
Цонигияз гьасий жаваб кьоларо.
Гьас гIодоб речIчIула ццидакь трубка, –
Тарихалъ гьабилин гьанже дий хIукму.

* * *

РагIана, Аллагьас, гIадан гьавигун,
Гьесул гIумру тIубан гъуждузда хъвалин:
Цояб гъажалда тIад гьесул квешлъаби,
Цогияб гъажалда гьесул лъикIлъаби.

Дур гъуждузда рарал гьел погоназда
Гьедин хъвараб ани, щибдай ккелаан?
Цебесеб – пайдаяб, гьанже – заралаб
Заманалъ дуй хIукму кинаб къотIулеб?

Мун алжаналъувищ, жужахIалъувищ
Жакъа историялъ рехизе вугев?
Киве мун вачарав малаикаца?
Улкаялъ киб хъвалеб дур хъудулеб цIар?

Генералиссимус, дур погонаца
Гьукъиладай хъвазе гъежда дур согIлъи?
Гучав командуйщий, каранда цIвабзаз
Бахчиладай рекIел букIанщинаб ццин?

Херав Мазепаца Мариял гIадин,
Дур рекIкIалъ, сихIруялъ сверарал бутIрул, –
Цоял жеги руго мун витIаравин,
Цогиял – жундуца аги мунилан.

Дида цIакъ цебего рихьулел руго
Цо чIахIиял хулжал, гъуждузде рехун,
Гьел хулжил гIагазул кIалалги рагьун,
КIиго гьумер буго гьенисан баккун.

КIиго гьумер буго цого чиясул, –
Цояб гьиманани, цояб букIкIунеб.
КIилъун буго чилъи цохIо черхалъул, –
Цояб битIанани, цояб гьетIулеб.

Рикьарал пикраби гьаниргун дора, –
Дур замана ана гьанже, Сталин.
ГIела, чанги саназ хъатикь тIилги ккун,
ТIолго улкаялъе гIадлу гьабунин.

Бидулъ килщалги ччун, чарлъарал михъал
Чанги заманаялъ дуца кьуранин,
Кьижа мун, кверщелчи, сванин дур фонарь,
Подвалал рахарал тIунин дур рахсал.

Нахъе а мун, херав...
амма Сталин,
Ине хехлъуларо, хал гьабун чIола.
Гьас нус-нус саназул жилдал регула,

Жив хекко тӀагӀине вачӀарав гьечӀин.

Такъсирал, тамихӀал, чӀвай, хвел кӀоченин,
ХутӀилин жиндир цӀар, гьеб кӀоченарин.
Жеги дир полковник, дов дир капитан –
КиналгӀаги дуда дандчӀвазе ругин.

Дир канцеляразда формаги хисун,
Хал гьабун ругин гьел, къеркьолел ругин...

Хъазмилав полковник, тӀагӀа цевеса, –
Гьаб улкадул нухда эхетун чӀоге!

Улкаялде буго балеб чвахун цӀад,
Чурулел руго гьелъ мугӀрул кьураби.
ГӀодун рахъаралго берал кинигин,
Берцинлъулеб буго тӀабигӀат сверухъ.

Дунги полковникги цоцаздаса гӀун,
Цин-цияб рахъалде балагьун ана,
Цо нухалда гурин, гӀемер дандчӀвалин,
ГӀумру къеркьей бугин гьанже нилъерин.

Огь, нилъер замана, нилъер замана
ЦӀакъ захӀматаб буго бичӀчӀизе, лъазе...

* * *

Дун дир нухазулги дир мехазулги
ТӀохде вахун вуго, эхей унеб гӀор.
Дир сапаразулги сверабазулги
Салул гохӀда вуго, тӀерхьун унеб бакъ.

Дир каранда жаниб кӀетӀолеб бугеб
КӀиго батӀияб ракӀ цолъулеб буго.
Гъуждузда букӀараб кӀиябго ботӀрол
Цо мекъи букӀараб къотӀулеб буго.

Дун цӀияб ахӀиялъ ахӀулев вуго
Улкаялда рокьул гӀурхъи цӀунизе.
Дида зодихъ цӀвабзаз гьарулеб буго,
Гьикъе жидедаги гӀакълу цо-цоян.

Гьава хисун буго цӀакъ дунялалда,
ЦӀилъун бакъги буго дир ВатӀаналда.

БакІал памятниказ чІинтІарал тІугьдул
ТІаде рарал цІадаз руго чурулел.

ЧІужугІаданалъул гІодун рахъарал
Берал кинигинан буго сверухълъи.

Огь, гІодун хадуса, чурун рацІцІарал
Эбелалъул берахъ балагьанищ нуж?! –
Эздаса берцинал, гьелгІан роцІарал,
Гьел гІадал гІагарал щибго бихьичІо.

Дир урхъараб ВатІан, гІазизаб улка
ГІодизе ккогеги тІокІал лъимал хун.
Хирияб ракьалде балеб чвахунцІад,
Чуре дир ракьалъул тІогьодаса би.

ТІезе биччаге гьеб хъазмил гьурмадул
ТІухьидул беразул полковникасе, –
Жеги гьаб ракьалда макьил заманалъ
Гьесул чакмабазул чвархъи рагІулин.

## ТІЕХЬАЛДА РУГО

Краснодоналъул лебалал лъимал
МагІаруласул ватІан
Россиялъул солдатал
Дир дахІадада
Инсулгун ккараб гара-чІвари
Дир ракІ мугІрузда буго
Руччабазул кверал
Росулъан ругьел
Дагъистаналъул цІва
ГІахьалаб чед
Хиросима
Щуго килищ
Ахирияб багьа
Эбелалде кечІ
Вацасул хоб
Руччабазул чІинкІиллъи
ГІадамалги рагІадалги (КІиго ракІ)